# IУАЩХЬЭМАХУЭ

**ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЭ
ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКЭ
ЖУРНАЛ**

**1958 гъэ лъандэрэ къыдокI**

**март 2 апрель**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетымрэ КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзымрэ къыдагъэкI

РЕДАКТОР НЭХЪЫЩХЬЭР

**Мыкъуэжь Анатолэщ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ацкъан Руслан, БакIуу Хъанджэрий, Гъут Iэдэм, Къэжэр Хьэмид, Къэрмокъуэ Хьэмид, КхъуэIуфэ Хьэчим, ТIымыжь Хьэмыщэ, Уэрэзей Афлик, Хьэвжокъуэ Людмилэ, ХьэIупщы МуIэед (жэуапыхь секретарь)

НАЛШЫК
2016

# Псалъащхьэхэр


## ЖьантIэ

*Кинорежиссёр, тхакIуэ Вэрокъуэ Владимир илъэс 80 ирокъу*

**НэщIэпыджэ Замирэ.** Сэ сыарэзыщ си гъащIэр къызэрекIуэкIамкIэ. *Интервью* ........ 3
**Мэзыхьэ Борис.** Зэчий зыбгъэдэлъым куэд лъокI........ 13
Вэрокъуэ Владимир хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр........ 16
**Вэрокъуэ Владимир.** Къэбэрдейм и иужьрей пщышхуэ Жанхъуэт Кушыку. *Документальнэ повесть*........ 19

## Прозэ

**Ахъмэт МуIэед.** Адыгэ амазонкэхэр. *Роман*........ 33
**Щауэ Каринэ.** Тхыдэ къэхъукъащIэхэр лъагъуныгъэм и бзэкIэ къыщыIуэтэжа роман........ 85
**Тыуаршы Аслъэн.** Псыкъелъэм и макъамэхэр. *Романым щыщ пычыгъуэхэр*........ 89
**Думэн Мурадин.** Мазэгъуэ жэщ. *Хъыбар*........ 119

## Усыгъэ

**Уэрэзей Афлик.** *УсэщIэхэр*........ 125

## Культурэ

**Мыз Ахьмэд.** Зи джэгукIэ зиIэж ........ 131

## IуэрыIуатэ

Нарт Уэзырмэдж и хъыбархэм щыщщ ........ 141

## Сабийхэм папщIэ

**Даур Зое.** *Таурыхъхэр*........ 144

## ТхылъыщIэхэр

**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** Тхылъеджэр щыгуфIыкIынщ........ 156

*Кинорежиссёр, тхакIуэ Вэрокъуэ Владимир илъэс 80 ирокъу*





# СЭ СЫАРЭЗЫЩ СИ ГЪАЩIЭР КЪЫЗЭРЕКIУЭКIАМКIЭ

*КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и фондым и унафэщI, «НОТР-Налшык» телекомпанием и Iэтащхьэ, КъБР-м и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм щэнхабзэмкIэ и комиссэм и унафэщI Вэрокъуэ Владимир и ныбжьыр илъэс 80 ирикъуащ. Усэхэр, рассказхэр, эссехэр, романхэр зи IэдакъэщIэкI, ди лъахэм и дахагъэм, ди лъахэгъухэм я щыпкъагъэм теухуа фильм гъуэзэджэхэр тезых Вэрокъуэм къикIуа гъуэгуанэмрэ зэфIигъэкIа лэжьыгъэхэмрэ урилпъа нэужь, хузэфIэмыкIрэ зыхунэмысрэ гъащIэм хэмыту къыпщохъу. И зэчийр къыщигъэсэбэп IэнатIэхэмрэ творческэ Iуэхухэмрэ къадэкIуэу абы жылагъуэ къалэн куэди и пщэ къыдохуэ. А псоми и зэманымрэ и къарумрэ зэгъэзэхуауэ зэрытригуэшэфыр, и зэчиймрэ и гъащIэмрэ лэжьыгъэм хуэгъэпсауэ зэрыщытыр арагъэнщ Вэрокъуэ Владимир и щхьэ закъуэр мыхъуу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и пщIэр иIэтыну щIыхузэфIэкIыр.*

*Вэрокъуэ Владимир Хъалид и къуэр 1936 гъэм щIышылэм и 2-м Налшык къалэ къыщалъхуащ. Нобэр къыздэсым, илъэс 80 дэкIащи, а щIыпIэр ихъуэжакъым.*

*Школым щыщIэса илъэсхэр зауэ нэужь зэман хьэлъэм техуащ. ПсэукIэр зэтегъэувэжынымкIэ балигъхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэ хьэлъэр зи нэгу щIэкIа ныбжьыщIэм ар лIыгъэмрэ бэшэчагъымрэ я щапхъэ нэс хуэхъуащ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щыщеджэм*

*(1955-1960), Вэрокъуэм зригъэгъуэтыну IэщIагъэри гъащIэм щиубыдыну увыпIэри къыхихат.*

*Абы и гъащIэр журналистикэм ирипхащ. Илъэс 29-кIэ ар пэрытащ къэрал телевиденэм и IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм. Вэрокъуэ Владимир трихащ ди республикэм и мызакъуэу, нэгъуэщI щIыпIэхэми цIэрыIуэ щыхъуа фильм куэд. Ахэр я бжыгъэкIэ 160-м щIегъу. Абыхэм ящыщщ дунейпсо фестивалхэм утыку къыщрахьа, саугъэт лъапIэхэр зыхуагъэфэща «Чабанский хлеб», «Запах земли», «Я тебя никогда не забуду», «Лакумы по-чегемски», «Город строится», «Улица моего детства», «Выстрел за вами, поручик!» фильмхэр, нэгъуэщIхэри.*

*1989 гъэм щегъэжьауэ Вэрокъуэ Владимир Къэбэрдей-Балъкъэрым ЩэнхабзэмкIэ и фондым и тхьэмадэщ. Республикэм и щэнхабзэм зегъэужьынымкIэ абы икъукIэ лэжьыгъэшхуэ ирегъэкIуэкI. Щыхьэту урикъунщ фондым хэту лъэпкъ щэнхабзэ центру 21-рэ зэрыщыIэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэр зэкъуэгъэувэнымкIэ, ахэр зэгурыIуэу зэдэпсэунымкIэ фондым зэфIигъэкIхэр къыпхуэмылъытэнщ.*

*А псом къадэкIуэу ар икIи тхакIуэ Iэзэщ. Абы къыдигъэкIащ тхылъ зыбжанэ. Апхуэдэхэщ «Цветные сны» (1998), «Мелодия старой скрипки» (2002), «Прощающие да простят» (2003), «Тайники» (2005), «Лица кавказской национальности» (2005), «С солнцем в крови» (2006), «Непрестанно ищу жемчуга» (2011), «Плачьте с плачущими, смейтесь со смеющимися» (2012), нэгъуэщIхэри. «Прощающие да простят» («Амыщ къуажэ») романыр адыгэбзэкIи инджылызыбзэкIи дунейм къытехьащ.*



*Вэрокъуэр къызэгъэпэщакIуэ емызэшщ. Зыпэрыхьэ сыт хуэдэ Iуэхури нэгъэсауэ зэрищIэм и щыхьэтщ 1996 гъэм абы «Налшык» телевизионнэ студиер къызэрызэIуихар.*

*Вэрокъуэ Владимир щэнейрэ къратащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтыр, ар УФ-м, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэщ, Адыгэ, Осетие Ищхъэрэ – Алание республикэхэм гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэщ, СССР-м и радиомрэ телевиденэмрэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэщ, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхъэм и Президиумым и ЩIыхь тхылъыр къыхуагъэфэщащ, Естественнэ щIэныгъэхэмкIэ Урысей академием щIыхь зиIэ и академикщ, УФ-м и Кинематографистхэм, Журналистхэм я зэгухьэныгъэхэм хэтщ, орденрэ медалу куэд дыдэ иIэщ.*

**– IуэхуфIхэм я зэхэублакIуэ, республикэм и цIэр щIыпIэ куэдым къыщезыгъэцIыхуа уэ укъызыхэкIа унагъуэмрэ уи сабиигъуэм щыщу нобэ къэпщIэж гурыфIыгъуэхэмкIэ укъыддэгуэшэну сыхуейт, Владимир.**

– Сэ 1936 гъэм щIышылэм и 2-м Налшык къалэ сыкъыщалъхуащ. Псей гъэщIэрэщIахэр Iуахыжатэкъым си адэ Хъалид и унэм сыкъыщахьыжам. Къэбэрдей-Балъкъэрым и япэ наркомхэм ящыщ зыуэ щыта, иужькIэ министру, республикэм и цIыхубэ хозяйствэм и унафэщIу лэжьа си адэм ищIэжырт зэгуэрым дунейм плъыжьрэ хужьу зэрызигуэшар. «А къуажэри, цIыхухэри, щIыри щыIэт, – жиIэжырт абы. – Ауэ иджы щыIэжтэкъым уафэ къащхъуэр, щIылъэ щхъуантIэр, дыгъэ дыщафэр. Хьэуэ, ахэри кIуэдатэкъым, ауэ цIыхухэм гу лъамытэжу арат. КъуэгъэнапIэхэм фоч уэ макъхэр къыщыIурт, цIыхубзхэр гъырт, молэ-

хэм хьэдэхэр щIалъхьэрт...»

Си адэ Хъалид ЛУГ-мрэ рабфакымрэ къиухыу лэжьэн щIидза нэужь, хузэфIэкI ищIащ цIыхухэм уафэ къащхъуэми, удз щхъуантIэми, дыгъэ дыщафэми гу лъатэу я псэукIэр зэтеублэжынымкIэ.

ХузэфIэкIауэ пIэрэт абы ар? Си гугъэмкIэ, хузэфIэкIащ. Абы балъкъэр къуажэхэм радиор нишэсащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым япэ симфоние оркестр къыщызэригъэпэщащ, Налшык япэ телефон станцхэр щигъэуващ. Абырэ и ныбжьэгъухэмрэ къэралым куэд дыдэ хуащIащ. Сэ фIыуэ сощIэж ахэр – абы и ныбжьэгъухэр. Си сабиигъуэм абыхэм ящыщ куэдым я куэщIым сисащ. ИужькIэ, корреспонденту сылажьэкIэрэ, я IуэхущIафэхэр зыхуэдэр слъэгъуащ.

Сэ Налшык сыкъыщалъхуащ. Ауэ: «Дэнэ узыщыщыр?» – жаIэу къыщызэупщIкIэ, жэуапу изот: «Шэджэм сыщыщщ».

Си анэшхуэ Бабыхурэ си адэшхуэ ПIатIрэ Шэджэм фIыуэ къыщалъагъурт, езыхэри цIыхухэм гуапэу яхущытыжт. Илъэс куэд дэкIащ абы лъандэрэ, ауэ сэ а къуажэм сыкIуэжамэ, ди гъунэгъухэр си цIэмкIэ къызэджэркъым, атIэ ПIатI и къуэрылъхур жаIэ. Си анэшхуэр нэхъапэ дунейм ехыжащ, си адэшхуэр абы иужькIэ илъэс зыбжанэкIэ псэужащ. Дунейм щехыжым абы и бынхэм къажриIащ: «Сытым дежи цIыхуу фыщыт!». Ар абы и уэсятт.

ЦIыхухэм сабиигъуэм къыхах анэм и гущэкъу уэрэдыр, я жьэгум къыдих мэ IэфIыр, фIыуэ ялъагъу таурыхъыр. Сэри ахэр псори нобэ си гъусэщ. ЦIыху Iущ гуэрым жиIэгъащ: «Зи жьэгумрэ ГъащIэ зи цIэ гъуэгуанэ кIыхьым зэрытехьэну шыр къызытриша уэрамымрэ фIыуэ зымылъэгъуам Хэкум и мыхьэнэр зэи къыгурыIуэнукъым».

Сэ сощIэж си сабиигъуэм и уэрамыр. Шэч хэмылъу, дэтхэнэми иIэщ апхуэдэ уэрам. Сэ Налшык къыщызухащ курыт еджапIэр, университетыр, лэжьэни щыщIэздзащ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, телевиденэ гъащIэр абы щезгъэжьащ. Нобэр къыздэсми а гъащIэм сыкъыхэнащ.

Си къалэм и щхьэгъубжэхэр Кавказ бгыхэм яхуоплъэ. Абы куэд къалэн къыпщещI. Ар щыплъагъукIэ нэхъ лъагэ, нэхъ дахэ, нэхъ къарууфIэ узэрыхъуным ухущIокъу. АтIэ ар Iей? Сэ фIыуэ солъагъу си лъэпкъыр. Зэхэгъэж умыщIу цIыхур фIыуэ плъагъун зэрыхуейм сыхуаущиящ си адэшхуэмрэ си адэмрэ. Абы папщIэ сэ куэдрэ абыхэм фIыщIэ яхузощI.

Си адэ Хъалидрэ си анэ Мариерэ я унагъуэм сэ сабий етIуанэу сыкъихъуащ. Бын пажэр фIы дыдэу слъагъу си шыпхъу Галящ. Си къуэш нэхъыщIэ Валерэ (кхъухьлъатэзехуэ цIэрыIуэ Чкалов Валерий и цIэр фIащат)  и ныбжьыр илъэситху хъууэ машинэм иукIащ.

**– Дэ тцIыху, лъэныкъуэ куэдкIэ Тхьэр зыхуэупса Вэрокъуэ Владимир и творческэ гъуэгуанэр а сабиигъуэм къыхэкI зы лъагъуэщ…**

– Си сабиигъуэм щегъэжьауэ сэ куэд дыдэ седжэу щытащ: Лермонтов, Байрон, Толстой, Пушкин, Дюма... Балигъ сыхъури фIыуэ слъэгъуащ Гамзатовыр, Кулиевыр, нэхъ иужьыIуэкIэ усакIуэшхуэ КIыщокъуэм и творчествэм сыдихьэхащ.

Тхэн щыщIэздзамкIэ укъызэупщIмэ, зэрысщIэжымкIэ, сытым дежи сытхэу щытащ. Ауэ япэ дыдэу си усэ къыщытрадзар сыщыстудента илъэсхэрщ, ар си шыпхъу Галя хузэхэслъхьат.

Телевиденэм сыкIуа иужь, усэ тхыным сыхунэсыжакъым. Стхыр

репортажхэрт, очеркхэрт, фильмхэрт. ИужькIэ илъэс зыкъом дэкIауэ эссехэр щызэхуэхьэса, «Обыкновенное человеческое мужество» си япэ тхылъыр дунейм къытехьащ. Ар теухуат сэ сызыхуэза, си гъащIэ псокIэ фIыуэ слъэгъуа цIыхухэм – шыхъуэхэм, мэлыхъуэхэм, альпинистхэм, дохутырхэм, шэч хэмылъуи, усакIуэхэм. УсакIуэхэр сэ сытым щыгъуи зыпэсщI щыIэкъым. ИужькIэ си тхылъ куэд дунейм къытехьащ. Ауэ ар си япэ тхылът, абы къыхэкIыуи псом нэхърэ нэхъыщхьэт.

**– Ди республикэми, нэгъуэщI щIыпIэхэми уэ укъызэрыщацIыхур кинорежиссёрущ. Уэ икIи ужурналистщ, утхакIуэщ, уи IэдакъэщIэкI куэд дунейм къытехьащ. Уэ езым хэту зыкъызэрыплъытэжыр, уи зэфIэкIхэм ящыщу дэтхэнэра япэ ибгъэщыр?**

– «Амыщ къуажэ» романыр дунейм къытехьэщ, ар щIаджыкIри тхакIуэу си гугъу ящIын щIадзауэ аращ сэ. Ар тIэкIуи жагъуэ сщыхъурт: фильми 160-м щIигъу тесхат, ахэр ди хэку цIыкIум и мызакъуэу къэрал 50-м щагъэлъэгъуат, ауэ зы роман закъуэм апхуэдиз гуапагъэ къыпэкIуэрт!

Зи гугъу сщIы романыр Кавказ зауэм теухуащ. ЩIэджыкIакIуэхэм я пащхьэ ислъхьа тхылъыр мы псалъэхэмкIэ соух: «Мыбы щыстха псори къэхъуащ. Псори. Хэбдзыну зы псалъэ хэмыту. Иужьрей дыдэ фоч уэгъуэм нэсыхукIэ».

**– А романым куэди еджащ, куэди тепсэлъыхьыжащ. Кавказ зауэр лъабжьэ зыхуэхъуа а тхыгъэр тхыдэм нэхъ пэгъунэгъуу щыт, хьэмэрэ тхакIуэм и художественнэ гупсысэр щынэхъыбэ?**



– Сэ псори къызэрекIуэкIам хуэдэу стхыжащ. Сыхуейт сэ пэжым. Сыту жыпIэмэ, пэжыр ФIэщхъуныгъэмрэ ГугъапIэмрэ я къежьапIэщ. Зэрызгъэзэхуэн «щыгъын хужь» къэбэрдейхэм я закъуэ зэращыстIэгъэным сыхущIэкъуакъым. Фащэ хужьыр псоми зэдайщ.

Мыр Кавказ зауэм теухуащ. Сэ цIыхухэм яжесIэну сыхуейт: «Фи унэм зыкъомкIэ пэжыжьэу дунейм тет къуажэ цIыкIу гуэр зэтракъутэу щытмэ, абы къыдэIукI гъуахъуэм, щэIум фи гур игъэузын хуейщ. Арыншауэ хъунукъым. Армырамэ, гуIэгъуэр ди къуажэм, жылэм, къалэм, къэралым къэсынущ».

Сыт си хъыбархэр Амыщ къуажэм, зи хъуреягъым муслъымэнхэр щыпсэу Амыщ чристэн жылэм щIытезухуар? АбыкIэ жысIэну сызыхуейращ – Кавказ зауэр дин зауэ къудейуэ къекIуэкIакъым.

Си тхылъым «псысэ дахэщ» хужызыIэхэри щIэджыкIакIуэхэм зэрахэтри сощIэ. Дахэ? СщIэркъым. Псысэ? Хьэуэ. Языныкъуэхэм деж тхылъым къэхъукъащIэхэр зэхуэкъусауэ къыщагъэлъагъуэу къохъу. Хэт ищIэн, зы псыхъуэ гуэр щекIуэкIа Iуэхугъуэхэр нэгъуэщI псыхъуэм щысхьа щыIэнщ. Ауэ нэхъыщхьэращи, а псори къэхъуащ: Сэреибгым тета къулъшырыфри, члисэм удэзышей алыдж пкIэлъейри, бгъуэнщIагъхэри, гуэл телъыджэри, къуажэжьри, адыгэ ермэлыхэр щыпсэу Армавир и уэрамхэри, Прочнэ Окоп быдапIэм и щIэинхэри щыIэщ. Церп зыкIэрыщIа, мывэ сэх щIэгъэкъуэниплI зиIэ унэхэр зыдэт N быдапIэ хъужыр Налшыкщ!

Псыкъелъэхэри, псыхэри, къуршхэри зыщIыпIи кIуакъым. Дэни кIуэнт? ЦIыхухэр-щэ?... Пэж дыдэу апхуэдэ цIыхухэр щыIа? Дауэ

щымыIэнрэт? Абыхэм я хъыбар Iэджэ сыщIэдэIуащ, нэхъыбэж тхылъхэм къиздджыкIащ. Язынықъуэхэри фIыуэ солъагъу, хэти сытеплъэ хъуркъым, гудзакъэ зыхузимыIэхэри яхэтщ. НэгъуэщIуи хъунукъым. Ар гъащIэщ.

Си лIыхъуужьхэм зым адрейм хуегъэгъу. Нэхъыщхьэращи, зэрызэхуагъэгъун Iэмал къалъыхъуэ. Къэбэрдейхэм жаIэ: «Уи бийм утекIуэныр Iуэхум и нықъуэщ. Уи щхьэм утекIуэжыныр Iуэху псощ».

Тхылъым и кIэр, гуIэ шхыным ещхьу, ткIыбжыщ. Си хъыбарым и кIэух сатырхэр щыстхым си нэпсхэр къекIуэ зэпытт. Сыгъамэ, си цIыхухъу нэпс ткIуэпсхэр бдзапцIэм хуэдэу щытынут.

**– Владимир, мы упщIэр зрат актёрхэм, тхакIуэхэм, режиссёрхэм упщIэкIэ езы журналистым зыкъыхуагъэзэж хабзэщ: «Анэм бын дапщэ иIэми, зыр къыхихыфыну?». ИтIани сэ япэ дыдэу уэ тепха фильму слъэгъуа «Шэджэм лэкъумхэр» зэрысщымыгъупщэр, нэгъабэ утыку къипхьа «Къру закъуэр» телъыджэ зэрысщыхъуар бжесIэу, уи IэдакъэщIэкIхэм ящыщу уэ нэхъ пфIэлъапIэр сыт хуэдэрами къэсщIэну сыхуейт.**

– Фильм куэд тесхащ сэ, дэтхэнэри центральнэ каналхэм щагъэлъэгъуащ, къэрал куэдым щызэбгрыкIащ. Абыхэм къапэкIуа фIыщIэ тхылъхэмрэ дамыгъэ лъапIэхэмрэ къыпхуэбжынукъым, апхуэдизкIэ куэдщи. Си IэдакъэщIэкIхэм езгъэлъэпIэкI фильмхэр Аттоев Сэлихь теухуа «Чабанский хлеб»-мрэ ди адыгэ шыхъуэхэм ятеухуа «Шагъдиймрэщ». Ахэр совет документалистикэм и классикэщ жыпIэмэ, ущыуэнукъым. «Шагъдийр» совет телевиденэм и япэ фильм щхъуэкIэплъыкIэ хъуат, блэкIа лIэщIыгъуэм и 70 гъэхэм тетхат. Иужьрейуэ тесхахэм я гугъу тщIымэ, «Къру закъуэм» хуэзгъэдэн щыIэкъым. Сигу ирохь художественно-публицистическэ фильмхэри – «Жанхъуэт Кушыку», «Сэ зэи усщыгъупщэнукъым». А жанрыр си щхьэгъусэ Ринэрэ сэрэщ къэзыгупсысар, дэ ди япэ ар щыIакъым.



Кинорежиссёр цIэрыIуэ Сокуров Александр и гъусэу.

ЖыпIам дыхуэкIуэжащ, анэм фIыуэ имылъагъу бын зэримыIэм хуэдэу, сэри псори къыпхуезбжэкIыфынущ, сфIэфIщ, фIыуэ солъагъури, ауэ итIани мо зи гугъу сщIахэм сэркIэ мыхьэнэшхуэ яIэщ.

**– 2016 гъэр Урысейм Кином и илъэсу щагъэуващ. Ар и лъабжьэу КъБР-м и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэм, кино техыным ехьэлIауэ ди республикэм нобэ иIэ Iэмалхэм утезгъэпсэлъыхьынут.**

– Псом япэрауэ, КъБР-м и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэр ар творческэ союзу зэрыщытыр къагурыIуапхъэщ цIыхухэм. Ар зэлэжьыр фильмхэрщ, репортажхэрщ, сюжетхэрщ, кино продукцэрщ. Дэ нобэ дыщыпсэу лъэхъэнэр телевиденэр гъащIэм и лъэныкъуэ псоми щытепщэ зэманщи, ди творчествэри цIыхухэм я деж зэрынэтхьэсыр аращ.

Нэхъапэм кино IуэхукIэ Кавказ Ищхъэрэм япэ увыпIэр щызыубыду щытар Осетие Ищхъэрэ – Аланиеращ. Абы япэ дыдэ киностудиер къыщызэIуахащ, Кинематографистхэм я союз япэу къыщызэрагъэпэщауэ щытащ. Ауэ нобэкIэ, осетинхэм далъэщIыхьэжащ дэри. УФ-м и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм хэт ди цIыхухэм я бжыгъэр зэхуэдизщ. КъищынэмыщIауэ, Кавказ Ищхъэрэм щыIэ зэгухьэныгъэм цIыху 40 хэтщ.

Ди лэжьыгъэ псоми я гугъу тщIыфыну къыщIэкIынкъым, ауэ мы блэкIа илъэситIыр къэтщтэнщи, «Заоблачный фронт», «Къру закъуэ» фильмхэм къамыхьа щытхъурэ саугъэтрэ щыIэжу къыщIэкIынкъым. Уеблэмэ, «Къру закъуэм» къэралпсо зэпеуэм япэ увыпIэр къыщихьри, Урысейм и фильм нэхъыфI хъуауэ щытащ. ЩIалэгъуалэм, муслъымэнхэм, 115-нэ шууей дивизэм, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэм ятеухуа фильм куэд зэхьэзэхуэхэм, фестивалхэм щыдгъэлъэгъуащ икIи зэи гулъытэншэу къэнакъым. КIэщIу жыпIэмэ, кино щытрах щIыпIэ нэхъыщхьэр ди деж хъуащ, осетинхэм къаIэщIэтхащ.

Кином и илъэсым ирихьэлIэу мурад тщIащ ди республикэм и район псоми дыкIуэурэ ди лэжьыгъэхэр щыдгъэлъэгъуэну. Апхуэдэу Прохладнэ районым ЩIалэгъуалэ творчествэмкIэ и уардэунэм иджыблагъэ дыщыIащ, цIыху миным нэс кърихьэлIауэ. ЩIалэгъуалэм «Къру закъуэ» фильмыр яфIэгъэщIэгъуэн зэрыхъуар пхужыIэнтэкъым, абыхэм зы упщIэ хьэлэмэтхэр къыдатырти, зэи си гугъэнтэкъым иджырей кином апхуэдиз хащIыкIыу. КъыкIэлъыкIуэу Тырныауз «Заоблачный фронт» кинор тшащ. Апхуэдэ дыдэу абыи дихьэхауэ еплъащ ныбжьыщIэхэр. А цIыкIухэр «кхъыIэ, иджыри фыкъакIуэ» жаIэу къыдэлъэIут дыкъыщежьэжым. Иджы Дзэлыкъуэ районым «Иван» фильмыр тшэну зыдогъэхьэзыр. ИтIанэ Шэджэм районым «Шэджэм лэкъумхэр» щыдгъэлъэгъуэну ди мурадщ. Бахъсэн тшэнущ «По следам Карабаира» е «Кольцо старого шейха» фильмыр. Тэрч щыдгъэлъэгъуэнур, дауи, я лъахэгъу адыгэ бзылъхугъэ цIэрыIуэ Черинэ (Щамырзэ) Людмилэ теухуа «Къру закъуэрщ».

Дэ зы махуи лэжьыгъэншэу дыщыскъым, иджыпсту фильми тыдох, тетхауэ монтаж тщIыжи щыIэщ. ИкIи къыжыIапхъэщ къызэщIэдубыдэр зы унэтIыныгъэу зэрыщымытыр, атIэ сыт хуэдэ Iуэху дахэри екIуу телевизореплъхэм я пащхьэ къызэритхьэным иужь дитщ.

Сэ сыщыгушхуэр пщIэрэ? Ди лэжьыгъэр зы щIыпIэхэм щыдгъэлъэгъуауэ ди цIэр къыщраIуэкIэ «Къэбэрдей-Балъкъэрыр текIуащ» щыжаIэм и дежщ. Мыбдежым «Вэрокъуэм и фильмщ» си Iэдакъэ къыщIэкIахэм зэреджэр, ауэ республикэм уикIа нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIэращ жаIэри, абы си гур хегъахъуэ.

**– Телевизореплъхэм я гугъу щыпщIакIэ, уэ къызэIупха, ехъулIэныгъэхэр иIэу лажьэ «НОТР-Налшык» телекомпанием и къалэнхэм, нобэ и Iуэху зытетым утезгъэпсэлъыхьынут.**

– Ди телекомпанием къалэн хэха иIэщ, ар – щэнхабзэр, литературэр, хореографиер къызэщIэубыдэнырщ. Ауэ псом нэхърэ нэхъыщхьэр, дауи, киноращ. Ди IуэхущIапIэм лэжьыгъэр гъэщIэгъуэну щызэтеублащ. Ар сыт щыгъуи къыхагъэщ Инджылызым, Франджым, нэгъуэщI къэралхэм, Ингушым, Дагъыстэным, Осетие Ищхъэрэ – Аланием, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым къикIыурэ хьэщIапIэ къытхуэкIуэхэми. Дызыщытхъужу къыфщыхъуну сыхуейкъым, ауэ «НОТР-Налшыкым» ещхь телекомпание Кавказ Ищхъэрэр къэгъэнауэ, Урысейм и Ипщэ щIыналъэм иткъым, ублэмэ, телевизионщик куэд къокIуэ ди деж зыщагъэсэну. Ди лэжьакIуэхэм хуэдизи, ди аппаратурэхэм хуэди, ди унэм ещхьи зиIэхэм жаIэ: «НОТР-м ещхь хъуркъым». Ар къызыхэкIыр, сэ сызэреплъымкIэ, ди деж щызэфIэува цIыху зэхэтыкIэрщ, зэхущытыкIэрщ, хабзэрщ, щэнхабзэ лъагэрщ. Ар телевизоркIэ къэбгъэлъагъуэ къудейкIэ зэфIэкIыркъым, атIэ уигуми уи псэми хэлъын хуейщ, псалъэм и ныкъуэм фIэкIа къыбжьэдэмыкIауэ адрейм узэхищIыкIыу щытыпхъэщ. ИтIанэщ уи лэжьыгъэр нэгъэса щыхъунур, ехъулIэныгъэ къыщыпэкIуэнур.

Телекомпаниер къызэрызэIутхрэ мы гъэм илъэс 20 ирикъунущ. Иджы хъуэпсапIэу сиIэхэм ящыщщ нэхъыбэ къыдэплъыфу зэтедухуэну, абы щхьэкIэ спутник телевиденэм дыхуэкIуэн хуейуэ аращ. Ауэ ди республикэм щылажьэхэм ящыщу щIыпIэ каналыр – 1 КъБР-ращ апхуэдэ Iэмалыр зылъагъэсынур. Ауэ дэри абы сыхьэт зыбжанэкIэ дыхыхьэну къыщIэкIынщ, щэнхабзэ къудамэр тIыгъыу. Дэ иджыпсту тафэм тесхэращ къыдэплъыфыр, бгылъэ щIыпIэхэм къыщиубыдыркъым. Абы ипкъ иткIэ, ди гуапэ хъунут спутник Iэмалыр къэдгъэсэбэпыфамэ. Къапщтэмэ, республикэм и унафэщIхэм тщIэр къагуроIуэри, я гулъытэ зэи дыщагъащIэркъым.

**– Къэралым лъабжьэ быдэ иIэным и зы къуэпсу къалъытэ щыпсэу лъэпкъхэр зэгурыIуэныр. Абы и лъэныкъуэкIэ, уэ узиунафэщI, КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и фондым иригъэкIуэкI лэжьыгъэхэм я гугъу къытхуэщIыт.**

– Лъэпкъ зэныбжьэгъугъэм и унэхэр Урысейм куэду иIэщ, ауэ ар КъБР-м зэрыщызэтедублам хуэдэу зыщIыпIи щекIуэкIыркъым. ЩэнхабзэмкIэ фондыр абы и лъэныкъуэкIэ IуэхущIапIэ хэхащ. Абы щызэхэт лъэпкъ щэнхабзэ центрхэр зэкъуэш хъуащ. Куржыхэм, ермэлыхэм, тыркухэм, тэтэрхэм я махуэшхуэмэ, пшыхь гуэр къызэрагъэпэщмэ, Iэмал имыIэу лъэпкъ псом щыщи къызэхуосри, я гуапэу хэтщ. Апхуэдэ пшыхьхэр фIыуэ солъагъу, а унэм зы гуапагъэрэ хуабагъэрэ щIэтщ а ма-

хуэми, уи гур хегъахъуэ, лъэпкъ зэкъуэтыныгъэм щыхьэт нахуэ хуохъу. КъищынэмыщIауэ, ЩэнхабзэмкIэ унэм щылажьэ центр 21-м я щIэблэр бзэм, щэнхабзэм, къафэм хуагъасэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъ псоми я зэгухьэныгъэхэр къыхыхьэну хуейщ абы, ауэ ар къызэрыгуэкIкъым. ЯпэщIыкIэ дэ доплъ абыхэм яхузэфIэкIым, мыщхьэхыу я лъэпкъ Iуэху зэрыдагъэкIым, я щIэблэм и къэкIуэнум папщIэ къаулъэпхъэщхэм, я адэжь хэкум зэрыпыщIам, нэгъуэщIхэми. Куэд щIакъым Абхъаз щэнхабзэ зэгухьэныгъэр къызэрыхэдгъэхьэрэ. Иджыблагъэ къытхыхьащ Эстонием щыщу мыбы щыпсэухэм я зэгухьэныгъэр. Эстонием и лIыкIуэу мыбы щыIэри, къэралым щэнхабзэмкIэ и министрри къакIуэхэри, пщыхьэщхьэ дахэ къызэдгъэпэщат. Ар сыт хуэдэу я гуапэ хъуат ди деж щыпсэу унагъуэ 20-25-м. Ахэракъэ цIыхухэм я кум дэлъ гумащIагъэр зэщIэзыгъаплъэр, я гур зэхуэIэфI зыщIыр.

ИтIанэ гъэщIэгъуэн вжесIэнщ. ЩэнхабзэмкIэ фондым хэт лъэпкъ зэгухьэныгъэ гуэрым пшыхь къызэригъэпэщауэ адыгэ, балъкъэр уэрэд щыжамыIа, ди къафэхэр щамыгъэзэщIа къэхъуакъым. Мис аращ зэкъуэтыныгъэр зыгъэбыдэр. Фондыр къыщызэIутхым ди мурадар къыдэхъулIауэ къысщохъу, си щхьэкIэ сыщогуфIыкI абы щекIуэкI лэжьыгъэм.

**– Тхылъ щыптхым е кино щытепхым деж уи щхьэм илъ гупсысэмрэ уи гум илъ гурыщIэмрэ абы еджам, еплъам къызэрыгурыIуар уэ зыхэпщIэжыным, зэхэпхыжыным мыхьэнэшхуэ иIэщ. Ауэ къапщтэми, сыт хуэдэ Iуэху иужь уихьэми утезыгъэгушхуэр къыпэкIуэ хъерырщ, къыпэджэжхэм я гу къабзагъэрщ. ЗыхэпщIэрэ уэ апхуэдэ зыгуэр?**

– Си дежкIэ нэхъыщхьэр аращ, дауи. ЦIыхухэр къызэрыпхуэарэзыр, уи Iэдакъэ къыщIэкIар ягу зэрырихьар къыбжаIэным мыхьэнэшхуэ иIэщ, абы нэхъыбэжым утрегушхуэ. Зэгуэрым сымаджэщым лIыжь гуэрым сыщрихьэлIат. Зи чэзу фильмыр хьэзыр сщIыри, телевиденэм и канал нэхъыщхьэм щыпхыгъэкIыным икъукIэ гугъу сыдехьауэ сымаджэщым сыщIэхуащ. Махуэ гуэрым сымаджэщым и пщIантIэм хуэмурэ къыщыскIухьу, абы щIэлъ зы лIыжь къызбгъэдыхьащ.

– Си щIалэ, – жиIащ абы, – Тхьэшхуэм солъэIу уэ уи узыфэр пщхьэщихыу си деж къигъэкIуэну. Сэ жьы сыхъуащ икIи зыри къысхуеижкъым. Уэ уи лъэпкъым иджыри куэд хуэпщIэфынущ.

Ар жиIэри, хуэмурэ IукIыжащ. А псалъэхэм апхуэдизкIэ сызыщIагъэгупсысыжати, лIыжьым и цIэм сыщIэупщIэнуи сыхунэсакъым. Си пIэм сижыхьауэ куэдрэ сыщытащ, уэшх ткIуэпсхэм я гъусэу си напэм нэпсхэр къызэрытелъэдами гу лъызмытэу. Мис апхуэдэу си лэжьыгъэм къыпэджэжхэм срихьэлIащ куэдрэ. Ар и щыхьэтщ тхылъым лъабжьэ хуэсщIар цIыхухэм я деж зэрынэсхьэсыфам.

Лъэпкъ щэнхабзэм и лъабжьэр гъэтIылъыным зы чырбыш хэслъхьэфамэ, абы нэхъ дамыгъэ лъапIэ сэ сыхуейкъым.

**– ИтIани, уэ щIыхь тхылъу, дамыгъэ лъапIэу къыпхуагъэфэщам хуэдиз зиIэ гъуэтыгъуейщ. Дэтхэнэра уэркIэ нэхъ лъапIэр?**

– Я творческэ лэжьыгъэм папщIэ къыхуагъэфэща дамыгъэхэр

къафIэмыIуэхуу щыжаIэкIэ, ар пэжкъым. Пэжыр Iуэху гуэр щытщIэкIэ абы къыпэкIуэнум дызэремыгупсысырщ.

Сэ нобэкIэ орден 18, медаль 30, къэрал дамыгъэу 45-рэ сиIэщ. Псом япэ изгъэщыр, дауи, КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий иджыблагъэ къысхуигъэфэща «Къэбэрдей-Балъкъэрым и пащхьэм щиIэ фIыщIэм папщIэ» орденырщ. Ар си гуапэ дыдэ хъуащ, уеблэмэ зыри хэзмыщIыкIыу срагъэблэгъат а махуэм КъБР-м и Правительствэм и Унэм. Ауэ сытми срагъэблэгъа си гугъэу сыщIэсурэ, КIуэкIуэм си цIэр жеIэри, утыку сыкърешэ. ПцIыр сыткIэ щхьэпэ – сызыпэмыплъат, гуапэ дыдэ сщыхъуат.

Хуабжьу сыхуэарэзыщ ди Iэтащхьэм, си лэжьыгъэхэмкIэ фIыщIэ хуэсщIыжынщ, нэгъуэщI сыткIэ схуэгъэгуфIэн сэ ар?!

ЕтIуанэу къыхэзгъэщыну сыхуейт «Урысейм и дыщэ къалэмыр» къызэрысхуагъэфэщар. Ар Кавказ Ищхъэрэм щыщу сэ япэу къызатауэ аращ. Дэ ди IэщIагъэм пэрытхэм я дежкIэ ар «урысей Оскару» плъытэ хъунущ. Мис апхуэдэ тыгъэ лъапIэхэр къысхуащIащ илъэс 80 сыщрикъум ирихьэлIэу.

**– Илъэс 80-р гъунапкъэ гуэркъым, уузыншэмэ, улэжьэну жэрдэм уиIэмэ. Зэман гъунэгъум узэлэжьыну уи мурадхэмкIэ укъыддэгуэшэн?**

– Тхылъхэм я гугъу пщIымэ, «Прощающие да простят» романым и ещанэ Iыхьэр сухри, тхылъ тедзапIэм естауэ къыдэкIын хуейщ. Тхыгъэшхуэхэр абдеж щызухауэ жыпIэ хъунущ, ауэ эссехэр, рассказхэр дяпэкIи стхыну си гугъэщ. Романым и ещанэ томыр къыдэкIмэ, зэгъусэу, томищу зэхэту зэ къыдэзгъэкIыжыну си мурадщ.

Иджыпсту фильмитIым иужь дитщ, зыр тыдох, адрейр тетхауэ монтаж дощIыж. Си хъуэпсапIэхэм ящыщщ «Амыщ къуажэр» фильму тесхыну. Режиссёр цIэрыIуэхэу Сокуров Александр, Шахназаров Карен, Михалков Никитэ сымэ сахуэзат, арэзы техъуат, ауэ псори къыщынэр текIуэдэну мылъкуращ.

**– Владимир, уи гур хагъахъуэрэ уи лъэр щIагъэкIыу нобэ уи унагъуэм исхэр дыбгъэцIыхуну сыхуейт.**



Вэрокъуэ Владимир и унагъуэр и гъусэу.

– Зи унагъуэр фIыуэ зымылъагъум дунейри фIыуэ хуэлъагъунукъым. Абы къыхэкIыуи: «Си дежкIэ гъащIэм щынэхъыщхьэр си унагъуэрщ», – жысIэмэ, зыми емыкIу сыкъищIыну къыщIэкIынкъым. Сэ фIыуэ солъагъу си къуэхэу Зауррэ Залымрэ, си нысэхэу Мананэрэ Анжелэрэ. ЗыпэсщI щыIэкъым си къуэрылъхухэу ПIатI, Марие, Хъалид, Ринэ сымэ. Си щхьэгъусэ Ринэ хузиIэ щытыкIэр си тхылъхэм ящыщ зым ихуа усэмкIэ къэзгъэлъэгъуауэ щытащ...

**– Илъэсым и пэщIэдзэм уи махуэшхуэр бгъэлъэпIащ. Ар зэфIэкIри, уи Iуэху упэрыхьэжащ… Сытым уригъэгупсыса къызэбнэкIа илъэс 80 гъуэгуанэм?**

– «Иджыри зэ укърикIуэжынт а гъуэгуанэм?», – жаIэу щIэупщIэ хабзэщ апхуэдэхэм деж. Хьэуэ, къытезгъэзэжынтэкъым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, гъащIэ дахэ къэзгъэщIащ, Тхьэм и фIыщIэкIэ. Сэ сыарэзыщ си гъащIэр къызэрекIуэкIамкIэ, си унагъуэми си лэжьыгъэми сигу хагъахъуэу, насыпыфIэ сащIу сыпсэуащ. Си щIэныгъэмрэ IэщIагъэмрэ къэзгъэсэбэпурэ схузэфIэкIар мащIэкъым икIи сытеукIытыхьыжкъым. Мис аращ сызэгупсысыр.

**– Уи узыншагъэмрэ лэжьыгъэм хууиIэ гукъыдэжымрэ мыкIуэщIу иджыри куэдрэ ди япэ Тхьэм уригъэт!**

*Епсэлъар* **НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ**

# ЗЭЧИЙ ЗЫБГЪЭДЭЛЪЫМ КУЭД ЛЪОКІ

Къэбэрдей-Балъкъэрым искъым Вэрокъуэ Владимир зыхуэдэр зымыщІэ жыпІэкІэ, ущыуэну си гугъэкъым: и тхыгъэ емыджам абы триха фильмхэр илъэгъуащ, а тІумкІи зи насып къимыкІар Владимир къыдигъэкІа сурэт альбомхэм щыгъуазэщ. Е жылагъуэ Іуэху куэд зэрихьэм щрихьэлІащ, и сэбэпи къекІагъэнщ. Сыту жыпІэмэ, Вэрокъуэр щымылажьэ, Іуэху щхьэпэ щызэфІимыгъэкІ ІэнатІэ ди щэнхабзэм иІэу сэ сщІэркъым.

ЦІыхур насыпкІэ, гуфІэгъуэкІэ щызэхъуэхъу махуэм, 1936 гъэм и пэщІэдзэм, Вэрокъуэ Хъалид и унагъуэм къихъуа, Владимир зыфІаща щІалэ цІыкІум адэри анэри зэрыхуэхъуэпса псор и натІэ хъуащ. Абы къищІыкІащ цІыху щэджащэ.

Владимир и сабиигъуэр, щІалэгъуэр езым хуэдэ минхэми ейхэм ещхьу къекІуэкІащ. Курыт школым «тху» защІэкІэ щеджакъым, нэхъ пажэхэм ящыщами. Ар къызыхэкІар щхьэхынагъэр хьэмэрэ гунэфыгъэр аратэкъым, атІэ спортым зэрыдихьэхырт. Апхуэдэу щытми, спортыр абы къыхуэщхьэпащ и къарур здынэсыр къищІэнымкІэ, гугъуехьым къыпимыкІуэту, Іуэхум тегушхуэу игъэсащ. Абы нэмыщІкІэ дэзыхьэхар сыт жыпІэмэ, ар литературэрт. ГукІэ ищІэрт «Евгений Онегин», зыпищІ щыІэтэкъым Лермонтовыр, Есениныр, Хайям, Низами, Руставели, Толстой Лев («Хьэжы-Мурат», «Къэзакъхэр»).

«Щы» хэмыту школыр къэзыуха щІалэр къэралым и сыт хуэдэ еджапІи щІэтІысхьэфынут (спортсмен ІэкІуэлъакІуэхэм апхуэдэ Іэмал яІэт), ауэ Владимир Ленинград дэт Дзэ-медицинэ академиер къыхихащ. КІуэщ, щІэтІысхьэщ абыи… къэкІуэсэжащ. «Строй ухэт зэпыту упсэуныр къыстехьэлъэрт», — игу къегъэкІыж абы. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щІэтІысхьэри, урысыбзэмрэ литературэмрэ иджащ. СпортымкІи и Іуэху зэпэщт: Урысейм и командэ къыхэхам хагъэхьащ, мызэ-мытІэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и чемпион, рекордсмен хъуащ.

Университетым щыщІэса илъэсхэм тхэн щІидзащ.

И еджэныр зэрызэфІэкІыу, къызэІуахагъащІэ телевиденэм лэжьэн щыщІидзащ — творчествэм и гъуэгуанэ гугъум техьащ: корреспондент, редактор нэхъыщІэ, редактор нэхъыжь, редактор нэхъыщхьэ къалэнхэр зэблихъуащ. «Къэбэрдей-Балъкъэрыр — нобэ» и япэ фильмыр

СССР-м и Къэрал телевиденэм и жэрдэмкӀэ трихащ. Ар кинематографист ныбжьыщӀэм хишыну гъуэгушхуэм и япэ лъэбакъуэ хъуат. Ар къэралым и канал нэхъыщхьэ псомкӀи ягъэлъэгъуа къудейкъым, хамэ къэралхэми ящэхуащ.

Япэ лэжьыгъэм къыкӀэлъыкӀуащ цӀыхухэм гурэ псэкӀэ ящта адрейхэри. «Мэлыхъуэ щӀакхъуэ» (Социалист Лэжьыгъэм и ЛӀыхъужь Аттоев Сэлихь теухуащ) фильмым Лейпциг, Дрезден къалэхэм, Венецием щекӀуэкӀа фестивалхэм я саугъэт зэмылӀэужьыгъуэхэр къыхуагъэфэщащ.

Вэрокъуэ Владимир къэрал псом цӀэрыӀуэ щищӀащ «Шагъдий» фильмым, адыгэшхэмрэ адыгэ шыхъуэхэмрэ ятеухуам. Ар Володя и япэ плъыфабэ фильмщ. А лэжьыгъэ телъыджэм пщӀэшхуэ зэригъуэтам и щыхьэтщ авторым режиссёр Ӏэзэ дыдэ цӀэр къызэрыфӀащари, СССР-м и Кинематографистхэм я союзым зэрыхагъэхьари.

Псори зэхэту абы и Ӏэдакъэ къыщӀэкӀащ фильми 160-м щӀигъу. ИкӀи ахэр зытеухуа и лъэныкъуэкӀэ зэмылӀэужьыгъуэщ. ЩӀэджыкӀакӀуэхэм ящӀэж хъунщ «Джылахъстэней хьэгъуэлӀыгъуэ», «Налмэс», «Гъатхэр — паркым», «Кабардинка»-р къофэ», художественнэу «Шэджэм лэкъумхэр», художественно-публицистическэу «Сэ зэи усщыгъупщэнкъым», «Къэбэрдейм и иужьрей уэлий», «Шэрджэс пщащэ», «Пасэрей шыкӀэпшынэм и макъамэ» — дэтхэнэм и цӀэр къипӀуэн!

Кинематографием, журналистикэм сыт хуэдизу дамыхьэхами, Вэрокъуэм зэи Ӏэщӏыб ищӀакъым литературэр. Абы и публицист тхыгъэхэр щызэхуэхьэса «КъызэрыгуэкӀ лӀыхъужьыгъэ» зыфӀищар блыщӀ гъэхэм я пэщӀэдзэм къыдэкӀауэ щытащ. Абы къыкӀэлъыкӀуащ «ПщӀыхьэпӀэ плъыфабэхэр», «Лъым дыгъэр хэту». Иужьрейм итыр эссе жанрымкӀэ гъэпса тхыгъэхэрщ. Ахэр псом хуэмыдэу абы фӀыуэ къохъулӀэ.

Университетым щыщӀэса илъэсхэм лъандэрэ усэ етх. ТхылъитӀи къыдигъэкӀащ — «Уи тезырыр гуапэу къыщӀрекӀ», «Щэху хъумапӀэхэр».

Ди литературэ псом увыпӀэ щхьэхуэ щиӀыгъщ «Лей зыхуэгъэгъум къахурегъэгъу. Амыщ къуажэ» романым, урысыбзэкӀэ, адыгэбзэкӀэ, инджылызыбзэкӀэ дуней къытехьам.

Кавказ зауэм тхылъ куэдыкӀей тратхыхьащ. СыткӀэ зэщхьэщыкӀми, ахэр нэхъыщхьэмкӀэ зэтохуэ — ар зауэ гущӀэгъуншэу щытащ, Кавказым ис лъэпкъ псоми абы мыгъуагъэ къахуихьащ. Адыгэхэм я дежкӀэ ар лъэпкъкӀуэду иухащ — яукӀар яукӀащ, псэууэ къэнам щыщу мащӀэр лъахэм къинэри, адрейхэр хэхэсу къэрал Ӏэджэм Ӏэпхъуащ.

«Лей зыхуэгъэгъум къахурегъэгъу. Амыщ къуажэ» романри зытеухуар Кавказ зауэм щыщ зы пычыгъуэ цIыкIущ, ауэ а мащIэми щыболъагъу Урысей къэралыгъуэ иным и Iэщэм пэщIэува адыгэхэм — Амыщ унагъуэм исхэмрэ абыхэм я пыхъуэпышэхэмрэ — лIыгъэу, цIыхугъэу, хабзэу, нэмысу яхэлъыр зыхуэдизыр.

Романым хэткъым гукъинэж пщымыхъу образ. Ауэ псом хуэмыдэу удахьэх пцIыху, уи нэIуасэ къыпщыхъу лIыхъужь нэхъыщхьэхэм — Амыщ, абы и къуэ, къуэрылъхухэу Пагуэ, Арыкъшу, Дэбэч, Дахэуэс, пащтыхьыдзэм хэт офицерхэу Максимов, Обленский, Назаров сымэ. Ахэращ романым лIэнкъэнэну щызэпэщIэувэхэри. Япэ напэкIуэцIхэм ахэр зэбий хуэмыдэу, зэкIэлъыкIуэ-зэкIэлъыжэу, хьэпшып лъапIэхэр, шы телъыджэхэр саугъэт зэхуащIу долъагъу. АрщхьэкIэ Iуэхур къалэным хуэкIуа нэужь, зэжраIа псалъи зэдашха ерыскъыи къафIэIуэхужкъым: адыгэхэм я щхьэхуитыныгъэм папщIэ я щхьэр щхьэузыхь ящI, дыгъуасэ яхьэщIа къудейми, а жылэми абы дэсхэми гущIэгъу хуаIэкъым зэрыпхъуакIуэхэми — зэтраукIэ.

Адыгэм я дуней тетыкIэр, хахуагъэр, яхэлъ хабзэм и инагъыр Амыщхэ я деж щытлъагъумэ, урыс офицерхэм я хьэлщэныр штабс-капитан Максимовым и образымкIэ къызэкIуэцIех.

Вэрокъуэм и романыр блэкIа зэман жыжьэм теухуами, ар ди нобэм, иджыпсту Кавказым щекIуэкI Iуэхухэм зыкъомкIэ къыподжэж. 

Романыр къызэрыдэкIрэ илъэс зыбжанэ хъуами, абы теухуа псалъэмакъыр ноби яухакъым. Тхылъым зэреджэу ящымыгъупщэжауэ иджыпстуи зэрыризэныкъуэкъур и щыхьэтщ ди литературэм куэдым ухуэзыущий, дерс къызыхэпхын Iуэхухэр щызэпкърыха романыфI къызэрыхыхьам.

Вэрокъуэ Владимир тхылъеджэм ириIуэкIауэ щытат романым пищэн мурад зэриIэр. ИкIи и псалъэр игъэпэжащ. Дунейм къытехьащ «Лей зыхуэгъэгъум къахурегъэгъу. Хэкум папщIэ тхьэлъэIу» романыщIэр — япэм пызыщэр. Мыбы Iуэхухэр щокIуэкI XIX лIэщIыгъуэм и кIэухымрэ XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэмрэ. Романым щыгъуазэ дещI Амыщ лъэпкъым щыщ щIалэ цIыкIухэм: Арыкъшу и къуэ Уэзырмэс, Дэбэчрэ Засс Екатеринэрэ я къуэ Дэбэч сымэ, нэгъуэщIхэми. Урысейм сабийуэ яша нэужь я Iуэху зэрыхъуам, ахэр урыс-япон зауэм, революцэм, граждан зауэм и мафIэм къызэреламрэ къэралыр зэрабгынамрэ.

ЕтIуанэ тхылъым дащыхуозэ япэм цIыхугъэ тхуэхъуа, фIыуэ тлъэгъуа лIыхъужь зыбжанэм, псалъэм папщIэ, Дэбэч, Мэлэчыпхъу, Крюгер, Засс Екатеринэ, нэгъуэщIхэми. КIэщIу жыпIэмэ, «Лей зы-

хуэгъэгъум къахурегъэгъу. Хэкум папщІэ тхьэлъэІу» тхылъри тхыдэм и лъэхъэнэ гугъум, цІыху гъащІэ куэд зэхэзыфыщІам, абы адыгэхэм къатехъукІыжа Черкасскэхэр зэрыхэтам топсэлъыхь. Нэхъыщхьэрщи, уи фІэщ хъуэ, удихьэхыу укъоджэ, блэкІа лъэхъэнэм тепсэлъыхьми, нобэ махуэм уригъэгупсысу.

Фильм трих, тхэуэ стІолым бгъэдэс къудейкІэ зэфІэкІыркъым Вэрокъуэм и Іуэхур. Ар Къэбэрдей-Балъкъэрым ЩэнхабзэмкІэ и фондым и унафэщІщи, а унэм Іуэхуу щагъахъэр зыхуэдизым тхыгъэ щхьэхуэ хуэфащэщ. Ар «Налшык жылагъуэ телерадиокомпанием» и тхьэмадэщи, телевизореплъхэр лъэпкъ культурэм, хабзэм теухуа нэтын купщІафІэхэмкІэ игъэгуфІэ зэпытщ. Кинематографистхэм я союзым и пашэщи, кинор ди деж щефІэкІуэным толажьэ, мы ІуэхумкІэ зыгуэр зыхузэфІэкІыу къэралым исыр зыдигъэІэпыкъуурэ. Жылагъуэ Іуэхуу зэдрихьэкІыр куэд мэхъури, щэнхабзэм зиужьыным, республикэм мамырыгъэ, зэгурыІуэныгъэ илъыным и гуащІэ ирехьэлІэ.

**МЭЗЫХЬЭ Борис,**
*КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ*



# Вэрокъуэ Владимир хужаІахэм щыщ пычыгъуэхэр

## ИДЖЫРИ КУЭД ПХУЗЭФІЭКІЫНУЩ

Псом япэрауэ, уи тхылъхэм ятеухуауэ. Си гур хигъахъуэу сыкъеджащ. Куэд щІат апхуэдэ тхыгъэ сыкъызэремыджэжрэ. Къурш псынэм хуэдэу къабзэщ, узэпхоплъ... Псалъэм хуэІэзэ къуэкІыпІэ усакІуэхэм я рубаихэм хуэдэу узыІэпашэ, Іущагъышхуи ящІэлъщ.

Уи адэ Хъалид теухуауи жысІэну сыхуейт: абы хуэдэ министрыфІ сиІакъым, лэжьакІуэшхуэт, цІыху телъыджэт.

Иужьрей илъэсхэрщ, пенсэм сыкІуауэ, уи къызэгъэпэщакІуэ зэфІэкІхэм гу щылъыстар. ИкІи сызэшхыдэжырт нэхъапэкІэ укъызэрызмыцІыхуам щхьэкІэ.

Уэ иджыри куэд пхузэфІэкІынущ, пхуэгъэзэщІэнущ. Куэдрэ Тхьэм уигъэпсэу. Іуэхушхуэхэр къызэрызэбгъэпэщыфым и мызакъуэу, цІыхухэм яхуэбгъэгъуфуи зегъасэ.

**МЭЛБАХЪУЭ Тимборэ,**
*КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и япэ секретару илъэс куэдкІэ щыта*

## ЗИ ХЪЭТI ЩХЬЭХУЭ ЗИIЭЖ ТХАКIУЭ

Вэрокъуэ Владимир илъэс 30-м щIигъуауэ соцIыхури, абы и жыджэрагъымрэ лэжьакIуэшхуэу зэрыщытымрэ сымыгъэщIэгъуэн слъэкIыркъым. И гъащIэр режиссурэм ирипхами, абы зыкъигъэлъэгъуащ зи хъэтI щхьэхуэ зиIэж тхакIуэ Iэзэуи. Владимир и «Прощающие да простят», «Мелодия старой скрипки», «Цветные сны» тхылъхэм еджэн щIэбдзамэ, апхуэдизкIэ узыIэпашэри, пхузэмыгъэтIылъэкIыжу нэхъ псынщIэу зэрыщIэбджыкIыным ухущIокъу. ИужькIи, гъащIэм узыщрихьэлIэ Iуэхугъуэхэм елъытауэ, гупсысэхэм куэдрэ уахыыж абы и лIыхъужьхэм я деж. Абы къегъэлъагъуэ Вэрокъуэр гъащIэм кууэ кIуэцIрыплъыф цIыхуу зэрыщытыр.

Абы ущытепсэлъыхькIэ и гугъу умыщIу къыпхуэгъэнэнукъым КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и фондым щригъэкIуэкI Iуэхугъуэ купщIафIэр. Владимир хузэфIэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэ жьэгу къызэригъэпэщын, апхуэдэ щIыкIэкIэ абы и гуащIи хелъхьэ республикэм и цIыхухэр зэгурыIуэрэ мамырыгъэрэ яку дэлъу зэдэпсэуным.

Вэрокъуэ Владимир теухуауэ куэд пхужыIэнущ. Нэхъыщхьэр, ар республикэм и экономикэ, жылагъуэ, щэнхабзэ гъащIэр егъэфIэкIуэнымкIэ зи еплъыкIэхэр ерыщу пхызыгъэкIыфу зэрыщытырщ.

Творческэ гъуэгуанэ кIыхь иIэну сохъуэхъу. И тхылъыщIэхэм, фильмыщIэхэм дапоплъэ.

**ШАКЪ Елбэрд,**
*«Тетраграф» тхылъ тедзапIэм и унафэщI*

## УЗЭЩIАКIУЭ

Си ныбжьэгъуфI Владимир! Дунейм тет лъэпкъхэм я бзэм хэтщ «узэщIакIуэ» псалъэр. Абы и мыхьэнэм фIы дыдэу къегъэлъагъуэ уэ уи дуней тетыкIэр. Уэ цIыхухэм я деж ныбохьэс щIэныгъэр, щэнхабзэр, гъуазджэр... НэгъуэщIу жыпIэмэ, гъащIэм и фIыгъуэ нэхъыщхьэхэмкIэ уахуоупсэ. АдэкIи IуэхуфIхэр зэфIэпхыу упсэуну си гуапэщ.

**КIЫЩ Мухьэдин,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ сурэтыщI*

## ЗЭЧИИФIЭ

Кавказыр сыт щыгъуи цIыху зэчиифIэхэмкIэ къулейщ. Апхуэдэщ Гамзатов Расул, КIыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсын сымэ. Абыхэм сэ ябгъурызогъэувэ Вэрокъуэ Владимири.

Ар сыт и лъэныкъуэкIи цIыху зэчиифIэщ. Урысей щэнхабзэм и зыужьыныгъэм къыпхуэмылъытэну и гуащIэшхуэ хилъхьащ Вэрокъуэм. Абы и очеркхэм, теленэтынхэм, тхыгъэхэм, рассказ-



2 Заказ №246

хэм, фильмхэм гъащIэм и пэжыр къыщыгъэлъэгъуащ, ахэр псори зытеухуар езыр къэзыухъуреихь цIыхухэрщ, Iуэхугъуэхэрщ. Аращ абыхэм я мыхьэнэр лъагэ зыщIри. Владимир и «Прощающие да простят» тхыдэ романым кууэ къыщыгъэлъэгъуащ заулэм къишэ гуIэгъуэмрэ мамырыгъэм и лъапIагъымрэ. Ар куэдым ухуэзыгъэIущ, гъэсэныгъэ мыхьэнэ зиIэ тхыгъэшхуэщ.

Сэ Тхьэм фIыщIэ хузощI апхуэдэ цIыху зэчиифIэр щыпсэу зэманым сызэрыхэтымкIэ, абы сепсэлъэну, и творческэ лэжьыгъэхэм сакIэлъыплъыну Iэмал къызэрызитамкIэ. АдэкIи творческэ гъуэгуанэ кIыхь иIэну сохъуэхъу!

**ЗУМАКУЛОВЭ Танзиля,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ*

АКЪЫЛ ЖАН

Вэрокъуэ Владимир цIыхухэр фIыуэ елъагъу. Абы и щыхьэтщ цIыху цIэрыIуэхэм ятеухуауэ и къалэмыпэм къыщIэкIа тхыгъэхэр. Вэрокъуэм къыдигъэкIащ эссехэр, очеркхэр зэрыт тхылъ зыбжанэ. Псом хуэмыдэу Владимир егъэлъапIэ КIыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсын, Темыркъан Юрэ, Гамзатов Расул, Идар Гуащэнэ, Зумакуловэ Танзиля, Аиссе, Хьэгъуундокъуэ Елмэсхъан, Тэрчокъуэ Къамболэт, Ахъмэт Мусэбий, нэгъуэщIхэри.

Сэ къызэчэнджэщцурэ, илъэс 30-40 ипэкIэ сызытетхыхьахэр къигъэсэбэпурэ Вэрокъуэм фильмхэр Франджым, Иорданием кIуэурэ, Щамырзэ (Черинэ) Людмилэ, пащтыхь Хъусен бен ТIалал и адыгэ хъумакIуэхэм ятеухуауэ трех. Апхуэдэу абы сыкъигъэгугъащ Тыркум щыпсэу адыгэ артисткэ цIэрыIуэ Шорэ Туркан, дунейпсо литературэм и классик Хьэткъуэ (Омер) Сейфеддин, Нобель саугъэтыр зрата тхакIуэ Памук Орхан сымэ ятеухуа фильмхэм мыгувэу яужь ихьэну.

Вэрокъуэр хуэIэрыхуэщ режиссёр, сценарист, продюсер лэжьыгъэхэм, журналистикэм, жылагъуэ Iуэхухэм. Иужьрей илъэси 10-м абы зыкъызэкъуихащ тхакIуэ Iэзэуи. Вэрокъуэ Владимир и IэдакъэщIэкI нэхъыфIхэм ящыщщ «Амыщ къуажэ» романыр. Ар инджылызыбзэкIэ Къудей Борис зэридзэкIри, Налшык дунейм къыщытехьащ. Вэрокъуэм и лъэIукIэ, тиражым щыщу Iыхьэф США-м едгъашэри, Америкэм и библиотекэ нэхъ инхэм трагуэшащ.

Мы махуэхэм илъэс 80 ирикъу си ныбжьэгъу нэхъыжьым и акъылыр жанрэ зэфIигъэкIым хигъахъуэу куэдрэ дяпэ итыну си гуапэщ.

**ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд,**
*«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ,*
*Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ*

ВЭРОКЪУЭ Владимир

# КЪЭБЭРДЕЙМ И ИУЖЬРЕЙ ПЩЫШХУЭ ЖАНХЪУЭТ КУШЫКУ

*Документальнэ повесть*

Зи гугъу тщIы лъэхъэнэм и Iуфэлъафэхэр къезылъэсэкIа псыр щежэха зэманыр иджы дызыхэпсэукI ди нобэм зэрыпэжыжьэшхуэ щыIэкъым. Пушкин Михайловскэ иритхыкIри Ригэ, Аннэ Керн деж хуитхат: «СыпфIэтелъыджэныркъым сызыхуейуэ си хъуэпсапIэр. Си лъагъуныгъэм дытегъэпсэлъыхь».

Лермонтовыр илъэсипщI ныбжьым иту Кавказым къэкIуащ. ЩIыпIэ дахэр игу ирихьащ икIи хьэщыкъ хуэхъуащ. Сабийм и псэм зэрызыхищIэфын хуэдизкIэ. Авраам Линкольн еуэиригъэшхыу Америкэм хуэлажьэрт. Роберт Оуэн Англием щиджырт утопие гурыщIэхэр. Мис апхуэдэ зэманщ тхыдэм и къалэмыр гукъэкIыжхэм я шакъэм хэдгъауэурэ дызытетхыхьынур.

Къэбэрдейм и иужьрей пщышхуэ Жанхъуэт Кушыку:

«Зэгуэр урыс пащтыхьыр къызэупщIат:

– Сыт фи тхыдэ? – жиIэри.

Сэ:

– Ди лIыжьхэр ди тхыдэщ, – естыжат жэуап.

Абы щыгъуэ сэ сыщIалэ дыдэт, итIани ар фыуэ къызгурыIуэрт».

ГРИБОЕДОВ АЛЕКСАНДР, *усакIуэ, дипломат:*

«Мыбы щыIэ пщыжь-уэркъыжьхэм Жанхъуэт Кушыку хуэдэ фIэлIыкI зиIэ яхэткъым, Шэшэным къыщегъэжьауэ абазэхэхэм я деж нэс щIыналъэм абы и хакIуапщIэ езыхужьэн, хьэмэрэ и пщылI зыубыдын щыIэкъым, дэ ар догъафIэ, езыми урысхэм ди телъхьэ хуэдэ зещI».

ТЫНЯНОВ ЮРИЙ, *тхакIуэ:*

«...Кушыку дипломатышхуэщ...»

ЕРМОЛОВ АЛЕКСЕЙ, *генерал:*

«...Кушыку си хэгъэрейщ... Ныбжьэгъу гуапэщ...»

Лъэпкъыр зэрагъэлъапIэр Хэкум хуащIэ Iуэхутхьэбзэм и инагъырщ.

## ДОКУМЕНТХЭР, КЪЭХЪУКЪАЩIЭХЭР

«Адыгэ пшышхуэхэм яхэтакъым Кушыку зэрыта щытыкIэ гугъу дыдэм хуэдэ ихуа. Къэбэрдейр къригъэлын, ихъумэн папщIэ, Урысейм зыдегъэкIун», – лъэпкъым дежкIэ зэхэгъэкIыпIэшхуэу щыта а лъэхъэнэ ткIийм апхуэдэ къалэн гугъу и пщэ дэлъащ Жанхъуэтым.

Жанхъуэт Кушыку 1758 гъэм къалъхуащ.

А гъэ дыдэм Францием къыщалъхуащ якобинец щэджащэ Максимиллиан Робеспьер, Кушыку епхьэлIэ хъун псалъэхэр нэхъ иужькIэ жызыIар: «Хэкум щхьэкIэ блэжьар мащIэщ, пхузэфIэкIыну псори умыщIамэ». Вольфганг Моцарт илъэситI ирикъуат... Иоганн Шиллер къыщалъхуар мазэ зыбжанэ дэкIа нэужьщ.

Жанхъуэтыр и гъащIэ псом зэуащ Iэщэр имыгъэтIылъу, зэуащ щищIалэгъуэми, лIыпIэ иува нэужьи, и жьакIэр къыщетхъухами... ИужькIэ сэшхуэр сампIэм нэхъ мащIэрэ кърихащ – иджы Къэбэрдейр зыхуейр абы и хъыжьагъэтэкъым, и псалъэ Iущт.

1806 гъэм ар пщы Уэлий хъуащ.

ЛIэщIыгъуэ плIанэкIэ абы Къэбэрдей унафэр IэщIэлъащ.

Сыт хуэдэ цIыхуу щыта Жанхъуэт Кушыку?

БЕЙТЫГЪУЭН СЭФАРБИЙ, *тхыдэтх:*

«Жанхъуэт Кушыку иригъэкIуэкIа политическэ лэжьыгъэр зэрыщыту теухуауэ щытащ Къэбэрдейм и шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымрэ абы и пщIэр хъумэнымрэ».

ТЫНЯНОВ ЮРИЙ:

«Кушыку хуейтэкъым и Iэщхэмрэ хъупIэхэмрэ фIэкIуэдыну. Аращ Ермоловым дарэгъу зыщIыхуищIар».

ПОТТО ВАСИЛИЙ, *урыс зауэ тхыдэтх цIэрыIуэ, генерал, Кавказ зауэм хэта:*

«... И псэм хуэдэу фIыуэ илъагъу Хэкур гузэвэгъуэм щыхъумэным Iуэхур щыхуэкIуэм деж Кушыку зыщысхь щыIэтэкъым».

* * *

Арати, 1806 гъэм Пщы Уэлий хъуащ.

Абы ипэкIэ уэлийуэ щытащ и адэшхуэри и адэри. Тхыдэр Iыхьлы жумарткъым, къэхъукъащIэ псори пхуихъумэу. Кушыку теухуауэ къэна щIагъуэ щыIэкъым. Иджы хъыбархэр мащIэмащIэурэ зэхуэхьэсыжын хуей мэхъу. Тхыдэм и напэкIуэцIхэр текIыжащ. Пащтыхьым и зэманым къафIэIуэхуакъым, Советхэм я лъэхъэнэми кърадзэщакъым. Ауэ, дауэ мыхъуами, зыгуэрхэр къэнащ.



### ДОКУМЕНТХЭР, КЪЭХЪУКЪАЩIЭХЭР

Жанхъуэт лъэпкъыр Къэбэрдейм фIэлIыкI нэхъ щызиIэхэм ящыщт. Пщы гупышхуэ абы и телъхьэт. А гупыр, сыт хуэдиз гуитIщхьитIыгъэ яхэмылъами, урысхэм якъуэтурэ къекIуэкIащ. Ар нэхъыбэу къызыхэкIари Урысейм хэтыным ткIийуэ тета Бекович-Черкасскэхэм яжь къазэрыщIихуарагъэнщ.

Япэ дыдэу Кушыку урыс пащтыхьым къыдэщIу Iэщэ къищтащ Горич Иван Иным и дзэм хэту псыжьадрыщI зауэм щыкIуам. 1787–1791 гъэхэм Урысейм Тыркум ирищIылIа зауэми щыIащ. Iэщэ IэщIэлъу Кавказым щыпхигъэкIащ Урысейм и сэбэп зыхэлъ Iуэху куэд.

Тыншт ахэр псоми я плъапIэ Къэбэрдей пщышхуэм деж-кэ? Тхыдэм и къалэмыр гукъэкIыжым и шакъэм хэтщIэурэ дигу къэдвгъэгъэкIыжыт Кушыку-Уэлийр зищIысамрэ къэбэрдейхэр езыхэр хэту щытами.

Абы ехьэлIауэ жаIэ-ятххэр зэтехуэркъым, ауэ, сыт хуэдэ Iуэху еплъыкIэми гъащIэ иIэну хуитщ. ДыкъытеувыIэнщ абыхэм ящыщ зым. Генерал икIи тхыдэтх Потто и Iуэху еплъыкIэр езым къыджрыреIэ. Абы и гупсысэхэм илъэсищэм щIигъу я ныбжьщ. Тхыдэм дежкIэ ар медан закъуэщ.

ПОТТО ВАСИЛИЙ:

«Тенджыз ФIыцIэм и Iуфэхэм деж щегъэжьауэ аддэ къуэкIыпIэмкIэ, Шэшэн мэзылъэхэм нэсу, Псыжьрэ Балъкърэ я гъунапкъэхэм къаубыд щIыналъэм, Кавказ къуршхэм я ищхъэрабгъу нэкIухэм еуалIэу, ижь-ижьыж лъандэрэ щопсэу шэрджэс лъэпкъхэр. ЛIакъуэ куэду зэхэт шэрджэс лъэпкъхэм пасэ дыдэу ягъуэта зыужьыныгъэ лъагэмрэ яхэлъ хыхьэхэкIымкIэ къахэщащ къэбэрдейхэр. Хъыбару яIуэтэж бгы лъабжьэхэр ябгынэу, Псыжь и Iэгъуэблагъэр къызэранэкIыу ахэр ищхъэрэкIэ, Тэн нэс, уеблэмэ Кърым дыдэм, Кач, Бельбек псыхэм яку дэлъ, ШэрджэсейкIэ зэджэ тафэм Iэпхъуауэ щытауэ. АрщхьэкIэ Урысейм и ипщэрабгъу губгъуэжьым ис Iэпхъуэшапхъуэ лъэпкъхэмрэ хъунщIэн фIэкIа нэгъуэщI Iуэху зимыIэ цIыхухэмрэ ахэр а щIыпIэм ирагъэзэгъакъым. Къэбэрдейхэм я лъахэм къагъэзэжри, кавказгупэ тафэм, Псыжь щегъэжьауэ къуэкIыпIэмкIэ Сунжэ нэсу, бгылъэ Осетием къыщыщIидзэрэ Гум и псыщхьэм еуалIэу я къуажэхэр кърагъэтIысэкIащ Тэрч и бгъуитIри яIыгъыу».

Сыту щIы мащIэ къытхуэнэжар нобэрей къэбэрдейхэм!

Зыкъом урыс мыжурэкIэ язэуащ...

Зыкъом большевикхэм кърагуэшэкIащ...

УсакIуэ Iэзэ, цIыху Iущ Сулейменов Олжас жиIащ: «ЦIыхум и дунейр жьы дыдэ хъуа тэрэзэмэзану зэхэлъщ – аптекэм я деж къыщыщIэдзауэ складхэм щIэтхэм я деж щиухыжу. А псори судым и тэрэзэмэзанщ. Языхэзыр лъэныкъуэкIэ щришэхыу щытмэ, абыкIэ уелъэф, къэхъуар къуигъэщIэну».

Сулейменов Олжас мыпхуэдэуи жиIауэ щытыгъащ: «Зауэм и тхыдэтхым ди нобэрей гурыщIэхэм мафIэ лыгъэр кърэдзри, ахэр лъагъумыхъуныгъэм хуегъакIуэ».

ЕмыкIущ, Христос къалъхун ипэ епщыкIуханэ лIэщIыгъуэм ахамединхэр къазэрытеуам папщIэ персыр игъэкъуэншэну коптыр нобэ иужь ихьэу щытмэ. Дэри гужьгъэжь щIахудиIэн щыIэкъым Псыжь, Леомс деж быдапIэхэр щызыхъума рязань, смоленск сэлэтхэм. Гукъеуэ хуэтщIынкъым къэбэрдейхэм Псыхуабэ ттезыха Анастас Микояни... Дыхуейкъым зэман ткIыбжь блэкIам ди гур едгъэфыщIыну, ди акъылыр едгъэгъэутхъуэну. Тхыдэр гъащIэм и гъэунэхупIэщ, лIэщIыгъуэхэр цIыху зэIущIапIэщ. ГъащIэм, щIэныгъэм я дежкIэ нэхъыфIщ ахэр ныбжьэгъугъэ зэIущIэу щытмэ. Мис мыбдежым сэ аргуэру псалъэ естыну сыхуейт Потто В.: «Къэбэрдейхэр пасэ дыдэу цивилизованнэ дуней псом къыщацIыхуащ. Абыхэм алыджхэмрэ румхэмрэ, хъазархэмрэ тыркухэмрэ, мэжэрхэмрэ сэрматхэмрэ пыщIэныгъэ зэрыхуаIам зыми шэч къытрихьэркъым».

Чыристан диныр мыбы пасэ дыдэу къэсащ, къыщежьа япэ лIэщIыгъуэ дыдэхэм. Ар мыбы къэзыхьари къэбэрдейхэр цивилизацэм хэзышари алыдж диныылажьэхэрщ. Уэрэд теплъэ зыгъуэтыжа хъыбарыжьым ихъумащ япэ къэбэрдей щихънагъыр щыпсэуа щIыпIэр. Ар Налшык быдапIэм верстиплI нэхърэ нэхъ пэмыIэщIэу щыIэ Iуащхьэ къуацэрщ. А уэрэдым щихънагъым папщIэ мыпхуэдэу щыжеIэ:

Щихъныгъыу дыкъэзыхъумэ, ди ущиякIуэ,
Щихъныгъыу ди нэху...

УщиякIуэм Iуащхьэ къуацэм тету Тхьэм и хабзэхэр цIыхухэм яхуиIуатэрт. Щихъныгъым щхьэкIэ Iуащхьэ къуацэм псэупIэ щащIат жэзкIэ къэIулIыхьарэ дыжьыныжь къабзэу и бжэр гъэжауэ. Мис абдежырат Тхьэм и хэщIапIэу ялъытэр.

ПОТТО ВАСИЛИЙ:

«Еханэ лIэщIыгъуэм Шэрджэсым щыIа алыдж цивилизацэм япэ удыныр иридзащ авар Байкан Хъаным и дзэм.

ИужькIэ мыбы къэкIуащ къалмыкъхэр, хъазархэр, тэтэрхэр, Аттилэ, монголхэр, итIанэ славянхэр – а псоми шэрджэсым пхъэIэщэкIыр къыIэщIатхъри джатэмрэ мэIухумрэ IэщIалъхьащ. ТIэкIу-тIэкIуурэ «ант лэжьакIуэжьым» Iуэху щIэныр хыфIидзэжащ. Мыбы зауэр тхьэпэлъытэ щыхъуащ. А псом адыгэр гъунэгъухэр зыгъэгулэз зауэлI гуащIэ ящIащ.

IэщакIуэу щытыныр цIыхум и къалэн нэхъыщхьэ хъуащ.

АдыгэлIыр зыщышынэр лIэныгъэртэкъым, къэрабгъэ къыхужаIэу псэунырт.

Мис апхуэдэ зауэлI лъэпкъым Темрыкъуэ и тетыгъуэм Пащтыхь Ябгэм и Урысей къэралыгъуэм «зритащ». Къэбэрдеймрэ Урысеймрэ я зэныбжьэгъугъэр уардэу икIи быдэу къекIуэкIащ».

ПОТТО ВАСИЛИЙ:

«Иужь лIэщIыгъуэм Шэрджэсым и гъащIэм Iуэхугъуэшхуэ къыхыхьащ – тырку динырылажьэхэм Iэщэ лъэщу къагъэсэбэп хъуащ ислъамыр.

Зэныбжьэгъу зэпыщIэныгъэхэр къафIэмыIуэхужыщэ хъууэ хуежьэри, зэрыгъэбииным хуэкIуэпащ».

Тхыдэм я натIэм къызэрыритхам хуэдэу, Псыжь и Iуфэхэм къэкIуа къэзакъхэр яIууащ шэрджэс зауэлI хъыжьэхэм икIи я щIы зэпылъыпIэр зы кIапэм щегъэжьауэ адрейм нэсыху лъыпс къуалэр щыжэ, хьэдэ къупщхьэм щIигъэна лъахэ хъуащ. Псыжь адрыщI тафэу верст щиплI зи кIыхьагъыр шэрджэс шууейхэмрэ линием и къэзакъхэмрэ я лIыгъэ-щагъэ щIыпIэ хъуащ. Япэхэм къуентхъ къаугъуейуэ, етIуанэхэм линиер яхъумэу. Мыдрейхэми адрейхэми лIыгъэ якъуэлът, къикIуэт жыхуаIэр ящIэртэкъым, гущIэгъуи щIэлъэIухэртэкъым. Бэнэныгъэ гуащIэ зэращIылIат. Мис апхуэдэ щытыкIэм итт Къэбэрдейр иужьрей Пщы Уэлийуэ Жанхъуэт Кушыку щыхахам щыгъуэ. Хэт хъуну-тIэ мы къэбэрдей адыгэхэр? Тхыдэм и макъ иджыри зэ дыщIэвгъэдэIу...

ФРЕДЕРИК ДЮБУА ДЕ МОНПЕРЕ, *франдж еджагъэшхуэ цIэрыIуэ, Швейцарие:*

«Нобэрей Шэрджэсым я псэукIэ-зэхэтыкIэм ди нэгу къыщIегъэхьэж япэрей королхэм я лъэхъэнэм Германием, Франджым яIа цивилизацэр...»

ТХЫДЭТХ БЛАРАМБЕРГ ЕПЩЫКIУБГЪУАНЭ ЛIЭЩIЫГЪУЭМ ПСЭУА АДЫГЭХЭМ ЯТЕУХУАУЭ:

«Ди насыпщи, абыхэм зэуэ дзэшхуэ (зауэлI мин 60 нэхъыбэ) зэхашэфынукъым, яку зэиж-зэбий зэрыдэлъым, дисциплинэ жыхуаIэр зэрамыщIэм къыхэкIыу. Апхуэдэ зэIумыбзхэр Iуэхум хэмылъамэ,

ахэр ауэ къызэрымыкIуэу шынагъуэ хъунт абыхэм я бийуэ къэув дэтхэнэ зым дежкIи. Абыхэм къатекIуэ мы лъахэм щыIэнтэкъым...»

БЕЙТЫГЪУЭН СЭФАРБИЙ:

«XIX лIэщIыгъуэм и етIощIанэ гъэхэм къэсыху Къэбэрдейм и цIыхухэр «лъым, лъыщIэжым и хабзэ хьэлэчым» зэкъуиудауэ псэуащ, псэуащ зы лъэпкъыр адрейм теплъэ мыхъуу.

Урысейм къарищIылIа зауэр цIыху ныбжь зыбжанэм къриубыдэу екIуэкIащ. ЕкIуэкIащ зэрытемыгъакIуэу. ЦIыхухэм тIэкIутIэкIуурэ зэман гугъур фэжьIужь яхуэхъуащ. Щахуэхъум, зауэм къишэ тхьэмыщкIагъэхэмрэ абы гъащIэу игъэнымрэ къафIэмыIуэхуж ищIащ.

Ауэ тхьэмыщкIагъэшхуэ къащыпэплъэр дяпэкIэт. Пхузэмыгъэзэхуэжыну...»

ШАХОВСКИЙ ПЁТР, *штабс-капитан:*

«Сэ мыбы, Кавказым, къулыкъу щысщIащ... Хьэкъыу фи фIэщ сщIыфынущ къэбэрдейхэр Кавказым ис лъэпкъхэм я нэхъ лъэщ дыдэу зэрыщытар, ауэ XIX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм емынэ узыр къахыхьэри, илъэс пщыкIуплI енкIэ лъэрыщIыкIыу къайфыкIа нэужь, тхум щыщу плIыр ихьащ».

ДЕЛЬПОЦЦО ГЕНЕРАЛЫМ И РАПОРТ:

«Уз зэрыцIалэм къэбэрдейхэр хуабжьу мащIэ, къаруушнэ ищIащ. ПщIым щыщу бгъур яфIэкIуэдащ».

БЕЙТЫГЪУЭН СЭФАРБИЙ:

«Дауэ мыхъуами, Къэбэрдейм къытепсыха нэхъ тхьэмыщкIагъэшхуэ дыдэр пащтыхь къэрал зехьэкIэм и хабзэхэр хуэмхуэмурэ зэрыщагъэуваращ, абы и зэранкIэ дэтхэнэ зы адыгэми дежкIэ нэхъ лъапIэ дыдэр – щхьэхуитыныгъэр – яфIэкIуэдащ».

Абы къыдэкIуэу пщыхэр гуп-гупурэ зэрызэбийм, гуп къэс хэтхэри езыр-езыру зэрызэхущIэуэм Къэбэрдейр ячатхъэрт.

Апхуэдэу щытми, Лермонтов Михаил Юрьевичым и псалъэщ: «Лъэпкъ телъыджэщ... Къэбэрдейхэм лIыгъэ яIэщ. Къэбэрдейхэм зыри къапэхъунукъым. ЗыхуэпэнкIи... шууеинкIи... Къабзэлъабзэхэщ, икъукIэ къабзэу мэпсэухэр».

А Лермонтов дыдэрщ мыпхуэдэу жызыIэфар:

«Щхьэхуитыныгъэр я алыхьщ, хабзэу яIэр зауэрщ.

ФIым къыподжэжыр фIыкIэ, лъым – лъыкIэ.

Я лъагъумыхъуныгъэр инщ, я лъагъуныгъэми хуэдэу».

Мис апхуэдэ лъэпкъым и унафэр Тхьэшхуэм Къэбэрдейм и иужьрей пщы уэлий Жанхъуэт Кушыку къыIэщIилъхьат.

Сыт хуэдэ цIыхут езы Кушыку? Тэмэму абы нобэ тетхыхьыгъуейщ. Тхыдэм и напэкIуэцIхэр текIыжащ. Ауэ зы хьэкъщ: цIыхухэр хэбдзын хэмылъу щыфI хьэмэрэ щыIей зэпыт къэхъуркъым.

ЦIыхум фIы къыпхуищIэн щхьэкIэ уэри фIыуэ ущытын хуейщ.

КЪУДАЩ ВЛАДИМИР, *тхыдэтх:*

«Къэбэрдейхэр сыт щыгъуи Урысейм зэрыхэтыным хущIэкъу лъэпкъщ икIи залымыгъэ хэмылъу пащтыхьым къулыкъу хуащIащ, адыгэм я Iуэху зезыхьэ гупхэм ящыщу. Урысейм и телъхьэхэр нэхъ лъэщу къалъытэу щытащ».

Сыт атIэ «къэбэрдей бунт» жыхуаIэр къызыхэкIар?

А упщIэм зы еджагъэшхуи, зы зауэлIи, е а лъэхъэнэм псэуа гуэрми жэуап хуетакъым.

Къэбэрдейм зэуэ зыкъиIэтакъым. Ауэ абы щыгъуэ къэхъуа Iуэхугъуэхэм къагъэлъэгъуащ лъэпкъым зэи ягъэIурыщIауэ зэрызыкъимылъытэжыр.

ПОТТО ВАСИЛИЙ:

«Зауэ Iуэхухэм Къэбэрдейм щиIыгъ пашэныгъэр иухырт. Къэбэрдейм щаухуа урыс быдапIэхэм зэуэн зи нэрыгъ кавказ лъэпкъхэр, зэпэIэщIэ ищIу, тIу ирищIыкIат.

БЕЙТЫГЪУЭН СЭФАРБИЙ:

«Мис апхуэдэ псэзэпылъхьэпIэ зэману щытащ Жанхъуэт Кушыку Къэбэрдейм и унафэ щищIа лъэхъэнэр».

Пащтыхьыгъуэм и унафэхэр жыIэдаIуэу игъэзащIэу щытауэ пIэрэ абы? Щытакъым! Щытамэ, нэхъапэм къедэхащIэу, зыгъэныбжьэгъуу щыта Ермоловыр абы щхьэкIэ «къыгурыIуэ щымыIэ лIыжь кунэфкIэ» щхьэ къещыжат?

Абы щыгъуэми къэбэрдей лъэпкъым абы уэрэд хуиусат:

«Къэбэрдейхэ, тхузэфIэмыкIыным зетпщытауэ, дызэрымащIэм къыхэкIыу къэралыгъуэ лъэщым дыпэмылъэщыну жызыIэ Жанхъуэтыпщым фемыдаIуэ!»

Уэрэдым и ежьут: «ДылIэм нэхъыфIщ жыIэщIэ дыхъу нэхърэ!»

БЕЙТЫГЪУЭН СЭФАРБИЙ:

«Кушыку зэи ткIийуэ япэщIэувакъым Iэщэ зымыгъэтIылъа адыгэхэм».



Апхуэдэу щыт пэтми, жыжьэ плъэн, адрейхэм къамылъагъуфыр къилъагъуу, урыс зауэ IуэхущIапIэхэм япыщIауэ, ядэлажьэу щытын хуейт. Жанхъуэт Кушыку ар фIыуэ къыгурыIуэрт.

ПОТТО ВАСИЛИЙ:

«Жанхъуэт Кушыку икъукIэ цIыху зэтетт. ЩIалэгъуэм и ихъуилъым, пхъашагъэм и пIэ акъыл жан тIысар къиуват».

Хэт сымэ Жанхъуэт Кушыку бий ныкъуэкъуэгъуу иIар?

Ермолов Алексей Петрович (1777–1861). Пасэрей лIакъуэлIэш унагъуэм къыхэкIащ. Дзэ къулыкъум Суворовым и зэманым пэрыхьащ. 1808 гъэм генерал-майор хъуащ. Наполеон зауэм щыщIидзэм армэм и штабым и унафэщIу щытащ.

ПУШКИН АЛЕКСАНДР, *усакIуэ:*

«Уэсыщхьэр гъэщхъ,
Кавказ,
Сабыр:
Ермоловыр нокIуэ».

РЫЛЕЕВ КОНДРАТИЙ, *тхакIуэ:*

«Уэ ищхъэрэдзэм уризэчийщ».

ГРИБОЕДОВ АЛЕКСАНДР:

«Уэ нэгъэсауэ угущIэгъуншэщ...»

ЕРМОЛОВ АЛЕКСЕЙ:

«ЯпэщIыкIэ властыр зищIысыр зэгъащIэ, итIанэ убэ».

ПУШКИН АЛЕКСАНДР:

«Хуит сыкъэщI уи тхыдэтхыу сыщытыну».

ХЪАН-ДЖЭРИЙ:

«Ермоловым Къэбэрдейм хуимурадар «къуажэхэр жьэгъум къыщIихуу тафэм къытригъэтIысхьэурэ къурш лъабжьэхэр игъэкъэбзэнырщ».

ДАВЫДОВ ДЕНИС, *усакIуэ, генерал:*

«Абы и властым къимыубыд хуитыныгъэхэр къигъэсэбэпащ»

ЕРМОЛОВ АЛЕКСЕЙ ВОЛКОНСКЭ ДЖЫНАЗЫМ ХУИТХАР:

«Нобэм къэс сэ зэбий лъэпкъхэр зэзгъэкIужамэ, иджы лъэпкъ мыIурыщIэхэмрэ зыкъэзыIэтхэмрэ я деж сынэсащ».

Жанхъуэт Кушыку и бий кIэуфIыцIхэм ящыщт Вельяминов генералри.

Вельяминов Алексей Александрович. А зэманым щыIа хабзэм тету, лейб-гвардием и Семеновскэ полкым сабийуэ хатхащ. Илъэс 16-м гвардием и топгъауэхэм я поручик хъуащ. Зауэм Аустерлиц деж щыщIидзэри Париж щиухащ.

Зэ уIэгъэ хъуащ.

Краснэ щIыпIэм лIыгъэ къызэрыщигъэлъэгъуам папщIэ Георгий Жор къратащ.

Илъэс 28-м генерал хъуащ.

Ермоловым гу лъитащ: «ЦIыху лъэщщ, къызэфIэмыщIэжщ, икъукIэ зэчиишхуэ бгъэдэлъщ».

ТУРГЕНЕВ АЛЕКСАНДР, *тхыдэтх:*

«Сыт я лIыхъужьагъ Котляревский, Ермолов сымэ? Абыхэм я Iэужьым лъыр ягъэдий, щхьэфэцым зрагъэIэт».

Мис апхуэдэ цIыхухэрщ Къэбэрдейм и уэлий Жанхъуэт Кушыку гъащIэм натIэкIэ зриудэкIар.

А зэманым къалъхуа къудейт Штраус Иоганн.

И музыкэ телъыджэр иусат Шуберт Франц. Купер Фенимор «Иужьрей могиканыр» итхат.

Шопен и музыкэм дунейр итхьэкъун щIидзат.

ЖАНХЪУЭТ КУШЫКУ:

«Гугъуехь куэд си натIэм къритхат. Си къуэ нэхъыжьитIым я щIэлъхьэжыным и гуауэр згъэвац: зыр Псыжь щызэпрыкIым итхьэлащ, адрейр Гумкъалэ и Iэшэлъашэхэм къыщаукIащ».

Гъэунэхуныгъэ нэхъ хьэлъэжыр абы къыпэщылът. И къуэ Жамболэт и адэм и бийхэм я лъэныкъуэ хъуат.

ОПРЫШКЭ ОЛЕГ, *тхакIуэ, тхыдэтх:*

«Япэ лъэхъэнэхэм Жамболэт урысхэр игъэбиину уигу къэзыгъэкIын гуэри щыIакъым. Ар дэнэ къэна, Ермоловым и гъэфIэнт. ЩIалэ хахуэт, дахэт, уардэт. Къэбэрдей шууей ныбжьыщIэхэм яхэттэкъым абы пэхъун.

1817 гъэм Ермоловыр зи пашэ посольствэр Тифлис икIыу Персым щыкIуэм Жамболэти абы хагъэхьат.

Посольствэм хэтхэр къыщрабжэкIкIэ 33-нэу дыкъоджэ:

«Къэбэрдеишхуэм и шэрджэс джыназ Жанхъуэт Жамболэт, и уэркъитху щIыгъуу».

Пащтыхь тахътэр зыхуагъэтIыгъуэ Абасс-Мырзэ лIыкIуэхэр щригъэблэгъам шабзэкIэ нэщанэ еуэнкIэ и Iэзагъэр къаригъэлъэгъуащ. ЯпэщIыкIэ перс шабзэкIэ, итIанэ къэбэрдей шабзэкIэ,

икIэм адыгэпщ щауэм шабзэшэ гъэщIэрэщIа хъушэ къритащ, Жамболэтыпщым бзэ IэфIу къыхущытащ... АдэкIэ отчетым къыхощ шах визирхэм ящыщ зым щыIущIам щыгъуи Жамболэт зэрахэтар.

Езы шах дыдэм деж Ермоловыр щрагъэблэгъами «къэбэрдей джыназ Жамболэт» щIыгъуащ...

ЩIежьа Iуэхур зэпэщу зэфIагъэкIыу Тифлис къагъэзэжа нэужьи Жамболэтыпщым и зэфIэкI къигъэлъэгъуащ.

Делегацэм хэта Муравьев Николай игу къигъэкIыжырт:

«Грузин джыназиплIым хатIэ-хасэт езыхэм я музыкэ Iэмэпсымэм и макъамэм щIэтуи, ди шэрджэсхэри къэфэну къытелъэдахэщ. Псом нэхъри нэхъ Iэзэу къыщIэкIащ Жамболэт джыназыр. Шэрджэсхэм я къафэхэр икъукIэ дахэщ, гугъущ, зауэ хуэIухуэщIэхэр уигу къагъэкIыу».

Генерал хъыжьэм и нэIэ фIыкIэ зытригъэт пщы щауэм имыщIапхъэ IэщIэщIащ.

ЯпэщIыкIэ къэхъуар мыращ...

1822 гъэм январым и 8-м полковник Подпрятовым генерал Сталь хуитхащ:

«Кушыку и къуэ Жамболэт унафэ къысхуэпщIам ипкъ иткIэ... субыдащ. Щыдубыдым щыгъуэ унтер-офицер Чиковыр къамэкIэ хьэлъэу къиуIащ, и джабэ сэмэгум хуэзэу къеуэри. Жамболэтыр Iэхъулъэхъу езгъэщIри темыплъэкъукIыу яхъумэну згъэтIысащ, уи унафэр къэсыным сыпэплъэу».



Январым и 23-м дивизием и штабым и унафэщIым генерал Сталь хъыбар ирегъэщIэж:

«Генерал Ермоловым и унафэр дгъэзащIэкIэрэ, Темнолесскэ быдапIэм кърашу къызэрытлъагъэIэсыххарауэ щхьэхуит тщIыжащ икIи мы мазэм и 26-м Къэбэрдейм кIуэжыну ежьэжащ».

Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, Ермоловым и гъэфIэн Жамболэтрэ генералымрэ псынщIэу зэрагъэкIужащ. Армырамэ, хагъэхьэнтэкъым Къэбэрдейм цIыхуу исыр къыхэзытхыкIыну гупым.

Зауэм и мафIэр Къэбэрдейм кIуэ пэтми хуэм-хуэмурэ щыужьыхырт, 1825 гъэм зэуэ мафIэс ину къыщылындыжын щхьэкIэ.

ПОТТО ВАСИЛИЙ:

«Псытепхъэ цIэрыIуэ, Солдатскэ станицэ, Окоп Быдэ... МафIэрэ джатэу къэбэрдейхэр Кавказ линэм ирикIуащ.

Мы теуэхэр зэхэзышахэм я пажэт Къэбэрдейм и Уэлий Кушыку и къуэ Жанхъуэт Жамболэт».

ГРИБОЕДОВ АЛЕКСАНДР:

«Кушыку и къуэр, Алексей Петрович и гъэфIэныр, Персием щыIа посольствэм хэтат, арщхьэкIэ и адэм Урысейм хуиIэ лъагъуныгъэр диIыгъыртэкъыми, Псыжь адрыщI исхэм я иужьрей теуэм хэтащ, жыпIэнурамэ, джыназ ныбжьыщIэхэм ар я нэхъ хахуэт, шыгъэлIыгъэкIэ псом япэ итт, адыгэ хъыджэбзхэм абы теухуа уэрэдхэр дэнэ къуажи щыжригъэIэн папщIэ».

Теуэхэр, зызэпэщIэсэныгъэхэр шэрджэс гъащIэм щыщ Iыхьэ хъуат. Зэман гуэр блэкIри зауэр щIалэгъуалэм IэщIагъэ ящIащ, зэхэуэхэр щIыхьым и хэкIыпIэу уващ, зауэ-банэр зэштегъэууэ къахуэнащ.

Ар пэжщ – зауэр щIыхь къэхьыпIэ яхуэхъуащ. Ауэ а теуэхъунщIэм щIыхь къудейтэкъым къыдэкIуэр – сахуэ фIэкIа къэмынэу щIым щыщ ящIыжат жылэхэр. Щхьэхуитыныгъэм и пщэ щыдза аркъэнт, адыгэ щIыналъэм изу къиувэ быдапIэхэу зи топыпэмрэ мыжурэхэмрэ бгырысхэм яхуэшияхэр.

Лъы къуалэр псыуэ ежэхырт. Адыгэхэр зауэм Iухьэхэрт я пщIэ, нэмыс яхъумэжурэ я псэр ятын папщIэ. Ауэ, сыт ямыщIами, текIуэныгъэр къазэрыхуэхьын къару яIэтэкъым.

КIэрахъуэкIэ топым сыт пхуещIэн?

ЖАНХЪУЭТ ЖАМБОЛЭТ:

«Сэ Къэбэрдейм и щхьэхуитыныгъэр си фIэщ хъурт».

ЖАНХЪУЭТ КУШЫКУ:

«Жамболэт закъуэт си жьы хъугъуэм гурыфIыгъуэу къысхуэнар, ижь-ижьыжкIэрэ къэгъуэгурыкIуэ си лъэпкъыр лIакъуэкIэ зыщыгугъыну сиIэжыр».

ПОТТО ВАСИЛИЙ:

«Къэбэрдейм хъыбар гузэвэгъуэхэр щызекIуэу хуежьащ: Вельяминовым Уэлиймрэ Жамболэтрэ Налшык ireджэ, – жаIэу. «Пэжу пIэрэ?» – цIыхухэр зыр адрейм йоупщI щызэхуэзэкIэ. Пэжу къыщIэкIащ. Уэлийм къыхуаIуэхуащ и къуэр, джыназхэу Къэсей Къантемыр, Бэтокъуэ Рослъэмбэч сымэ щIыгъуу Налшык кIуэну. Хъыбарыр уафэхъуэпскIым хуэдэу псынщIэу жылэ псоми щызэбгрылъэтащ икIи Къэбэрдейр зэщIэшасэри Уэлий лIыжьым и къуажэм щызэхуэсахэщ. Псоми ящIэрт Iуэхур Жамболэт дежкIэ псэзэпылъхьэпIэ зэрыхъуар. Псори щыгъуазэт Солдатскэ станицэм теуа адыгэлI минхэм ягу-япсэу Жамболэт, Къантемыр, Рослъэмбэч сымэ зэрыщытар...»

ВЕЛЬЯМИНОВ АЛЕКСЕЙ:

«Си пщэ къыдалъхьат зыхуэдэ щымыIэ а щIэпхъаджагъэм папщIэ тезыр теслъхьэн хуейуэ».

ЖАНХЪУЭТ КУШЫКУ:

«Зэи зыми хузэфIэкIакъым икIи хузэфIэкIынкъым къэбэрдейхэр IэщэкIэ игъэIурыщIэн. Ауэ дэ ди Iэхэр Урысейм ныбжьэгъугъэкIэ хуэтшиящ. Мис аращ сэркIэ Вельяминовым и унафэр къыщысIэрыхьа дакъикъэр хьэлъэу щIыщытар. Нэхъ хьэлъэжт си къуэр си гъусэу Налшык нэкIуэну абы унафэ хуэсщIыныр».

ЖАНХЪУЭТ ЖАМБОЛЭТ:

«Си щхьэ къихьат шым зездзу къуршым сихьэжыну. АрщхьэкIэ си адэм сеплъри, абы и нэгум пIейтеигъэ лъэпкъ зэримылъыр щыслъагъум, псалъэ къыхэзмыгъэкIыу арэзы сыхъуащ».

ПОТТО ВАСИЛИЙ:

«Лъэныкъуэ псомкIи къикIыу Уэлийм деж къекIуэлIахэт джыназхэр, я уэркъхэр ягъусэу, зэхуэсат толъкъуну цIыхубэр, тенджызым хуэдэу къэкъуалъэрэ зыгуэрым къыхидзэххэмэ, зыри къызэмылын борэну къэукъубиину хьэзыру».

ЖАНХЪУЭТ КУШЫКУ:

«Дауэ къэзгъэувыIэну мы борэныр? – а гупсысэрт си псэр зыфыщIыр. Сигу къэкIыжыртэкъэ Ибрэхьимрэ Исмэхьилрэ? Сегупсысырт хэщIыныгъэу тхьынум? Шэч хэмылъу! Си гупсысэр псом

япэу хуэгъэзат и щхьэ и унафэ си IэмыщIэ къизылъхьа адыгэ лъэпкъым. Дауэ ар къэзгъэдэIуэн Вельяминоври сэлэтхэри дэкIуэу Налшык быдапIэр щIым щыщ ищIыжыну емыжьэну?

Ар ди къару къитIэсэнут. ИтIанэ-щэ? Къытпэплъэр зэман кIыхькIэ зэпылъэфа узижагъуэн зауэт. Лъыр псышхуэу жэуэ. ЦIыху минхэр хэкIуадэу...»

ПОТТО ВАСИЛИЙ:

«Махуэшхуэм ещхьти, уигъэгумэщIырт етIуанэ махуэм, дыгъэм и япэ бзийхэм ящIыгъуу Уэлий дадэр, абы папщIэ зилъ изыкIутыну хьэзыр адыгэпщхэм, нэгъуэщI шууищэхэр щIыгъуу и пщIантIэм и къыдэкIыкIам. Пщыжьхэр къызэрыгуэкIыу хуэпат, мамыру, уардэу уанэгум ист; щIалэгъуалэр зэщыхуэпыкIат, я фащэр дыжьын уагъэкIэ идыкIарэ дыщэрэ дыжьынкIэ гъэщIэрэщIа я Iэщэр дыгъэм пэлыду, зытес адыгэш къабзэхэм я Iэпслъэпсри хуабжьу гъэщIэрэщIауэ.

Къэбэрдей тафэшхуэ нэр здынэплъысым зыщызыубгъуам шыгъэ-лIыгъэ джэгум зэрызехьэшхуэу зыщеIэт. Къэбэрдейм я шыгъэ-лIыгъэ-шыгъэджэгум гур къызэщIэзыIэтэ, псэр дэзыхьэх гуэрхэр хэлъщ. Уеблэмэ я ныбжькIэ, гъащIэм щаубыд увыпIэмкIэ а зэрыхьзэриймхыхьэ мыхъухэми шууей ахъырзэманхэм я Iэрыхуагъэр, IэкIуэлъакIуагъэр даIэт щытхъу псалъэхэмкIэ, езыхэми я щIалэгъуар, хьит-уитагъэр ягу къагъэкIыжу. ЩIалэ псоми и дахагъкIи IэкIуэлъакIуагъэкIи Жамболэт къахэщырт».

ЖАНХЪУЭТ КУШЫКУ:

«Сэ си къуэм сыщеплъкIэ сигу къэкIырт: «Шабзэшэм сыт хуэдиз и папцIагъэу щымытами, къыр быдэм къыIуегуэ». Си гум лъыпсыр къыпыткIурт. Сэ сщIэрт си къуэр щIэпхъаджащIэу ябжу Налшык зэрыраджар, абы Вельяминовыр зэрисудыщIэр».

Мис Налшыки. Мыжурэ, топыпэ лыдхэр щIытI лъагэм къыщхьэпроплъ. БыдапIэбжэр Iуахри Уэлиймрэ и къуэмрэ, Къэсей Къантемыр, Бэтокъуэ Рослъэмбэч, ящIыгъу уэркъищым фIэкIа нэгъуэщI дагъэхьакъым.

ГРИБОЕДОВ АЛЕКСАНДР:

«Сэ щхьэгъубжэм сыIутащ ахэр быдапIэм къыщыдыхьэм щыгъуэ... Си гупэмкIэ къыщытт Жамболэт, Къантемыр, Рослъэмбэч сымэ зыщIашэну псэуалъэр... Арати, сэ щхьэгъубжэм сыIутт... Мэчэ, Мэдинэ щихъ щIыпIэхэм хьэж зэрыщищIар къигъэлъагъуэу зи щхьэм сарыкъ къешэкIа Кушыку лIыжьыр япэ итт, адрейхэм мащIэу иужь зыкърагъэнат. Жамболэт дахащэу зэщыхуэпыкIат, афэм джанэ къуэлэн телъу, къамэ, сэшхуэ ибг илът, и уанэр къулейуэ гъэщIэрэщIат, шабзэрэ шабзэшэрэ и плIэм идзат».

ВЕЛЬЯМИНОВ АЛЕКСЕЙ:

«Жамболэт зэрылIыпхъашэр сщIэрти, я фочхэр узэдауэ сэлэт тIощIрэ тхурэ къагъэувыну унафэ сщIащ. Жамболэтрэ джыназхэмрэ ПIалъэкIэ щыIэ Къэбэрдей судым и унэм щIезгъашэри, Уэлиймрэ уэркъхэмрэ си деж къезгъэблэгъащ. Унэ зэпэщытитIым яку утыкум и кIапитIым егерь взвод дгъэуващ».

ПОТТО ВАСИЛИЙ:

«Тэрмэшыр, Вельяминовым и унафэкIэ, джыназ ягъэтIысахэр

зыщIэс унэм щIыхьэри яжриIащ генералыр къазэрыпэплъэр икIи Iэщэр зыпщIэхахыу и гъусэу абы и деж кIуэнхэу. Ахэр арэзы хъуат, ауэ бжэщхьэIур зэрызэпаупщIарауэ сэлэтхэр зэрилъагъуххэу Жамболэт пэшым зыщIидзэжри и Iэщэр къипхъуэтэжащ. Бэтокъуэмрэ Къэсеймри ардыдэр ящIащ.

Апхуэдэу щыхъум, Вельяминовыр пыхьащ, пщы уэлий лIыжьыр иригъэущиеурэ, Жамболэтыр къригъэгъэдэIуэну. Зыхуэбгъэдэн щымыIэ Iуэхум зэбгъэпщэн щымыIэ цIыхуитIыр зэпэщIигъэуващ. Апхуэдэ цIыху къызэрымыкIуэхэм уащыхуэзэнур мыпхуэдэ щIыналъэ хъыжьэхэм я закъуэщ.

Вельяминовыр ящыщт Iуэхушхуэ дыдэ къэмыхъуауэ ар зищIысыр, зыхуэдэр къыпхуэмыщIэ цIыхухэм. ГъущIым ещхьу къэгъэшыгъуей абы и хьэл ткIийм псоми я щхьэр иригъэгъэщхъырт».

КЪУДАЩ ВЛАДИМИР:

«Апхуэдиз ткIиягъ бгъэдэлът уэлий лIыжьми. КъызыхэкIа адыгэ лъэпкъым фIагъыу хэлъ псори абы и хьэлым хэпщам хуэдэт. И къуэ нэхъыжьитIым я кIуэдыкIам щхьэкIэ абы илъ ищIэжатэкъым, къыхуэна закъуэми илэжьам хуэфэщэн тезыр иригъэпшынынут, адыгэ лъэпкъыр кIуэдыпIэм къришын папщIэ.

ПщIэшхуэ зиIэ лIыжьым Вельяминовыр пежьэри и Iэр бжэщхьэIум деж щиубыдащ:

– Уузыншэм, Кушыку. Си жагъуэ зэрыхъущи, ди нобэрей зэIущIэм сыщыгуфIыкIыфынукъым. Сэ ныбжесIэн хуейм уедэIуэну уэркIэ зэрыгуауэм ещхьу, сэри ар зэрыбжесIэнур къызогуэуэкI.

Вельяминовым щхьэгъубжэм деж щыт шэнтхэмкIэ щыму и Iэр ищIащ. ТIури йотIысэх. Кушыку натIэщIэплъу пщIантIэмкIэ маплъэри и къуэр зыщIэс пэшыр сэлэтхэм къаухъуреихьауэ къелъагъу. Ауэ Уэлий лIыжьым и нэгум зихъуэжакъым.

ДакъикъэкIэ щыму щыса нэужь Вельяминовым къригъэжьащ:

– Кушыку, уи къуэр епцIыжакIуэ хъуащ, абы щыгъупщэжащ ита и тхьэрыIуэр, пащтыхь гущIэгъулыгъэр, Ермоловым узэригъэныбжьэгъур, щыгъупщэжащ и къалэныр, щIыхь жыхуаIэр, хъунщIакIуэм хуэдэу ди къуажэхэм ятеуащ. Ар дубыдакIэщ. Иджы уэ, Уэлийм, уи пщэ изолъхьэ зэрызигъэзэхуэжын гуэр къигъуэтыфынумэ къысхуэпщIэну».

ЖАНХЪУЭТ КУШЫКУ:

– Си къуэр къуаншэрэ захуэрэ сэр нэхърэ нэхъыфIу зыщIэн хуейри и унафэр зыIэщIэлъри уэращ. ЗыкIэ сынолъэIу: абы епсэлъэн къалэн хьэлъэр сщхьэщых; гугъущ сэркIэ си быныр тезырым есшэлIэну, ауэ нэхъ хьэлъэжщ си псалъэ къемыдаIуэмэ згъэвыну емыкIур. Си къуэр пагэщ, хъыжьэщ, апхуэдэу къысхущIэкIыну шэч сощI.

ВЕЛЬЯМИНОВ АЛЕКСЕЙ:

– Си мурад зэрызгъэзащIэ Iэмалу сэ сиIэр зыщ – къарурщ, къарум цIыхур къигъэшыркъым, зэпищIыкI мыхъумэ; уэ уи Iэмалыр фIылъагъуныгъэщ, си гугъэщ адэм и гум уи къуэм и ерыщагъыр къигъэшыну.

А зэманым Жамболэт пэшым щIэст шыгъэлIыгъэджэгум щи-

гъэуа и фочыр игъэкъабзэу.

Адэр щыщIыхьэм ар къэтэджащ.

– Жамболэт! Вельяминовым и унафэкIэ уэ уаубыдащ. Сэ сыкъэкIуащ уи Iэщэр къыпIысхыну.

ЖАМБОЛЭТ (зэман гуэр щыму щытауэ):

– Уэстынукъым, ди адэ!

КУШЫКУ:

– Суриадэщ, сыуэлийщ, – къызэдаIуэ.

ЖАМБОЛЭТ:

– Си Iэщэр стынукъым.

КУШЫКУ:

– Уэ уи псалъэм уепцIыжащ, тхьэрыIуэр бгъэпэжакъым, пщы хабзэ мыхъуу, хъунщIакIуэм хуэдэу уэ Iэщэ яхуэпIэтащ укъэзылъхуа уи адэм, къэбэрдей лъэпкъ псом я Iэтащхьэм текI ямыIэу къулыкъу зыхуищIэм. Зрибгъэзэхуэжыну сыт къызжепIэн?

ЖАМБОЛЭТ (тIэкIу гупсысэри):

– Алыхьым апхуэдэу иухащ. Си Iэщэр уэстынукъым.

ВЕЛЬЯМИНОВ АЛЕКСЕЙ:

– Жамболэт и Iэщэр къыумыхьауэ ара? – Ар къотэдж, гупсысэурэ пэшым ирокIукI. ИкIэм Кушыку и пащхьэ йоувэ. – Кушыку! Уэ уощIэ сэ апхуэдэурэ сызэрымыгушыIэр. СщIэркъым къыдэпцIыжыну уи къуэр езыхулIар, сщIэнуи сыхуейкъым, ауэ уи къуэр къезыгъэлыну щыIэр зы Iэмалщ – Iым къыхимыгъэкIыу жысIэр ищIэнырщ. НэгъуэщI ар зыщыгугъын щыIэкъым.



Аргуэру адэр къуэм деж кIуащ икIи фоч узэдар иIыгъыу унэкум иту ирихьэлIащ. Щыму иплъащ адэр къуэм и нэгу. А дакъикъэм къыщIыхьащ комендантыр.

– А-а-а, джаур! – Къамэ къихакIэ абы дежкIэ илъащ Жамболэт. Адэм абы зыпэщIидзащ икIи Iэщэ зэриIыгъ и Iэр лъэщу щиубыдым, къамэр зууэ лъэгум ихуащ. Кушыку гугъапIэу иIар абдежым къытекъутащ. Апхуэдэ щIэпхъаджагъэ къызэрыпхуагъэгъун щыIэтэкъым.

Кушыку Вельяминовым деж игъэзэжащ.

– Сэ схузэфIэкI къэзгъэнакъым, иджы уэ уи къалэнымрэ напэмрэ къызэрибгъэтIасэу щIы.

Уэлийр пIейтеигъэ гуэри и нэгу къимыщу мамыру щхьэгъубжэм деж щетIысэхащ. Вельяминовым адъютантыр къриджэри кIэщIу унафэ хуищIащ.

ПОТТО ВАСИЛИЙ:

«Сэлэт взводым Жамболэт ябгэр зыщIэс пэшым гъунэгъу зыхуищIу щIидзащ. УащхъуэдэмыщхъуэуэфочуэмакъкъэIуащ, аргуэру фоч уащ. Сэлэт укIуриящ. Жамболэт лъакъуэкIэ щхьэгъубжэр къыхиудри Къэсейр и гъусэу сэшхуэхэр ягъэкIэрахъуэу къыдэлъахэщ. Абдейм сэлэтхэр зэуэ зэдэуащ – щIапхъаджащIэхэр лъыр къапыжу щIым хэхуащ».

Рослъэмбэч зыкъитащ, ар пэшым къыщIэнат, къэуатэкъым, бэлыхь къыдыхэхуахэр затыну игъэдэIуэну хэтат.

А Iуэху гуауэр къыщыхъуа дакъикъэхэм Вельяминовым бгъу-

рыта Грибоедов Пушкиным и ныбжьэгъушхуэу щыта Кюхельбекер хуитхауэ къэнащ:

«Бгырысхэр хухаха пэшым щIагъэхьащ. ЗанщIэуи жраIащ Командующэ Нэхъыщхьэм и унафэр. Мыбы цIыху щыбгъэтIысын жыхуэпIэр ар ди деж зэрыщекIуэкIым зыкIи ещхькъым. ЩIыхьымрэ пщIэмрэ я шэсыпIэ Iэщэр фIырыфIкIэ адыгэм къыпхуигъэтIылъынукъым. Жамболэт и Iэщэр игъэтIылъыну ауэ жыжьэуи къахутегъэхьакъым. И адэр абы елъэIуат езым и щхьэри адрейхэри бэлыхь химыдзэу Iэщэр зыпщIэхихыну, арщхьэкIэ, сыт хуэдизрэ емыпсэлъами, къикIаIакъым. Щымыхъум, лIыжьымрэ и гъусэхэмрэ Вельяминовым деж кIуахэщ щIалэ насыпыншэм и ужь къарукIэ имыхьэну елъэIуну, арщхьэкIэ а Iуэхум нэгъуэщIу убгъэдыхьэныр правительствэм и сэбэп зыхэмылът. Сэлэтхэм унафэ хуащIащ жыIэмыдаIуэхэр – Жамболэт, Къантемыр, Рослъэмбэч сымэ зыщIэс пэшыр къаувыхьыну, щIэпхъуэжыну иужь ихьэхэмэ еуэнхэу. Ар сщIэрти, сэ щхьэгъубжэм дэплъыпIэ къыхуэзмыгъанэу сыIууващ адрей унэм щекIуэкIыр лIыжьым имылъагъун хуэдэу. Арати, фоч уэ макъ къоIу. Кушыку къоскIэри уэгумкIэ доплъей. СызоплъэкIри солъагъу, къыкIуэцIыпкIэу къыхиуда щхьэгъубжэм къыдэукIа нэужь къыдэлъын мурадкIэ къыбгъэдыхьэр хигъэщIэну и къамэр япэкIэ шияуэ и щхьэр къыдегъэж, итIанэ и плIэр къыдех, ауэ асыхьэтым зэдэуа сэлэтхэм я шэхэмрэ и пщэм хахуа мыжурэмрэ ар щIым хагуащ, етIуанэу траухуэнщIа фочышэхэм ар псэхэкIыгъуей ящIакъым. И ныбжьэгъум иужь иту къыдэлъат Къэсейри, арщхьэкIэ Iуву телъэлъа фочышэхэм ар лъэгуажьэкIэ тещIэу хагъэщIащ, къызэфIэувэну къеIа пэтми, хузэфIэкIыжакъым – и лъэдий къупщхьэхэр зэхагъэщэщат. Щымыхъум, Къэсейм Iэ сэмэгум зытригъащIэри ижьым IэщIэлъ кIэрахъуэр къиIэтат, ауэ кIакхъур щIичыну хунэсыжакъым – Iэщэр убзэщхъури абдежым и псэр щыхэкIащ».

И нэгум гурыщIэ лъэпкъ къимыщу Уэлийр а псом еплъащ. ИтIанэ къызэфIэувэжри Вельяминовым фIэхъус ирихыжащ».

ВЕЛЬЯМИНОВ АЛЕКСЕЙ:

«Уэ пхуэдэ цIыхум пщIэрэ щIыхьрэ хуэзымыщIын щыIэкъым. ЗэгъащIэ: си дзыхь уэзгъэзыну къысхуихуэныр сэркIэ насыпышхуэу слъытэнщ».

КЪУДАЩ ВЛАДИМИР:

«Жамболэт зэраукIар быдапIэм дамыгъэхьауэ зэхэт къэбэрдейхэм зэрызыхащIар, къызэригъэгубжьар къэIуэтэгъуейщ. БыдапIэм къыдэIукI фочауэм къикIыр фIыуэ къызыгурыIуа шууищэхэр зэхэтт я гур мафIэу къызэщIэнауэ, дзапэкIэ ягъэныщкIу Iупэм къиж лъыпсыр зыIурыгъуэжа зауэлI хъыжьэхэр хьэзырт задзу быдапIэм дэтри дэсри зэтракъутэну, зэтрагъасхьэу и щIыIум шыгъу тракIутэжыну – абы нэхърэ нэхъ насып ахэр щIэхъуэпсыртэкъым.

ПIейтейуэ зэхэт цIыху Iувым къахыхьащ Уэлийр, и нэгум мылым и щIыIэр кърихыу. И Iэр мащIэу щиIэтым, псори зэщIэщымащ. Унафэр зэрыткIийм и нэщэнэу и макъым зригъэIэтащ: «Псори фышэс!» – икIи хуэму ежьэжащ и унэ кIуэжу. Уэлийм и щхьэхъумэхэр нэщхъыцэу, гукъыдэжыншэу абы и ужь иуващ».

ГРИБОЕДОВ АЛЕКСАНДР КЮХЕЛЬБЕКЕР ВИЛЬГЕЛЬМ ХУЕТХ:

«Аращи, зыгуэрхэр зэран къысхуэхъуурэ лъыкIэ-псыкIэ Iуэхур зэриухар нэстхысыфакъым; иджы мазищ ирокъу мы Iуэхур къызэрыхъурэ. Ауэ ар зи си щхьэ икIыркъым. Сигу зыщIэгъур лIыгъэ къагъэлъагъуэу хэкIуэдахэркъым – адэ-лIыжьырщ. Пэжыр жыпIэмэ, абы иджыри къэс зигъэхъейркъым, и къуэр зэраукIар сэр нэхърэ нэхъ гуащIэу абы зыхищIа хуэдэкъым».

Кушыку езыгъэжьэжа Вельяминовыр гурыгъузым хэтт, Къэбэрдейр икъукIэ къэукъубеят, хъумакIуэ мащIэкIэ Налшык уикIыжу Линием укIуэжыну гъуэгу утехьэну дзыхьщIыгъуэджэт.

«Шынэм къыхэсхауэ аратэкъым, шынэ жыхуаIэр зищIысыр сэ зэи сщIакъым, лъэсыдзэ батальон, топитI щIыгъуу, къысхуагъэкIуэну щIэсIуэхуар, атIэ сытым щыгъуи псом нэхърэ сынэхъ лъэщу сыщытын хуейуэ зыхуэзгъэувыжа хабзэм сытемыкIын щхьэкIэт».

Абы и унафэр Уэлийм деж нэсащ.

Жэщ гуэрым къагъэушри Вельяминовым иратащ Кушыку и письмор. Уэлийм итхырт:

«Генерал! Уи дзыхь къызэбгъэзыныр насыпу къэплъытэну жыпIауэ щытащ. А насыпыр бгъуэтащ. Узытехьэну гъуэгуанэр уэ уфIэшынагъуэщ. Аращ Екатеринодар хъумакIуэ къыщIипшыр. СынолъэIу мы ныпхуэзгъакIуэ къэбэрдей шу щитхум уи дзыхь ебгъэзыну. Абыхэм уэ Екатеринодар унагъэсыжынщ».



ПОТТО ВАСИЛИЙ:

«Пщэдджыжь дыгъэ къыщIэкIыгъуэм къэбэрдей шуудзэм Налшык икIыу Екатеринодар кIуэ гъуэгум тету тафэшхуэр зэпиупщIырт. Шурылъэсым игъэбжьыфIэжыртэкъым мы гъуэгуанэр. Шууейхэм я гъуэгу зэпачырт нэщхъейуэ, я пыIэхэр къегъэкIуэтэхауэ. Шыхэм я лъэмакъ дэгум фIэкIа нэгъуэщI зэхыумыхыу.

Псом япэ итт кууэ хэгупсысыхьа Вельяминовыр».

Псыгуэнсу къуажэм, япэм ЖанхъуэтейкIэ зэджэу щытам, дэс унагъуэ гуэрым и щIым адыгэ Iуащхьэжь итщ. ЖаIэ а Iуащхьэжьыр Жанхъуэтхэ я пщыжьхэм я кхъэ Iуащхьэу. Къэбэрдейм и пщы уэлийхэр щыщIалъхьауэ. Гъуэгу фхуэхъурэ абыкIэ фыблэкIын хуей хъумэ, фыкъэувыIи цIыху щэджащэм, лъэпкъым папщIэ гуIэгъуэ ин зыгъэва Жанхъуэт Кушыку, фи щхьэр хуэвгъэщхъ.

Абы и закъуэкъым... Лъэпкъ щIыхьыр фигу ивмыгъэху.

Тхыдэм дэ есэп куэд къытхуигъэнащ. Жэуап зэттын хуей упщIэ мымащIэу щыIэщ: Дэнэ деж щыщIалъхьар Къэбард? Дэнэ щыIэ Андемыркъан и сэшхуэр? Дэнэ деж Темрыкъуэ щэджащэм егъэзыпIэ хуэхъуа и иужьрей щIыпIэр зыхуэзэр?

А упщIэхэм дэ жэуап едмытмэ, къытщIэхъуэ щIэблэм ирамытыжыфыныр Iуэхум хэлъщ.

Жанхъуэтхэ я Iуащхьэжьыр къуажэм дэтщ, фэеплъ мыкIуэдыжыну. Хуэвгъэщхъ абы фи щхьэр.

*ЗэзыдзэкIар* **МЭЗЫХЬЭ Борисщ**



Ахъмэт МуIэед

# Адыгэ амазонкэхэр

## Роман



Балъкъ Iуфэ щекIуэкIа зауэм Хурсанэрэ Дахэзилэрэ къикIыжа нэужь (мыбыи зы IэпапIэкIэ фIей зыщищIыжатэкъым Дахэзилэ, биищэм щIигъу зэрыхигъэщIауэ) зэныбжьэгъуитIыр Санэ и зэуапIэм кIуахэщ. Бгы лъабжьэм деж псы тепхъэм хэлъу КIурацэ и хьэдэр къыщалъагъум, къащIащ Санэ дэIэпыкъуар хэтми. Набдзэгубдзаплъэу псори къаплъыхьри къагурыIуащ Санэ лъагапIэм зэрыдэкIуея щIыкIэр, иужькIэ къалъэгъуащ жыг зэкIуэцIыпхахэм къапылэл шабзауэхэр. БгъуэнщIагъым гъунэгъу зыхуащIу, бжэ папщIэу хэлъ набжэр Iуауду щыщIыхьэм, абыхэм гъэщIэгъуэн ящыхъуащ ялъагъур: Санэ, шэ минитIым щыщу, имыдзу къыхуэнар шэ щищ ирикъуртэкъым.

– Акъылым хуэгъэдурыскъым! – жеIэ Хурсанэ. – Санэ и закъуэ мыр дауэ хузэфIэкIа? Дахэзилэ, дауэ уеплърэ, шэ дапщэкIэ уэщхъуауэ пIэрэ ар?

– Си гугъэщ, чынтхэр Iугъуэм зыхагъэпщкIуэурэ щыблэжам щыгъуэ, шэ куэдкIэ уэщхъуауэ. Ауэ си фIэщ мэхъу апхуэдэ шабзауэ Iэзэм зауэлIу щиплI мынэхъ мащIэ зэрыхигъэщIар. ХэщIынигъэшхуэ чынтхэм иратащ хъийм икIа шыхэми къазмакъ банэхэми... Санэ фIыщIэ щIыхуэфащэр бий куэд зэрыхигъэщIам и закъуэкъым. Псом ящхьэжращи, абы хузэфIэкIащ къыттегушхуарэ игурэ и щхьэрэ зэтелъу къакIуэ биидзэ лъэрызехьэм я гушхуэныгъи къызыфIэщIыжыныгъи ириудыхыныр. Санэ ятекIуащ бийхэм!

– Пэж дыдэщ! Ар зи фIыщIэри амазонкэхэм апхуэдизу хэутэн ящI, нэлат зрах лъагъуныгъэращ.

– Щыгъэт, укъытемыухь мы си гум! – къэлъэIуащ Дахэзилэ. – Уэ зыри хэпщIыкIыркъым сэ лъагъуныгъэм къыхэкIа сабий цIынэр псым зэрыхэздзам... Ар сэ зэи зыхуэзгъэгъужыфынукъым!

---

*КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр 1-нэ номерым итщ.*

3 Заказ №246

– Уэ зыри хэпщIыкIыркъым!.. Сэри сукIащ зы лъагъуныгъэ...

ТIури зэплъыжу, щыму зытэлайкIэ щыса нэужь, Дахэзилэ жеIэ:

– Иджы абыхэм я псэр зэхуэзэжащ...

– Я лъагъуныгъэри ящIыгъужщ...

Санэрэ КIурацэрэ я хьэдэхэр щIакIуэм кIуэцIышыхьауэ шыхэм телъу кърахьэжьэри быдапIэмкIэ къежьэжахэщ. КъыздэкIуэжым, зыхуэзэ амазонкэхэр я ужьым къиувэурэ къадэкIуэрт. Бэчхъан и Iуащхьэ задэм щынэсам, быдапIэм дэсхэр, къанэ щIагъуэ щымыIэу, я гъусэт.

Дыщэнэ къыщыпсалъэм жиIащ Санэрэ КIурацэрэ мы екIуэкIа зауэм хэлъхьэнынгъэшхуэ хуэзыщIа, Iэзагъэ нэхъ ин дыдэ зыгъэлъэгъуа амазонкэхэу зэригъэувыр, абы къыхэкIкIи, мы хьэдитIыр дыщэрэ дыжьынрэ щымысхьу гъэдэхауэ щIэлъхьэн зэрыхуейр, я лIыгъэм хуэфэщэн кхъащхьэ лъаги зэрахуэщIыпхъэр.

– Мыбыхэм, быдапIэм пэIэщIэу бийр къакIэщIэзэрыхьа хъуами, къэмылэнджэжу, къикIуэт зимыIэ амазонкэхэу зэрыщытыр бийм наIуэ щащIащ. Ди анэшхуэхэм я щыпкъэу гъэса амазонкэхэр зищIысыр ирагъэлъэгъуащ. ИрырещIэ хэти: дэ ди анэхэм я хабзэр ткIийуэ зетхьэху, дызэрыIыгъыу, дызэгурыIуэ-дызэдэIуэжу дыщытыху, джатэкIэ зыри къытпремыув! ЩыIэкъым лIыгъэ, ди Iэзагъэм къыпэлъэщыну!

Амазонкэхэр Дыщэнэ жиIэм едаIуэрт, арэзы хуэдэу я щхьэр ящIурэ, ауэ псоми фIыуэ къагурыIуэрт Санэ гумащIэ цIыкIум апхуэдиз лIыгъэрэ зэфIэкIрэ къыхэзылъхьар и лъагъуныгъэр зэрыарар. Ар хъуат лъагъуныгъэм и къару гуащIэм и IэщакIуэ щэджащэ. Амазонкэхэм къагурыIуат лъакъуэ закъуэ фIэкIа зимыIэж КIураци, и псэ емыблэжу, Санэ щIыдэIэпыкъуар. Санэ и гуауэр абы апхуэдизкIэ кууэ зыхищIати, езыми «лъагъуныгъэм и хьэтыркIэ зыгуэр сщIарэт» жиIэ хъуат. Ар Лъагъуныгъэм и япэ текIуэныгъэт. Амазонкэхэм я быдапIэм апхуэдэ зэи къыщыхъуатэкъым.

Амазонкэхэм Санэ тхьэпэлъытэ езыгъэщIа и лIыхъужьыгъэм и ужькIэ, псоми яжьэдэмыхур Хурсанэрэ Дахэзилэрэ зэрахьа лIыгъэрат. А тIур бийхэм я жэщ тIысыпIэм плъэIуакIуэ-дэIуакIуэ зэрыкIуам и хъыбарым махуэ къэс зиубгъурт, уеблэмэ езы тIум ямыщIэххэ Iэджи хагъэувэрт. Псом хуэмыдэу къаIуэтэжыну яфIэфIыр, чынт гъэрыр и шым къыщрахьэхам, Дахэзилэ зэрызищIарат.

Ауэ мы быдапIэм зы цIыху дэст, Дахэзилэ и лIыхъужьыгъэм и хъыбар лъэпкъ зэхих мыхъуу. Амазонкэхэм а псалъэмакъыр къызэраIэту, ар къэтэджыжырти пIащIэу и унэм щIыхьэжырт, пIэм зридзэрти щылът, кIыфIыгъэм хэплъэу... Ар Саусэт, афэщIт, Iэщэ зыщI гъукIэт.

Саусэ сыт щыгъуи и закъуэт. Адрей амазонкэхэу зэ зым, зэ нэгъуэщIым гъусэ хуэхъухэм, игъэныбжьэгъухэр зэзыхъуэкIхэм, нэхъыбэм гу къылъатэмэ зыфIэфIхэм ящыщтэкъым ар. ПщыхьэщхьэкIэрэ мафIэм къетIысэкIауэ уэршэру зэхэс амазонкэхэм щыму къахыхьэрти щыст, жаIэхэм едаIуэу, ауэ езым зыри жимыIэу. Ар къанжэ унэм зэрымыкIуэжрэ зы илъэс пщыкIутхум

щIигъуат. Амазонкэхэм жаIэрт Саусэ сабий ныкъуэдыкъуэ игъуэтыгъауэ, абы лъандэри, и гур зэщыуауэ, лъхуэн шынэу. Ар зэи къанжэ унэм щIэмыхьэххауэ, иджыри хъыджэбзу жызыIэхэри щыIэт.

БыдапIэм и блын ещанэм адэкIэ щыпсэурт Саусэ, Дыщэнэрэ абы и Iумэтхэмрэ зыдэс хьэблэ курыхым. Ар Дыщэнэ и Iэщэхэм, афэ джанэ-гъуэншэджхэм я зехьакIуэ-хъумакIуэт. Апхуэдиз Iэщэмрэ фащэмрэ лыдыжу зехьэным къарурэ зэману куэд текIуадэрти, Саусэ и IэгуитIыр, дэтхэнэ зы амазонкэ гъукIэми и Iэхэм ещхьу, фIыцIэт. Ар бгъэ лъэныкъуэтэкъым. Илъэситху хъуа къудейуэ арат Саусэ цIыкIу, дыщэкIыгъэм, гъукIэным нэхъ хэзэгъэн сабий къэзылъыхъуэхэм я нэм занщIэу къыщыфIэнам.

IэщIагъэ гуэрым зи гъащIэр хуаунэтIыну сабийхэр къыщыхахым деж, къыдалъхуауэ езым хэлъ хьэлхэри зэфIэкIхэри ягъэунэхурт. ЯпэщIыкIэ Саусэ и пащхьэм иралъхьащ ятIэм къыхэщIыкIа зэрыджэгу хьэпшып цIыкIухэр. Ахэр махэ дыдэу щIат, къэпщтэнкIи убыдыгъуейхэт. Махуэ псокIэ зэрыджэгуа хьэпшып цIыкIухэм ящыщу зы закъуи IэщIэхуатэкъым Саусэ. Абы и ужькIэ кърат, плъыжьыфэгъуэжьыфэ защIэу, зы матэ из бжьыхьэ кхъужьей тхьэмпэ. Сабийм унафэ къыхуащI тхьэмпэ зэфэгъухэр щхьэхуэ-щхьэхуэу зэхидзу Iэтэ цIыкIухэурэ зэтрилъхьэжыну. Саусэ зэтрилъхьа Iэтэ цIыкIухэм дагъуэ хуэзыщIыфын къахэкIакъым амазонкэхэм, зыхэмылъыпхъэм хилъхьауэ зы тхьэмпи къахуэгъуэтакъым. Апхуэдэ лъэкIыныгъэ зиIэ сабийхэр амазонкэхэм хуабжьу ягъэлъапIэрт, хуэсакъыу япIырт, я зэфIэкIым хагъахъуэ мыхъумэ, зэрыхамыгъэщIын яужь иту. Саусэ IэщакIуэным хуагъэсатэкъым, зэман ягъэкIуэду, атIэ гъэсэну занщIэу иратащ афэм елэжь амазонкэхэм. Илъэс пщыкIущ щрикъуам, Саусэ, дэтхэнэ IэщэщIми къыкIэрымыхуу, гъущIми жырми хищIыкIырт. Ар апхуэдизкIэ нэ жант, гурыхуэти, гъущIыр щагъэплъкIи жырыр щапсыхькIи нэхъ Iэзэ дыдэу ябж амазонкэхэр укIытэртэкъым Саусэ и чэнджэщ щIэупщIэну. ЖиIэр мащIэрэ и акъылым къитIасэр куэду гъэса хъуат ар.

Илъэс пщыкIуплIым иту, Саусэ япэ дыдэу къанжэ унэм ягъэкIуат. Абы ищIэрт дапхуэдиз цIыхухъу хуейми дэщIыгъуну, сабийуи зыхуейм хуэдиз зригъэгъуэтыну зэрыхуитыр. ИщIэрт сабийуэ игъуэтыр езым ипI зэрымыхъунури, ахэр амазонкэ къэралыгъуэм и унейуэ зэрыщытри. ИщIэрт абыхэм къалъху сабийхэр анэм илъагъуу зэрамыдэри, и гъы макъ къудей зэхрамыгъэхыну зэрыхэтхэри. БалигъыпIэ иува, игъуэта цIыху хуитыныгъэм Iэнкун ищIа, япэ дыдэ къанжэ унэм щIэбэкъуа хъыджэбз ныбжьыщIэр щытт пIейтейуэ.

Мы пэшышхуэм щекIуэкI къафэхэр (ар къафэ зэхуэкIуэу, хэтIэхэсэу, уджхэшу, уджпыхуу ирехъуи) псори зытеухуар зы Iуэхугъуэт: цIыхухъумрэ цIыхубзымрэ я зэхуаку къыдэхъуэ зыIэпышэныгъэр, ягу зэхуэкIуэныгъэр къэгъэнэIуэнырт. Къафэ зэхуэкIуэм е хэтIэхэсэм и ужькIэ, уджым деж ныбжьыщIитIым я Iэгухэр щызэIусэкIэ, занщIэу зыхащIэрт а тIур зэгъусэну хуейрэ хуэмейрэ. Уджым а зэгурыIуаитIыр хуит ищIырт (удж – «уд джэгу», «пыху» – зыкъыпыгъэхун, «хэш» – къыхэшын) хъурейуэ къефэкIхэм зыкъыпагъэхуу къызэрыхэшыну, лэгъунэ щхьэхуэ

щIыхьэхэу нэхъ гъунэгъу зызэхуащIыну.

Саусэ блыным кIэрытт, зэрызищIынур имыщIэу. ЗытэлайкIэ щытауэ, и щхьэр къиIэтри къафэхэм яхэплъэу щIидзащ. Абы занщIэу гу лъитакъым зы щIалэщIэ плIабгъуэ кIыхь гуэр адрей блыным зэрыкIэрытым, и щхьэр ехьэхарэ, зэрыукIытэр къripщIэу, и тхьэкIумакIэхэр къэцIыплъауэ. ЩIалэми, зыгуэр къызэреплъыр зыхищIауэ, и щхьэр къеIэтри занщIэу Саусэ и нэхэм щIоплъэ. ТIури зэуэ къаскIэри пIащIэу я щхьэр ирахьэхыжащ, арщхьэкIэ яхуэмышэчу къаIэтыжри, аргуэру зэплъу щIадзэжащ. ЩIалэм и жьэпкъыпэми, къэуцIыплъа и нэкIущхьитIми кумб цIыкIухэр иIэт, и нэ къащхъуэхэр нэбжьыц кIыхь захуэхэм къахэплъырт.

ЩIалэм и нитIыр къоупщI: «Уэра?» Саусэ и нитIми жэуап ятыж: «Сэращ!» ЩIалэр къожьэри, къафэхэр зэбгритхъуу, пIащIэу къокIуэ, нэгъуэщI зыгуэр я кум къыдэуэнкIэ гузавэу. Къосри и Iэр къеший. Саусэ и Iэр, гъущIым пхъашэ, фIыцIафэ ищIар, щIалэм и Iэгум ирелъхьэ... Куэд дэмыкIыу тIури пщIантIэм къыдохутэ. Зыгуэрым, пхъэ фалъэ цIыкIум илъу, къанжэхэм яшхын къаретри, зыщIыхьэну лэгъунэри къарегъэлъагъу. НыбжьыщIэхэр теувапIэм докIуейри къанжэхэр, Iэ далъэурэ, ягъашхэ. Абы и ужькIэ лэгъунэм къыщIохутэ. Мыбы щIэтт псы зэрыт кхъуэщынхэр, зыщагъэпскIын пхъэ кхъуафэ, жьэгу цIыкIу. Унэ лъэгум щыщIат пIэ: арджэным телът хьэуазэкIэ куда уэншэку Iувышхуэ, абы теубгъуат щабэ дыдэу Iуэта фэ хужь пIащIэ, цы щабэ кIэщI зытет нэгъуэщI зы фи щылът, шхыIэн папщIэу, абы телъыжт я инагъкIэ зэхуэмыдэ щхьэнтэ зыбгъупщIи.

Апхуэдэ жэнэтыр тхьэмахуэ зытхухкIэ екIуэкIащ. Къанжэ унэм щызэхуэзэхэрти, япэщIыкIэ Iэпэгъу зыщыплI зэрахъуэкIыурэ къафэхэрт, иужькIэ къанжэхэм къищынэмыщIа зы щыхьэти щамыIэ лэгъунэм яхьырт я кум къыщыуша лъагъуныгъэ иныр.

Къанжэ унэм мызэ-мытIэу щэхуу къыщыжраIат куэдрэ зэмыгъусэнхэу, я гъусэри яхъуэжыну, ауэ фIыуэ зэрылъэгъуа ныбжьыщIитIым зыри зэхахыну хуейтэкъым, тIури хуейтэкъым нэгъуэщI зыгуэр гъусэ къахуэхъуну.

Зы жэщ гуэрым Саусэ Iэбэщ, Хьэтыкъуэ и Iэр и ныбэм трилъхьэри, зыкъыкIэрикъузэурэ къеIущэщащ: «Мыбдеж уэрэ сэрэ ди къуэ цIыкIу исщ!» ИужькIэ Хьэтыкъуэ и тхьэкIумэ щIыбым деж хэс, ткIуэпс теплъэ зиIэ анэлым ба хуищIащ. Хьэтыкъуэ, зытэлайкIэ щыма нэужь, щэхуу жеIэ:

– Пщэдей си шымкIэ сыкъэкIуэнщ, сыт щыгъуи хуэдэу, ар къанжэ унэм и шы фIэдзапIэм еспхынщи, дызэхуэзэнщ. Жьэгум деж ипщыпIэ хуэтщIынщ, мэзым дыпхыкIыу псы Iуфэм депщылIэнщи, псымкIэ десыхынщ. Сэ махуэм мэзым шитI щызгъэпщкIунщ, гъуэмылэрэ нэхъ дызыхуеину хьэпшып гуэрхэмрэ тепхауэ. Къурей мэз и адрыщIым дыIэпхъуэнщи зыщыдгъэпщкIунщ, унэ хэтщIыхьынщи дыщыпсэунщ щыри.

– Щыри, – мэIущащэ Саусэ.

Хьэтыкъуэ зигъэхьэзырыжщ, и шым шэсыжри ежьэжащ. Саусэ зигъэпскIыжри быдапIэм кIуэжащ. Ауэ Хьэтыкъуэ гъуэгу

къэгъэшыпIэ етIуанэм щекIуэкIым, зы шабзэшэ хьэулеифэ вууэ быдапIэ лъэныкъуэмкIэ къилъэтыкIри и гущхьэм къытехуащ...

Пщэдджыжьым Саусэ къилъэгъуащ амазонкэхэр быдапIэ блыным тету зыгуэрым зэреплъыр. ЗанщIэу и фэр пыкIри, и пIэм ижыхьащ ар. Зыми зыри къыжримыIами, Саусэ псэкIэ зыхищIащ Хьэтыкъуэ Iей гуэр къызэрыщыщIар. Амазонкэхэм зыри жаIэртэкъым, зэхуэзэхэми, я нэр ягъэпщкIуурэ я щхьэр ирагъэзэкI фIэкIа. Саусэ зричат, псори зэплъым еплъыну, ауэ Хурсанэ абы и Iэблэр иубыдри унэм щIишэжащ, езыри псынщIэу щIэкIыжащ.

ИужькIэщ Саусэ къыщищIар Хьэтыкъуэ и хьэдэр и адэ къуэшхэм зэрыIуашыжар. Ауэ щIалэм и адэр куэдрэ быдапIэмкIэ къэплъащ, и нэ къащхъуэхэр абы тедияуэ...

Апхуэдэу къытекъутэжащ Саусэ и насыпри и гугъапIэхэри. Ар псэлъэгъуей, гукъыдэжыншэ хъуащ. Абы и ужькIэ зыми илъагъужакъым Саусэ зыгуэрым щыгуфIыкIыу, нэжэгужэу е дыхьэшхыу.

Къанжэ унэми зэхъуэкIыныгъэщIэхэр щрагъэкIуэкIащ амазонкэхэм, зэгуэкIуа ныбжьыщIитIыр мазитIым щIигъукIэ зыми гу къылъамытэу зэрыхуейуэ зэхуэзэнхэу Iэмал зэрагъуэтам къыхэкIыу. Къанжэ унэм и тетхэр трагъэкIри кхъуэщхэм, жэмэщхэм ягъэкIуащ, гъащIэу къахуэнэжам абыхэм щылэжьэну. Дахэзили унафэ ткIий къыхуащIащ и нэр тримыгъэкIыу Саусэ кIэлъыплъыну

Зы илъэс никъуэ хуэдиз дэкIауэ, Саусэ псыхьэ къыздикIыжым, и ныбэр къыхэлъэдащ. Зиплъыхьри, псыхьэ гъуэгум зыри тету щимылъагъум, псыхъуэ тхьэрыкъуэф кIырым хэлъэдащ. БыдапIэ блыным и плIанэпэм нэс кIуэщ, тхьэрыкъуэф зыкъом псынщIэу къифыщIри тегъуэлъхьащ. Узым имыгъэкIийуэ зишыIэфын папщIэ баш зытIущ зэпишхыкIа нэужь, Саусэ щIалэ цIыкIу къилъхуащ. Зэрагъэсам тету, сэкIэ бынжэр пиупщIри зэридзэжащ. Сабийм къепсу щыщIидзэм, «къэгъынурэ хэIущIыIу дищIынущ» жиIэу къэгузавэри, и бгъэр иритащ. Сабийр быдз ефэрт, и Iэ цIыкIухэмкIэ анэм и бгъэм къепэщэщурэ. Саусэ гу лъитащ а цIыкIунитIэм и напэмрэ и жьэпкъымрэ деж иIэ кумб цIыкIухэм. АдэкIэ сабийр щызэпиплъыхым, илъагъур гъэщIэгъуэн щыхъуауэ жиIащ: «Ди тхьэ! Мы цIыкIуми, и адэм ещхьу, и тхьэкIумэ щIыбым деж анэл хэсщ, ткIуэпс теплъэ иIэу, ауэ тхьэкIумакIэм тIэкIу нэхъ зэрыпэгъунэгъу закъуэмкIэ и адэм ейм къыщхьэщыкIыу!» Саусэ и Iэщхьэпылъхэр къыпитхъщ, тIуащIэу зэкIуэцIилъхьэри сабийм и ныбэ цIыкIум, фIарий тхьэмпэ зытрилъхьам, быдэу кърищэкIащ. Зи ныбэ из хъуа сабийр Iурихащ.

Саусэ щысщ, и IэплIэм илъ и сабийм еплъу, адэкIэ ищIэнур къыхуэмыщIэу. Мыбдеж, уафэр щIихъумэу, зыгуэрым щIакIуэ хужь къащхьэщиубгъуащ. Дахэзилэ лъахъшэу зыкъригъэзыхри сабийм кIэщIэплъащ. ЗэрыщIалэр къыщилъагъум, къаскIэри Саусэ и натIэм IэштIымкIэ еуащ, сабийр къыIэщIигъэхуу.

– Сыт мы пщIэр, уи гъащIэр бужэгъужауэ ара?

Дахэзилэ сабийм и лъакъуитIыр къиубыдщ, игъэджэрэзри быдапIэ блыным щхьэдидзыхащ. Саусэ IупщIу илъэгъуащ блыным щхьэпрылъэт сабийр, зэхихащ абы гъын къызэрыщIидзари, блын лъабжьэм щежэх псымкIэ абы и хэхуэ макъ къызэриIукIари,

зэуэ сабийм и гъы макъыр зэрыкIуэдыжари. АдэкIэ сыт къэхъуами Саусэ ищIэжыркъым – унэм дауэ къыщыхутэжами, дауэ зигъэпскIыжами (е нэгъуэщI зыгуэрым игъэпскIыжами), дауэ гъуэлъыжами. ПщIыхьэпIэм хуэдэт псори, и бгъэм къепэщэща сабийм и Iэпэ псыгъуэхэмрэ макъ иригъэщIу и бгъэм къыщIэфа Iупэ щабэ цIыкIухэмрэ къищынэмыщIа...

ЕтIуанэ пщэдджыжьым Дахэзилэ Саусэ и гъунэгъу, Iэщэ-фащэ щIыныр зи IэщIагъэ амазонкэхэм захуигъазэри яжриIащ:

– Ныжэбэ Саусэ щинэжащ, сабий лIа къыкIуэцIыкIати, мо вагъэм щыщIэслъхьэжащ. Абы игу къыдэжыркъыми, нобэ лэжьэфынукъым, къэвмылъыхъуэ.

Амазонкэ фащIэхэр, зэхахар гъэщIэгъуэн ящыхъуауэ, щыму зэхэтт, зэм вагъэмкIэ плъэуэ, зэми Дахэзилэ хуеплъэкIыу. Ар щилъагъум, Хурсанэ къыIухьэри жиIащ:

– Сыт фигу иримыхьыр? Мывэ бэн хуэфщIыну нэхъ къафщтэмэ, фынакIуэ, фэзгъэлъагъунщ зыщIэлъыр дэнэ дежми!

Хурсанэ пэпсэлъэжын къахэмыкIыу, амазонкэхэр щхьэж и Iуэху пэрыхьэжащ. Дахэзилэ игъэщIэгъуакъым и ныбжьэгъур зэуэ къэхутэу къызэрыдэIэпыкъуар. Ар есэжат, хуэныкъуэ зэрыхъуххэу, Хурсанэ къэсу, къызэрыпегъуэкIым.

* * *



А махуэм къыщыщIэдзауэ Саусэ илъагъу мыхъуу хъуежьащ амазонкэхэм я гъащIэм епха сыт хуэдэ Iуэхугъуэри хабзэри. Мыбыхэм я дунейм мыхьэнэ лъэпкъ щиIэтэкъым лъагъуныгъэм, уеблэмэ ар хагъэкIыпат я гъащIэм. Мы къэралыгъуэм и хабзэм цIыхубзыр псэущхьэ шынагъуэ ищIырт. ХьэкIэкхъуэкIэри нэхъыфIт абыхэм нэхърэ, сыту жыпIэмэ абыхэм я шырхэр яукIыжыртэкъым, атIэ я псэр пытыху яхъумэрт. Гуапагъи гущIэгъуи имыщIэу, къикIуэти гупсыси имыIэу, псэр зыгъэн, нэгъуэщIым и узыр къызыфIэмыIуэху псэущхьэ Iэл ищIырт мы къэралыгъуэм цIыхубзыр. Амазонкэхэр цIыхукъым, мы дунейм тетынуи къалэжьыркъым абыхэм!

Саусэ къыгурыIуэжат а къэралыгъуэм игъащIэкIэ бий зэрыхуэхъуар, икIи абы езэуэным и гъащIэр зэрытриухуэнур. Ауэ иджыри ищIэртэкъым и мурадыр зэрызригъэхъулIэну щIыкIэр. Зыгуэрым уи дзыхь ебгъэзыныр шынагъуэти, езыр зэчэнджэщыжу, и бэнэныгъэр къыщыщIидзэнур къыхуэмыщIэу, жэщи махуи гупсысэу къэнащ Саусэ. Санэ зэрихьа лIыхъужьыгъэм нэхъри нэхъ гуащIэжу къызэщIигъэплъат абы и гур...

Зы пщыхьэщхьэ гуэрым Саусэ, зэрихабзэу, жьэгум дэст гупсысэу. КъызэрыщIыхьар къыхуэмыщIэу, зыгуэр и щIыбагъым къыдэувэщ, и Iэ хьэлъитIыр Саусэ и дамащхьэм къытрилъхьэри, «хьэуэ» зыжраIэу емыса цIыхубз макъкIэ къэпсэлъащ:

– Дыщэнэ и пэшым накIуэ, си ужь ниуви!

Къызэрыунэхуам ещхьыркъабзэуи бзэхыжащ амазонкэ мыцIыхур. Гурыщхъуагъэ зыхэлъ апхуэдэ щытыкIэр игъэщIагъуэу, Саусэ кIуащ Дыщэнэ деж. Пэш Iэхуитлъэхуитышхуэм зэрыщIыхьэу

къилъэгъуащ жьэгум пэрыс амазонкэ фызыжь цIыкIур. Абы и нэкIуфэр, жылэм емыщхьу, ятIагъуэм и фэгъут. И нэр къихуу къеплъ Саусэ гу къылъетэри, фызыжьыр мащIэу къыпогуфIыкI, и дзэ хужьыбзэ къыщIигъэщхэм и нэкIу ятIагъуафэр нэхъри къагъэIупщIу.

– КъэтIыс, си хъыджэбз, икIи умыгъэщIагъуэ сыкъызэрумыцIыхур. Мы быдапIэм дэсхэм ящыщу сэ сыкъэзыцIыхур Дыщэнэ и закъуэщ, – жиIэри, фызыжьыр сабырыжащ.

Амазонкэжьым и макъ щабэр щызэхихым, Саусэ зыхищIащ мы фызыжьыр зыкIи зэрымышынагъуэр.

– Сэ сыщыгъуазэщ уэ жыр псыхьыкIэм узэрыхуэIэзэм. Уэ птеухуауэ сэ куэд сощIэ, ауэ сэ стеухуауэ уэ зыри пщIэркъым. Сэращ Луцэ уд жыхуаIэжыр, мы дуней псом и ныкъуэр зэщакIуэу ямыукIыф амазонкэр! Сэращ сэшхуэ лантIэхэр зыщIыр. Ди япэ ита амазонкэ анэхэм сагъэщIащ ар зэращIым и щэхухэр, уэ уи ныбжьым сыщитам щыгъуэ. Уэ илъэс плIыщI ухъуу аракъэ?

– Хьэуэ. Илъэс щэщIрэ щырэщ сызэрыхъур.

– Къысхуэгъэгъу, унэ кIуэцIри нэху дыдэкъым, сэри си нэхэр жыр гъэплъам куэдрэ зэреплъам набгъэ ищIащ. Аращи, си хъыджэбз цIыкIу, мы дакъикъэм щыщIэдзауэ уэ уи гъащIэр уи бзэгупэм пылъщ. Сэ бжесIэмкIэ иджыпсту акъылэгъу укъыздэмыхъумэ, ажал тынш дыдэкIэ улIэнущ, уз лъэпкъ зыхыумыщIэу. УкъызэдаIуэу, бжесIэр къапщтэрэ Уащхъуэ Мыващхъуэ КIанэмкIэ тхьэ пIуэмэ, мы гъащIэм ущиIэнущ ди Щхьэгуащэ къыуитыфыну фIыгъуэ псори! Ауэ, тхьэрыIуэр пхуэмыIыгъыу уепцIыжмэ, илъэс мин бжыгъэкIэ къэпсэуа ди къэралыгъуэм и гъащIэр, бэлыхь куэд телъу, иухынущ.

Щхьэгуащэ и цIэр щызэхихым, Саусэ къэтэджыну хуежьащ, пщIэ абы зэрыхуищIыр къигъэлъагъуэу. Ауэ и дамэхэм къытеIэба Iэ щабитIым къару лъэщкIэ шэнтым траIулIэжащ. КъызэрыщIэкIымкIэ, амазонкэ щабэрыкIуэр Саусэ и щIыбагъым къыдэтт.

– Уэ къэвэрейхэми псэлъэрейхэми уазэрыщымыщыр дэ фIыуэ дощIэ. УщIалэми, шыIэныгъи бзэ быдагъи пхэлъщ, жырми гъущIми фIыуэ хыбощIыкI, сэ а псори сигу ирохь. Абы къищынэмыщIауи, уэ сэ схуэдэу зумыгъэпщкIуми хъунущ. Псоми ящIэ уэ Дыщэнэ и Iэщэзехьэу узэрыщытыр. Уи псэукIи уи дуней тетыкIи умыхъуэжу улажьэ хъунущ, дуней нэхур хуиту плъагъуу. Зыми гурыщхъуэ къыпхуищIынукъым. Хуиту тет мы дунейм. Сэ си Iуэхур нэгъуэщIущ къызэрекIуэкIар: епцIыжакIуэ гуэрым сыкъищIэри, абы и зэранкIэ си гъащIэ псор зызгъэпщкIуу щIыунэм щысхьын хуей хъуащ. Аращ мы зэкIэ бжесIэнур. Щхьэгуащэ и пащхьэм тхьэ щыпIуа нэужь, уэрэ сэрэ куэд зэжетIэн хуейщ. Ухуэхьэзыр тхьэрыIуэм?

Саусэ мыгупсысэххэу жиIащ:

– Зи щIыхьыр ин Щхьэгуащэ си щIыбагъым къыдэкIрэ и напэхур сигъэлъэгъуатэмэ, лъэгуажьэмыщхьэу сыуву тхьэ сIуэну сыхьэзырт!

Дыхьэшх макъ мащIэ къэIури, жьэгу мафIэм и нэхум къыхыхьащ цIыхубз зэкIуж лъагэ. ЩIакIуэ фIыцIэ пIащIэмрэ бащлъыкъ фIыцIэмрэ зыщихри, Саусэ и пащхьэм къиуващ узримыгъэплъу дахэ, зи гуфIэкIэм нур къыхих цIыхубз, илъэс щэ ныкъуэ и ныб-

жьыну. Ар щабэрэ гуапэу къыщIэплъащ Саусэ и нэхэм:

– Си дахэ, ныбжьым зи акъылыр зэригъэкIуэкIа фызыжьитIым къыдгурыгъаIуэт, дауэ къэпщIа мыбдеж сызэрыщытыр? Сэ зыми зыкъезгъэлъэгъуакъым, гъуэгу сыщытетаи, мы быдапIэм сыщыдэтаи. Джэду фIыцIэ зысщIри, жэщу сызекIуащ. КъыджеIэт, мы Луцэ уд шэнтым къемыхуэх щIыкIэ. Плъагъуркъэ абы и бзэр зэриубыдар?

– Япэрауэ, сэ уи Iэ щабэ хужьитIым къаруэ хэлъым и хъыбар зэхэсхащ. ЕтIуанэрауэ, уи цIэр къыщыIум деж, пщIэ сщIыуэ, сыкъэтэджыныр зымыдэнур хэт, уэ езым фIэкIа?!

Саусэ, ахэр жиIэурэ, егупсысырт и IэмыщIэм Псатхьэ кърилъхьэ Iэмалым. И IэмыщIэм къыхуэрт амазонкэ къэралыгъуэ псом и къэкIуэнур. Иджы зыри къикIыжыртэкъым абы гугъуехьу ишэчахэм. Саусэ и гум ирилъхьар зригъэхъулIэфынут, зыми щымышынэу.

– Си хъыджэбз цIыкIу, Iэзэу укъызэрысщытхъуфым и мызакъуэу, акъыл жани набдзэгубдзаплъагъэ хьэлэмэти уиIэщ. УмыIэщакIуэми, гушхуэ къимыкIуэт пкIуэцIылъщ. Сэ арэзы срихъунущ, укъызэфIэувэу, си Iэр къэбубыду си упщIэм жэуап къептмэ: «Жырым и щэхур зезыхьэ амазонкэ закъуэу дуней псор зэщакIуэм и гъащIэ гугъур къыхэпхрэ хьэмэрэ ажал псынщIэр нэхъ къапщтэрэ?»

Лъэгуажьэмыщхьэу Щхьэгуащэ и пащхьэм ит Саусэ занщIэу къызэфIэувэри, Iэ къыхуашияр икъузу, хэкъузауэ жиIащ:

– IэщэщIым и гъащIэ гугъур къыхызохыр!



Амазонкэ гуащэм Саусэ IэплIэ къыхуищIри къыжриIащ:

– Нобэ щыщIэдзауэ амазонкэ къыхэхахэм ящыщ ухъуащ. Уэ пхуэдэу ныбжьыщIэу зыри нэсыфакъым апхуэдэ лъагапIэ, Мысыр къэралыгъуэ ину Нил Iуфэ Iусам и пащтыхь Хъыджэбзуд къищынэмыщIа. Уэ уетIуанэщ.

Иджы етIысэхи, адэкIэ къэдаIуэ. Чынтхэр зекIуэ ди деж нэс къыщIэкIуауэ щытар Луцэ уд яубыду здашэу, ди сэшхуэ лантIэм и щэхухэр зыIэрагъэхьэну арат. Ауэ, тхьэхэм я фIыщIэкIэ, ди насып ятекIуэри, ди IэщэщIыр къытхуэнэжащ. Чынтхэр ерыщщ, мурад ящIамэ, къикIуэт яIэкъым, я псэр пытыху. Сэшхуэ зыбгъупщI яIэрыхьэми, апхуэдизу шынагъуэкъым, ауэ ар зыщIыфыр яубыдмэ, ди къэралыгъуэр кIуэдыкIейуэ кIуэдыжынущ.

Абы ипкъ иткIэ, дэ мурад тщIащ бзаджагъэ дыхуекIуэну. Ар зигу къэкIар Луцэ удщ. Чынтхэм я цIыху ди щIыпIэм къагъэнауэ шэч щыIэщ. Ди быдапIэхэр Iэщэ къарукIэ зэрымыубыдыгъуафIэр ямыщIэу чынтхэр делэкъым. Я плъакIуэ-дэIуакIуэхэр ди жылэхэм къыданауэ, ди быдапIэхэм я нэIэ тет зэпыту къыщIэкIынри зыхуэIуа щыIэкъым. Iуэхум апхуэдэ зыгуэр хэмылъмэ, сэ сызэреплъымкIэ, ахэр къакIуэу апхуэдиз зауэлI дагъэукIынтэкъым. Абы къыхэкIыуи, ди щэху нэхъыщхьэр нэхъри нэхъ быдэжу тхъумэн хуейщ. Аращи, сэшхуэ щIыным узэресэу, Луцэ удрэ сэрэ дежьэжынущ. Гъуэгум алыджхэр къыщытпэтIысу къыщыдэзэуа хуэдэу фэ зытедгъэуэнущ. Алыджхэр дэ зэтедукIэнущ, ауэ Луцэ уди а зэхэуэм щыхэкIуэдэн хуейщ.

Дэ абдеж щыжытIэнущ хэкIуэдар ди Iэщэщ закъуэр арауэ зэрыщытыр, хуэфэщэнкIи и хьэдэр дгъэлъапIэу щIэтлъхьэжынущ. ЕхьэкI-къехьэкI хэмылъу жытIэнущ Луцэ уд зэрыхэкIуэдар, ауэ абы ищIа сэшхуэхэр иджыри куэдрэ дызэрырикъунур.

Алыджхэм илъэс куэдкIэ яхэса тIасхъэщIэх лъапIитI диIэщи, абыхэм алыджхэр къыттеуа хуэдэу къызэрагъэпэщынущ. Луцэ уд зэзауэхэм я курыкупсэм къыщыхутэнурэ, абдеж щаукIынущ. Абы и ужькIэ алыджхэр псори зэтедукIэн хуей хъунущ, ди тIасхъэщIэхитIри яхэту. Апхуэдэ щIыкIэкIэ дэ ди IэкIэ доукIыж ди лIыхъуужьхэри Луцэ уди, ди къэралыгъуэр къедгъэлын папщIэ.

Щхьэгуащэ, Луцэ уд дежкIэ Саусэ нэбгъузкIэ зэреплъэкIам гу лъетэри, къыпещэ:

– Мыр къэзыгупсысар езы Луцэ удщ.

Мыбдеж Дыщэнэ къыщIохьэ, лырэ пIастэрэ зытелъ Iэнэр иIыгъыу:

– Iэджэ щIауэ сыпщэфIэжакъыми сыщыужащ. Шхыным дагъуэ гуэр иIэмэ, къысхуэвгъэгъунщ.

Шхэн зэрыщIадзэу, Луцэ уд макъ губжьакIэ къокIий:

– ПIастэр мышыубзэ пщIащ!

Дыщэнэ гузэвауэ къыщолъэт, ауэ псори щызэщIэдыхьэшхэм, езыми къыгуроIуэж Луцэ уд къызэрыдэгушыIар.

ЕтIуанэ пщэдджыжьым Луцэ уд и дерсхэм щIидзащ. Сэшхуэ щIыныр апхуэдизуи гугъу дыдэтэкъым. Амазонкэ нэхъыжьым и гъэсэным иригъэлъэгъуащ жырым и зэхэлъыкIэр. ИужькIэ къыхауIукIащ сэшхуэр къызыхахыну гъущIыр. Ар Iэдэм дакъузэри махуэ псокIэ икIэ яхъуащ. ИтIанэ гъущI хъуахуэр тратхъуащ фэ хужь пIащIэм. Луцэ уд кхъуэщынышхуэм и щхьэр трихри абы кърихащ шынакъжьей из хъун хьэ хьэжыгъэ. Ар шынакъышхуэм ирикIутэри фIыуэ зэхигъэзэрыхьащ, гъущI хъуахуэм щыщ машIэ-машIэурэ хикIутэурэ. Ар зэфIэкIа нэужь, Саусэ къоупщI:

– Дыщэнэ и унэр сыт хуэдэ псэущхьэ зыхъумэр?

– ЗэрысщIэжымкIэ – къазщ, – жеIэ Саусэ, Дыщэнэ и къазыIуэ зи лъэгуи зи блыни мывэху джафэкIэ къищIыкIар къищIэжауэ.

– Мы тепщэчым илъыр хьыи, Дыщэнэ и къазхэм ет.

Нэху къокIхэри, Луцэ уд къыжреIэ:

– КъазыIуэм кIуэи, си хъыджэбз цIыкIу, къаз вейр, зыри къыумыгъанэу, зэхуэтхъуси мыдэ къысхуэхь.

Луцэ уд и унафэм тету, Саусэ къихьащ абы жыхуиIар. Къаз вейр ятIагъуэм къыхэщIыкIа тепщэчышхуэ къабзэм ирилъхьащ фызыжьым. Махуэ зыбжанэкIэ зэпыуакъым я лэжьыгъэр: сэшхуэр къызыхащIыкIыну гъущIыр, къанэ щымыIэу, яхъуащ, хъуахуэхэр Iусым хагъэзэрыхьыжри къазхэм ирагъэшхащ, итIанэ къаз вейхэр зэхуахьэсыжащ. ИужькIэ Дыщэнэ хъуахуэхэр къыхигъэкъэбзыкIыжащ, а зэхипщам псы щIикIэурэ. Ахэр гъуаплъэ тепщэчым илъу къагъэплъри уадэкIэ зэщIаIулIэжащ. Зыхуей Iувагъыр гъущIым ирагъэгъуэта нэужь, Дыщэнэ ар ихъуащ, джафэ хъуху. АдэкIэ Луцэ уд къызыкъуех фэ фIыцIэм къыхэщIыкIа хъуржын цIыкIу, абы и щхьэпсыр етIатэри иджыри зы хъуржын фIыцIэ

кърех. Абы илът IэкIуэлъакIуэу зэпха гуэдз хьэуазэ IэмыщIэ. МафIэ зэщIагъэстри, дэпым халъхьэ сэшхуэ къызыхащIыкIыну гъущIыр. Езыхэм, гъущIыр плъыху, ятIагъуэм къыхэщIыкIа къупхъэ ягъэхьэзыр, сэшхуэм и кIыхьагъыр зэрыщытын хуейм хуэкIуэу. Фызыжьым абы дагъэ фIыцIэ гуэр ирекIэри Саусэ зыкъыхуегъазэ:

– Мыр бэрэжьей жылэм къыщIахуа дагъэщ.

Мыбдеж Iуэху нэхъ гугъу дыдэм и чэзур къос: гъэмахуэкум ирихьэлIэу хьэуазэм къиштэ фэм ещхь хъухукIэ гъэплъын хуейт сэшхуэ къызыхахыну гъущIыр. ЗэманкIэ ар зрихьэлIэр Вагъуэзэбыныр Чэруан Iуащхьэ, пыIэм хуэдэу, къыщыщхьэщыувэрт. Ар щыплъагъунури Инжыдж Iуфэ деж Уд-Iуащхьэм и лъабжьэм ущыщIэтырт.

ГъущI къагъэплъым и нэр къытримыгъэкIыу здеплъым, Саусэ псынщIэу жеIэ:

– Нанэ, хьэзыру щыт, сэ пщIым щыщIэдзауэ собжых, зым сыщынэсым деж къыхэх! ПщIы, бгъу, и, блы, хы, тху, плIы, щы, тIу, зы – къыхэх!

Фызыжьым, и гъэсэным и нэхэм я жанагъым щыгуфIыкIыу, гъущI плъар псынщIэу къыхехри бэрэжьей дагъэм хеIу.

– Псыхь-псыхь, щхьэр ухь! Псыхь-псыхь, псэр ухь! – жеIэ псынщIэрыпсалъэкIэ, къыхехыжри, Iэтауэ здиIыгъым пещэ: – Псэху-псэху, пщэр пыху! Псэху-псэху, лъэр щIэху!

Луцэ уд блэнейрэ апхуэдэу ещIри, итIанэ, и нэхэм гуфIэгъуэр къащIихыу, сэшхуэр вууэ егъэдалъэ. Ар лантIэт, блэм хуэдэу, дэнэкIэ ухуейми зигъэшу. Сэшхуэр пIащIэт, лъэныкъуитIри жьэдэхат. ИужькIэ абы къу фIалъхьэ, гъуджэм хуэдэу лыдыху толъэщIыхьыжри, и дзэр жану дадзэж. Сэшхуэр бгым кърашэкIа нэужь, сапэр дыкъуакъуэ жьэдэхам дэувэрти, Iунэр езыр ипкIэжырт, быжым хуэдэу игъэбыдэу. Амазонкэхэм я сэшхуэ лантIэр зэрагъэхьэзыр щIыкIэр арат зэрыхъур.



Луцэ уд къыкIэлъыплъурэ, Саусэ сэшхуищ ищIащ. Уд фызыжьыр гуфIэрт, игу зэгъауэ. Гъэсэн тэмэм къызэрыхахар ибзыщIыртэкъым. Зэгъусэу ящIа сэшхуэм нэхърэ нэхъыфI хъуат Саусэ и закъуэу ищIахэр. Щхьэгуащэ абы къыщытхъуащ, къыхигъэщащ хъыджэбзыр зэрынэ жанри гъущIыр гурэ псэкIэ зэрызыхищIэри.

ЕтIуанэ махуэм Щхьэгуащэрэ Луцэ удрэ, къызэрыгуэкI амазонкэхэм хуэдэу захуапэри, шууищэ я гъусэу ежьэжащ. Гъуэгум абыхэм къащыхуэзащ алыджхэр...

АдэкIэ псори екIуэкIащ япэм зэраубзыхуам хуэдэу. ДэIэпыкъуэгъухэр къыщысам, Щхьэгуащэ и Iэщэ-фащэ лъапIэхэр щитIэгъэжауэ, къамыцIыхун щхьэкIэ и нэкIум щихуауэ щытахэри игъэкъэбзэжауэ, гуIэу Луцэ уд и хьэдэм щхьэщыст. Сатырым хэт Саусэ илъагъурт, и гъыкIэм фэрыщIагъ лъэпкъ хэмылъу, Щхьэгуащэ зэрыгуIэр. Хьэдэр игъеижурэ, ар гъырт-бжэрт, мыбы хуэдэу и IэщIагъэм хуэIэзэ дунейм темытауэ, зэрымыщIэкIэ бий мыхьэнэншэхэм гуузу яIэщIэкIуадэу, амазонкэ къэралыгъуэр зеиншэу къэнауэ, езым и псэр пытыху Луцэ уд и лъыр зэримыгъэгъунур жиIэурэ.

Луцэ уд и хьэдэр ину ягъэлъапIэу щIалъхьа нэужь, Щхьэгуащэ

и унафэкIэ, дунейм ехыжам псапэ яхуэхъун папщIэ, амазонкэ къэралыгъуэм гъэру иIыгъахэм ящыщ куэд щхьэхуит къащIыжащ, Iэщэ яIыгъыу къамыгъэзэнхэу тхьэрыIуэ къыIахри.

БыдапIэу амазонкэ къэралыгъуэм иIэм я лIыкIуэхэр къызэхуэсри, мазэм нэскIэ Луцэ уд и кхъащхьэм деж щызэхэсащ, тхьэхэм елъэIуу. Сауси хэтащ хьэдэIусым. Дыщэнэрэ Щхьэгуащэрэ япэмыжыжьэу щыс пэтми, Щхьэгуащэ ауэ зэ закъуи къеплъэкIакъым абы и дежкIэ.

Щыгъуэныр яухыу, и унэм къигъэзэжа иужькIэ, Саусэ зыри къыфIэмыIуэхужу, гукъыдэжи имыIэжу зытэлайкIэ щытащ. ГуитIщхьитI зыщI гупсысэхэм къыхагъащIэрт ар. Зы лъэныкъуэкIэ къапщтэмэ, я къэралыгъуэм щызекIуэ хабзэ мыхъумыщIэхэр абы иджыри илъагъу зэрымыхъум хуэдэт. Ауэ, дауэ мыхъуми, Луцэ уд лъэкIар фIэгъэщIэгъуэнт: гъащIэ гугъу къэбгъащIэу апхуэдэу екIуу ар амазонкэ къэралыгъуэм щхьэузыхь хуэпщIыныр. Ар щапхъэ дахэт икIи лIыхъужьыгъэ нэст. Ауэ быдз иригъэфа сабий цIынэр и Iэпэ цIыкIухэмкIэ и бгъэм къепэщэщу и нэгу къыщIэувэжырти, лъыщIэжыныр нэхъ ин, нэхъ гуащIэ хъуауэ къыпкърыхьэжырт.

Iэщэ-фащэ щащI кIыщым щыщылажьэм щыгъуэ, Саусэ и къалэнхэм хыхьэрт быдапIэм фIамыщI къыщашэхэм деж куэбжэм дэкIыу къашар и фIагъ-IеягъэкIэ дагъуэ иIэрэ имыIэрэ къипщытэну. Зэгуэрым, щысу лажьэурэ еша и Iэпкълъэпкъым тIэкIу зригъэгъэпсэхун папщIэ къыщIэкIауэ, быдапIэ кIуэцIыр щызэхикIухьым, имыщIэххэу хуозэ езым и пIэкIэ иджы фIамыщIыр къеIызых Зазэ. Саусэ къызэрилъагъуу, къэгуфIауэ IэплIэ гуапэ къыхуещIри кьолъэIу фIамыщIым и къыхэхыкIэм теухуауэ чэнджэщ гуэрхэр къритыну.

– АIей, Саусэ, си унафэщIым тхьищэ еIуэ уэ узэремыплъыжрэ фIамыщIыфI быдапIэм къыдамышауэ жеIэри.

Сауси и жагъуэтэкъым Зазэ тIэкIу дэуэршэрыну, сыту жыпIэмэ ар псоми къахэщырт и пэжагъымкIэ, и гушыIэ шэрыуэхэмкIэ.

КуэбжэмкIэ здэкIуэхэм, Зазэ жеIэ:

– Япэм фIамыщI къэзышэу щыта лIыжьыр гукъыдэмыжщ, тIэкIу зегъэсымаджэри, абы и пIэкIэ иджы и къуэм фIамыщI къешэ. Ар зыкIэ щIалэ къабзэщи! Дэнэ апхуэдэ дахагъэ абы къыздрихар, лIыжь фIыцIэжь цIыкIумрэ фызыжь Iушэжь цIыкIумрэ къалъхуауэ?! БыдапIэм иращIылIа зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ, лIыжьым илъэсыр икIыху фIамыщI къишэн хуеящ, абы и пщIэри иратакIэщ, мэлкIэ. Аращи, мэлхэр къраматыжын щхьэкIэ, и къуэм, фIамыщI къэшэныр зэпимыгъэуауэ, езым къешэ. Аркъудейм къегъэлъагъуэ ар зэрыщIалэфIыр зэрымыделэри.

Апхуэдэу уэршэрхэурэ куэбжэшхуэм нэсащ. Куэбжэм адэIуэкIэ выгу щытт, фIамыщI илъу. И щIыбагъыр хъыджэбзхэм къахуэгъэзауэ абы бгъэдэтт зы щIалэ плIабгъуэ лъагэ, фэм къыхэщIыкIа гъукIэ кIэпхын Iулъу. ЩIалэм зэрыIуплъэу, Саусэ мафIэу къызэщIэнащ. Абы и теплъэр и нэIуасэ хуэдэт… ЩIалэр къыщеплъэкIым, Саусэ ину къыхокIиикIри къызэфIомахэ. ЗыкъищIэжмэ, елъагъу щIалэм мывэшхуэм тригъэтIысхьауэ къемыхуэхын папщIэ къыхуэсакъыу

Iэдэбу къызэриIыгъыр.

– Сыт къыпщыщIар? Ууэндэгъуу ара? – гузавэу къоIущащэ Зазэ.

– Хьэуэ. Сэ апхуэдэу сыхъу хабзэщ. Мывэм бгъунжу сытеувэри, си лъэтхьэмпэр зэрыуащ, мы щIалэм си жьэр Iурыхуауэ сеплъурэ… – гушыIэну хуожьэ Саусэ, шыIэныгъэу иIэр зэхуихьэсауэ.

Тхьэшхуэхэ! И нащхъуитIри, и нэбжьыц захуэ кIыхьхэри, и нэкIубгъуэхэмрэ и жьэпкъыпэмрэ яIэ кумб цIыкIухэри, и Iэпкълъэпкъри, – псори си Хьэтыкъуэ ещхьщ. Ар дауэ?! Апхуэдэ къэхъу хабзэ?! Мыбдеж Саусэ игу къокIыж…

– Си щIалэ, си лъэтхьэмпэ ижьым схуеIэт, и пIэм ибгъэувэжыфыну пIэрэ зэрыуар?

– Иджыпсту, иджыпсту... – жеIэ щIалэм. – Уэ зыхуэгъэшэч. Сэ сыт щыгъуи къызжаIэрт амазонкэхэр зэрыбэшэчыр, шыIэныгъэшхуи зэраIэр.

«Уо, ди тхьэ! Мыр си къуэращ! И макъри си Хьэтыкъуэ и макъ дыдэрщ!» – Саусэ и гур нэхъ иныжу къеуэу хуежьащ.

ЩIалэм зригъэзыхауэ Саусэ и лъакъуэм щеIэм, абы и тхьэкIумэ щIыбым деж хэс, ткIуэпс теплъэ зиIэ анэлыр къыщIэщащ… Саусэ адэкIэ зыхуэубыдыжакъым. И нэпсхэр уэру къыщIэжащ, зэщIэкIэзызэу зэщыджэу къэгъащ, щытхэр игъэгузавэу.

БыдапIэм къыдэж шур Зазэ кърикъэпсыхри унафэ хуищIащ псынщIэу Саусэ Дыщэнэ и хэщIапIэм ишэжыну.

Амазонкэр къепсыхащ шым. Саусэ, зы хьэлъагъ гуэри иIэу умыщIэну, щIалэ Iэчлъэчым къиIэтри уанэгум иригъэтIысхьащ. Саусэ зыкърherигъэзыхри щIалэм и пщэм и Iэр иришэкIащ, щабэрэ быдэу IэплIэ хуищIу. ЩIалэри къоплъ, гуапагъэ илъагъур зыхуихьынур имыщIэу. ЩIалэщIэм Саусэ и лъакъуэ «узар» лъэрыгъым иригъэзагъэурэ, и щхьэ хуэпсэлъэж щIыкIэу жеIэ:

– Амазонкэ зэщыджэу узым игъагъыу слъэгъуауэ жесIэжмэ, си адэм и фIэщ хъунукъым иджы.

– Хьэуэ, си къуэ цIыкIу, амазонкэхэр гъыркъым, къызэрыгуэкI цIыхубзхэм хуэдэу.  Анэхэращ гъыр.

Мы яужь псалъэхэу амазонкэм Iущащэурэ къыжриIам щIалэр и пIэм ирагъэжыхьащ. Сыту пIэрэ гущIэгъуншэу щытын хуей мы амазонкэм апхуэдиз гуапагъэрэ щабагъэрэ хэлъу «си къуэ цIыкIу» щIыжиIар? Сытым хуэдиз гуауэ хэлъ абы и псалъэхэм? Сыт абы къикIыр?

Сабэ защIэ хъуа и щыгъынри зэрыщыгъыу, Саусэ къазыц тепIэн щабэм хэлъщ, зэщыджэу магъри. Иджы хуиту магъ, и закъуэу и унэ щIэлъыжщи. И нэпсхэри гуауэ хьэлъэкъым иджы къыщIэзыхур. Мыхэр гуфIэгъуэ нэпсщ. И жьэр зэтепIами, и гур гуфIэу мэкIий: «Псэущ! Тхьэшхуэхэм я къарур инщ! Къысхуахъумащ си щIалэ закъуэр, и адэм и фэеплъ закъуэр! Дауэ къела?! И макъыр зэхэсхыу псым хэхуати! Псым хэмыхуэу, мывэхэм техуамэ, къелынкIэ Iэмал закъуи  иIэтэкъым. Тхьэхэм укъахъумэнумэ, Iэмал къагъуэт, гъащIэ къыуатамэ, зыми птрихыфынукъым!»

Саусэ хуэм-хуэмурэ топыIэжри, зыкъищIэжыпауэ адэкIэ ищIэн хуейм йогупсыс.

«Си щIалэ, си къуэ цIыкIу, си Тхьэзэплъ», – жиIэ зэпытщ игукIэ. И щIалэм и цIэр Зазэ жиIэу зэхихащи, и гум имыкIыжыххэу, и бзэгупэ пылъщ, ауэ макъкIэ игъэIу хъуркъым.

Саусэ и дунейр зэуэ нэху къэхъужат, дунейм плъыфэу иIэри нэхъ IупщI хъуат, зи гъащIэ псор щIы щIагъым щызыхьа, иджы къыщIэкIыу япэу дыгъэр зылъэгъуа цIыхум хуэдэу. ЩIэщыгъуэ щыхъужа дунейм зыщимыгъэнщIыжу, нэжэгужэу еплъырт ар, гугъэщIэхэм и гур къызэщIаIэтэу.

Зы закъуэт иджы Саусэ къытехьэлъэр: и къуэр зэрыпсэум кърита гуфIэгъуэшхуэр сакъыу ибзыщIын зэрыхуейрт, хуиту и щIалэ закъуэм зыхуигъазэу, и бгъэм ирикъузылIэу, апхуэдиз илъэскIэ телъа гуауэр иIуэтэжу, и быным гу щихуэжыну Iэмал зэримыIэрт. ПIалъэпIалъэкIэрэ игу къыпылъадэрт щIэпхъуэу и щIалэм деж жэну, ауэ ар зэрыпсэур амазонкэхэм къащIэмэ, махуэпс зэрырамыгъэфэнур фIыуэ къыгурыIуэрти, зызэтриубыдэжырт, ищIэнумрэ Iэмалу къигъуэтынумрэ егупсысу.

ЩIалэм щIэх-щIэхыурэ фIамыщI къишэрт, ауэ Саусэ тегушхуэртэкъым зэзакъуэ нэхъ мыхъуми ар зригъэлъагъуну. Амазонкэхэм гу къылъатэнкIэ шынэрт. Саусэ къару имыIэжу пIэм иджалэрти, и гур хэщIу гъырт.

* * *

Дыщэнэ, Луцэ уд и хьэдэщIэлъхьэм къикIыжауэ, Саусэ набдзэгубдзаплъэу къеплъри къыгурыIуащ абы и псэм зыгуэр къызэрытехьэлъэр. Ар къызыхэкIар Луцэ уд и кIуэдыкIар зыхищIэу гупсысэх хъуам хуихьри, унафэ къыхуищIащ, и лэжьыгъэр зэкIэ зэпигъэууэ, зигъэпсэхуну, къыщIэкIыурэ къикIухьыну, пщыхьэщхьэкIэрэ нэхъыбэрэ и ныбжьэгъухэм ядэуэршэрыну. Зыгуэр щIэупщIэмэ, «Дыщэнэ мэщыгъуэри и афэхэр иджыпстукIэ зыщитIагъэркъым, и Iэщэфащэхэри зэкIэ зыкIэрилъхьэркъым, абы щхьэкIэ Iэщэхъумэри нэхъ щхьэхуитщ» жаIэн хуэдэу.

Ауэ Саусэ и лъакъуэр «зэрыуауэ» тезакIуэ хъуртэкъыми, хуит ящIащ шууэ быдапIэм дэкIыурэ къикIухьыну, бгым ис шыхъуэхэм, Iэщыхъуэхэм я пщыIэхэм техьэурэ зигъэпсэхуну, щIы щIагъ кIыщым ехыжын и пэ къихуэу, и узыншагъэм и сэбэп зыхэлъ хьэуа къабзэкIэ бэуэну. Дыщэнэ апхуэдэ унафэ щIищIар Саусэ и узыншагъэм тегузэвыхь къудейуэ аратэкъым. Абы нэгъуэщI муради иIэт: тIасхъэщIэххэм я нэм IэщэщI Iэзэ дыдэ Саусэ къызэрыфIэмынэн Iэмалхэр зэрихъэрт, езым и Iэщэм кIэлъыплъын къалэным фIэкIа нэгъуэщI Iуэху имыIэу къащигъэхъуну хэтт. Абы къыхэкIыу, Саусэ яхъумэну шу гъусэу Хурсанэрэ Дахэзилэрэ дыщIигъуащ, а тIур шуудзэ псом пэхъуу зэрыщытыр ищIэжырти.

Саусэ, и къуэр псэууэ къызэрынар къызэрищIэрэ, Дахэзилэ лъагъумыхъуныгъэу хуиIэр кIуэдыжат. Уеблэмэ шэч ищIырт Тхьэзэплъ и къеликIэ хьэлэмэтыщэм а амазонкэ Iущым и бзаджагъэ хэлъу. Ауэ къыгурыIуэртэкъым Дахэзилэ а псор зэхуигъэхъуфарэ тхьэхэм езыхэм сабийр къахъумарэ. Апхуэдиз илъэскIэ бий на-

хуэу щыта Саусэ зэуэзэпсэу шыпхъум хуэдэу къегуэпэкI зэрыхъуар зыхуихьынур имыщIэу, Дахэзилэ гупсысэрт, нэбгъузкIэ абы хуеплъэкIыурэ. Саусэ и гуапагъэм фэрыщIагъ лъэпкъ зэрыхэмылъым гу лъызыта Хурсани зыри къыгурыIуэртэкъым.

Псыкъелъэхэм я аузым хуэкIуэрт ахэр. Уасэ зимыIэ шы лъэпкъыфIищым тес, зи дахагъэр пхуэмыIуэтэн амазонкэхэр удз гъэгъа зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ гъэдэха мэкъупIэм хэту, уафэ къащхъуэм къыхэхужьыкI Iуащхьэмахуэ уардэу къащхьэщыту, кIуэрт, щабэу, хуиту, я Iэщэ-фащэхэр дыщэрэ налкъуткIэ гъэщIэрэщIарэ нэр тепщIыпщIэу дыгъэ нурым пэлыду. Яшхэр ауи щIым теувэу къыпхуэмыщIэну щIокIуэрыкI. Я хьэхэм къыхагъэлъэт мэзджэдхэм йоуэхэр. Дунейм дахагъэу тетыр нобэ Тхьэшхуэм мыбдеж щызэхуихьэсауэ езыри гупсэхуу хэплъэж фIэкIа пщIэнтэкъым… Саусэ шабзэкIэ зэуэу зытримыгъэхуэфа къуалэбзухэр Дахэзилэрэ Хурсанэрэ къраудыхырт, дыхьэшххэурэ. КъаукIахэр Саусэ и уанэм кIэрапхэрт, абы и уэкIэр зылъэгъуа къуалэбзухэр дыхьэшхыным иукIауэ жаIэурэ къыдэгушыIэу.

Апхуэдэурэ шэджагъуэми нэблэгъащ. Зэманыр псынщIэу макIуэ, цIыхум гурэ псэкIэ зыщигъэпсэхум деж. Нобэ Саусэ иIэ гукъыдэжыр и гъусэхэми япкърыхьащи, щыми, гуфIэгъуэм зэщIиIэтэу, я нэгу зеужь...

Хурсанэ и шыр зэуэ къыжьэдекъуэри и Iэр еIэт, «фыкъэувыIэт!» жыхуиIэу. ЗэщIэдэIукIмэ, бжьамий макъ зэхах. Ар псымкIэт къыздиIукIыр. Пхъэ бжьамийм гузэвэгъуэ хъыбар къигъэIурт. ПсымкIэ еплъыхмэ, къалъагъу нэпкъым тет, щIакIуэ зыщыгъ бжьамияпщэ шур. ЯтIэху бгышхуэмкIэ иIэр ишийурэ, ар нэхъ иныжьу бжьамийм йопщэ. Амазонкэхэр шум и Iэр здишиймкIэ плъа щхьэкIэ, ущIэгузэвэн лъэпкъ къахуэлъэгъуакъым, бгышхуэм уафэ щIэлъэныкъуэр щIихъумэрти. Бжьамияпщэр аргуэру, иджы нэхъ хэкъузауэ, йопщэ, езым дежкIэ ириджэхэу. Хурсанэ, хьэхэм шынагъуагъэ гуэр зэрызыхащIэр щилъагъум, «фыжэ!» жиIэри унафэ яхуищIащ. Хьэхэр щхьэхьу щIэпхъуащ, ауэ ахэр шум дежкIэтэкъым здэжэр.

– Хьэхэр цIыху псэупIэмкIэ мажэ! ПсынщIэу зынифч! – жиIэщ Хурсани, щыри щIэпхъуащ.

Хьэхэм я щытыкIэр зыхэзыщIа шыхэри зэралъэкIкIэ жэрт. Зы лъэбакъуэ мин хуэдиз яжауэ, ЯтIэхубгкIэ щеплъэкIым, шухэм къалъэгъуащ бгышхуэ къуагъым къыкъуэкIауэ псынщIэу къакIуэ «дунейкъутэжыр». Уэри уэшхри зыщIэт пшэ фIыцIэшхуэр, уафэр зэрыщыту игъэпщкIуу, гъуэжькуий игъэкIэрахъуэм тафи бгыщхьи щIихъумэу, мэкъупIэри Мыщэхупщей мэзышхуэри зэхиутэу, зэхикъутэрэ щIым щыщ ищIыжу, дуней псор щIэзыуфэ толъкъун гузэвэгъуэу къакIуэрт.

Шы щтахэр я къару къызэрихькIэ джабэм йожэх, уэлбанэ къалъэщIыхьэм тежыну еIэхэу. Мыбдеж къалъагъу пхъэ бжьамиишхуэр зи плIэм ипха, бащлъыкъкIэ зи нэкIур щIэхъума, хакIуэ пIащэм тес шур. Абы Iэ къещI, и ужьым къиувэнхэу къаригъэлъагъууи, джабэ задэм ежэхыу зреч. Амазонкэхэр абы и ужь иу-

ващ. ЗадапIэр къаухыу, тафэм щытелъадэм, шум ижьымкIэ егъэшри, къыр блын лъагэм и лъабжьэм зыщIикъузэ щIыкIэу жэуэ щIедзэ. Ар игъуэ дыдэу ищIауэ къыщIэкIащ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Iушэу кърикIутэх уэшхми, IэштIым хуэдиз хъу уэ кIанэхэми защыщыпхъумэфын нэгъуэщI щIыпIэ щыIэтэкъым, уэр лъэмыIэсу къыр лъабжьэм къыщIэнэ лъагъуэ бгъузэ закъуэм фIэкIа. Уэ къутахуэ мыл кIанэ цIыкIухэмрэ жьымрэ бэуапIи плъапIи кърамыту, амазонкэхэр шум и ужьым иту жэрт. Абдеж шум занщIэу хуэм зещIри, бгъуэнщIагъыбгъуэ мыкуум щIохьэ. Хьэхэр мыбы къэсакIэу щIэст, блыным декIуэкIыу етIысэкIауэ.

БгъуэнщIагъ щIыхьэпIэм ибгъукIэ, бгыр къыщхьэщыхьэу, мывэ унэ къыщытт, пхъащхьэ гъумышхуэхэр тегъэлъэдарэ мывэрэ ятIэкIэ и унащхьэр быдэу тегъэжыхьыжауэ. Унэм кIыщ къыпыщIыхьат. Амазонкэхэр унэмкIэ иригъэблагъэу Iэ къищIри, хэгъэрейр шыхэм кIэлъыплъыным яужь ихьащ.

Унэм щыщIыхьэм, Саусэ зэ къеплъэкIыжри къыгурыIуащ: мы лIыр тхьэхэм къыхуамыгъэкIуатэмэ, мыпхуэдэ дунейкъутэжым щыри къемылынкIэ хъунут.

Зэныбжьэгъуищыр щIыхьащ къабзэлъабзэу зэлъыIуха пэш хуитышхуэм. Уеблэмэ езы Дахэзилэ дыди, и пэр зэримыгъалъэу, занщIэу и щIакIуэ хужьыр и плIэм фIихщ, блыным хэукIа башым ар тегушхуауэ фIидзэри арджэн зытеубгъуа пхъэ тетIысхьэпIэ кIыхьым щетIысэхащ. МыдреитIри, зэплъыжри, абы бгъурытIысхьащ, адэкIэ къэхъунум пэплъэу унэр зэпаплъыхьу.

ТIэкIу дэкIри, пэш гъунэгъум къыщIэкIри нэфIэгуфIэу, гуапэу зы цIыхубз къабгъэдыхьащ:

– Мыр сыт? Тхьэхэм Езы дыгъэ дыдэм ипхъухэр ди унэ къытхуахьауэ ара?! Хэт и фIэщ сыхъун, ар яхуэсIуатэкIэ? Тхьэшхуэ! Сыту ин уи зэфIэкIыр, дахагъэ къэбгъэщIыну яужь ущихьэкIэ! Жьэгум фыкъыбгъэдэкIуатэт. ФокIэ зэхэщIа удзыпс пщтыр фезгъэфэнщ, лэкъум дэфшхыу, си щIалэм лы къихьыхукIэ.

Амазонкэхэм ядакъым шхэн. ФIыщIэ хуащIри жраIащ зэрымымэжалIэр.

– Еууей! – къыпещэ адэкIэ цIыхубзым. – Мы ди лIыжьыр, тхьэ дыдэ, е мыпсэужыххэ, е егъэлеяуэ игъэшынамэ уэлбанэшхуэм, къыщIэкIыу мыпхуэдэ тхьэIухудищым я пащхьэ иджыри къэс къыщимыувакIэ!

– Iэгъу, зи унэр бэгъуэн фызыжь, мы си пащIэкIэ уцэрэфахэр тIэкIу къыдэзмыIуэнтIеижу дауэ силъэдэн мыпхуэдэ хьэщIэхэм я пащхьэ?! – къыщIоIукI адрей пэшым.

Зы лIыжь къыщIохьэри, и лъакъуэхэр зэрилъафэурэ Iэнэр здэщытымкIэ еунэтI.

– Уей-уей, мы слъагъур сыт?! – и бгъэ гъурыр къригъэкIыурэ фIэхъус къарех.

Ар зылъагъу амазонкэхэр къыпогуфIыкI. Бысымхэм я гушыIэ гуапэр даIыгъыу, езыхэми зыхуагъафIэ хуэдэу защI. Апхуэдэурэ хуэм-хуэмурэ ящхьэщокI нобэ зыхэхуа псэзэпылъхьэпIэм я псэр зыхидза гузэвгъуэр.

Жыгеибжэ Iувым адэкIэ щыятэ борэныр, кIуэ пэтми нэхъ лъэщ хъу фIэкIа, ужьыхыртэкъым. Уэлбанэм и тхьэ Тешыбэ и губжьым нэхъри зиIэтырт, гущIэгъуи щысхьи имыщIэу, къыпэщIэхуэр зэхигъэщIыщIэу, лIэщIыгъуэ бжыгъэ зи ныбжь жыгыжьи мы гъатхэм къыдигъэщIа накъыгъи зэригъэхьу, уэшхымрэ ятIэмрэ зэхипщэжрэ псы ежэх фIыцIэ уэркIэ джабэм кърихьэхыжу, махуэри жэщри зэхэшыпсыхьыжауэ…

Унэ кIуэцIыр кIыфI къэхъуати, фызым пхъэ гъур IэплIэ къыщIихьэщ, жьэгум пэрилъхьэри, мафIэр къызэщIигъэстыжащ. Абы ирихьэлIэу унэм къыщIыхьэжащ щIалэ къудан плIабгъуэр. Абы и плIэм къыфIиха фэ къэпыр жьэгум дигъэуващ, и анэм иригъэлъагъури. Жьэгум дэлъ пхъэ гъурхэм мафIэр епхъуэу, унэр нэху къыщыхъум, щIалэм еплъ хъыджэбзищри къэскIащ. ЛIыжь-фызыжьри, зэм Саусэ, зэм Тхьэзэплъ еплъурэ, хуэму етIысэхащ, я фэр пыкIауэ.

Арат, мы унэр абыхэм ейт. Унагъуэм я нэхъыжьыр быдапIэм фIамыщI езышалIэу зи гъащIэ псор зыхьа лIыжьрат, щIалэр Тхьэзэплът, Саусэ и къуэрат.

– Хьэуэ! Мыр дауэ?! Саусэ, мыр уи Хьэтыкъуэ ещхьыркъабзэщ, ауэ уэ уэщхь гуэрхэри хэлъщ! КъызэрыщIэкIымкIэ, мыр уи къуэщ! Уэри ар уощIэ! Аращ Дахэзилэ уебиин щIыщыбгъэтари... – хуэм дыдэу жеIэ Хурсанэ.

Дахэзили, псори къыгурыIуащи, гуфIэгъуэ иным къызэщIиIэтауэ къопсалъэ:

– Псатхьэ ин! ФIыщIэшхуэ пхузощI, мыр сэ сIэщIэукIауэ зэрыщымытым папщIэкIэ! Ар псэущ!

АдэкIэ убзыщIкIэ мыхьэнэ зэримыIэжыр къыгурыIуэри, Саусэ хэкъузауэ жиIащ:

– Пэжщ, мыр си къуэщ! Тхьэхэм къысхуахъумащ ар. Зы тхьэмахуэ ипэкIэ быдапIэм фIамыщI нишауэ сыхуэзащ. ЗанщIэуи къэсцIыхужащ! КъыумыцIыхужынкIэ Iэмал зимыIэт. Ноби тхьэхэм псори зэхуагъэхъуащ, дэ дызэхуэзэн папщIэ, ыту жыпIэмэ псоми кIэухи гъуни яIэщ, тхьэхэм я гущIэгъуншагъэри гъунэншэкъым. Уащхъуэри тегушхуакъым лъагъуныгъэкIэ къалъхуа си сабийр сфIигъэкIуэдыну. Мис, апхуэдэ лейр имыдауэ, ноби Тешыбэ дунейр екъутэж, Елэ дыдэри губжьауэ хъийм йокI, анэгум щыщIэр хуэмышэчу, си къуэ закъуэр сымылъагъуу адэкIэ зэрысхуэмышэчыжынур зыхащIауэ! Мы дунейм теткъым сэ иджы сызыщышынэ, сыт фыхуейми къызэфщIэ! Сэ езыр тхьэпэлъытэ сищIащ си гуауэм! Ауэ иджы си насыпыр псоми ятекIуэжащ. Си щIалэ! Сэращ уи анэ насыпыншэу уэ укъызэралъхурэ нэпсым ихьыр! Щэхуу согъ, макъкIэ сыгъыну Iэмал симыIэу. Сыту жыпIэмэ, тхьэхэри цIыхухэри зэбга, нэлат зраха сыамазонкэщи. УкъызэрысцIыхужрэ ди зэхуэзэныгъэм сыщышынэрт, гумащIэу сызэрыпхущытыр къалъагъурэ си зэран къокIмэ, жысIэрти. Сэ сщIэрт си шыпхъухэм укъащIэмэ, узэрамыгъэпсэунур. Псатхьэ узогъэлъэIу, къакIуи IэплIэ зыхуэзгъэщI! Сэ афIэкIа зыри сыхуейкъым!

– Зэ догуэт! – къопсалъэ Тхьэзэплъ. – ЖумыIэ сэ си анэр уэрауэ! Уэ ущоуэ, ар пэжкъым! Уэ уамазонкэ дахэ дыдэщ. Сызэры-

хъур сымыщIэу сызыIэпыбошэ, узэрыслъагъу лъандэрэ. Уи псалъэхэмрэ уи Iэхэмрэ гуапагъэу яхэлъыр зыхызощIэ, уи псалъэхэр си гум ихуркъым. Сыноплъыну, уи макъым сыщIэдэIуну си псэм фIэфIщ. Ауэ уэ сэ узианэкъым. Уэ тхьэпэлъытэм ухуэдэщ. Сэ си анэр мис мыращ! – Ахэр жиIэурэ щIалэр фызыжьым бгъэдохьэ, и Iэ пхъашитIыр къеIэтри, и нэхэм хуехь. – Сыкъызэралъхурэ мыращ слъэгъуари сызыпIари. Мис си адэри. Сэ Къанжым срикъуэкъым! Я кIэтIийр я вакъэ лъэпсу сызыпIар мы тIуращ, жэщ-махуэ ямыIэу, еши ямыщIэу, езыхэм зыхуагъэныкъуэрэ сэ сызыхуей сыхуагъазэу. Махуэ псом я бгыр къэгъэшауэ сэ мэракIуэ къысхуащыпыфырт абыхэм, езыхэм я жьэм зы мэракIуи жьэдамылъхьэу. Гъае хъуамэ, езыхэр удзрэ пхъэщхьэмыщхьэкIэ псэут, къарууншэ, куцIыншэ сымыхъун папщIэ, гъавэу яIэжыр сэ сагъэшхыу. Сыщысымаджэхэм деж жэщ дапщэкIэ мыжейуэ къысщхьэщыса ахэр, лъэгуажьэмыщхьэ защIауэ тхьэхэм елъэIуу, я псэр сэр щхьэкIэ ятыну хьэзыру? Си зы псалъэ дахэм ахэр псом нэхърэ нэхъ насыпIыфIэ ищIыфынущ, си зы псалъэ Iейми тIури иукIыфынущ. Хьэуэ! Мы дунейм теткъым къимылъхуам апхуэдэу хущытыфын цIыху. Сэ мыхэращ сыкъэзылъхуар! Амазонкэхэм а псор фымыщIэнкIи мэхъу. Сэ слъэгъуащ уи лъакъуэр щызэрыуам щыгъуэ уэ узым узэригъэгъар. Уи нэпсхэр анэм и нэпсым ещхьыфэми, ахэр анэ нэпсым хуэдэкъым. Фэ, амазонкэхэм, фщIэркъым анэр зищIысри адэр зыхуэдэри. Уэ си анэу ущытынкIэ Iэмал иIэкъым. Сэ мыхэращ сызейр!

Сэ солъагъу уэ амазонкэ къызэрыгуэкIыу узэрыщымытыр. Уэ пыщIэныгъэ хуиIэщ зи цIэр ину Iуа, зыри зытемыкIуэж лIыхъужьхэу Дахэзилэрэ Хурсанэрэ. Хэт ахэр зымыщIыхур?! Уи зыхуэпэкIэм и лъапIагъым, узытес шым и фIагъым, уи хъумакIуэхэм я лъэщагъым къагъэлъагъуэ уэ, дэ тхуэдэ унагъуэм и гугъу умыщIыххи, къэралышхуэхэм, лъэпкъ лъэрызехьэ инхэм я гъащIэ унафэр узэрыхуейм хуэдэу зэрыпщIыфынур. Ауэ, тхьэхэми, фэ тыншу къытлъывгъэсыфыну ажалми я пащхьэ ситу, сэ вжызоIэ: «Мыпхуэдизу я гур ифхауэ кIэзызу мыбдеж щыситIыр фэ нэхърэ куэдкIэ нэхъ лъапIэхэщ, гурэ псэкIи нэхъ лъагэхэщ. Мыхэр иджыпстуи зытешыныхьыр езыхэм я псэр аракъым, атIэ си гъащIэращ мыхэр щIэгузавэр. Нэхъ лъагэхэщ, фэ абыхэм хуэдэу зыри фIыуэ флъагъуфынукъыми, фи псэр зыми щхьэузыхь хуэфщIыфынукъыми. Фэ фыамазонкэ гущIэгъуншэхэщ! Фэ хэт къэфлъхуами ауи феплъыххэркъым! Дунейм къытехьа фи сабийр псэунуми лIэнуми унафэ тезыщIыхьыр амазонкэ нэхъыжьхэращ. Фэ фи зэхуэдэщ фи сабийм сыт хуэдэ унафэ хуащIми! Аращ фи ныбэм илъ сабийхэр къэвмылъху щIыкIэ щIэгъуэгри!

Егъэлеяуэ зыгуэр жысIамэ, къысхуэгъэгъу, ауэ мыхэр умыгъэпуд, «си къуэкIэ» укъызэджэу. Дадэ, нанэ! Фэ щхьэ зыри жывмыIэрэ?

Япэу лIыжьым зыкъищIэжри къэпсэлъащ:

– Зэ догуэт, си щIалэ! Сэ си гъащIэ псор схьащ быдапIэм дэс амазонкэ IэщэщIхэм фIамыщI яхуэсшэу. Си дунейм нэхугъэ закъуэу иIар уэращ. ТхьэкIумэ жьажьи, набгъэ дыди сыхъуащ. Арами, мы нобэрей борэнышхуэм, тхьэхэм я губжь илъэс тIощIым нэскIэ зызышыIауэ кърикIутыжам, сыпхыдэIукIмэ, иджыри зэхэсх хуэдэщ сабий гъы макъ…



4 Заказ №246

Сэ фIы дыдэу сощIэж а махуэр. Сыт щыгъуи хуэдэу, фIамыщI гулъэ быдапIэм дезгъэшауэ куэбжэшхуэм и щIыбкIэ сыщежьэрт си выгур яунэщIу къыдахужыным. Къанжэпс Iуфэм Iут мэз пхъэгулъей лъабжьэм сыздыщIэсым, зэшыгъуэм къыхэсхкIэ пхъэгулъ IэфIыр къэсщыпу щIэздащ. Си бгым зезгъэгъэпсэхуну сыкъыщыдэплъейм, си нэр хуэзащ псым кърихьэх жыг лъэдакъэжьым. Зи щхьэр пымытыж блэшхуэкIэ дакъэжьым тепхауэ, псым сабий кърихьэхырт, и нэкIу цIыкIум фIэкIа къыхэмыщу. ГъэщIэгъуэныр сабийр зэрымыгъырт. Блыным тет амазонкэхэм къалъагъумэ зэраукIынур къыгурыIуэ хуэдэт.

Жыг лъэдакъэр сызыIус псы Iуфэм къыщесылIэм, сыIэбэри къыхэсхащ. Сабийм цIыхубз IэщхьэпылъитI къешэкIат. СепIэщIэкIыу и «гущэпс» шынагъуэр стIатэри, си куэщIым илъ пхъэгулъым хэзгъэпщкIуащ. Дыгъэ пщтырым къигъэхуэба пхъэгулъым зэрыхэслъхьэу, сабийр, тхьэр зыкIэлъыплъ, и нэIэ зытригъэт гуэру къыщIэкIынти, занщIэу Iурихащ, зы макъи къимыгъэIуу. Абдеж къыщызгурыIуащ сабийр зэрымымэжалIэр – шэч хэлътэкъым анэ быдзышэ зигъэнщIыху зэригъуэтам.

Куэд дэмыкIыу си выгу нэщIри амазонкэхэм къыдахужащ быдапIэм. Псоми ялъагъуу, пхъэгулъ сшхыуэ, пхъэгулъ купкъыр къыжьэдэздзыжурэ, хуэму, сабийр къызэрызмыгъэушыным сыхуэсакъыурэ, выгум ситIысхьэжащ.

Унэм сыкъэсыжыхукIи укъэушакъым, си щIалэ. Сыкъэсыжри, Быцэ и IэплIэм уислъхьащ. Дэ дыбыныншэт, диIэнкIи Iэмал щыIэтэкъым. Абы и щхьэусыгъуэри, сыт хуэдизкIэ къызэмыхьэлъэкIми, жысIэжын хуейуэ къыщIэкIынщ, сыту жыпIэмэ псалъэм и пэр умыщIэу, и кIэри пщIэнукъыми.

Быцэ сэрэ дызэрыцIыкIурэ фIыуэ дызэрылъагъурт. Ди лъагъуныгъэм щыгъуазэт зэрыжылэу. ДызэрагъэкIуорт, псори гуапэу къытхуэхъуахъуэрт, къытхуэгуфIэрт. Дыкъэзылъхуахэри арэзыти, ди ныбжь щрикъум, дызэрагъэшэну унафэ къащтащ. Ауэ, хабзэм зебгъэкIуу, уасэ гуэри тын хуейти, сэ амазонкэхэм фIамыщI яхуэсшэу щIэздзащ, зыгуэр тIэкIу къэзлэжьын си мураду. Куэд мыщIэу быдапIэ дыхьэпIэр зыхъумэ амазонкэр къыскIэрыхъыжьащ. Ар хуейт къанжэ унэм сыкIуэу зыхуэзгъэзэну. Быцэ къищынэмыщIа нэгъуэщI бзылъхугъэ сыбгъэдыхьэн дэнэ къэна, ауи IэпэкIэ сытеIэбэну сэ слъэкIынутэкъым. Амазонкэ напэншэм хэкъузауэ щытригъэчыныхьым, си щIалэгъуэ-делэгъуэти, си Iуэхур зытетыр абы хуэсIуэтащ, Быцэрэ сэрэ ди гухэлъым и гугъу хуэсщIащ. Амазонкэ бзаджэр абы нэхъри къигъэгубжьащ, сигъэшынэн и гугъэу, зыгуэрхэр жиIэу щIидзащ. Апхуэдэу щыхъум, жесIащ, си ужь имыкIмэ, ди жылэм и кIэлъыплъакIуэ фызыжьым сызэрыхуэтхьэусыхэнур. Быцэ сэрэ ди зэхущытыкIэм а фызыжьыр щыгъуазэт, арэзыуи дызэригъашэрт. Ауэ, жысIа щхьэкIэ, сэ сыкIуакъым абы и деж. Си гугъащ амазонкэ бзаджэнаджэр си псалъэхэм ягъэшынэну. АрщхьэкIэ Iуэхур сэ си гугъэм къыщынакъым. Ди хьэгъуэлIыгъуэр дэкIри, зы тхьэмахуэ фIэкI унэм дыдэмысауэ, тIуащIэм хадапщIэ дыкIуащ Быцэрэ сэрэ. Амазонкэ ябгэм абдеж сыщиубыдри, Быцэ гъуэгыу къаплъэурэ,

сиубэрэжьащ икIи, зэи бын сымыгъуэтыжын хуэдэу, абы ныкъуэдыкъуагъэ хэсхащ.

Абы лъандэрэ идолъэфэкI ди гъащIэ насыпыншэр. Сэ Быцэ мызэ-мытIэу жесIат икIыжу нэгъуэщIым дэкIуэжыну, цIыхубз насыпым зыхимыгъэныжыну. Ауэ къысхуидакъым: «Ар сэ къысхуиIэ пэжыгъэм къыхэпха фэбжьщи, а насыпыншагъэр ди зэхуэдэщ. Сэ сикIыжу, жагъуэгъур уи нэщIыбагъкIэ къыпщыдыхьэшхыу укъэзгъэнэфынукъым», – жиIэри. Си Iэщхьэм игъэпщкIуауэ куэдрэ къесхьэкIащ щхъухь гуащIэ зи пэм щыхуа шабзэшэ, силъ сщIэжыну мурад сиIэу, ауэ амазонкэ угъурсызым зэи гъунэгъу зыкъысхуищIыртэкъым, жыжьэу къысщыдыхьэшх фIэкIа.

Силъ сымыщIэжари ди гуауэри тщыгъупщэжат, сабий дыгъэр тхьэхэм я IэмыркIэ къызэрытIэрыхьэу. Ар зеиншэу къэзмыгъэнэн щхьэкIэ, псори си гум тезгъэхуащ.

А псалъэхэм я ужькIэ лIыжьыр и щхьэгъусэм хуеплъэкIащ. Ар зыхуейр псалъэншэу къыгурыIуэри, Быцэ къэтэджщ, пхъуантэшхуэм IэщхьэпылъитI къыдихри Тхьэзэплъ хуишиящ:

– Си къуэ закъуэ! Мы цIыхубзыращ уэ укъэзылъхуауэ уи анэ дыдэр! Дэ утпIауэ аращ. ДыпсэуухукIи тхьэхэм фIыщIэ яхуэтщIынущ, уэ тыгъэу укъыдиту, адэ-анэ насыпышхуэр зэрызыхыдигъэщIам щхьэкIэ. Нэхъ бзылъхугъэ насыпыншэ дыдэу щыIэм и щытыкIэм сыкъипшри, анэ нэхъ насыпыфIэ дыдэм и пIэм сибгъэуващ уэ! Сэ анэу сыкъэплъытэмэ, анэм хуэфащэ пщIэ уи деж щызгъуэтыр пэжмэ, мы цIыхубзым апхуэдэу гущIэгъуншэу уемыпсалъэ, умыгъэпуд уи анэр! Махуэ къэс сыпщыгуфIыкIыу апхуэдиз илъэсхэр сэ щызгъакIуэм, уи анэ дыдэм гуIэ нэпсхэр щIигъэкIырт! Бгъэдыхьи IэплIэ ешэкI укъэзылъхуа, гъащIэ къозыта, быдз уригъафэу ажалым укъезыгъэла уи анэм. Ар нэгъуэщIым щIэлъэIуркъым, нэгъуэщIкIэ гугъэнуи Iэмал иIэкъым. Мы Iэщхьэпылъ щэкI кIапитIри бгъэлъапIэу упсэуухукIэ зехьэ, абыхэм къахъумащ уи псэ тIэкIур. Сэ, нэхъ Iейуэ ущысымаджэхэм деж, мыхэр птеспIэрти, абыхэм анэIэм, анэгум хуэдэу укъахъумэрт, нэхъыфI уащIыжырти, ужеижырт. Тхьэхэм анэгум и къарур халъхьауэ къыщIэкIынт мы щэкI кIапэхэм, фэ тIур зэпэIэщIэ фыщащIым. Си щIалэ, уемылъэпауэ анэгум! Уи анэм, и псэ емыблэжу, и къарум къихьыр къыпхуищIащ: гъэпщкIуауэ укъилъхуащ, узыукIыну амазонкэхэм уащихъумащ, быдз уригъэфащ, и Iэщхьэпылъхэр къыуишэкIащ, щIыIэм укъелын папщIэ. Апхуэдэ анэм пщIэшхуэ къелэжь!

– Сэ жысIэнуми фыкъедаIуэ, – жеIэ Дахэзилэ. – Зыхуэзгъазэу зыри жезмыIэфами, сэри сигукIэ Саусэ и пащхьэм илъэс тIощIым щIигъуауэ лъэгуажьэмыщхьэу ситщ, къысхуигъэгъуну селъэIуу. Сэрат Саусэ лъхуэхукIэ кIэлъыплъыну унафэ зыхуащIар. Ар зэкъуэхуауэ щымылъхуапхъэ щIыпIэ гуэрым щызэфIэкIмэ, и сабийм Iуплъэну е и бгъэм щIилъхьэну Iэмал имыгъуэт щIыкIэ, сабийр къыIэщIэсхыну е амазонкэ Iэзэхэм занщIэу хъыбар езгъэщIэну унафэ ткIий сиIэт. Гуэныхьышхуэ къэсхьын хуей хъуащ!

А махуэм, Саусэ гуэгуэныр къищтэу псынэмкIэ щигъэзам, зыми и гугъакъым абы и лъхуэгъуэр къэсауэ. Дыгъуасэ хуэдэм къеплъа

амазонкэ Iэзэхэм жаIат иджыри тхьэмахуищым щIигъукIэ Саусэ сабийр кърихьэкIыну. Псынэм нэсу, псы къригъэхъуауэ къыщигъэзэжым, ар блэзгъэкIыу, и ужь сиувэжын мурад сиIэу, лъагъуэбгъум къыщыкI тхьэрыкъуэф кIырым зыхэзгъэпщкIуат. Ауэ ар щызблэкI дыдэм лъэпэрапэри, гуэгуэныр и дамащхьэм къехуэхащ, псы инам хэхуэу. Сэри, псы фIейр къызиутхри, зэрыщыту сиуцIэпIащ. Саусэ тIэкIу зэрыIукIуэту, сышхыдэурэ псынэпсымкIэ зызгъэкъэбзэжащ, апщIондэхуи сыгуващ. Саусэ унэм кIуэжа си гугъэу згъэзэжри абы и пэшым сыщIэплъащ, «псыхьэ укъикIыжу слъэгъуати, псы щIыIэ сефэну сыкъыщIыхьат» жысIэу, ищIэр зэзгъэщIэну. ЗэрыщIэмысыр щыслъагъум, згъэзэжащ псыхьэ лъагъуэмкIэ, «зэрихабзэу, пыхьэу зы дурэш гуэр дэс хъунщ» жысIэри. Сылъыхъуэурэ, блыным игъэшу псыежэхым и нэпкъ лъагэм щыщхьэщыхьэм деж къыщызгъуэтащ. КъыщIэзгъуэтари, зэи зэхэзмыха макъ гуэр си тхьэкIумэм къиIуати аращ. Щэху сыщыбгъэдыхьэм къэслъэгъуащ мамыру и анэм и бгъэм щIэф сабийр. Сэ апхуэдизкIэ сыкъэуIэбжьати, адэкIэ злэжьахэр семыгупсысу, шынагъэм къыхэсхыу, сщIауэ аращ. Сабий цIынэр быдз езыгъэфа амазонкэхэм иращIэр сщIэжырти, мыбы и щIалагъэр щыслъагъум, делэ срихъуащ. СщIэрт щыри – сабийри, Сауси, сэри – дызэрызэдрагъэхьынур. Сэ сыкъызэрелыфыну щыIэр зы Iэмал закъуэт: Сауси сабийри абдеж щызукIыу, хьэдэхэр амазонкэхэм естыжамэт. Ауэ сэ ар схузэфIэкIынутэкъым. Сабий цIыкIум гъащIэ зэримыIэр сщIэрти, нэгъуэщI мыхъуми, езы Саусэ къезгъэлын си гугъэу, сабийм и лъакъуитIыр субыдри, быдапIэ блыным щхьэпрыздзу здзащ, абы зэрыщхьэпрылъэтри слъэгъуащ, макъышхуэ ищIу псым зэрыхэхуари зэхэсхащ.

Нобэр къыздэсым си нэгум щIэкIыркъым а теплъэгъуэр. Амазонкэ къэралыгъуэм и хабзэмкIэ къапщтэмэ, сэ щIэпхъаджагъэ злэжьат, Саусэ къезгъэлри. Ауэ, цIыху хабзэр скъутэу, сабийр зэрызукIам, сыт сымыщIэми, сигъэпсэуртэкъым, сигъэтыншыртэкъым. Иджы мы щIалэм соплъри, ар апхуэдизкIэ и адэмрэ и анэмрэ ещхьщи, шэч лъэпкъ къытепхьэ хъунукъым мыр а тIум яку дэлъа лъагъуныгъэшхуэм зэрибыным. Си дежкIэ гуфIэгъуэшхуэщ абы илъ хей зэрыстемылъыр! Ар зэрысIэщIэмыукIари, уэрэ сэрэ дыкъызэрелари хьэлэмэтлажьэщ, Саусэ. Инщ тхьэхэм я зэфIэкIыр! Ауэ нобэ сэ лъэгуажьэмыщхьэу сызыхуэувынур уэракъым, си ныбжьэгъу лъапIэ, атIэ зи щхьэр къетхъухауэ мыбдеж щыс зэлIзэфызырщ, уи сабийр пхуэзыхъумахэрщ. Апхуэдиз гугъуехьымрэ щыщIэныгъэмрэ хагъэтэджыкIыу, мыпхуэдэ лIыхъужь нэс зыпIыфахэм щхьэщэ ин яхуэсщIыну сыхуейщ!

– Сэри сыхьэзырщ абыхэм щхьэщэшхуэ яхуэсщIыну! – къэпсэлъащ Хурсани, сыт щыгъуи зэрихабзэу, псалъэ къэс зэпишэчу, жьэкIэ жиIэр и гум кърлиджыкIым хуэдэу. – Си зэранкIэ апхуэдиз гуауэ зылъэгъуахэм зыныфхуэзгъазэу, «къысхуэвгъэгъу» жысIэу сынывэлъэIуну сыхуейщ. ФымыгъэщIагъуэ! ИкъукIэ си жагъуэ мэхъу а Iуэху екIуэкIахэм сыхэтын хуей зэрыхъуар. Сынохъуэпсащ, Дахэзилэ, нетIэ «си Iэм лъы хей кIэрылъкъым» щыжыпIам. Сэ апхуэдэу жысIэну хуитыныгъэ лъэпкъ сиIэкъым… Си пIэ сивмыгъэкIыу

сывукIми, зысхъумэжу зызгъэхъеинукъым. Апхуэдизк1э егъэлеяуэ шыIэнығъэрэ гу былагъэрэ къысхалъхьащи, езым си IэкIэ си гур къистхъыжу фхуэсшиифынут, ауэ абыкIи си къуаншагъэр гъэзэкIуэжа хъунукъым. Саусэ, сэ иджыри мыгъущауэ стелъщ уи псэм хуэдэу плъэгъуа щIалэм и лъыр, стелъщ, Тхьэзэплъ, уи адэ зэикI умылъэгъуам и лъыр!

Зэгуэрым жэщыбгыфI иуауэ, сыкъагъэушри, амазонкэ хасэм щыщ фызыжьхэм унафэ къысхуащIат:

– Бийм и плъакIуэ-дэIуакIуэ ди къанжэ унэм зыщегъэпсэху. Ар пщэдджыжьыпэм дэкIыжынурэ гъуэгу къуаншэмкIэ екIуэкIыжынущ. Уэ блыным уздытетым, бийр пхуэзанщIэ зэрыхъуу, Уашхэ IуащхьэмкIэ мэзым къыщIэIукIынущ «бажэрэ уашхэрэ я зэрышх макъ». Бийм и дэIуакIуэм, нартхэм захигъэпшахъуэу, афэ щымыгъыу къекIухьри, псэущхьэ зэрызехьэхэм уахэуэ хуэдэу щIыи, уи шабзэшэр абы и гум техуэу еуэ, – жаIэри.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, сэ зэрыжаIа дыдэм хуэдэу псори згъэзэщIащ. Ауэ зэи сщыгъупщэжынукъым и къуэм и хьэдэр зышэжыну къэкIуа адэм и нитIыр…

Сэ тхьэхэм нэлат къызахащ: гущIэгъу лъэпкъ си гум къранакъым! Дахэзилэ, уэри Сауси гу лъыфтакъым тIуми фи ужь срагъэуvауэ, «ныбжьым хуэдэу» сызэритам. Сэри а къалэныр мыIейуэ згъэзэщIауэ къэплъытэ хъунущ, гу къыщыслъывмытакIэ. Псори си нэгу щIэкIащ сэ, Тхьэзэплъ дунейм къыщытехьа махуэм быдапIэ блыным и щIыбкIэ сыкъыкIэрысти. Си чэзур къэсыхуи Iуэхум сыныхэIэбакъым. ПщIэжрэ, Дахэзилэ, «сабийр лIауэ къалъхуат, мылъхуэсти, вагъэм щыщIэслъхьэжащ» щыжыпIам, ар зи фIэщ мыхъуу къоплъу щыта амазонкэхэм сазэрыхуилъар? Сэ Iуэхум сыныхэмыхьэурэ, фэ фщIэну псори фэзгъэщIащ, уеблэмэ сабийр быдапIэ блыным щыщхьэпрыбдзми. Ауэ ар псым хэмыхуэу, дакъэжь папцIэм фIэхуэнкIэ зэрыхъунур щыслъагъум, сабийм и насыпым къихьри, къэзубыдыфащ, асыхьэту зыздзри. И жьэ цIыкIумрэ и пэмрэ щызубыдыкIри псы архъуанэм зыхэзгъэхуащ. Псы щIагъкIэ нэпкъ лъагэм и лъабжьэм сесылIэри, псы Iуфэм Iут жыгышхуэм, зи лъабжьэ бацэр псым щIихам, и щIагъым зыщызгъэпщкIуащ. Абдеж сабийм бэуапIэ естащ. Гъыну и нэкIу цIыкIур щызэригъалъэхэм деж, псым щIэзгъэмбрыуэрт. Зытхухрэ апхуэдэу щысщIым, сабийр, ар фIэщхъугъуейми, шынэ хъуащ гъыну, псы щIыIэмкIи зипсыхьащ. А цIыкIунитIэм апхуэдизкIэ сыдихьэхати, схуэмыутIыпщыжыным хуэдэу сыхъуат. Ауэ сабий цIынабзэр псы щIыIэм куэдрэ щыпIыгъ хъунутэкъым, абы и щIыIужкIи, си хъуреягъкIэ блэ губжьахэми я щхьэр къыщаIэту щIадзат, язынхэз сыжьэхэуауэ къыщIэкIынти.

ДэIэпыкъуэгъу къэсщI хъун гуэр нэкIэ къыздэслъыхъуэм, къэслъэгъуащ мес мо фи жьэгу уэнжакъым адэкIэ щыфIэдза жыг лъабжьэ дыкъуакъуэр. Сабийр а жыг лъабжьэм тезгъэзагъэри, зи щхьэр пысча блэмкIэ теспхэжащ. Пхъэгулъ къищыпу псы Iуфэм Iут нартымкIэ хуэкIуэн хуэдэу сыхущIэрыуэри, псым ирихьэхыу сутIыпщащ, тхьэхэм селъэIуу: нартым сабийр къилъагъуну, гущIэгъу къыхуищIу къищтэну, сабийр къэгъыу, блыным тет амазон-

кэхэм зэхамыхыну… Пэж дыдэу, тхьэхэм яхузэфIэмыкI щыIэкъым! Ахэр ядоIэпыкъу гъащIэ зиIэм! Мы щIалэ цIыкIуми къыдэIэпыкъуащ! Сабийр выгумкIэ Iуашу мэзым щIыхьэжыху, слъагъур згъэщIагъуэу сакIэлъыплъащ. Си гуапэ хъуащ а жыг лъабжьэр зэрыфхъумари, ар, хъарзынэу, сэ жысIэхэм щыхьэт техъуэнущ. Ауэ уи адэр зэрымыщIэкIэ зэрысIэщIэукIар сэ зэикI зыхуэзгъэгъужыфынукъым…

– «Мэзытхьэ и тыгъэщ» жыфIэу мы жыг лъабжьэжьыр щIызефхьэр иджыщ къыщызгурыIуар, – жеIэ Тхьэзэплъ.

Иджыри зэ а жыг лъабжьэжьым еплъыжри, щIалэр амазонкищым ябгъэдыхьащ:

– Фэ щыми, сэ сыкъевгъэлын папщIэ, фи псэ фемыблэжу, фэ езыхэр фыхэкIуэдэнкIэ зэрыхъунум фемыгупсысу, фхузэфIэкI влэжьащ. СоукIытэж апхуэдизу цIыху мыгъасэу сыкъызэрыщIэкIам щхьэкIэ. Сэ иджыри къэс си гугъакъым амазонкэхэм апхуэдэ цIыхуфIхэр, цIыху пэжхэр, псэ хьэлэл зиIэхэр яхэту. Тхьэхэм я хьэтыркIэ, къысхуэвгъэгъу! Уэри, апхуэдиз хьэзабым хэту сыкъэзылъхуа си анэ дыщэ, плъэкIмэ, къысхуэгъэгъу! Уи гум сеуащ, пхуэмыфащэ бжесIэри. Ауэ апхуэдэ щIыкIэкIэ сэ схъумэну сыхэтауэ аращ иджыри къэс сызыпIа, анэу слъытэу щыта, дунейм сытетыхункIи анэкIэ сызэджэну цIыхубзыр. Иджы мы дунейм зы нарти теткъым сэр нэхърэ нэхъ къулейуэ, сыту жыпIэмэ зы анэкъым, анитIкъым, атIэ аниплI сиIэщи!



А псалъэхэм я ужькIэ, гъыуэ щыс Быцэ бгъэдохьэри и нэпсхэр хуелъэщI, IэплIэкIэ къещтэри Саусэ бгъэдехьэ, егъэтIысри, езыри абыхэм я кум дотIысхьэж. И анитIми IэплIэ яришэкIауэ щысщ зы зэманкIэ. ИужькIэ Хурсанэрэ Дахэзилэрэ ябгъэдохьэри я пащхьэм лъэгуажьэмыщхьэу йоувэ. Ауэ амазонкэхэр къоIэбэри Тхьэзэплъ къызэфIагъэувэж, щыми зызэракъузылIэри IэплIэ зэхуащI.

* * *

Дунейкъутэж уэлбанэр зэуэзэпсэу, къызэрыщхьэщыхьам ещхьыркъабзэу, щхьэщыкIри увыIэжащ. ХьэщIэхэр унэм къыщIэкIри ягъэщIагъуэу еплъащ уафэм и къабзагъым. Ауэ щIылъэм и теплъэр щIагъуэтэкъым. Бгы зэхуакухэм, мывэшхуэ лъабжьэхэм мыл Iэтэхэр щызэтелът. Нэр пIэпихыу щхъуэкIэплъыкIэу зэщIэгъэгъэауэ щыта хъупIэ-мэкъупIэхэр къыпхуэцIыхужынутэкъым. Псыдзэ кIуапIэ уэххэм дэлът зи лъабжьэхэр къадэкIуэу жьымрэ псымрэ къратхъа жыгыжьхэр. Нышэдибэ шыхэм я ныбэгум къыщIэмыуэу къызэрыкIа аузыпсым апхуэдизкIэ зыкъиIэтат, зиубгъуати, узэпрыкIыжынкIэ Iэмал лъэпкъ иIэтэкъым.

Хурсанэ, псым хэплъа нэужь, хэгъэрейхэм яжреIэ:

– Махуэ зытIущкIэ дыфхуэхьэщIэну къыщIэкIынщ. Мы псым уикIын папщIэ Iуащхьэмахуэ лъапэ нэс удэкIуеин хуейщ, абыи зэману апхуэдиз дыдэ текIуэдэнущ.

Хурсанэ и псалъэхэм псори щыгуфIыкIащ.

Куэд дэмыкIыу шэджагъуэнэужь дыгъэр къызэщIэплъэщ, уэ

хьэдзэхэр псынщIэу игъэткIужри, щIыIэтыIэ къэхъуауэ щыта дунейр къигъэхуэбжащ, щIым бахъэр къыхихуу. Апхуэдиз къару дыгъэм къызыкъуихауэ щыплъагъукIэ къыбгуроIуэ пасэрейхэм дыгъэр я Тхьэу щIыщытар.

– Аращ-тIэ, дапхуэдизкIэ борэныр мыятэми, дыгъэм зыри пэлъэщынукъым! ИкIэм-икIэжым текIуэныгъэр абы лъос, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ абы къихьыр нэхущи, хуабагъэщи, гъащIэщи! Мис аращ анэгур зэбгъэщхь хъунур! Фи къэралыгъуэшхуэм текIуэфыну щыIэр фэ флъагъу мыхъу, фэ лейуэ къэфлъыта лъагъуныгъэмрэ анэм и быным хуиIэ зыхэщIэу фэ вгъэкIуэдыну фызыхэтымрэщ...

Быцэ, зэрихьэлу, и макъым зримыгъэIэту жиIахэм псори хигъэгупсысыхьащ…

Куэд дэмыкIыу бзылъхугъэхэм Iэнэ къыщаухуащ кIыщ бжэIупэм. Мэзытхьи, Амыщи, Тхьэгъэлэджи ехъуэхъуа нэужь, гуфIэгъуэ ефэешхэм щIадзащ. Псом хуэмыдэу Саусэт нобэ зи гуфIэгъуэшхуэр – зэ Сет лIыжьым, зэ Быцэ IэплIэ яхуещI, зыщимыгъэнщIу йоплъ и къуэм. ГуфIэгъуэ нэпсым и нэхэр ягъэгъущыркъым…

Абдеж къалъагъу псы адрыщIкIэ джабэм къежэх шу гупыр. Шухэр гуфIэу, зэрыгъэкIийуэ, Iэ къащIу къожэ. Абыхэм жыжьаплъэу къалъэгъуат амазонкэ кIуэдахэм яшхэр. Дыщэнэ, гузавэу, нэрыбгеищым я лъыхъуакIуэ кър∗игъэжьа гупт ар. Саусэ сымэ лажьэ зэрамыIэр къалъэгъуащи, нобэрей дунейкъутэжым ахэр къелыну зи мыгугъахэр иджы мэгуфIэ.

Хурсанэ сымэ, мыдрей нэпкъ лъагэм тету, я лъыхъуакIуэхэм гурагъэIуащ, фIамыщI яхуэзышэ лIыжьым и къуэ Тхьэзэплъ и фIыгъэкIэ, хъыджэбзищыр уэм къызэрелари, псы къиуар зэрытIысыжу, быдапIэм зэрыкIуэжынури. Адрейхэм жаIащ псынщIэу ягъэзэжу Дыщэнэ гуфIапщIэ къыIахыну зэрамурадыр.

Хурсанэ, Саусэ и къуэр къызэригъуэтыжам щыгуфIыкIыу, жиIащ:

– Мис иджы махуэ зытIущ фиIэщ, зыри зэран къыфхуэмыхъуу, фызэрылъагъуну, гу зэщыфхуэну.

Апхуэдэу жиIами, ар ящIогупсыс зэанэзэкъуэм: «Дауэ хъуну я Iуэхур адэкIэ? Гу къылъамытэу, зэхуэзэфыну пIэрэ ахэр дяпэкIэ?»

ПщIантIэм дэт жьэгум жэщ псом бгъэдэсащ тхьэхэм апхуэдизу зэрапха псиплIыр. ЖаIэни ягъуэташ! Быцэрэ Сетрэ я щIалэм и сабиигъуэм и гугъу ящIырт. Сауси щIэчэ имыIэу лIыжь-фызыжьым япкърыупщIыхьырт, щIалэр хэт и быдзышэ ефами, хэт гъукIэ IэщIагъэм хуригъэджами… И къуэм и Iэзагъэр игъэщIагъуэурэ, зэпиплъыхьырт абы и IэдакъэщIэкI Iэмэпсымэхэр. Хурсанэрэ Дахэзилэрэ гъуэлъыжа щхьэкIэ, жейм емызэгъыу, благъэ зэхуэхъуахэм адэкIэ я Iуэху зэрыхъунум егупсысу хэлът.

ЕтIуанэ махуэм, шэджагъуэ нэблэгъауэ, псори апхуэдизу зыщIэгупсыс Iуэхум и хэкIыпIэр наIуэ къэхъуащ. Псы адрыщIымкIэ къыщалъагъу шу гупышхуэ къахуэкIуэу, езы Дыщэнэ я пашэу. А амазонкищыр уэм ихьатэмэ, езыр зыхэхуэну хьэзабыр фIыуэ къыгурыIуэрти, Iуэхур зыIутыр и нэкIэ зримыгъэлъагъумэ, игу мызагъэу къежьауэ арат ар. Псым и кум нэс щхьэщыхьэ къыр кIапэм

тету, Саусэрэ и гъусэхэмрэ Дыщэнэ хуиту епсэлъащ. ЖраIэжащ, щэкIуэным дихьэхати, бгы къуагъым къыкъуэкI борэныр зэрамылъагъуххар, уафэм къеухыу къакIэщIэзэрыхьа ажалым гъукIэ щIалэм и фIыгъэкIэ къызэрелар.

Дунейкъутэж уэлбанэм кърикIуахэр зылъагъу Дыщэнэ къыгуроIуэ уасэ зимыIэ мы амазонкэхэм я щхьэри, езым и щхьэри а щIалэм и фIыгъэкIэ къызэрелар. Куэдрэ мыгупсысэу, абы жеIэ:

– Псы Iуфэм фыIуту Бгъэжь Iуащхьэ лъапэ нэс фехи, абы щыIэ хъушэхэм нэхъ хэплъыхьауэ къахэфху щIалэм къригъэла амазонкэ къэс хуэзэу жэмищэ, вищэ, мэлищэрэ щэ ныкъуэрэ, шищэрэ щэ ныкъуэрэ. Абыхэм япэрыт Iэщыхъуэхэри, якIэлъыплъ гъэрхэри къыдэфхуеи, мы щIалэм си тыгъэу IэщIэфлъхьэ. Нобэ щыщIэдзауэ дэ плIым ар дэлъху зэрытщIыр жефIэ. ЩреIыгъ и Iэщыр ди хъупIэ курыххэм. Сэ а псор Щхьэгуащэ езгъэдэну фыкъызогъэгугъэ. ЦIыху щитху нэхърэ мынэхъ мащIэу жылэ зэхурешэси, и унафэм щIрегъэувэ. Дэ дыгушхуауэ, зыкIи дымыгузавэу дыкъэкIуэнщ абы и деж хьэщIапIэ. Тхьэзэплъей къуажэм къыдэтIысхьэну гупыж зыщIхэм зыкIи зэран фахуэмыхъу! Хуит фщIы я хьэпшыпхэр яIыгъыну, ди хъушэу зыхуэзэхэм, цIыху къэс хуэзэу, зы жэм зэщIэс, зыш, мэл блырыбл къыщащтэну. СхужефIэж зимыхъунщIэу а тыгъэ тIэкIур тIихыну. Дэ куэдрэ ди дэлъхум деж лъагъунлъагъу дыкъэкIуэнущи, абы, мыгузавэу, мыукIытэу, иIэн хуейщ дызэригъэхьэщIэн мылъку.

Ахэр жиIэри Дыщэнэ ежьэжащ, и жумартыгъэр зэрагъэщIэгъуам ирипагэу.



Апхуэдэ насыпыр я фIэщ мыхъупэурэ, Хурсанэрэ Дахэзилэрэ епIэщIэкIыу загъэхьэзыр, Бгъэжь Iуащхьэ лъапэ кIуэну. Ауэ Саусэ здащтэн ядэркъым. Пэжым ухуеймэ, езыри къытричыщэртэкъым, и къуэр къигъанэу, Iэщ къиихуну кIуэну…

И ныбжьэгъухэр иригъэжьа нэужь, Саусэ лIыжь-фызыжьым IэплIэ яхуищIащ. Ауэ дяпэкIэ ахэр зыри хуэмыныкъуэу, къулейуэ зэрыпсэунур зэражриIэну щIыкIэр къыхуэщIэркъым. «Зэуэ бей зэрыхъуар зэхахмэ, я гум хуэмышэчыну пIэрэ?» жиIэу мэгузавэ.

– Си псэм хуэдэхэ! – къригъэжьащ абы хуэму. – ГъащIэм и тхьэшхуэ Хутенэ и IэмыркIэ ди гъащIэхэр быдэу зэпха хъуащ, зыми зэкъуимычыжыфыну. Сэ езым, амазонкэ быдапIэм зи ади зи ани зымыцIыхуу щалъхуам, щапIам, зыри хэсщIыкIыртэкъым фэ фхуэдэу гу къабзэрэ гу хьэлэлрэ зиIэ цIыху дунейм зэрытетым. СщIакъым цIыхур апхуэдэу жумарту, пэжу, гущIэгъулыуэ щытыфыну. Иджы зыхэсщIэу щIидза къудейщ цIыхум фIы хуэпщIэныр зэрынасыпыр, зэрыгуфIэгъуэр. Пэж дыдэщ Тхьэзэплъ жиIауэ щытар: цIыху гъащIэм и фIыпIэм щыщ куэд амазонкэхэм къазэрыгурымыIуэр. Сыту жыпIэмэ, амазонкэ гъащIэм и гупсэри зыхуэгъэпсари гущIэгъуншагъэщи, залымыгъэщи. Дахагъэрэ фIагъыу цIыхум хэлъ псори абы IэщIыб ирегъэщI. Дэ щыми фыкъызэрытпегъуэкIам, вдэтлъэгъуа хьэлэлагъым, хьэщIагъэу къыдэфхам къагъэлъагъуэ гуапагъэрэ гъэсэнытъэу фэ фхэлъыр. Амазонкэхэм я зэранкIэ вгъэва хьэзабым щхьэкIэ нэмыплъ къыдэвмыту, а псор зэрыфхузэфIэкIам сэ си пащхьэм фэ тхьэпэлъытэу фыщеIэт. Сэ сыхуейкъым фызгъэ-

шынэну, губжьрэ лъагъумыхъунығъэу амазонкэхэм яхувиIэм хэзгъэхъуэну. Мы дунейр мыкъутэжу щыIэн щхьэкIэ, абы щызэгъусэн хуейуэ къыщIэкIынщ, жэщымрэ махуэмрэ зэрызэдэщIыгъум хуэдэу, фIымрэ Iеймрэ, нэхумрэ кIыфIыгъэмрэ, гущIэгъуншагъэмрэ гу щабагъэмрэ, пэжымрэ пцIымрэ. Дэри ар зэтхъуэкIыну къару диIэкъым. АтIэми, дэри фIы гуэр къызэрыдгъэщIыфынур къэсщIащ, фи фIыгъэкIэ. Сэ къызгуроIуэ фэ гугъуехьу вгъэвар фщызыгъэгъупщэн, лейуэ къыфтехьар зыгъэзэхуэжын мылъкурэ былымрэ зэрыщымыIэр, атIэми, фи къуэм срианэу зэрыщытыр къафщтэрэ сэри абы и гъащIэм сыхэIэбэну хуитыныгъэ къызэфтмэ, ди пашэ Дыщэнэ и унафэр дгъэзащIэу, тыгъэ гуэрхэр фи унагъуэм къитлъхьэну хуит дыкъэфщI. Абы тыгъэ къыфхуещI Iэщ хъушэ гуэрхэр, ахэр зыгъэхъуну, зезыхьэну Iэхъуэхэри гъэрхэри я гъусэжу. Тыгъэм дэщIыгъущ Iэщхэр щыфIыгъыну хъупIэхэри, амазонкэ къэралыгъуэм ихъумэхэм ящыщу. Абы къищынэмыщIауэ, Тхьэзэплъ дэлъху къытхуещI, дыпсэухукIэ зэрыдгъэпэжынумкIи псалъэ къывет. Сэращ афэщI нэхъ Iэзэ дыдэу быдапIэм дэсыр. Амазонкэхэм я пашэ Дыщэнэ и дзыхь нэхъ зригъэзри сэращ. Апхуэдэ дыдэу къысхущытщ Дыщэнэ хуэдэ къалэгуащэхэм сращхьэжу сызыгъэува Щхьэгуащи. Лъэгуажьэмыщхьэу сынывольэIу – хьэуэ, сыкъэвгъэтэджыжыну фыхэмыт, сэ жысIэнур сымыухауэ сыкъызэфIэувэнукъым! – хуит сыфщI мы фи гъащIэ хьэлъэр, зымащIэкIэ нэхъ мыхъуми, вдэзгъэпсынщIэну! Фи дуней тетыкIэм фэ апхуэдизкIэ лъагэ фищIащи, си дежкIэ фытхьэпэлъытэщ. Мы дунейм сытетыхукIэ сыфхуэхъуэхъуэнущ, тхьэхэм сыфхуелъэIунущ. Хъунумэ, си лъэIумкIэ сывмыгъэщIэхъу!

– Iэгъу! Тхьэзэплъ фэ фи дэлъхукъым, фи къуэщ!.. – къопсалъэ Сет, Iэнкун къэхъуауэ. – Уэ абы урианэщи, сыт щыгъуи анэу укъэнэжынущ. Ауэ ар дызэдищэхущи, амазонкэхэм къамыщIэу, тхьэхэм ар къыддрахъумэ! Дэри иджы дызэрыгушхуэну, дызэрыгуфIэну диIэр ди къуэм и закъуэкъым, нэхъ цIэрыIуэрэ нэхъ дахэ дыдэу дунейм тет бзылъхугъищри пхъу тхуэхъуащ! Ди жьыщхьэ насыпышхуэ къыдэхъулIащ: унагъуэшхуэ дыхъуащ! Ауэ, си хъыджэбз цIыкIу, дэ дыкъызэрыплъагъущи, дыкъызэрыгуэкIщ, мылъку лей, мылъку зехьэней дыхуэныкъуэкъым. Мэл зыбгъупщI, зыш, витI, жэм зэщIэс диIэщ, абы нэхърэ нэхъыбэр лейщ. Ауэ, а псори зэрылейр сщIэ пэтми, бжызоIэ: узэрегуакIуэу щIы! Уи къуэм хуэпщIэнумкIэ ухуитщ, абы ди унафэ хэтлъхьэнукъым, ауэ, а жыхуэпIахэр хэмытми, дэ апхуэдэу дытхьэмыщкIэкъым, мы фи унэм фыкъихьэжмэ шыгъупIастэ ивмыгъуэтэн хуэдэу. ХъугъуэфIыгъуэкIэ фыдмыгъэфIэфми, диIэ мащIэр IэфIщ, пщIэнтIэпс хьэлэлкIэ къэдлэжьащи. Былымым нэхърэ нэхъ лъапIэу дэ дызыщыгуфIыкIыр дяпэкIэ нэхъ щIэх-щIэхыурэ фызэрытлъагъунурщ.

... А зэманым ирихьэлIэу амазонкэ зэныбжьэгъуитIыр Бгъэжь Iуащхьэ пIащIэу хуэжэрт, аузым и псыхъуэ Iуфэр яIыгъыу. Гъуэгу зэрытехьэрэ жаIа щIагъуэ щымыIэу, щхьэж и гупсысэ хэтыжу кIуэрт ахэр, ауэ Iэщ бу макъхэр зэхах щыхъум, шууитIыр псынэпс Iуфэм Iут кхъужьей жьауэм щIыхьэри епсыхащ, шыхэр псы

ирагъэфэну, езыхэми тIэкIу загъэпсэхуну.

– Дахэзилэ, – кърегъажьэ Хурсанэ, – дыкъызэралъхуу IэщакIуагъэм дыхуагъасэурэ гъащIэм и пэжыпIэр, и мыхьэнэр тщагъэгъупщэну зэрахузэфIэкIым гу лъыпта? АпхуэдизкIэ дызыхуэмей куэд ди щхьэм къракуэри, зэман къыпхуэнэркъым нэгъуэщI зыгуэрхэм уегупсысыну, уи акъылым зебгъэужьыну. ЛIэщIыгъуэ куэд хъуауэ дэ дохъумэ ди щэхухэри ди хабзэхэри, ди нэм къыфIэнэр ди къэралым къетлъэфалIэу, абы лъэгущIэтын зыхуэтщIу, псори дгъэшынэрэ дгъэгуIэу. Амазонкэхэм зетхьэ залымыгъэмрэ гущIэгъуншагъэмрэ апхуэдизкIэ десэжащи, ар пэжу къытщыхъуу допсэу, дэгу-нэф зытщIауэ. Апхуэдэукъым, Дахэзилэ, гъащIэр зэрыщытын хуейр! Еплъыт мы лIыжь-фызыжьым цIыхугъэрэ пэжагъыу яхэлъым! Лейрэ гугъуехьу абыхэм якIэлъызетхьам яукIыфакъым а тIум яку дэлъ лъагъуныгъэр. Унагъуэ насыпыфIэу зэдэпсэуащ, апхуэдэ щIалэ къагъэхъуфащ, ягъэсэфащ! Сэ, пэж дыдэу, зыри сыхуэныкъуэкъым, зыми сыщышынэркъым, къыспэлъэщын гуэри нобэр къыздэсым сыIущIакъым, ауэ софыгъуэ цIыху жыгъейуэ, мыхьэнэншэу къытщыхъухэм я насыпым! Сыт ар къызыхэкIыр?! КъызыхэкIыр мырауэ си гугъэщ: тыншщ абыхэм хуэдэу дунейм утетыну, лъагъуныгъэр, пэжагъыр, цIыхугъэр пхъумэу, зызэщIэбгъакъуэу, гуфIэгъуэри гуIэгъуэри, узри фэбжьри зэдэбгуэшу... ЦIыхубзым унагъуэ иIэн зэрыхуейри абы хэтыжщ…

– Хурсанэ, сыт мы жыпIэхэр зищIысыр?! Уи псэр бужэгъужауэ ара? Уэрэ сэрэ, амазонкэхэр зэрызэджэжым хуэдэу, «дызэшыпхъу» къудейкъым. Дэ быдэу гъащIэм дызэрипхащ. Ауэ хэт зыщIэр зэман къакIуэм къытхуихьынур? ГъащIэм цIыхухэр зэришалIэм и мызакъуэу, я гъуэгухэр зэпэжыжьэу щызэблихи къохъу. Уэ фIыуэ ущыгъуазэщ дэ ди хабзэхэм. Зыгуэрым и щэху тIуэтэну дыхуэмейми, амазонкэм и гум щигъэпщкIур къызэредгъэIуэтэф Iэмалхэр диIэщ: е пщIыхьым хэту, е фIыуэ ирагъэфауэ, е щхъуэ гуэрхэр ирахьэлIауэ, е уIэгъэу Iуэщхъуу. Уэ ущымыгъуазэу ара дэтхэнэ зы амазонкэри зэгупсысыр Дыщэнэ зэрищIэм? Абы ещIэ хэт хэт и гъусэу жэщхэр игъакIуэми. Пщыгъупщэжауэ ара, тIасхъэщIэх щыIа уIэгъэм и деж щыщIыхьэкIэ, псори дыкъызэрыщIахур, абы езым имыщIэжу къиIуэщхъухэм едэIуэн щхьэкIэ? Уэ-тIэ, сыт апхуэдизу умыгупсысэу, умысакъыу уи гъащIэр си IэмыщIэ къыщIиплъхьэр? Сумыгъэшынэ! ШыIэныгъэ лъэпкъ уимыIэжу ара? Сэ куэд щIауэ гу лъызотэ уэ гуитIщхьитIу узэрыщытым. Ауэ сыт дэ тIум ди къарум къихьыфынури тхузэфIэкIынури! Саусэ и къуэ Тхьэзэплъ мышынэжу къыджиIэфащ амазонкэхэр дызищIысыр, ар зыпIаитIым дригъапщэурэ. Ахэр фIым и нэхущ, дэ ем дрикIыфIыгъэщ! Сэ куэд щIащ къызэрызгурыIуэрэ цIыхубзым унагъуэ иIэн зэрыхуейр. Дэ сыт щыгъуи къыджаIэ зэпытщ цIыхухъур зэикI IэщакIуэ тэмэм мыхъуну, акъылкIи ахэр къыткIэрыхуу. Ар пцIыщ. Ахэри дэ дэщхьу цIыхухэщ, ауэ бзаджагъэкIэ дэ датокIуэ, я хьэлкIэ ахэр дэр нэхърэ нэхъ щабэхэщ, нэхъ дзыхэхэщ, еджэныгъэми тыншу пхудегъэхьэхыркъым. Уэри уощIэ: абыхэми IэщакIуэ Iэрыхуэ куэд къахокI. Уигу къэгъэкIыжыт чынтхэр, лIыгъэрэ хахуагъэу абыхэм яхэлъам

и инагъыр. Дэ абыхэм дазэрытекIуар бзаджагъэрэ хьилагъэкIэщ. ПщIэжыркъэ ди амазонкэхэм укIытэгъуэрэ напэншагъэу чынт лIыкIуэхэм кIэлъызэрахьар? Чынт зауэлIхэр куэдкIэ нэхъ цIыху гъэсахэу зэрыщытыр, я щхьэми, хамэми пщIэ зэрыхуащIыр зэрагъэбелджылар плъэгъуакъэ? Я пщIэр ямыгъэлъахъшэу, загъазэу чынтхэр щыIукIыжам, сэ сытым хуэдэу сыукIытат! Абыхэм я къэралышхуэр, шэч хэлъкъым, дэ нэхърэ нэхъ щхьэхуиту, нэхъ насыпыфIэу зэрыпсэум, фIыр, пэжагъыр, лъагъуныгъэр сакъыу зэрахъумэм, я сабийхэр гу къабзагъым, дахагъэм зэрыщIапIыкIым. Ауэ дэ сыт ди Iэмал?! Дызыхуэтхьэусыхэжын къудейм ажал шынагъуэ пылъщ.

– Укъэмыхашэ, Дахэзилэ! Дыгъэгупсысэ. Iэмал зимыIэ щыIэкъым. Сэ сыт щыгъуи зыхызощIэ уэрэ сэрэ дэтхэнэ Iуэхуми зэхуэдэу дызэреплъыр, ди акъыл зэрызэтехуэр. Дэ щхьитIкIэ дыгупсысэ щхьэкIэ, унафэ зы жьэкIэ дощI, зыгу дыкъипсэлъыкI фIэкIа умыщIэну.

– Сауси гъусэ тхуэхъуамэ, ари Iэджэ и уасэт, – жи Дахэзилэ.

– Хьэуэ, мы зэкIэ Саусэ и щхьэм кърикIуа псом къыхэмыкIауэ, ахэр акъылкIэ зэригъэзахуэу и пIэ иримыгъэувэжауэ, и гугъу думыгъэщI. ДрещIыгъу и къуэм, гу щрехуэ. Абы иджыри къыпэщылъщ и IэщIагъэмрэ Дыщэнэ деж щиIэ пщIэмрэ зы лъэныкъуэкIэ игъэуву, адреймкIэ дэ псори дигъэуву, къытхэдэну.

– Шэч лъэпкъ къытумыхьэ, Хурсанэ, и къуэмрэ дэрэщ Саусэ къыхихынур!

– Дауэ мыхъуми, абы и Тхьэзэплъ, пэж дыдэу, тхьэхэм я нэIэ зытетщ, армыхъумэ сыт хуэдиз псэзэпылъхьэпIэ къикIа ар щысабийм! Ауэ сытми зэрымыщIэкIэ къэхъуу, апхуэдиз ехъулIэкIэ щыIэ?

– Псом хуэмыдэу, сэ сабийр бжыхьым щыщхьэпрыздзам, ар уэ, жьым ухэту улъатэу, къыщыбубыдам, мыгъыу егбгъасэу, пхъэм тепхауэ Сет щебгъэсылIам щыгъуэ... ЗэрымыщIэкIэ къэхъуа хуэшэныгъэу абы къехъулIар телъыджащэкъэ-тIэ?! – нэбгъузкIэ къыхуеплъэкIыурэ погуфIыкI Дахэзилэ.

– Дауэрэ мыхъуами, сэ а щIалэм срищIыхуэлыщ. Сэращ абы и адэр зыIэщIэкIуэдар!

– Абы нэгъуэщI хэкIыпIэ иIэт? ЗэрымыщIэкIэ ар уэ пIэщIэмыукIами, Саусэрэ Хьэтыкъуэрэ я гъащIэр езыхэр зэрыхуейуэ хъунут? Зэдагъэпсэунут а тIур, я сабийр зэдапIыжу? Щыгъэт иджы, Хурсанэ! Тхьэхэм щхьэж и натIэ къызэрыритхам хуэдэу псори къэхъуащ. Уэ зыми уигъэкъуаншэркъым! Псори дызэришэлIэжащ гъащIэр зи Iэмыр Хутенэ тхьэшхуэм. Абы и зэфIэкIкIэ дэри ажалым дыкъелащ, зэанэзэкъуэри зэрыгъуэтыжащ, Дыщэни телъхьэ къищIри, уафэм къахуридзыхам хуэдэу, мылъкуи къаритащ. Мылъку уиIэныр насып машIэкъым! Пэжщ, дэ щым Тхьэзэплъ и унагъуэр дгъэмэжэлIэнутэкъым, дыкъызэрелам хуэкIуэ саугъэт гуэрхэри тхуетынут, ауэ иджыпсту къылъыса мылъкум ар пэхъунутэкъым. Дэ ар дэлъху тщIами, адрей амазонкэхэм абыкIэ щыхъума хъунутэкъым. Иджы а щIалэм иIэнущ жылэшхуи, хъупIи, Iэщи, амазонкэхэм я нэIи тетынущ, ауэ псом ящхьэжращи – Тхьэзэплъ хуитынысгъэ игъуэтащ. АдэкIэ мурад гуэрхэр ищIу, ахэри хуэм-хуэмурэ

зригъэхъулIэфынущ.

– Езым куэд хузэфIэмыкIми, и ужь къиувэнухэм гъуэгу пэжыр яхуигъэнэхуэфынущ.

ЗэныбжьэгъуитIыр, зыри жамыIэу, зэплъыжщ, я Iэр зэхуашийщ, зэрагъэкъузщ, тэджхэщ, шэсыжри я гъуэгу теувэжащ. Абыхэм IуэхуфI куэд я пщэ дэлът: жэщ къатемыхъуэу, Iэщыхъуэхэм я деж нэсу унафэр Iэрагъэхьэну, Iэщ узыншэхэр къыхэзыхыфынрэ жыхуаIа щIыпIэм ахэр нэзыхусыфынрэ къагъуэтыну. Абы и ужькIэ, нарт жылэхэр къызэхакIухьурэ, Тхьэзэплъ деж Iэпхъуэну мурад зыщIа унагъащIэ ныбжьыщIэхэм я нэIэ трагъэтын хуейт. ЖылэщIэр здэтIысыну щIыпIэр къыхэхынри тынштэкъым: мыпсыдзэ кIуапIэу, бгым къех мывэхэр къалъэмыIэсу, мыдыгъэмыхъуэу, жьыпэууэ, псырэ мэзрэ пэгъунэгъуу, унагъуэ Iэщыр щыхъуэкIуэн хъупIэрэ хадэхэкI щыхащIэнрэ иIэу, гъавэ щIапIэ губгъуэхэр, жыг хадэхэр, мэкъупIэхэр пэмыжыжьащэу. Апхуэдиз лэжьыгъэм мазэ ихьынут, ауэ зи гугъэ дахэхэм дамэ къызытрагъэкIа амазонкэхэр яужь ихьащ Iуэхур псынщIэу зэфIагъэкIыну.

МыдэкIэ Саусэ и къуэм бгъэдэсщ, зыщимыгъэнщIыжу. И анэгум щихъума, щызэхуихьэса хуабагъэ псори и къуэм иритынут абы. IущIауэ куэдрэ щыта псышхуэр, и IущIапIэр зэуэ Iуиуду къызэриум хуэдэу, «къиуат» Саусэ и анэгум щихъума лъагъуныгъэри гумащIагъэри.

Хурсанэ сымэ щежьа пщэдджыжьым Саусэ и къуэр кIыщым щIишэри и пащхьэм иригъэтIысхьащ. ЩIалэм и Iэр и Iэгум ирилъхьэри щабэу Iэ дилъэурэ, Саусэ и къуэм хуиIуэтащ быдапIэм езым щищIэ Iуэхухэри амазонкэ къэралыгъуэм дежкIэ абы и лэжьыгъэм мыхьэнэуэ иIэри.

ЩIалэ Iущ набдзэгубдзаплъэм занщIэу къыгурыIуащ амазонкэхэм я щэху инми, абыхэм я тIасхъапIэми гъунэгъу зэрыхуэхъуар. Абы дэщIыгъууи зыхищIащ а тIасхъапIэми щэхуми езымрэ и анэмрэ зы бэлыхьлажьэ къахухэкIынкIэ зэрыхъунури...

– Си анэ, – жеIэ Тхьэзэплъ, и анэр гуапэу зрикъузылIэурэ, – уи мыгугъэ сэ сыцIыху делэу, сымыхьэнэншэу. Сэ фIы дыдэу къызгурыIуащ уи псалъэхэм къарыкIыр. Хьэтхэр е нартхэр зэрыщыту IэщэкIэ зэщIэузэдэным си гъащIэр тезбгъэухуэну ара уэ узыхуейр?

– Хьэуэ, си щIалэ, абы щыгъуэм псори зэрыупщIэтэжынущ, а Iэщэми насыпыншагъэ фIэкIа къихьынукъым. Сэ сызыхуейр сэшхуэ лантIэ куэд адыгэхэм яхуэпщIынырщ. Куэд дэмыкIыу абыхэм амазонкэ къэралыгъуэр зэхакъутэфынущ, илъэс куэдкIэ зыхэпсэукIын щIэинышхуи зыIэрагъэхьэфынущ. ИужькIи я щIыналъэм унафэ щащIыжу илъэс минкIэ исынухэщ, бий куэдым зыщахъумэфу! Дзэрэ узэрызэуэн Iэщэрэ уимыIэу гугъущ упсэунуи, бийм утекIуэнуи. Иджырей хьэтхэр ди зэманым къыщIэсар ди лъэкIыныгъэм адрей лъэпкъхэр иджыри къызэрыщышынэрщ. Ауэ ди амазонкэ къэралыгъуэри япэм зэрыщыта дыдэуи лъэщыжкъым. Амазонкэхэр Iейуэ зэкIэщIэпхъа хъуащ, я унафэм щIагъэт икIи яхъумэ лъэпкъхэм къару ягъуэтащ. Уэ иджыпсту езы хьэтхэм я деж уи къэрал цIыкIу къы-

щызэбгъэпэщыну Iэмал бгъуэтащи, уи цIыхухэр лъэпкъ щхьэхуэ пэлъытэу гъасэ, адыгэкIэ, зэкъуэшкIэ еджэ, зы адэм къызэрытекIар ящIэжу щытын папщIэ. Уи адыгэхэм Iэщэ шынагъуэр яIэщIэлъхьэ, щэху цIыкIуурэ, усакъыурэ гъасэ IэщакIуэхэу, шууейхэу, зауэлI хабзэр ткIийуэ зэрахьэу. Дэ щыри дыбдэIэпыкъунущ, тлъэкI къэдмыгъанэу. Сэ сощIэ си ныбжьэгъуитIми амазонкэ къэралыгъуэр ялъагъу зэрымыхъур.

Мы зэман къытхуэнэжам сэ уезгъэсэн хуейщ сэшхуэ лантIэр уи IэкIэ пщIыфу. АдэкIэ, дыпсэумэ, хуэмурэ уэдгъэщIэнщ амазонкэхэр дызэрагъасэм и щэху псори. Шыхэр, хьэхэр, бгъэхэр зэрагъасэм и щэхухэми щыгъуазэ утщIынщ.

... Тхьэзэплъ къыипхъуатэрт анэм и дэтхэнэ псалъэри. Дэкъузауэ ягъэпсэуа нарт унагъуэм щапIами, зи щхьэ пщIэ хуэзыщIыж дэтхэнэ зы цIыхухъуми хуэдэу, абы илъагъу хъуртэкъым амазонкэхэр. Сет лIыжьми, зыри жимыIэ щхьэкIэ, сыт щыгъуи и нитIым щIэплъагъуэрт амазонкэхэм яхуиIэ, ауэ ибзыщI лъагъумыхъуныгъэ иныр. Амазонкэхэм фэбжь зрадза, яIэщIэукIа лажьэншэхэм я хъыбар зэпымыууэ зэхэпхыу, абыхэм я зэранкIэ нартхэм ягъэв хьэзабыр плъагъуу, дауэт абыхэм фIыуэ, гуапэу уазэрыхущытынур? Жылэхэм якIэлъыплъ амазонкэ фызыжьхэм зымащIэкIэ зыгуэр ягу иримыхьамэ, абыхэм лъапсэрыхыу къазэрытеуэр куэдрэ я нэгу щIэкIырт. ЛIэщIыгъуэкIэрэ екIуэкIырт нартхэм кIэлъызэрахьэ лейр: ягъэпщылIырт, зэтраукIэрт. Езы амазонкэхэм я псэукIэм гуапагъи, гущIэгъуи, щысхьи хэлътэкъыми, зыщымысхьыжыххэр нартхэрат.

Псоми яужэгъуат амазонкэхэм я бжьым щIэтыныр. ЦIыхухэр хуиту бэуэну, я IэщIагъэм, щIэныгъэм, щэнхабзэм зрагъэужьыну лъэкIыныгъэ яIэтэкъым. МащIи и куэдауэ зы лъэпкъ гуэрым и щхьэр тIэкIу къызэриIэту, амазонкэхэм занщIэу къагъуэтырт ар зэрагъэпудын, хьэзаб зэрытралъхьэн щхьэусыгъуэ, зэтраукIэни тIэу еплъынутэкъым. Апхуэдэхэм е я гъунэгъу лъэпкъхэр ираущтырт, е езыхэм загъасэ хуэдэурэ джэгуурэ телъадэрти зэтраукIэрт. КIэщIу жыпIэмэ, дунейм къэрал лъэщу тетахэм игъащIэ лъандэрэ къадекIуэкI узыфэр – щыкIыным къиихьыр – амазонкэхэми къайфыкIырт.

Тхьэзэплъ и анэм щIыгъуу махуэ зытIущкIэ кIыщым щIэта нэужь сэшхуэ лантIэ зэращIым и щэхури жырым и адрей щэху куэди  къищIащ. ГъущIыр щагъавэкIэ къагъэсэбэп гынхэр зэрагъэхьэзырым, ахэр къызэрагъэсэбэпым пыщIа щэху куэдми щыгъуазэ хъуащ. Саусэ зэпымыууэ и гугъу ищIырт хьэхэр, бгъэхэр зэрагъасэм, цIыхум и теплъэр ефIэкIуэн, и зэфIэкIым хэхъуэн щхьэкIэ зэрыбгъашэ хъуну ныбжьыщIэхэр къызэрыхахым, шы лъэпкъыфI зэбгъэпэщын папщIэ Iэмал имыIэу ищIэн хуейхэм.

Куэдрэ къытригъэзэжурэ Саусэ и къуэм гуригъаIуэрт сыт щыгъуи сакъын зэрыхуейр. Псалъэм папщIэ, ар и къуэм елъэIуащ къазхэр и унэм нэхъ пэIэщIэу щиIыгъыну, къаз Iусым хапщэ хабзэ гъущI хъуахуэхэр дзыхь зыхуищI цIыхум фIэкIа иримытыну. И анэм зэрыжиIэм хуэдэу ищIмэ, ар нэхъ шынагъуэншэт. А псом нэмыщIкIи, Саусэ Тхьэзэплъ унафэ хуещI афэ щIыкIэм хуригъэджэн  цIыхубз IэпщIэлъапщIэ гупи зэрызэригъэпэщыным егупсысыну.

Анэм и псалъэхэм здедаIуэм, езы Тхьэзэплъи зихъуэжырт. Ар иджы нэгъуэщI цIыхут, кууэ гупсысэу, псори зэригъэзахуэу. И гъащIэм мыхьэнэшхуэ иIэ зэрыхъуамрэ хузэфIэкIынухэм я куэдагъымрэ абы и щхьэр лъагэу къаригъэIэтат, лIым хуэфэщэн мурадрэ гугъэ нэсрэ зэриIэм къигъэгушхуат. Анэр гуфIэу кIэлъыплъырт и къуэм, и лъэпкъым и хуитыныгъэм, и къэкIуэну насыпым щIэбэныфын лIы ерыщ ар хъуэ зэрыщIидзам гушхуэныгъэ къыхилъхьэрт.

* * *

Псы къиуар етIысэхыжу и пIэ щиувэжар тхьэмахуэ дэкIауэщ. Шу гуп гъусэ ищIри, Дыщэнэ ежьащ, Саусэ сымэ я Iуэху зыIутыр зригъэщIэн, дэлъху къыхуэхъуа щIалэр зригъэлъагъун мурад иIэу. Чынт шылэ шэтырхэр хуейм деж щагъэуври, Дыщэнэ и гупыр жэщищ-махуищкIэ щыхьэщIащ фIамыщIкъэтIым и унагъуэм.

ЛIыжь-фызыжьым Дыщэнэ саугъэту къахуихьащ щыгъын лъапIэхэр, шухьэмрэ шылэмрэ къыхэщIыкIауэ, дыщэ уагъэкIэ хэдыкIауэ. Тхьэзэплъ иритащ зауэлIыр зыхуеину псори, зыри къыхуэмыту: шы-уанэ зэтелъ, жыр афэ зэфIэт, чынт джатэ, и къур пыл дзэпэфIанэм благъуащхьэ теплъэу къыхэбзыкIауэ, и сэбгъуми Iэзэу благъуэ сурэт къыхэуIукIауэ.

И пэжагъымкIэ, гуапэу зэрыщытымкIэ, и теплъэ уардэмкIэ Тхьэзэплъ Дыщэнэ игу ирихьащ. Апхуэдэ дэлъхур, зыкIи утемыукIытыхьу, лъагэу пIэт, бгъэлъапIэ зэрыхъунур гуапэ щыхъуауэ, куэдрэ абы еуэршэрылIащ. ЩIалэм и щытыкIэмрэ и теплъэмрэ нэгъуэщI зыгуэру щытамэ, Дыщэнэ и гулъытэ къылъысыну къыщIэкIынтэкъым. Шыпхъу хабзэу, Тхьэзэплъ IэплIэ иришэкIщ, и нэкIум ба хуищIри, илъэгъуамкIэ и гур зэгъауэ, Дыщэнэ ежьэжащ.

Дыщэнэ фIамыщIкъэтIым и унагъуэм щыщыхьэщIа зэманым къриубыдэу Тхьэзэплърэ абырэ тепсэлъыхьащ жылэр щытIысыну щIыпIэм. ШыукIыкъуэ дыхьэпIэм щыщIэдзауэ Лэгъупышхуэ уэхым нэс хъупIэу яIыгъыну хуит къищIащ Дыщэнэ, гъавэ щIапIэхэри, мэзхэри, мэкъупIэхэри щымысхьыжу къаритащ. А щIыналъэр апхуэдизкIэ инти, хэбгъэзыхьмэ, зы къэрал цIыкIу ихуэнут. Тхьэзэплъ игъэтIыс жылэхэр быдапIэ блын лъагэкIэ къригъэбыдэкIыну хуиттэкъым, Iэщыр щагъэхъуну щIыпIэхэмрэ гъавэ щIапIэхэмрэ пэгъунэгъуу щытын хуейт. Дыщэнэ Тхьэзэплъ хуит ищIащ зызэрихъумэжын дзэ, IэщакIуэ шу щитху хъууэ, иIыгъыну, ауэ, амазонкэхэр къеджэмэ, ахэр щыхуей щIыпIэм занщIэу къыщыхутэн къалэныр яIэу.

Саусэ, дуней гуфIэгъуэр иIэрэ зэрыгуфIэщар игъэпщкIуу, едаIуэрт Дыщэнэ. Абы гукIэ къибжырт: шу щитху къэзыгъэшэсыфыну жылэхэм цIыху минитху нэс дэсын хуейщи, ахэр пэж дыдэу зы къэралыгъуэ цIыкIу ирокъу. Унагъуэ мин фIэкI мыхъу жылэр бгъэпсэун папщIэ мылъкушхуэ уиIэн хуейщ. УиIэн хуейщ Iэмэпсымэхэр къызыхэпщIыкIын гъущIрэ гъуаплъэрэ. КIэщIу жыпIэмэ, къэралым иIэн хуей псори зэбгъэпэщын хуейт.

Дыщэнэ апхуэдизу жумарт щIэхъуам езым и фейдэи хэлът. Я къэралыгъуэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ амазонкэ лъэрызехьищ къезыгъэла нарт щIалэм тыгъэ лъапIэхэр хуищIкIэрэ, абы зэрихуэр къэрал Iуэхут. Дыщэнэ и нэгу къыхущIэгъэхьэртэкъым Саусэ хэкIуэдамэ, абы кърикIуэнкIэ хъуну щытахэр. Ар зэхащIыкIащ амазонкэхэм я Хасэшхуэми езы Щхьэгуащи, икIи зыкъыщIагъэкъуащ. Псоми зэдэарэзыуэ къыжаIащ Дыщэнэ и быдапIэмрэ абы нэхъ гъунэгъуу къедза КIунэ и быдапIэмрэ я зэхуакум зыми имыхъумэ щIыналъэшхуэ зэрыдэлъыр. Иужьрей чынт къытеуэгъуэм къигъэлъэгъуащ къэралыгъуэм и щIыпIэ пхыдзахэр пхъумэн папщIэ нарт шу гуп зыбжанэ, Iэщэ бэлыхь яIэщIэмылъми, жыIэщIэхэу, я къалэнхэр егугъуу ягъэзащIэу, къызэгъэпэщын зэрыхуейр. «Къуэш зэхуэхъуныгъэ» нэрылъагъу гъэлъэгъуэныгъэхэр ирагъэкIуэкIкIэрэ, амазонкэхэм нартхэм нэхъ гъунэгъу зыхуащIырт, я хуитыныгъэм зрагъэубгъурт.

Амазонкэхэм а я мурадыр къехъулIэнымкIэ къалэн нэхъ ин дыдэр зи пщэ къыдэхуэр абыхэм дэлъху ящIа нарт щIалэ Тхьэзэплът. Хурсанэрэ Дахэзилэрэ жэщ-махуэ ямыIэу, епсыхи еши ямыщIэу къалъыхъуэрт унэгъащIэхэу Тхьэзэплъ и жылэм Iэпхъуэну гупыж зыщIахэр. Апхуэдэ унагъуэхэр куэдыкIейт. Псоми яужэгъуат амазонкэ фызыжь кIэлъыплъакIуэу нарт жылэхэм дэсхэр. Адэ-анэхэм хуит къащIа ныбжьыщIэхэр ежьэрт гуп-гупурэ, гъуэгум зыщыхуэзэ амазонкэ хъушэхэм зыхуей былымыр къыхахуу. Куэд дэмыкIыуи жылэщIэхэм, нэхущым щыщIэдзауэ жэщ хъуху, щыIуу щIадзащ джыдауэ, уадауэ макъхэм. УнэгъащIэхэм хуаубзыхуа лъапсэхэм зыкъыщаIэтырт унэщIэхэм я чы-бжэгъу блынхэм. Щхьэ тралъхьа нэужь унэщIэхэр цIыхубзхэм зэщIаежырти, къыздаша арджэнхэмкIэ, фэхэмкIэ, упщIэхэмкIэ, унэлъащIэхэмкIэ, хьэкъущыкъухэмкIэ зэрагъэпэщырт, щIэтIысхьэжхэрти Iугъуэ щагъэурт.

КъызыхэIэпхъукIа унагъуэхэри щIэмычэу къакIэлъыкIуэрт, хэт унэлъащIэ, хэт джэдкъурт, джэджьей щIэсу, хэт хьэ, хэт джэду, хэти хьэкъущыкъу къыхуашэрт. КъакIэлъыгъуэза адэ-анэхэм ящыщу зыри ежьэжыртэкъым Сетрэ Быцэрэ зыкъыхуамыгъазэу, я быныр анэмэт къыхуащIу, абыхэм я унафэм къыщIамыгъэувэу. Жыгеишхуэм и жьауэм щIэс Сет цIыхур хузэблэкI зэпытт, и чэнджэщрэ и псалъэ Iущрэ хуэныкъуэхэу. Зыри хуэмыныкъуэхэри гъунэжу къыхуэкIуэрт, адэ пэлъытэ яхуэхъуати, езыхэм я нэхъыжь зыхуэзэшхэр япэIэщIэти. Быци, зэшыну хущIыхьэгъуэ кърамыту, унэгуащэщIэ нысащIэхэр хузэблэжырт, ахэри хуэныкъуэт псэукIэм тезыгъэгушхуэн чэнджэщи нанэм и псалъэ щаби… ЛIыжьфызыжьым я деж псоми щагъуэтырт гуапагъэрэ зэхэщIыкIрэ, ущиерэ щытхъурэ.

Амазонкэхэм, я гъэтIылъыгъэхэм къыхахри, гъавэ шхыныпхъэрэ ясэн жылапхъэрэ къратати, губгъуэхэр бжьыхьэвэу зэравэным хуагъэхьэзыру ягъэкъабзэрт, псыIэрышэхэр ирашалIэрт. Iуэхур Iэпэдэгъэлэл щIыныр зи хьэлхэм Тхьэзэплъ яхуэткIийт, зи гур етауэ, хьэлэлу лажьэхэм запэщIигъакъуэрт. Псоми ялъагъурт абы

акъылышхуэ зэриIэр, пэжыгъэшхуэкIэ цIыхухэм зэрахэтыр. Зэман кIэщIкIэ Тхьэзэплъ и цIыху псори иригъэсащ пщIэ къыхуащIу, и жыIэ тIу ямыщIу. Унэ зыщI гупым хэтынухэми, Iэщым щIымахуэр щрахыну псэуалъэхэр зыщIынухэми, мэз еуэнухэми, Iэщым, IэщIэвыщIэм пэрытынухэми – псоми къалэн пыухыкIа яIэт. Хуитыныгъэ ягъуэтам жылэдэсхэр нэгъуэщI зыгуэр ищIат, мылъкукIи зыхуеинухэр къаIэрыхьати, я гуфIэгъуэт. Псэемыблэжу, зы лIым хуэдэу зэкъуэту, зэрыIыгъхэу хущIэкъурт гъащIэщIэр зэрагъэбыдэным. Лэжьыгъэшхуэм къыдэкIуэу, IэщакIуэным зэрызыхуагъэасэри зэпагъэуртэкъым. Амазонкэхэм я гъэсэкIэхэри къагъэсэбэпырт, нэхъыжьхэм шууеигъэм зэрыхуагъасэ Iэмалхэри зыщагъэгъупщэртэкъым. Шу щитхум къалэн нэхъыщхьэу яIэр я зэфIэкIымрэ Iэзагъэмрэ хагъэхъуэныр арат. ЩIэщIхэм щыплъыр нарт щIалэхэми щытхъу яIэ хъуат. Абыхэм я сакъыныгъэр мызэ-мытIэу амазонкэхэм къапщыта нэужь, ягу зэгъауэ, Дыщэнэ ягъэгуфIат. Езы щIэщIхэм я бжыгъэри, Тхьэзэплъ и щIалэхэм я фIыгъэкIэ, щыкIэ нэхъыбэ хъуат.

Зэман дэкIри, Тхьэзэплъ и жылищми я псэукIэр, тхьэм узэрелъэIуну, тэмэму зэтеуващ. ЦIыхухъухэр гъэ псом жэщхэсу губгъуэм итти, унагъуэм щихьэжхэр бжьыхьэ кIасэут, чэзууэрэ Iэщым кIэлъыплъыным къиищынэмыщIа, нэгъуэщI къалэнышхуэ я пщэ дэмылъу. Абы къыхэкIыу, сабийуэ къалъхур гъэмахуэкIэ мазэу техуэрти, Сетрэ Быщэрэ, жей ямыIэжу, гугъу ирагъэхьырт, сабийхэм фIащыну цIэр яхуримыкъуу.

Зэгуэрым, зэрахабзэу, щIэщIхэм я лэжьыгъэр къапщытэн мурадкIэ дэкIат зэныбжьэгъуищыр. Хурсанэ и нэр бзаджэу щIиукъуанцIэурэ и гъусэхэм захуегъазэ:

– Ярэби, мы Тхьэзэплъ и зэфIэкIхэм амазонкэхэр тIэкIу имыгъэгупсысэу пIэрэ? Си фIэщ хъункъым абыхэм а псор ягу ирихьу. ИджыпстукIэ ди щIэщыгъуэми, си гугъэщ мы къэрал цIыкIур ухуэным дэри зыдедгъэхьэхыIуауэ. Зы илъэс щэ ныкъуэкIэ Тхьэзэплъ, зэрыригъэжьам хуэдэурэ екIуэкIмэ, иухуэфынущ къэралыгъуэ лъэщ. Ахэр амазонкэхэм къапэувыжыныр шынагъуэщ. Абыхэм адрей нартхэр къакъуэувэмэ, къаруушхуэ ягъуэтынщи, ди къэралыгъуэр япэлъэщыжынкъым. Апхуэдэ гупсысэм хуэкIуэнкIэ хъунущ ди унафэщIхэри езы нартхэри. Абы къыхэкIыуи дысакъын хуейщ, Саусэ щэхуу зэлэжьхэм лъэныкъуитIыми гу лъамытэн щхьэкIэ.

Ар щызэхихым, Саусэ шыр къыжьэдикъуэри и ныбжьэгъуитIым еплъащ.

– Абы ди Iуэху хэлъкъым, ар езы Саусэ зэригъэзэхуэжынщ, – жеIэ Дахэзилэ. – Дэ, Iэмалыншэ хъумэ, дыхэIэбэну дыхуиту аркъудейщ. Иджыри къэс щытщибзыщIыфакIэ, нартхэми ар къазэрыримыгъэщIэн акъыл къыылъыкъуэкIынщ Саусэ.

– Мы дунейм теткъым фэ къэвмытIэщIын щэху. Нэсри къэсыжауэ фыуд дыдэщ фэ! – и щхьэ хужиIэж щIыкIэу, щэху дыдэу жиIащ зи фэр шэхум хуэдэу пыкIа Саусэ.

– Уэри укъыткIэрыхущэркъым. Дэ тлъагъуркъэ быдапIэм дэсхэр къызэрыпхущытыр? Уд дыдэм зэрыхущытым хуэдэущ, – жиIащ

апхуэдэ дыдэу щэхуу Хурсани. – Дэракъым уи щэхур зымыбзыщIыфар, атIэ уэ укъэзыухъуреихьхэращ.

– Дэ сыт щыгъуи тщIэуэ щытар зыщ: уэр фIэкIа зыми хуэфащэкъым апхуэдэпщIэ, – къыщIегъу Дахэзилэ. – АфэщIхэми дыщэкIхэми яхэткъым уэр нэхърэ нэхъ Iэзэ.

ГъуэгурыкIуэхэр къопсых. МэкъупIэм и кум ит пхъэгулъей закъуэм и жьауэм Хурсанэ и щIакIуэр щеубгъури, йотIысэххэр.

– Псори тезыгъэгупсысыкIын, Тхьэзэплъ и Iуэхухэр къафIэмыIуэхужу ящызыгъэгъупщэн зыгуэр къэгупсысын хуейщ, – жеIэ Хурсанэ.

– Ар зэрымытыншыр уэри къыбгуроIуэж, Хурсанэ. Ауэ апхуэдэу щыжыпIакIэ, уэ шэч хэмылъу, зыгуэр къэбгупсысащи, еуэ, зыкъэумыс.

– Пэжщ, щыIэщ зы гупсысэ, – щэху зыкъещI Хурсанэ. – Ауэ ар икъукIэ дысакъыу длэжьын хуей Iуэхущ. КIэщIу жыпIэмэ, Щхьэгуащэ хищым и адрыщI алыджхэм я деж зекIуэ ешэжьэн хуейщ, къэгъэIулауэ!

Дахэзилэрэ Саусэрэ къоскIэ.

– Дауэ?! – ину къэпсэлъащ Дахэзилэ. – Абы папщIэ кхъухь куэд уиIэн хуейщ, цIыху мин щэ ныкъуэ ирашэжьэфыну.

– Ахын Iуфэ Iус амазонкэхэм яIэщ кхъухь, зы мин пщыкIутху зэрыхуэн. Кхъухь щIыным щIэгъэхуэбжьауэ йолэжь Аттикэри. Ар егъэлеяуэ къэрал къулейщ. НэгъуэщI алыдж лъэпкъхэу алыджхэм я хым и хъуреягъым къепщIэкIахэми я мащIэкъым кхъухь. Ахэр зэрыпсэур нэгъуэщI лъэпкъхэм дащI сатурщ, нэхъыбэу зэрызекIуэхэри хы гъуэгущ. Ди амазонкэхэр зыкъом щIауэ зекIуэ ежьакъым, ди быдапIэхэм дэгъуэтыхьыным нэсащ, куэд мыщIэуи замыгъэхъеижыфу пшэр дэхъухьынухэщ. Дэ, япэщIыкIэ лъэсу дежьэу, хы Iуфэм нэс дыкIуэ хъунущ, зэбгрыдзауэ къыIуна хьэт къалэхэм деблагъэу. Абы дынэсмэ, адэкIэ тщIэнум и унафэр абдеж щытщIынщ. Фегупсысыт апхуэдэ зекIуэм ди хъеру хэлъым: япэрауэ, куэду дыщэ къэтшэнущ; етIуанэрауэ, къалэхэм пэгъунэгъуу амазонкэ быдапIэхэр щыдухуэнущ, ари Крит къыщыщIэдзауэ, езы Аттикэ дыдэми щыдухуэнущ. Ди амазонкэхэр къыщыднэнущ италийхэмрэ этрусхэмрэ я деж. Нэхъыбэр мыбы къанэми, цIыху куэд хэдгъэщIыфынущ. Амазонкэ къэралыгъуэм и гъунапкъэхэм зедгъэубгъуху, ар нэхъ тIасхъэ, нэхъ хъумэгъуей хъунущ.

– Мысырым и къалэшхуэхэу КIадэшрэ Хьэлэбэрэ зыщумыгъэгъупщэт, – жеIэ Дахэзилэ. – Абыхэм щыпсэу хьэтхэм дагурыIуэфынущ тыншу. Дзэм и нэхъыбапIэр абыхэм къахуэбгъанэ хъунущ. Ди анэжьхэр абыкIэщ къыздикIауэ жыхуаIэр.

– Хьэуэ, сщыгъупщауэ аракъым я гугъу щIэзмыщIар. Абыхэм яIэкъым кхъухькIэ зэгъэпэща хылIхэр, Ахын Iуфэ Iус амазонкэхэм хуэдэу. Кхъухьхэм езэуэну зэрыпэщIэувэн къаруи яIэкъым. Дауэрэ тщIыми, е Аттикэм, е фракийхэм, е лыдийхэм я кхъухьхэр зыIэщIэдмыгъэхьэу хъунукъым. Ди хьэтхэм алыдж лъэпкъхэр къахуодзэлашхэ, а псори дэ ди бийщ. Псом хуэмыдэжу фракийхэмрэ



5 Заказ №246

дорийхэмрэ, иужьрей зэманым къарууфӀэ хъуахэу, ди хэкужьым къина хьэтхэр къагъэгузавэ. Езы Аттикэ дыдэми, къуэкӀыпӀэмкӀэ зыкъигъазэрэ къебгъэрыкӀуэмэ, ди хьэтхэм къулейсызыгъэшхуэ къахилъхьэфынущ. Аращи, бий лъэрызехьэ ди мащӀэкъым. Абыхэм зэ фӀыуэ дахэлъэщыхьатэмэ, ди лъэпкъэгъухэм сэбэпышхуэ дахуэхъуфынут.

– Иджыблагъэ ди хьэщӀа чынтхэм дахуеблагъэ щӀэмыхъунур сыт, Хурсанэ? Щхьэусыгъуэ хъарзыни диӀэщ, я щӀыхуэ тӀэкӀуи ттелъщ. Ди амазонкэхэм зэуэнкӀэ замыгъэнщӀауэ зауэр иухащ.

– Уи фӀэщ щӀы, Дахэзилэ, дэ зетхьэ бзаджагъэхэм чынтхэм щӀэх дыдэ Ӏэмал къызэрыхуагъуэтыфынур. Абыхэм я бжыгъэр зэрыкуэдри зыщумыгъэгъупщэ. ДатеуэкӀэ, абыхэм фӀыгъуэ куэд къазэрыпыдмыхынур тщӀапхъэщ. Дэ дыщӀытекӀуар ди щӀыпӀэ дисыжу зытхъумэжырти аращ. Ауэ чынтхэм я хэкум укӀуэу апхуэдэ бийм зыпэщӀэпсэныр дзыхьщӀыгъуэджэщ икӀи псэзэпылъхьэпӀэщ. Нэхъ губзыгъагъэр узытекӀуэну къыпщыхъу бийм уебгъэрыкӀуэнырщ.

Сэ сызэреплъымкӀэ, зекӀуэ дыщежьэкӀэ, уэрэ сэрэ ди унафэм къыщӀагъэувэнущ амазонкэу мин зырыз, нэхъыбэкӀэ я дзыхь къыдагъэзыну къыщӀэкӀынкъым. Ауэ дыкъыщыкӀуэжынум ирихьэлӀэу зи унафэм мин пщӀырыпщӀ щӀэтыну дзэпщ дыхъуну сыщогугъ. Дэ тӀур амазонкэ къэралыгъуэм и ӀэщакӀуэ нэхъ цӀэрыӀуэ дыдэхэм ящыщ дыхъун, ди шыпхъухэм я пщӀэ къэдлэжьын хуейщ, я дзыхь къыдагъэзын хуэдэу. Ар, дауи, Ӏуэху тыншкъым. Ауэ дэ зыр адрейм демыижу, дызэдэӀэпыкъужу дыщытынущи, абыкӀэ псом нэхърэ дынэхъ лъэщынущ, ди зэфӀэкӀри нэхъыбэнущ. Ди къалэн нэхъыщхьэр – дыпсэууэ къэдгъэзэжу, Тхьэзэплъ и Ӏуэхур дэдгъэпсынщӀэнырщ, мы зекӀуэм и фӀыгъэкӀэ амазонкэ къэралыгъуэм и пщӀэрэ и щытхъурэ къэдлэжьауэ. Аращи, дысакъыурэ, фӀыуэ дыгупсысэурэ, ди къэралыгъуэм и дзэр зекӀуэ жыжьэ зэретшэжьэнум яужь дихьапхъэщ. Си гугъэщ мы Ӏуэхур куэдым къыддаӀыгъыну, сыт щхьэкӀэ жыпӀэмэ «зекӀуэ» щыжаӀэкӀэ амазонкэхэр псом япэу зэгупсысыр цӀыхухъу щӀэщыгъуэхэм зэрахуэзэнур аращ.

– Абы теухуауэ жытӀэнщи, дэ амазонкэ куэд диӀэщ цӀыхухъу хуэмыныкъуащэу, къанжэ унэми мыкӀуэжу, лъхуэн Ӏуэхуи зэрамыхуэжу. Ахэр цӀыху зэкӀуэкӀахэрщ, хъуми бзыми ящымыщхэу, тӀурытӀ защӀауэ зэдэпсэухэу, – жеӀэ Дахэзилэ. – А узыфэм кӀуэ пэтми нэхъ зеубгъу, уз зэрыщӀалэм хуэдэу. Ари зекӀуэр нэхъ мащӀэ зэрыхъуам и щыхьэтщ.

– ГурыӀуэгъуэкъэ апхуэдэ къэралыгъуэм и кӀуэдыжыгъуэр къызэрысар? Сыт хуэдэ акъыл, узыншагъэ абыхэм уазэрыщыгугъынур?! Хъунукъым бгъэпсэу апхуэдэхэр! Аращ дэ, тлъэкӀ къэдмыгъанэу, а къэралыгъуэм дыпэщӀэувэн щӀыхуейр. Тхьэзэплъ и жылэщӀэхэр псэукӀэщӀэм, насып нэсым я щапхъэу щытынущи, дэ цӀыхухэм едгъэлъагъунущ апхуэдэ псэукӀэр зэрынэхъыфӀыр.

– Си шыпхъушхуэхэ! – къэпсэлъащ иджыри къэскӀэ зыри жызымыӀа Саусэ. – Насыпышхуэщ фэ фхуэдэ шыпхъу уиӀэну! Сэ си гугъат ди къэралыгъуэм и Ӏэщэ щӀыкӀэм и щэхухэр нартхэм

зэраIэрыхьэу, амазонкэ дунейр занщIэу зэтекъутэжыну. Иджыпстущ къыщызгурыIуар амазонкэ къэралыгъуэр къэбгъэтIэсхъэн къудейм сыт хуэдиз гугъуехь пылъми! Сыту Iущыгъэшхуэ хэлъу фыгупсысэрэ! Сыту къару лъэщ хэлъ фи акъылым! Иужьрей зэманым Тхьэзэплъ и къэрал цIыкIум сытешыныхьу щIэздзат, «амазонкэхэм мыбы гугъу здрагъэхьыныр яужэгъурэ ахэр зэрызэтраукIэн щхьэусыгъуэ къагъуэтмэ» жысIэу.

– Саусэ, дэ тIум ди псэр гугъэфIхэм хуэзыгъэушари, ди акъыл мащIэр Iуэхушхуэхэм щIэгупсысыф зыщIари, цIыху гъащIэм мыхьэнэ гуэр зэриIэр къыдэзыгъэщIари, дызэрыгъуэзэн вагъуэ нэхур дэзыгъэлъэгъуари фэ зэанэзэкъуэращ! Фэр мыхъуамэ, дэри ди гъащIэр мыхьэнэншэу, гугъапи плъапIи димыIэу щытынут, ди гум зишхыхьыж фIэкIа, зыри тхузэфIэмыкIыу. Зэгуэпымрэ зыри зэрытлъэмыкIымрэ дихьыжынут. Ди жьэр зэтетхыу дызэхуэтхьэусыхэжыну дытемыгушхуэу ди гъащIэр тхьынут, адэкIэ дыпсэуми дыхэкIуадэми ди зэхуэдэу. Долъагъу Тхьэзэплъ и жылэхэм насыпрэ гуфIэгъуэу дэлъыр, абыхэм я гъащIэр быдапIэм щекIуэкI гъащIэм фIыуэ къызэрыщхьэщыкIыр. Сэ слъэгъуащ ахэр зэгурыIуэ-зэдэIуэжу зэрызэдэпсэур. А жылэхэм дэсхэр хуейкъым къанжэ унэхэм екIуэлIэну, амазонкэ фызыжьхэр кIэлъыплъакIуэу яIэну. Ахэр ирогуфIэ акъылышхуэ зыбгъэдэлъ унафэщI жыджэр зэраIэм, я нэхъыжь Iущхэр къазэрыщхьэщытым. Сэ къэсщIащ цIыхухъур нэхъ зэрыакъылыфIэри сыт хуэдэ Iуэху зэхэзэрыхьари кIуэрыкIуэм тету зэрызэфIигъэкIыфынури. ЦIыхубзым и бзаджагъэм, и хьилагъэм сыт хуэдизкIэ дримыпагэми, ар зэи текIуэнукъым цIыхухъу акъылым. Абыхэм гурыIуэгъуэ тщащIащ цIыхубзымрэ цIыхухъумрэ зэгъусэу зэдеIэу зэдэпсэун зэрыхуейр, а тIур тхьэм къызэрызэхуигъэщIар.

– ЦIыхухъухэр дэ зыгуэркIэ къыткIэрыхуми, ар я сабиигъуэм, я щIалэгъуэм дежщ. Ахэр щIэх балигъ хъуркъым, акъылкIи нэхъ хуэмущ зэрызаужьыр. Ауэ, зэман дэкIыу, лIыпIэ иува нэужь, къытлъэщIохьэжхэри къэмыувыIэу тщхьэщокIыжхэр, зэи далъэщIэмыхьэжыну, – къопсалъэ Саусэ. – Ауэ жылэ щхьэхуитхэм дэс цIыхухъухэр къанжэ унэхэм мыкIуэу жыхуэпIэм пцIы тIэкIу хэлъщ. Куэд щIакъым Тхьэзэплъ и гъунэгъу щIалэжьитI къанжэ унэм хуэпIащIэу кIуэуэ къызэрызубыдрэ. Си япэ иту жэкIэ я жылэм нэс схужащ, сащылъэщIыхьэкIэ къамышыбг сщIыурэ. Си фIэщ хъуркъым ахэр иджыри куэдрэ я гущIыIу дэгъэзеяуэ гъуэлъыфынхэу.

– АIей! Апхуэдэу хэIубауэ щылъ лIыр и щхьэгъусэм сыткIэ къигъэсэбэпыфыну? – мэгушыIэ Дахэзилэ. – БыдапIэр мыбдеж щытыху, дауи, цIыхухъухэр зыIэпишэнущ къанжэ унэм. Абы махуэ къэс щIэщыгъуэу къыщагъуэтынущ цIыхубз щхьэхуитхэр, я дахагъэкIэ зэмыщхьрэ цIыхухъу къыдэхьэхыкIэм хуэIэзэхэу. Ар апхуэдэу щытыху, амазонкэхэм щIэблэ къащIэхъуэнущ. Абы зэи кIэ иIэнукъым, дэ, тхьэхэр ди дэIэпыкъуэгъуу, мы Iуэхум дыхэмыIэбэмэ.

– СызэреплъымкIэ, тхьэхэм я закъуэ дащыгугъыу дыщыскIэ

Iуэхур зэфIэкIынукъым. Пщэдей щыщIэдзауэ, къытфIэмыIуэху хуэдэурэ, псалъэмакъ гъэIун хуейщ Аттикэм къулеигъэшхуэ зэрыбгъэдэлъым, ди шыпхъухэми хамэ къэрал къикIа дыщэхэкI Щхьэгуащэ куэд щIауэ тыгъэ зэрыхуамыщIам теухуауэ, – къыхелъхьэ Саусэ.

Гуапэ щыхъу псалъэмакъыр щызэхихым, Дахэзилэ жеIэ:

– Сэ тхьэ яхуэсIуэнщ, езы IэфIынэ дыдэ щыгъ дыщэ бостейр къыщысхыу ди Щхьэгуащэ щезгъэтIэгъэну сыхьэзыр хуэдэу. ИкъукIэ згъэщIагъуэу сэ содаIуэ дыщэ куэд зытрагъэкIуэда а бостейм и хъыбар хьэлэмэтлажьэм.

– Пэж дыдэу, бостейм и хъыбарыр икъукIэ гъэщIэгъуэнщ, ауэ дэ ар цIыхухэм нэгъуэщI зыгуэру яхэдгъэIуэнщ. IэфIынэ и бостейм хъыбар нэпцI хузэхэтлъхьэнщи, ар амазонкэ бзэгузехьэхэм ялъэдгъэIэсынщ. Е гъатхэпэ къэс Уд Iуащхьэ лъабжьэ деж щекIуэкI зэхыхьэм хъыбару щыдгъэIунщ, Ипполитэ гуащэ IэфIынэ и бостейр зыщитIэгъэн мурад иIэ хуэдэу.

– Ипполитэ гуащэ IэщакIуэщ икIи зауэлI цIэрыIуэщ. А зырщ Щхьэгуащэ зыщышынэр, и пIэ къыиувэнкIэ гузавэу. А хъыбарымкIэ Ипполитэ и лъэныкъуэхэр нэхъыбэ тщIыуэ, а тIум я кум зауэ мафIэ дэддзэмэ, ди зэран къыхэмыкIыну пIэрэ? – щIоупщIэ Хурсанэ. – Егупсысауэ, сакъыу бгъэдыхьэн хуейщ а Iуэхум.

* * *



Гъэрэ щIырэ щызэхэкIым ирихьэлIэу къызэдэжэнымкIэ ирагъэкIуэкIа зэпеуэныгъэм щытекIуа ныбжьыщIэхэр ягъэлъапIэу, хъуэхъу хуаIэту Iэнэм пэрыст амазонкэ нэхъ цIэрыIуэхэр. Абыхэм Сауси яхэст. Къыбгъэдэс амазонкэм, Гузэрыплъ быдапIэм къикIам, ар щэхуу йоупщI:

– Модэ плъэт, мора Ипполитэ жыхуаIэр? Ара алыджхэм я тхьэгуащэ IэфIынэ и мывэху сурэтым щыгъ дыщэ бостейр къыщихыу езымрэ Щхьэгуащэрэ яхуэкIуэу щIэрыщIэу зыдыжыну жызыIар? Ди тхьэ, сыту цIыхубз дахэIуэ! Тхьэгуащэ дыди ар!

– Сыт а жыпIэр, си шыпхъу? А уэ узэплъыр Iэдисэ ныбжьыщIэ дахэ цIыкIуращ. Ипполитэ нэхърэ куэдкIэ нэхъ дахэщ ар! Сыт хуэдэ бостей зи гугъу пщIыр?

Саусэ абы и упщIэр зэхихакъым, сыту жыпIэмэ Iэнэм и адрей кIапэмкIэ щызэхэс амазонкэхэм яхыхьэжати. Ауэ нэбгъузкIэ къилъэгъуащ амазонкэ къыбгъэдэсар, Ипполитэ тхьэIухудым дежкIэ и щхьэр ищIурэ, щэху зищIауэ, и гъунэгъухэм зареIущащэр...

А псори къыщыхъуар гъатхэпэ мазэут. Ауэ бадзэуэгъуэм и пэщIэдзэхэм IэфIынэ и дыщэ бостейм теухуа псалъэмакъ фIэкI щызэхэпхыжыртэкъым Дыщэнэ и быдапIэм. Псоми яIуатэрт Ипполитэ жиIэу зэхахауэ: IэфIынэ и бостейм иджыри бостей мин къыхэббзыкIыж хъуну, ар удыгъэшхуэ къэзыгъэлъагъуэхэми къалэгуащэу быдапIэм дэсхэми яхурикъуну. А бостейм апхуэдизыр и инагъщи, ар къэпшэн папщIэ кхъухь щхьэхуэ ухуэн хуейуэ жаIэрт. Апхуэдэ хъыбархэр, махуэ къэс къахэхъуэ мыхъумэ, ужьыхыртэ-

къым, амазонкэхэм я жьэм жьэдэкIыртэкъым.

И быдапIэм дэс амазонкэхэр зытепсэлъыхьым сыт щыгъуи щыгъуазэ Дыщэнэ, адэкIэ зимышыIэжыфу, хьэку цIыкIу зэрыт чынт гуимэр зэщIащIэну унафэ ищIри, Щхьэгуащэ деж кIуэну ежьащ. Нэсу, къызытекIухьар абы щыжриIэм, Ипполитэ ираджащ амазонкэхэм я Хасэшхуэу быдапIэу щыIэм я лIыкIуэхэр зыхэтым.

Узримыгъэплъу дахэ Ипполитэ нэхъыжьхэм я пащхьэ къиуващ, и гуфIэкIэ хьэлэмэтым зримыгъэхъуэжу, шыни фIэлIыкIи зимыIэ плъэкIэ къабзэкIэ къахэплъэу. Щхьэгуащэ, ехьэкI хэмылъу, абы къеупщIащ: «Пэжу пIэрэ уэ алыджхэм я тхьэ IэфIынэ и дыщэ бостейр къыщыпхыу, къалэгуащэхэмрэ сэрэ къытхуэпхьыну уи мурадыр?»

– Хьэуэ, ар пэжкъым. IэфIынэ дэ димышыпхъуми, ар алыджхэм я тхьэщ, ягъэлъапIэу. Абы къищынэмыщIауэ, ар блэхэм я гуащэщ, абы и фэеплъ мывэ сурэтыр блэ абрагъуэм ехъумэ. Сэ сощIэ а блэшхуэр зэрагъэщхьэукъуэ Iэмал, ауэ сыхуейкъым алыджхэм я тхьэм и сурэтыр супцIэныну. Алыджхэм я щыхьэрым дыщэ дэзщ. Абы еплъытмэ, IэфIынэ и бостейм текIуэдар мащIэ дыдэщ. Сэ сызыхуейр IэфIынэ и бостейр къызыхаха дыщэм къыхэщIыкIа бостей зырыз сэри си шыпхъу пажэхэми диIэнырщ. Абы къищынэмыщIауэ, Аттикэр хъугъуэфIыгъуэ куэдкIэ къулейщи, абыхэм я мылъкуу къытIэрыхьэнури ди къэралыгъуэм дежкIэ лей хъунукъым. Ди хэкум къыщыщIэдзауэ Аттикэм и щIыналъэм нэс лъэпкъ куэд къыщыбгъуэтынущ, алыджхэм я мылъкумкIэ къыддэгуэшэну я мыжагъуэу. Ахэр: ди къуэш хьэтхэрщ, хурытхэрщ, гъутхэрщ, фракийхэрщ, дорийхэрщ, италийхэрщ, Iэхейхэрщ, нэгъуэщIхэрщ. Ахэр зыкIи щыгуфIыкIыркъым Аттикэм и къулеигъэмрэ къарууэ бгъэдэлъымрэ. Сэ си закъуэкъым а щIыпIэм дихьэхыр. Пэжыр жыпIэмэ, дэри дыдэзэшыхьащ ди быдапIэхэм. Мыбы щыпсэу цIыхухъу лэгъунакIуэхэри дужэгъуащ, дыщымыгъуазэу зы IэпапIи яхэлъкъым абыхэм. Хамэ хэку щалъхуа лIыхъужьхэм дахуэзэшащ. Ди щIэблэр нэхъ узыншэ, нэхъ дахэж зэрыхъун, дэри дигу нэхъ зыгъэзэгъэн Iэмал ди нэхъыжь Iущхэм къэвгупсысамэ, ди гуапэ хъунт. Фэращ унафэ зыщIыфынур. Сэ фыкъызэупщIати, си гум илъыр вжесIащ.

Ипполитэ яутIыпщыжри, хасэм адэкIэ щыпащащ зэпсалъэзэдауэм. Зыкъомым къалъытэрт апхуэдэ зекIуэ ущIежьэн щхьэусыгъуэ щымыIэу. Ауэ нэхъыбэм ягу дыхьэрт Ипполитэ и псалъэхэр. КъуэкIыпIэм щыпсэу хьэтхэм ядэIэпыкъун папщIэ, абыхэм я гъунэгъу лъэпкъ нэхъ лъэрызехьэхэр тIэкIу зэкъуаудми хъуну къалъытэри, унафэ къащтащ: гъатхэм зекIуэ ежьэным дзэшхуэ, мин щэ никъуэм нэсу, фIыуэ зэщIэузэдарэ IэщакIуэ хэплъыхьауэ, хуагъэхьэзырыну, кхъухьу зыхущыщIэр зиIэхэм къытрахыну.

ЗекIуэм и дзэпщу ягъэувыну тху къагъэлъэгъуащ. Абыхэм яхэдэжу, гъатхэм ирихьэлIэу зы къыхахыжын хуейт. Нэхъыбэм къалъытащ ар Ипполитэ нэхъ хуэфащэу, абы ищIэнур ищIэж хуэдэуи къагъэIуащ.

* * *

Хьэнцэ щэ ныкъуэрэ пщIыкIэ зекIуэ алыдж кхъухьыр цIыхуншафэ зытет хы Iуфэ мэзылъэм ирахулIэри, хъурзэ ядзащ. Псы зэфэныр къаймэщIэкI хъуат хылIхэм. Элладэм и къуэхэр псы Iуфэ нэпкъым сакъыу техьащ, щтэIэщтаблэу мэзымкIэ еплъэкIхэурэ. Хым хэхуэу мывэ нэпкъым къелъэ псынэпс къагъуэтри, я псылъэхэм из ящIащ. АдэкIэ къыщыт мэзым и щIагъ щIыIэтыIэм дихьэхауэ къакIухь-заплъыхьурэ, я гур зыIыгъа шынэ мащIэри хуэмурэ ящыгъупщэжу щIидзащ. Мэз кIырым и дахагъэмрэ хьэуам и къабзагъымрэ ягъэщIагъуэу, хьэкIэкхъуэкIэ лъагъуэхэм ирикIуэурэ фIыуэ заплъыхьа нэужь, зыкIи мыпIейтеижу хылIхэр етIысэхащ.

Мэз щIагъ даущымрэ жьы къабзэ щIыIэтыIэмрэ псэр ягъэтыншырт, уи жеин къагъакIуэу…

Я кхъухьымкIэ къиIукI гузавэ макъым хылIхэр зэуэ къыщигъэлъэтащ. ХымкIэ еплъэкIмэ къалъагъу зи дыщэ тажри афэ телъыджэри дыгъэм пэлыдрэ нуру зэщIэблэу ныджэм тет шур. Жырыщхъуэ афэм къытещ дыщэ Iунащхьэхэм афэм тхыпхъэ хьэлэмэтхэр тращIэ. И Iэпщэхъумэхэри, и лъэнкIапIэхъумэхэри дыщэ тхыпхъэхэмкIэ гъэдэхащ, и дыщэ тажми мыщIэшхуэхэр къытолыдыкI, зи быжым блащхьэ сурэт хэщIыхьа жыр афэ бгырыпх джафэр щIэпхащ. Щытщ шур, зимыхъейуэ къахэплъэу, мывэм къыхэIущIыкIа сурэтми псэ зыIут гуэрми пхузэхэмыхуу. Зэ IуплъэгъуэкIэ щIалэ ныбжьыщIэ дыдэу къыпщохъу. Шу щIалэм зы Iэщэ гуэри кIэрылъу плъагъуркъым, и Iэ сэмэгум IэщIэлъ мэIу мыиным нэмыщI. Ишри езым хуэфэщэжу зэкIужщ, къазыпщэрэ лъакъуэ кIыхьу. Ари, хъеи пIэтIауи имыIэу, тесым и плъэкIэм ещхьыркъабзэу, алыджхэм къахоплъэри щытщ.

Я тхьэмадэм и унафэкIэ алыджхэм зыкъаIэтри хуэм дыдэурэ шум дежкIэ кIуатэу щIадзащ. ИужькIэ, иджыри зы псалъэ я нэхъыжьым къыщигъэIум, занщIэу зрачри шур къаухъуреихьащ, хым иракъузылIэ щIыкIэу.

– Сэ си къуентхъщ ар! – жиIэу гупым я тхьэмадэр къыхэкIиикIщ, и джатэр кърихри шум дежкIэ иунэтIащ. Абы и гъусэхэм ящыщ зым, шу щIалэр Iэщэншэ и гугъэри, и жэз джатэр хуидзащ.

Къыхуадза Iэщэм еплъри, шым тесыр хъыджэбз макъ гуакIуэкIэ ину къэдыхьэшхащ. Алъандэрэ щIалэщIэу я гугъар зэрыцIыхубзым иджыщ алыджхэм гу щылъатар, ялъэгъуащ шум и бгъэ сэмэгур, афэ бгъэ щIыIур къишэщIу, зэрыцIыхубзыбгъэр. Ялъагъур гъэщIэгъуэн ящыхъуащ икIи къэшынащ ахэр, къагурыIуащ я пащхьэ итыр зэрыамазонкэр. Ар шым къелъэу и Iэ ижьымкIэ и бгырыпх быжыр зэриубыду, уафэхъуэпскIыу зиупцIу, сэшхуэ лантIэр къыIэщIэхутащ. ЗауэлIхэм я сатырым къыхэкIуэту, егъэлеяуэ зыщыгугъыжу абы пэува зауэлI абрагъуэм ищIэртэкъым а цIыхубзым и зэфIэкIыр здынэсри абы IэщIэлъ сэшхуэ лантIэр зищIысри. Дауэ мыхъуми, зызэпашэн зызэпашати, алыджыр йолъри йобгъэрыкIуэ къыпэщIэувам. Амазонкэм, и пIэм имыкIыу, мащIэу зыкъешийри и Iэщэ лантIэр къеупцI. Сэшхуэр алыджым и мэIушхуэм щхьэщоупцIыкIри, лIышхуэр и пIэм йоджэрэзыхь, и пщэм уэру къриутхыкI лъыр пша-

хъуэм хэлъадэу. А зэзауэм гужьеяуэ кIэлъыплъхэм къалъагъу я ныбжьэгъум и къурмакъейр зэрыпыупщIар. Амазонкэм ебгъэрыкIуэну псоми зыщрачым, я щIыбагъымкIэ зэуэ къыщыIуа макъ куэдым къызэтрагъэувыIэ. КъызэплъэкIмэ, къалъагъу: иджы езыхэрат къаухъуреихьар. Сэшхуэ лантIэхэр ягъэдалъэу амазонкэ щэ никъуэм нэс щытт, къэуэн хьэзырхэу. Япэ ит амазонкэм гъунэгъуIуэу бгъэдыхьа зауэлIитIыми зэхуэдэу къатехуащ чынт лIышхуэм ирадза удыным хуэдэ дыдэ, икIи тIури нэкIукIэ хэхуащ хы Iуфэ пшахъуэм.

Алыдж кхъухьым зауэлIищэрэ щэ никъуэрэ хуэдиз къелъэри, я мэIу инхэм къакъуэплъу, ныджэм сатыру къытеуващ. Абдеж, лIищыр хэзыгъэщIа амазонкэм, зигъэхъеяуи къыпхуэмыщIэу, и шым техутэжу и Iэр лъагэу щиIэтым, езым ещхьу Iэщэ-фащэкIэ зэщIэузэда шуудзэшхуэ напIэзыпIэм мэзым къызэрыщIэхащ. КъэуIэбжьауэ зэхэт алыджхэр къыщызэплъэкIым, нэхъ гъэщIэгъуэныж къалъагъу: я кхъухь гущIыIум амазонкэ пцIанэхэр тетщ, кхъухьым къина алыдж зауэлIхэр къаIэтурэ псым хадзэу. Алыджхэм къагурыIуащ икIуэтыжыну Iэмал зэрамыIэжыр, ещхьыркъабзэуи хьэкъ ящыхъуащ мы псы Iуфэм щызауэкIэ фIы зэрыщIамыхынур…

Зи гугъэр хэзыхыжу, лIыгъэ хэлъу зи псэр зытыну зызыгъэхьэзыра, зэхэлъэдэжауэ зэхэт алыджхэм къабгъэдохьэ узримыгъэплъу дахэкIей зы амазонкэ шу икIи алыджыбзэ къабзэкIэ закъыхуегъазэ. Ар Антеипхъут.

– Дэ дыхуейкъым лейуэ филъ дгъэжэну, цIыхугъэ вдэтлъэгъуащи, – жеIэ абы. – Ди амазонкэ гуащэр Iэщэншэ фи гугъами, фукIыну фытеуакъым, атIэ джатэ хуэвдзащ, зрихъумэжыну. Дэ дызылъыхъуэр лъагъуныгъэщ, гуапагъэщ.  Фи Iэщэхэр кхъухьым ивдзи, фи хьэщIэгъуэ гуапэ дывгъэлъагъу, ди шыгъупIастэми нэмыс хуэфщI, фынеблагъи!

Амазонкэхэм уи дзыхь ебгъэзыныр яфIэмытаучэлми, алыджхэм нэгъуэщI хэкIыпIэ яIэжтэкъым. Арэзы хъухэщ, жыIэдаIуэу амазонкэхэм я ужь иту мэзым хыхьэри, адрей амазонкэхэм къагъэхьэзыра, шхыныгъуэхэмрэ фадэхэмрэ тезу зытелъ арджэн Iэнэхэм пэрытIысхьахэщ…

ТхьэмахуитI дэкIри, алыдж кхъухьыр и гъуэгу теувэжащ, хы Iуфэм я кхъащхьищ къыIуанэри. Я Хэку зэрынэсыжхэуи, ину ягъэIуащ узримыгъэплъу дахэ, IэщэкIэ уапэщIэувэкIи зэи узытемыкIуэну, гущIэгъу лъэпкъи зыхэмылъ,  ауэ  егъэлеяуэ хьэщыкълы амазонкэхэм я хъыбар фIэщхъугъуэджэр. ПсалъэкIэ яхуэIуэтэжыртэкъым амазонкэхэм я гуащэ Ипполитэ и теплъэ дахэр, ар, и напIи имыгъэхъейуэ, зы лъэбакъуэ леи имычу, алыдж лIыхъужь гупым къазэрыпэувар, и бгырыпх гъуэзэджэмкIэ уэгъуищым алыдж зауэлI цIэрыIуищ зэрыхигъэщIар. А хъыбар хьэлэмэтхэр Элладэ хэкум псынщIэу щызэлъащIысащ, ауэ амазонкэхэм зэрахьэ адыгэцIэхэр  зэрахужымыIэм къыхэкIкIэ, езыхэм я бзэкIэ ахэр ягъэIури, амазонкэ гуащэм и цIэр Ипполитэ ящIащ, алыджыбзэкIэ «мывэм къыхэщIыкIа шу» къикIыу.

ЖаIэрт абы и бгырыпхыр зауэм и тхьэ Арес и тыгъэу. Арат ар Элладэм и къуэ лIыхъужьыгу зыкIуэцIылъхэм я хъуэпсапIэ щIэхъуар.



* * *

Антеипхъу илъэс пщыкIух ирикъуат. Абы и ныбжьхэм нэгъуэщI зы хъыджэбзи яхэттэкъым апхуэдэу гурыхуэрэ губзыгъэу. Кавказым ис лъэпкъ куэдым я бзэм нэмыщI, ар хуиту ирипсалъэрт алыджыбзэми. Хамэ хэкухэм щылэжьэну тIасхъэщIэххэр щагъэхьэзыр еджапIэм и лэжьакIуэхэм а хъыджэбз цIыкIур тIасхъэщIэх Iэзэ дыдэ хъуну къалъытэрт, зы «дагъуэ» имыIамэ: ар егъэлеяуэ дахэти, адрейхэм занщIэу къахэщынут. И щхьэцыгъуэр, кууэ ис и нэ къуэлэнышхуитIыр, и пэ псыгъуэр, и щIыфэ хужьыбзэр, и Iэпкълъэпкъ лантIэ зэкIужыр, и макъ гуакIуэр, и дыхьэшхыкIэр, уэсым хуэдэу хужь и дзэхэр – псори егъэлеяуэ дахэт. ПщIэнтэкъым, и ни, и набдзи, и пи, и Iупи, и пщи, и Iи, и лъакъуи цIыху Iэпкълъэпкъ минищэхэм хэплъыхьыпэу къыхахыурэ тхьэхэм хузэхуахьэса фIэкIа. Ар зэ зылъэгъуам и нэгум къыщIэнэрт, щымыгъупщэжу. IэщакIуэнкIи Iэзагъэшхуэ зригъэгъуэтауэ, амазонкэ нэхъ лъэрызехьэ дыдэхэм хабжэрт. И губзыгъагъэмрэ и акъыл жанымрэ я зэранкIэ, езым гупсэхугъуэ игъуэтыртэкъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ сыт илъагъуми, сыт зэхихми акъылкIэ зэпкърихыу нэсу гурыIуэгъуэ зыщимыщIауэ, игу загъэртэкъыми. Амазонкэ къэралыгъуэм и хабзэхэм я гущIэгъуншагъэми ткIиягъми Антеипхъу сыт хуэдизрэ емыгупсысами, пэжагъи мыхьэнэ гуэри хухэлъагъуэртэкъым, апхуэдэ хабзэхэр езым и псэ къабзагъымрэ и гу хьэлэлагъымрэ къахуегъэзэгъыртэкъыми. Арат ар, и ныбжь нэсами, къанжэ унэхэм щIахуэмыкIуэр.

Ныбжьэгъуу илъытэу, и дзыхь зригъэзу Антеипхъу иIэр зы амазонкэ закъуэт, ПэтIей цIэ дыхьэшхэныр зэрихьэу. Ар сэшхуэ лантIэм егъэлеяуэ хуэIэрыхуэт. ЕгъэджакIуэхэми гъэсакIуэхэми абы зыпыIуадзырт, зэрыIуэрыIуэдзымрэ зэрыжьэнахуэмрэ ящIэрти. Амазонкэхэм ПэтIей тезыр тралъхьэнт е ябгынэнт, сэшхуэ лантIэмкIэ бгъэдэлъ Iэзагъэр мыхъуатэмэ. Абы зы никъусаныгъэт иIэр – гушыIэнрэ цIыхум щIэнэкIэнрэ апхуэдизкIэ фIэфIти, сыт хуэдэ Iуэху къыдамыхами, ар зэпиудыфынут, зы дыхьэшхэн гуэр къигупсысынурэ. Ар здэщыIэм гушыIэрэ дыхьэшхрэ куэду щыIурти, амазонкэхэр, захуэмыубыдыжу дыхьэшхыу, щIэпхъуэжххэрт. ПэтIей здэщыIэ щIыпIэм я фIэщу зы амазонки щылэжьэфыртэкъым, Антеипхъу фIэкIа. Ар абы и хьэлым апхуэдизкIэ есэжати, зыри жиIэртэкъым, и нэкIу дахащэр нэхъри гуакIуэ щIэхъукIыу къыпыгуфIыкI мыхъумэ.

Иужьрей зэманым ПэтIей и гушыIэныр зыхуэгъэзар илъэс пщIейм щIигъуа Къаныпхъу уд фызыжьыр арат. Ныбжьышхуэ зэриIэм щхьэкIи къэмынэу, ар ябжырт шу зауэмкIэ егъэджакIуэ нэхъ Iэзэ дыдэу. Бий шуудзэм и къэкIуэкIэмкIэ, зэрызэхэлъадэ, зэрызэбгрыж щIыкIэмкIэ фызыжьым къищIэфырт абы сыт и мурадми, сыт хуэдэ бзаджагъэрэ Iэмалрэ игъэхьэзырми. КъищIэм къы-

щымынэу, бий шуудзэм и тIасхъапIэхэр къигъэсэбэпыфырт, езым и шухэм я щытыпIэр, я кIуэкIэр зэрихъуэкIыурэ. ЗэуапIэм сыт хуэдэ теплъэ иIэми, сыт хуэдэ жыг итми, мывэшхуэ илъми, псыIэрышэ цIыкIу щежэхми, зы шэдылъэ цIыкIу иIэми, къандзэгу итми, Iэщ щыхъуакIуэми, уанэгу нэщI хъуа шыхэм къыщажыхьми – псоми мыхьэнэ иIэт абы дежкIэ. Ахэр Къаныпхъу уд къигъэсэбэпырт, бийм къарукIэ елъэщэкIын щхьэкIэ. Абы жиIэхэр яфIэгъэщIэгъуэну, дихьэхауэ сыт щыгъуи псори едаIуэрт, гъащIэм куэд зэрыщилъэгъуамрэ зауэ Iуэхум куэд зэрыхищIыкIымрэ пщIэ хуащIу. Къаныпхъу и гъэсэнхэр фIы дыдэу иригъаджэрт, икIи езым и егъэджакIуэу щытахэм фIыщIэшхуэ зэрахуищIыр сыт щыгъуи и псалъэмакъым къыхигъэщырт.

Зэгуэрым, езыри едаIуэхэри дихьэхауэ, шу зэхэуэм дыгъэр къызэрыщыбгъэсэбэп хъуну Iэмалхэм здытепсэлъыхьым, Къаныпхъу уд гу лъетэ абы жиIэм къемыдаIуэу хъыджэбз зытIущ Iущащэу зэрыщысым. Апхуэдэу щыхъум, фызыжьым и псалъэр зэпигъэури, къанжэ унэм щагъэхъахэр ягъэнэхъапэу къэзыIуэтэж хъыджэбзхэм ешхыдэу щIидзащ. Ауэ, тегупсысыкIауэ псалъэри, езым гу лъимытэжу къыжьэдэхуащ: «Сэ псори къызгуроIуэ. Сэри сыцIыхубзщ...» Ныбжьышхуэ зэриIэр зэуэ игу къэкIыжри, занщIэу къызэIынащ, имыщIэжуи еплъэкIащ ПэтIей дыхьэшхрилэ дежкIэ. Хъыджэбзым и набдзэхэр мащIэу дришейщ, ткIиифэ зытригъауэщ, и щхьэр ищIри, Къаныпхъу уд и нэхэм щIэплъэурэ жиIащ: «Пэж дыдэщ!» Фызыжьым ПэтIей и нэхэм щIэгъэпщкIуа фэрыщIагъыр щилъагъум, занщIэу ар унэм щIихуащ икIи тезыр трилъхьащ шэщыр къигъэкъэбзэну.



Амазонкэ ныбжьыщIэхэр кIэлъоплъ и шхужьыр игъэкIэрахъуэрэ зигъэтIатIэу къэтэджауэ щIэкI ПэтIей. Ари, Къаныпхъу уд телъ фэбжьым щIэнакIэу, и Iэ ижьым и Iэпхъуамбэ курытыр щIигъэшауэ. ЕджакIуэхэм захуэмыубыдыжу дыхьэшхыу щIадзащ, егъэджакIуэм и гугъуехьри псыхэкIуадэ хъуащ.

ЕтIуанэ махуэм и пщэдджыжьым ПэтIей, зыри къэмыхъуа хуэдэ, шы джэгупIэ тафэм тетт, къуаншагъэ лъэпкъ бгъэдэлъу умыщIэну, ныжэбэ жейкIэ ирикъуарэ зигъэпсэхуауэ, сыту жыпIэмэ, амазонкэхэм я хабзэм ипкъ иткIэ, апхуэдэ тезыр зытралъхьар хуиттэкъым жэщым къанжэ унэм кIуэну. ПэтIей зыри жимыIэ пэтми, тафэм тет амазонкэхэр зэщIэдыхьэшхэрт. ЩIэдыхьэшхри, къыздикIар зыми имыщIэу, Къаныпхъу уд и унащхьэм ныжэбэ къытехута къанжитIыр арат. Шэч хэлътэкъым жэщ кIуам зыгуэрым къанжэ абгъуэр мыбдеж къызэригъэIэпхъуам, «мы унэми лэгъунакIуэ къакIуэ хъунущ, хур хъыджэбз щIэсщ» жиIэу кърIигъэкIыу. Къанжэ унэм щылажьэхэр псынщIэу къэсри абгъуэр яхьыжащ, ауэ Къаныпхъу уд и нобэрей дерсри зэрыхуейм хуэдэу къехъулIакъым. Езы уд фызыжьми, и губжьыр ирикъухри, зыри жимыIэу зишыIащ, и Iуэхур нэхъри нэхъ хэIущIыIу мыхъун папщIэ. ПэтIей и бзаджагъэхэр зэщIимыгъэстмэ нэхъ тэмэму къилъытащ абы.

Ауэ а къэхъуам иужькIи ПэтIей еIуящIэни Къаныпхъу уд ауан щIыни къигъэнакъым. Махуэ зытIущ нэхъ дэмыкIыу, ПэтIейрэ Антеипхъурэ, нэгъуэщI амазонкитIи ящIыгъуу, хы Iуфэм щыплъыру здыIутым, ямыщIэххэу Iууащ кхъухьым къикIауэ я парус пкъо къутар зэрызэрахъуэкIын къалъыхъуэу жыг къэзыгъауэу хы Iуфэ мэзым щIэт хылIхэм. Я пкъор зэрахъуэкIыну хунэсакъым хамэщI къикIахэр – я сэшхуэ лантIэхэр уафэхъуэпскIым хуэдэу яупцIу, абыхэм къатеуащ амазонкэхэр. ПэтIей езым и гъэрхэу хылI тIощIым нэс быдапIэм къихуащ. Гъэрхэм яIуплъэ псори захуэмыубыдыжу дыхьэшхыу щилъагъум, Къаныпхъу уди къыщIэкIащ, ПэтIей иджы зыщыдыхьэшхыр хэтми зригъэщIэну. Еплъмэ, елъагъу: гъэр псоми я Iэ ижьхэм Iэпхъуамбэ никъуэ зырыз хуэчэмщ, ПэтIей и сэшхуэм пигъэщауэ. А лъабзэ ирадзам къикIырт иджы ахэр псори Къаныпхъу уд ейуэ.

Фызыжьыр, и башыр Iэтауэ, ПэтIей дежкIэ илъащ. Адрейми, башыр зытримыгъахуэу, къежыхь, «Къысхуэгъэгъу! СумыукI! Мыхэр зэрымащIэр сэри къызгуроIуэ, ауэ Антеипхъу адрейхэр псори зэтриукIэри, мы тIэкIуращ къыслъигъэсар!» жиIэурэ. ИхъуреягъкIэ щытхэр ину зэщIэдыхьэшхат, ауэ я дыхьэшх макъыр зэуэ зэпыуащ, фызыжьым, жьыр хуримыкъуу, и бгъэр иубыдыжауэ щалъагъум. Джэлауэ щIым здэщылъым, ар къопсалъэ:

– УщыскIэрыкIынур дапщэщ уэ нэжэсыр? Сэ фызыжьыр сыбукIыпэну ара узыхуейр? Ди тхьэхэ! Сыт иджыри къэс сыщIэвгъэпсэуар, зы зэхэуэ гуэрым сыхэвмыгъэкIуадэу? Мы напэншэм сызэрызэгуигъэпым силIыкIыжыну ара си натIэр?

ПэтIей и щхьэр къыфIэхуауэ щытт, гушыIэр зэрыригъэлеяр къыгурыIуэжауэ. Ар Къаныпхъу уд бгъэдыхьэщ, къигъэтэджыжщ, и щыгъыныр хуиутхыпщIыжри, зыри жимыIэу и щIыбыр хуигъазэри и щхьэр егъэзыхауэ уващ, уд фызыжьым и башыр къызэрытехуэнум хуэхьэзыру.

– Напэ зимыIэ, уэри уэ! – жиIэщ фызыжьми, и къару къызэрихькIэ башымкIэ тIэу-щэ еуащ хъыджэбзым.

ПэтIей уахъуэпсыхъуэр зэрихьэу кIийуэ щIэпхъуэри жыжьэу Iужащ, фызыжьыр къылъэмыIэсын хуэдэу:

– Уэ-уэ-уэу! Си гугъэнтэкъым илъэс пщIей хъуа фызыжьым апхуэдиз къару иIэу!

Къаныпхъу уд и жагъуэ къэзыщIам игу тезэгъати, и губжьыр нэхъ щыужьыхыжым, абдеж щытхэр зэщIэдыхьэшхащ. Уеблэмэ гъэр бзэмыIухэри мащIэу пыдыхьэшхыкIырт, я щхьэр ягъэкIэрахъуэурэ. Мы хъыджэбзыжь цIыкIу еIуящIэм, фызыжьым щIэнэкIэн къудей щхьэкIэ джэгуурэ лIыхъу тIощIым я Iэпхъуамбэ никъуэр пигъэщу иужькIэ сэшхуэ дакъэмкIэ я нэжьгъхэм иуэурэ зыгъэмэхам, игъэхъа IэфIауагъэр, акъылым къахуимыгъэтIасэу, ягъэщIагъуэ.

– Дэ гъэру дызыубыдахэр цIыхухэкъым, атIэ тхьэ зэфIэкI зиIэ цIыхубз бзаджэхэщ, – жеIэ зым, нэщхъейуэ хощэтыкIри.

– Дызэрыхагъэщlэфар ягъэщlагъуэркъым мыбыхэм, зыкlи яфlэхьэлэмэткъым. Ар ауэ сытми, гушыlэм къыдэкlуэу, къэхъуа lуэху мыхьэнэншэу къалъытэу къыщlэкlынщ… Ди тхьэшхуэ Зевс, къыддэlэпыкъу! Дыкъэхъумэ! – жеlэ етlуанэм. Адрейхэми даlыгъ абы и лъэlур.

Зы мазэ ныкъуэ дэкlри, фракий хылlхэр яутlыпщыжащ. А зэманым къриубыдэу зы махуи къэхъуакъым хьэщlэхэр щызэша, уеблэмэ, я хэку хуэзэшауэ, кlуэжын lуэхуи кърахуэкlакъым… Я кхъухьри иратыжащ (кхъухьым илъа хьэпшыпхэр имылъыжми), мазэ гъуэмылэрэ псырэ хурагъэуващ, я lэщэ-фащэхэри лъагъэlэсыжащ. Фракийхэр, я гур мы хы lуфэм къыlуанэ хуэдэ, нэщхъейуэ lусыкlыжащ, амазонкэхэм фlыщlэшхуэ къыхуащlу. Абыхэм къаlуэтэжахэм къызэщlигъэстащ алыдж къэралыгъуэр, псори дихьэхат lэщакlуэнми, лlыгъуэ-фызыгъуэми хуэlэзащэ амазонкэхэм ятеухуа хъыбар гъэщlэгъуэнхэм. А хъыбархэм къигъэжыджэра Геракл къызэригъэпэщащ илъэс мин бжыгъэкlэ цlыхум я гум къинэжа зекlуэ цlэрыlуэр. Абы и мурадыр алыджхэм я хэкум фlыуэ пэжыжьэ Эвксин Понтым (хы Фlыцlэм) есылlэу, амазонкэ lэщакlуэхэм я деж къыщыхутэнырт, амазонкэхэм я гуащэ Ипполитэ и бгырыпхыр, «зауэм и тхьэ Арес и тыгъэр», зыlэригъэхьэн папщlэ.



* * *

Антеипхъурэ Пэтlейрэ, Елэныпэ амазонкэ иныжьыр я гъусэу, куэд щlауэ кlэлъыплъхэрт хы lуфэм, Сэш псыр хым щыхэхуэжым деж, алыдж кхъухь гупышхуэ lэкlуэлъакlуэу къызэресылlэм. Абдеж щытт тенджыз жьыбгъэм Фэмыскlыр къырымкlэ зыщызыхъумэ быдапlэ.

– Мис аргуэру, си шыпхъухэ, щауэ хьэщlэхэр къытхуокlуэ! – жеlэ Пэтlей. – Ауэ фэ тlум зыгуэр къыфlухуэнуи фимыгугъэ! Иджыри къалъхуакъым фэ фхуэфэщэн лlыхъужьхэр, си псэм хуэдэхэ! Ди Елэныпэ и инагъым имыгъащтэу абы тегушхуэн лэгъунакlуэ щауэ, нобэр къыздэсым, зы лъэпкъи къилъхуу ипlыфакъым. Уэри, Антеипхъу, бажэм и фэр зэрибийм хуэдэу, уи дахагъэ телъыджэр уи биижщ! Уэ уи дахагъэм делэ имыщlу, узригъэгъуэтыным щlэбэныфын лlыхъужь дэнэ къыипхын?! Дэ тщыщу сэ си закъуэщ схуэфэщэн щlасэщlэ къыхэзыхыфынур. Аращи, си шыпхъуфlхэ, фыхуеймэ фыщатэ, фыхуеймэ фыхъуапсэ, фыхэкlыжауэ вбжы. Фэ фи пlэкlэ сэ зэ-тlэу гугъу зезгъэхьыфынущ, абы фи гур нэхъ игъэзэгъэнумэ.

– Уэ сыт щыгъуи къыдыбогъэжей си инагъыр, ауэ а lуэхум инагъ-цlыкlуагъ хэлъкъым. Куэдыжьу щыlэщ цlыхухъу, езыхэр цlыкlуу мыщхьэпэлъагэхэми, сэ схуэдэ цlыхубзышхуэхэр ягу нэхъ ирихьу, – жеlэ Елэныпэ и макъ гъумыщlэмкlэ.

– Иумыгъэлейт иджы! «Сэ схуэдэхэр» жумыІэу, «сэ схуэдэ» жыІэ. Уэ пхуэдэ цІыхубзышхуэ куэду щыІэкъым.

– Аууей! Сыт уэ абы хэпщІыкІыр?! – идакъым Елэныпэ. – Зы пщыхьэщхьэ гуэрым, къанжэ унэм дыщІэту, зы лэгъунакІуэ щІалэ лъахъшэ хэщІыхьа гуэр, и пыІэ щыгур си бынжэм къэсыну, и нитІыр къыстедияуэ къызэплъащ куэдрэ, ауэ удж сыкъигъэфэну ирикуакъым, дызэмыкІуну къилъыта хъунт...

– Уджым фыщызэмыкІур зыми щыщтэкъым... Сытыт-тІэ абы щхьэкІэ?.. Ар къэпщтэнт, уи бгъэм епкъузылІэнти, апхуэдиз лъагапІэм игъэшынарэ зыкъыпкІэриукІауэ, фыкъэфэнт.

– Апхуэдэ дыдэуи цІыкІутэкъым ар. Сыщымыуэмэ, иужькІэ уэ уи гъусэу зыкъыпигъэхуащ абы уджым! Дауэ хъуми, ар сэ къызбгъэдыхьакъым.

– Уа-а! А сэ си гъусар ара зи гугъу пщІыр? Мурад гуэрхэр къыпхуиІэу ар уэ къоплъынкІэ Іэмал иІэтэкъым, сыту жыпІэмэ пщыхьэщхьэ псом и нитІыр стригъэкІакъыми. Сэ сощІэ а щІалэм зэуэ ищІэну фІэфІхэр: уи Іупэм ба хуищІ зэпытурэ, и Іэ сэмэгур уи щІыб лъащІэм щигъэпэщэщэнущ, и Іэ ижьымкІэ уи бгъэм къедэхащІэу... Къызыщыгъэхъут иджы ар уэ уи гъусэу: зэм уи ІупэмкІэ жэуэ, зэм уи бгъэмкІэ зидзу, иужькІэ уи щІыбым и щІагъкІэ жыжьэу зригъэхуэхыу... «ЛэжьапІэ нэхъыщхьэмкІэ» щылъэщэну хущІыхьэххэнукъым итІанэ! Абы нэмыщІкІэ, ар щхьэхынэщ икІи лъагапІэм щошынэ, сыту жыпІэмэ бгырыскъыми, атІэ губгъуэрысщи.

А псом едаІуэ Елэныпэ зыхуэмыубыдыжу мэдыхьэшх.

– Бэяу! Мы алыдж кхъухьхэр бгъэщтэнурэ епхужьэжынущ! Сэри Іыхьэншэ сыпщІынущ! – мэгузавэ ПэтІей.

Хамэ къазэрыхуэкІуэм и хъыбарегъащІэу быдапІэм ягъэкІуа амазонкэр къэсыжащ, зэуэным хуэІэзэ гупышхуэ, Ипполитэ я пашэу, и гъусэу. АдэкІэ къалъагъу, парусхэр зэщІакъуэжауэ, алыдж кхъухьышхуэхэр хьэнцэхэмкІэ псы Іуфэм къызэресылІэр. Ауэ мыр сыт?! Япэ ит кхъухьым къолъэ пелуан теплъэ зиІэ лІы абрагъуэ. ЛІышхуэжьым, гугъу Іей демыхьу, кхъухьыр псы Іуфэм къытрелъафэри бydэу ирепхыж. Абы и инагъымрэ и лъэщагъымрэ зылъагъу амазонкэхэр, я нэр къиху абы йоплъри Елэныпэ хуоплъэкІыж.

– Ди тхьэшхуэ! Сыту ин уи зэфІэкІыр! Пхэнжу сыпсэлъами, къызогъэзэж! – жеІэ ПэтІей, и нэхэм ялъагъур и фІэщ мыхъуу, лІы абрагъуэм кІэлъыплъурэ. – Елэныпэ, къысхуэгъэгъу, ауэ мыр уэ щауэ пхуэхъун си гугъэщ!

Зи зэхэщІыкІыр ин, куэдым щыгъуазэ Антеипхъу жеІэ мы илъагъур алыдджхэм я лІыхъужь нэхъ лъэщ дыдэу, батэр зыгъэшу ягъэхъыбар Гераклу къыщІэкІынкІэ зэрыхъунур.

– ЖаІэ абы пэлъэщын мы дунейм темыту, ауэ бжы зыІэщІэлъ ди амазонкэ шур абы тыншу текІуэну си гугъэщ. Ди сэшхуэ лантІэм и гугъу умыщІыххэ! Сыт хуэдиз къару абы бгъэдэмылъми, ди сэшхуэм зыщихъумэфынукъым.

Геракл и ужькIэ кхъухьым къикIащ зы зауэлI, дыгъэм пэлыд дыщэ афэ лъапIэ щыгъыу, и IэпкълъэпкъкIи и нэкIукIи удихьэхыу, узримыгъэплъу дахэу, уардэу. Амазонкэхэр, я жьэр Iурыхуауэ, йоплъ лIы къабзащэм, ар тхьэрэ цIыхурэ яхузэхэмыгъэкIыу. АдэкIэ замыIэжьэжу, амазонкэхэр япожьэ хьэщIэхэм.

Антеипхъу и гур апхуэдизкIэ ину къоуэри, псоми зэхах и гугъэщ. А щIалэм и дахагъэр телъыджэ щыхъуауэ йоплъ ар, бэуэну къару лъэпкъ имыIэжу. ИгъащIэм зыхимыщIа пIейтеигъэшхуэм хэхуащ игури и Iэпкълъэпкъри зэрыщыту. Зи фэр пыкIа Антеипхъу зэщIэкIэзызэрт, и Iупэхэми мыгурыIуэгъуэу зыгуэрхэр къаIущэщырт.

– Тхьэшхуэхэ! Ар, шэч лъэпкъ хэмылъу, ууейщ, си Антеипхъу дахэ! – жеIэ ПэтIей ину.

– Аращ! Сэ си кIуэдыр къэсащ! – мэIущащэ Антеипхъу тхьэIухудыр. – Ар сысейщ.

– Сыт жыпIа?! – къокIий ПэтIей. – Ауэ уи зы псалъэ закъуэ фIэкIа сыхуейкъым, абы и щхьэ дахэр къыпхуэсхьын е езыр зэкIуэцIыпхауэ уи пащхьэм къислъхьэн папщIэ!

Антеипхъу и гум щекIуэкIыр къагурыIуакъым и ныбжьэгъухэм. Алыдж зауэлIым пэщIэувэну иримыку хуэдэу къащыхъуащ. Ауэ езым фIы дыдэу ищIэрт: абы езауэу текIуэн дэнэ къэна, зы мэскъалкIи ил игъэузыну къару иIэкъым, игуми техуэнукъым. Сыту жыпIэмэ, жэщ куэдкIэ имыгъэжейуэ и пщIыхьым хэтат ар! И пщIыхьэпIэм щыпсэу къудей мыхъумэ, апхуэдэ цIыху дунейм тету илъагъуну игу къэмыкIыххэу иджыри къэс къэпсэуами, мис иджы нахуапIэу ар и пащхьэм кърагъэуващ тхьэхэм.

Антеипхъу лъэкI къимыгъанэу мэгупсысэ, зэхэуэ къызэрымыхъеин Iэмал къилъыхъуэу. ЕщIэ фIыуэ: алыджхэр лъэрызехьэми, амазонкэхэм къапэщIэувэмэ, зэтраукIэнущ, зы цIыху кхъухьым ирамыгъэхьэжу. Антеипхъу, хэкIыпIэ къыхуэгъуэтыркъыми, мэгузавэ, и псэм и гугъапIэ щауэм тегужьеикIауэ. Абдежым, къигъэщIа гъащIэм йогупсысыжри, амазонкэ къэралыгъуэм щызекIуэ хабзэхэм яхуиIэ лъагъумыхъуныгъэм нэхъри хохъуэ, икIи нэгъуэщIынэкIэ еплъ мэхъу и шыпхъу-и ныбжьэгъухэм. Ар хьэзырт, и щIасэм бгъэдэлъадэу «сыкъыздэщти, занщIэу фыщIэпхъуэж, фыкъелыну фыхуеймэ» жриIэну, ауэ ищIэрт ари хэкIыпIэ зэрымыхъунур, амазонкэхэм ар зэрамыдэнур, езым и шыпхъухэми къызэрыхуамыгъэгъунур.

«Сыт мыгъуэ уэ нахуапIэ ущIэхъуар? – егупсысырт Антеипхъу. – Си пщIыхьым ущыпсэуами, нэхъ тынштти тIум ди дежкIи! Сэ сесэжакIэт си пщIыхьэпIэр зэи нахуапIэ мыхъуну сызэригугъэм. Уэ птеухуа гупсысэхэмкIэ иджыри къэс тхьэхэм сыщагъэунэхуар пщIыхьэпIэрат, иджы къызгурыIуащ абыхэм зауэм сыщIыхамыгъэкIуэдар: тхьэхэр хуейщ си псэм пэсщI цIыху закъуэр си IэкIэ сагъэукIыжыну...»

ДзитIыр хуэмурэ зэхуокIуэ, лъыгъажэр яублэн хьэзыру, я нэ-

хэм губжь къащIихыу зэжьэхэплъэу. Амазонкэхэм къахокIуэтыкI я дзэпщ Ипполитэ тхьэIухуду къикIуэт зымыщIэр, Антеипхъу нэхъ дахэжыр тэрмэшу къыздещтэри. И гур къилъэтми, амазонкэ ныбжьыщIэм къарууэ иIэр зэхилъхьауэ зиIыгъщ, гу къылъамытэн хуэдэу.

Алыджхэм къахокI Гераклрэ дыщэ афэ зыщыгъ зауэлI щIалэмрэ.

– Сэ си цIэр Ипполитэщ, мы быдапIэм срикъалэгуащэщ, мы си гъусэр Антеипхъущ, тэрмэшщ. Дэ къыдгурыIуащ фэ Алыдж къэралышхуэм фызэрыщыщыр, ди гугъэщ ди пащхьэ итыр езы Геракл цIэрыIуэу зи хъыбарыфI куэд зэхэтхар арауэ. ФIэхъус гуапэ фыдох Геракл щэджащэми абы дэщIыгъу лIыхъухэми, фIыкIэ фыкъытхуэкIуауэ щытмэ!

МащIэу зи гур зэрыгъуэтыжа Антеипхъу алыджхэм я жэуапыр зэредзэкI езыхэм я бзэкIэ.

– Ипполитэ тхьэIухуд! Уэрэ уи цIыхубзхэмрэ фи IэщакIуагъэ инымрэ фи дахагъэ телъыджэмрэ я хъыбарыр ди Хэкум ихуэжыркъым, ауэ хъыбархэми нэсу къаIуэтэфакъым нобэ слъагъу фи теплъэр. Пэжщ, ГераклкIэ зэджэр сэращ, мы си гъусэр Аттикэм и лIыхъужь цIэрыIуэ, Минотавр–хьэщхьэвылъэр хэзыгъэщIэфа, абы нэмыщIкIи лIыхъужьыгъэ куэд зыгъэхъа Тесей гъуэзэджэрщ! Дэ ди гъусэщ алыдж къэрал псом хэплъыхьауэ къыщыхащыпыкIа лIыхъужьхэр, ди Хэкум и хъумакIуэ нэхъ лъэрызехьэ дыдэхэр. Сэ Еврисфей пщым ипхъу Адметэ срилIыкIуэщ. Абы унафэ къысхуищIащ уи бгырыпхыр, «зауэм и тхьэ Арес и тыгъэр», хуэсхьыну.

– Уей, Геракл лIыхъужь! Апхуэдэ лъэIу мыхьэнэншэ щхьэкIэ, уи жагъуэ ищIу, хэт уигъэщIэхъуфын уэ?! – жэуап иритыжащ Ипполитэ. – Сэ си бгырыпхыр уэстынщи, къалэн къыпщащIар бгъэзэщIэнымкIэ сыбдэIэпыкъунщ, ауэ япэщIыкIэ, сынолъэIу, фыкъытхуеблагъи ди хьэщIагъэ зылъывгъэс, дызэбгъэдэвгъэс, зыдвгъэлъагъу! Гъуэгуанэ жыжьэ къызэпыфчащи, зывгъэпсэхужынщ.

Ипполитэ и псалъэхэр Антеипхъу алыджыбзэкIэ зэридзэкIырт, а жиIэхэм емыгупсысыщэу. Абы и гупсысэ псори зыхуэгъэзар Тесейт. И нэхэр къиIэту, и гур зытхьэкъуам Iуплъэну тегушхуэртэкъым. Ауэ куэдрэ хуэмышэчу къыдоплъейри елъагъу езы Тесеи, мыбдеж щекIуэкIхэр къыфIэмыIуэхужу, къызэреплъыр. А плъэкIэм куэд къикIырт, Антеипхъу зыщIэхъуэпсхэм я жэуапу! Иджы Антеипхъу зыхещIэ: щIалэм и плъэкIэ удэзыхьэхым щабэу Iэ дилъэ хуэдэт хъыджэбзым и нэкIум, и Iупэхэм, и нэхэм, и пщэ псыгъуэ дахэм, адэкIэ, зыщимыгъэнщIу, и Iэпкълъэпкъ псом, иужькIэ аргуэру къытригъэзэжрэ и нэхэм щIэплъэу къызэтеувыIэу. Антеипхъу и Iэпкълъэпкъри, а плъэкIэм пэджэжу, къызэроIэт, малъхъэдисым хуэдэу зэрызыщIишэр, къызэригъэхуабэр егъэщIагъуэ, гуфIэгъуэ щэху къурет. Дуней псор ящыгъупщэжауэ, зытэлайкIэ а тIур хэташ апхуэдэ зэпыщIэныгъэ IэфIым. Тесей и плъэкIэр Антеипхъу зэрып-

хуихъуэжын мы дунейм теттэкъым.

ГупитIми ягу загъэу, мамыру зэпсалъэу здэщытым, уафэ къабзэм щыблэ къыщыуа хуэдэ, зы макъ къыхоIукI амазонкэхэм я дзэм:

– Напэншэхэ! Мы хакIуэжьхэр къывэдэхэщIэну фщIэмэ, ди къэралыгъуэр зэрыщыту ефтыну фыхьэзырщ! Флъагъуркъэ мыхэр зэрызэуакIуэр? Мыхэр IэщэкIэ зэщIэузэдащ икIи иувыкIахэщ зэрызэуэнум хуэдэу. «Феуэ!» жаIэным пэплъэу хьэзыру щытхэщ. Фыамазонкэ фэ хьэмэрэ фыхьэбзыжьхэ?!

Ахэр жызыIэр зрагъэлъагъуну хунэмыс щIыкIэ, амазонкэ сатырхэм я кум къыхэукIыу, зы бжы кIэщI къолъатэри, псынщIэу бгъукIэ зыщIэзыдза Геракл темыхуэу, абы и щIыбагъым къыдэт алыдж зауэлI пIащэр хегъащIэ. Арати, ар зэхэуэм щIэдзапIэ хуохъу, зыри абы хуэмеями. Бжыр къэзыдза амазонкэри къахуэгъуэтыжакъым, ауэ, иужькIэ алыджхэм зэрыжаIамкIэ, ар Геракл и бий Герэт. Амазонкэхэм я фэ зытригъауэри, Геракл хигъэкIуэдэн мурадкIэ зэрихъа щIэпхъаджагъэт…

Апхуэдэу зэщIагъэста дзитIыр губжь иным я пIэ иреч, зэхолъадэри зауэр яублэ. Алыджхэр аслъэным хуэдэу зауэрт. Япэм зыIущIэу щыта алыджхэм нэхърэ мыхэр куэдкIэ нэхъ лъэщу, лIыхъужь къыхэщыпыкIа защIэу зэрыщытыр амазонкэхэм занщIэу къагурыIуащ.



Тесей и пащхьэм ПэтIей къыихутауэ Антеипхъу щилъагъум, къаплъэн лъэкIэу жьэхэлъэри, и ныбжьэгъур хыфIихуэу Iуидзащ. ПэтIей къаплъэри, апхуэдэ лей къылъысар и жагъуэ ищIакъым, езы Антеипхъу Тесей езэуэну мурад ищIа и гугъэри. АбыкIэ игу загъэри, адэкIэ алыджхэм лъапсэрыхыр яхилъхьэным пищэжащ. Ар, мащIэуи къэзыгъэувыIэн IумыщIэу, кIуэцIрыкIырт алыджхэм я дзэм, зыр адрейм и ужь иту лIыхъужьхэр хигъащIэу, шынэрэ гущIэгъурэ имыIэу, псы Iуфэ пшахъуэр алыдж зауэлIхэм я хьэдэкIэ игъэнщIу.

Геракл IэщIэлъ жэз токъмакъ абрагъуэмкIэ амазонкэхэр хигъащIэрт, зыри къыпэмылъэщу. Ауэ куэд мыщIэу Елэныпэ къыпоуври, абыхэм яублэ щIылъэр зыдэзджызыдж иныжьитI зэзауэр. Гъунэгъу къахуэхъур, хэтми емыплъу, лъабжьэкIэ ираудрэ пшахъуэр иравыкIыу зодэмэпкъауэ, бгыжьитI зэжьэхэуэ хуэдэ макъ ирагъэщIу. ЗэрытемыгъакIуэу куэдрэ зэзэуащ а тIур. Ауэ иужькIэ Елэныпэ и мэIур къутэу зэрызихъумэжын Iэмал имыIэу Iэ пцIанэу къыщынэм, Геракл и Iэщэ хьэлъэр абы къытехуащ, и жыр тажыр зэхиупIышкIуэу. Елэныпэ и лъакъуэхэр щIэщIэри пшахъуэм хэукIуриящ, щIыр игъэхъея къыпфIигъэщIу. Геракл ар къиIэтри ихьри кхъухым ирилъхьащ.

Зэ плъэгъуэкIэ гуащIэу къыпфIэщIыну зэзауэр ирагъэкIуэкIыурэ, Тесейрэ Антеипхъурэ къыIухутащ псым и Iуфэ дыдэм. Къеплъхэм дежкIэ ар, дауи, уафэхъуэпскIым хуэдэ уэгъуэ псынщIэхэмкIэ щызэхъуажэ зэпэщIэсэныгъэт. Ауэ, зыми гу лъамытэу, ахэр зэрыуэр сакъыурэт, джатэми сэшхуэми я уэгъуэ къэс зытехуэну щIыпIэр

нэкIэ зым адрейм иригъэлъагъуу, абы къыдэкIуэуи щхьэж и Iэзагъэр ягъэунэхуу. Ар зауэтэкъым, атIэ джатэдзэ зэщIэлъыкIам къытехута лъагъуныгъэшхуэм и къафэт. Зэи къэмыхъуа Iэмал телъыджэт хъыджэбзымрэ щIалэмрэ гухэлъ зэрызэхуаIуатэр. Ар, шэч хэмылъу, зэ Iуплъэгъуэм къигъэщIа, гъащIэмрэ ажалымрэ я зэпылъыпIэ дыдэм деж къыщыунэхуа лъагъуныгъэт.

Тесей и тхьэкIумэ жанымкIэ зэхех Антеипхъу дежкIэ лъэтауэ къакIуэ бжы кIэщIым и макъыр. Дзыхь хуищIу, и щIыбыр хъыджэбзым хуегъэзэри, бжыр езым и мэIумкIэ къегъэувыIэ. Абдеж Антеипхъу къелъагъу амазонкэ гуэрым Тесей шабзэшэ къридзауи, щауэм йоIунщIри Iуедз, шэри гъунэгъубзэу блолъэт. Иджы нэбгъузкIэ кIэлъыплъу щIадзэ, къадэIэпыкъун мурадкIэ, лъэныкъуитIымкIи къаутIыпщ шэхэр къазэрытемыхуэным. Антеипхъу зэман куэд зы бийм тригъэкIуадэу къыщохъури, ПэтIей щхьэмыгъазэр абы къыжьэхолъадэ, и ныбжьэгъум зыкъыпэщIэзыса алыджыр зэ уэгъуэкIэ хигъэщIэну. Ауэ Антеипхъу губжьауэ «IукI!» жиIэу къыщыщIэкIием, зэригъэщIэгъуэнур имыщIэу къеплъри, адрей бийхэм яужь ихьэжащ.

МахуэкIэм яубла зауэр имыухыурэ, пшапэр зэхэуащ. Антеипхъурэ Тесейрэ а «зэрызэзауэм» хуэдэурэ алыдж кхъухьым къыщыбгъэдэхутэм, зэплъыжхэщ, зыри жамыIэу зэдилъри, зэ лъэгъуэм тIури къихутащ Тесей и кхъухьым. А къэхъуам гу лъызымыта Ипполитэ и унафэ къоIу, зэхэуэр щагъэтыну. Амазонкэхэр Геракл и кхъухьым йожалIэ, Елэныпэ гъэрыпIэм кърашын я мураду. Къалэгуащэм зеплъыхь, и тэрмэшыр къилъыхъуэу. ИужькIэ йоджэ Антеипхъу. Ауэ, жэуап щызэхимыхым, къызэгуэпауэ жеIэ:

– Мыбыхэм дауэ къагурызгъэIуэну сэшхуэ лантIэмкIэ Елэныпэ къэсхъуэжыну сызэрыхьэзырыр?!

Антеипхъу ар зэхехри, псынщIэу псори Тесей гурегъаIуэ. Иджыри тэмэму къызэфIэмыувэжа Елэныпэ кхъухь гъунэм Геракл къыIуешэри, IэпэтэрмэшкIэ къегъэлъагъуэ и гъэрыр сэшхуэ лантIэмкIэ къихъуэжыну зэрыарэзыр. Ипполитэ хьэзырыххэти, Геракл сэшхуэр Iэрохьэ. Абы амазонкэ гуащэм лъахъшэу щхьэщэ къыхуещI, кхъухьым йоIунщI, псы зыкъэзыIэтам трегъэзэри, езыри долъеиж. Ежьэжыным и унафэр къоIу. Алыдж кхъухьхэм хьэнцэхэр кърагъэжри хущIэрыуэурэ йожьэжхэр, лъыкIэ гъэнщIа хамэ хы Iуфэр епIэщIэкIыу ябгынэу.

Антеипхъу иджыри зэман зыкъомкIэ зэхихащ и ныбжьэгъухэм, ныджэри  хы Iуфэ чэнжри къызэхажыхьу, ар къалъыхъуэу зэрыджэр, ауэ псори пщIэншэт. Кхъухьхэр кIуэ пэтми нэхъ хуабжь хъу зэпытт, тафэмкIэ къикI жыыбгъэмрэ хьэнцэкIэ псыр лъэщу щIэзытхъу гъэрхэмрэ я фIыгъэкIэ. Антеипхъурэ  Тесейрэ зызэрашэкIауэ кхъухьыкIэм тетщ, щыму нэпкъымкIэ плъэуэ. Мыбдеж псалъэхэр щылейт, «щызэзауэм» щыгъуэ псори зэхуаIуэтати. Тесей хуэму Iэбэри амазонкэм и дыщэ тажыр щхьэрихащ. Анте-


6 Заказ №246

ипхъу и щхьэр игъэсысри, щхьэцыгъуэ Iувыр и плIэм къыдэхуэу къригъэхуэхащ. Зы нэпс ткIуэпс щэху къежэхщ и напэми, хыпс щхъуантIэ шыугъэм хэхуащ. Тесей ар зыкIи гъэщIэгъуэн щымыхъуу, гуапэу ба хуищIащ хъыджэбзым и нэхэм. Антеипхъу къэгуфIащ, насыпым и нурыр и нэгум крихыу. Абы къыгурыIуащ къызэрыгуэкI бзылъхугъэ зэрыхъуар, нэпс щIигъэкIми гухэлъым егуэпэкIыу пежьэми хъуурэ. ЩыIэжкъым япэрей амазонкэ гущIэгъуншэу щытар, блэкIар кIуэдыжащ лъэужьыншэу, хым хэхуа нэпсым хуэдэу.

ЗэпсэгъуитIыр зэрыс кхъухьым Аттикэм хуэкIуэжу мазэ гъуэгу зэпичащ. А мазэр зы жэщ-зы махуэу фIэкI къащыхъуакъым пситI зэрыгъуэтам. Антеипхъу а мазэм къищIащ жэнэтыр зищIысыр, хьэкъ щыхъуащ: мы мазэм и дэтхэнэ зы махуэми папщIэ укъалъхуу амазонкэ быдапIэм илъэс пщыкIухкIэ хьэзаб хьэлъэр щыбгъэв хъунут. Кхъухь пэш Iэзэвлъэзэври кхъухь гущIыIури а тIум таурыхъым хэт хадэ щхъуантIэу къащыхъурт, гугъэу гум илъ псори щызащIэу. Толъкъун лъагэм хуэдэу зэуэ къащIэуа лъагъуныгъэм и IэфIагъым ящигъэгъупщэжат зэманри дунейри. Антеипхъу ауи егупсысыххэну хуейтэкъым адэкIэ сыт къэхъунуми. Иджыпсту аратэкъым Iуэхур. Ауэ, Аттикэм гъунэгъу хуэхъухукIэ, абы гузавэр нэхъ къытегуплIэрт.

Зы махуэ бзыгъэ гуэрым кхъухьым и зыплъыхьыпIэ лъагэм тет хылIыр гуфIэу, пIейтейуэ къоджэ, я хэку щIыналъэр къилъэгъуауэ. Я гуфIэгъуэшхуэщи, псори зэрогъэкIий. Аттикэм зэрынэсар къыгуроIуэри, Антеипхъу мурад ещI алыджхэм захуигъазэу зыгъэпIейтейуэ и гум илъхэр яжриIэну.

– Тхьэуэ щыIэмрэ уи ныбжьэгъу пэжхэмрэ си щыхьэту бжызоIэ, Тесей! Сэ си гъащIэр тхьэхэмрэ уэрэ фIэщIэслъхьащ, мащIи-куэда семыгупсысу. ДяпэкIэ сыт хуэдэу си гъащIэр емыкIуэкIми, сэ абы сыхущIегъуэжынукъым, сыту жыпIэмэ уэ бдэсхьа махуэхэр сэ къэзгъэщIа псом нэхърэ нэхъ лъапIэщи! ФIыщIэ пхузощI абы щхьэкIэ! Ауэ сэ фи пащхьэм сыкъыщIиувар ар жысIэну аракъым. Уэ уощIэ сэ сызищIысыр, сэри езым фIыуэ сощIэж сыкъызыхэкIар зыхуэдэр, сощIэ сыкъызэрыкIуэсар амазонкэхэм зэи къызэрысхуамыгъэгъунури. Сэ сыхуейкъым си лъэужьым крикIуэнухэм гуIэгъуэшхуэ уи унэм кърахьэну. Си ныбжьэгъуфIхэу амазонкэ зытхух ди быдапIэм къыдэнащи, абыхэм ялъэкI къамыгъанэу си IуэхуфI зэрахуэнущ. Ди къэралыгъуэм и хабзэхэр ткIийщ. Амазонкэ гуащэхэм сэ сыздэщыIэр къызэращIэу, хасащхьэр зэхуэсынурэ унафэ къащтэнущ. СощIэ а хасэм къыстрилъхьэну тезырыр зыхуэдэри. Абы арэзы сытехъуэнут, сыкъимыкIуэту, ауэ амазонкэхэр къыскIэлъыкIуэмэ, си закъуэкъым яукIынур. Фэри фызэтраукIэнурэ фи къалэхэри зэтрагъэсхьэнущ! Тесей, сынолъэIу, сумышэ фи къалащхьэм. Дэтхэнэ зы хытIыгу цIыкIу пхыдзари хъунущ си дежкIэ псэупIэ. Сэ абы сыщыпсэуфынущ, сыт щыгъуи уэ сыппэплъэу. Тесей, сынолъэIу, мы зэм къызэдаIуэ, сэ нэхъыфIу сощIэ Iуэхур

зыIутыр. Си зэранкIэ апхуэдиз гузэвэгъуэ уи Хэкум къылъысыну сыхуейкъым! Фи пащхьэ а псалъэхэр щыжысIэнур си дежкIэ хьэлъэщ, нэхъ хьэлъэжыр уэ ппэIэщIэ сызэрыхъунурщ, Тесей. Ауэ псом дежкIи нэхъыфIыр сэ фыкъызэдэIуэнырщ. Аращи, фIыуэ фегупсыси, фи зэран къызыхэмыкIын унафэ фызэгъусэу къафщтэ.

ЖиIэну зыхуейр жиIэщ, хэгупсысыхьауэ зэхэс хылIхэр къызэхинэри, Антеипхъу и пэшым щIыхьэжащ. ЕгъэщIагъуэ, зы зэдауи зэрыгъэкIий макъи зэхихыркъыми. «Сэ жысIам пэрыуэн къахэмыкIыу, псори арэзы техъуауэ къыщIэкIынщ», – йогупсыс ар. И бжэмкIэ къыхуэкIуэу лъэмакъ зэхехри, къещIэ ар зэрымыТесейр. Бжэм адэкIэ къыщыту, а лъэмакъыр зейм жеIэ нигъэзэжыну къызэрелъэIухэр. Антеипхъу зауэлI щIалэм и ужь иувэри игъэзэжащ. Еплъмэ, елъагъу адрей кхъухьхэми я лIыкIуэ нэхъыжьхэр къызэрыкIуар. КъызэрыкIа кхъухьхэри гъунэгъуу зэхэтт, я хьэнцэхэр Iэтарэ парусхэр ехьэхауэ. Хъыджэбзыр къазэрыхыхьэу, псори зэщIэщымащ, зэIущэщэн щагъэтыжри. Утыкум ит чеишхуэм теуващ зы хылI, зэщIэтхъуарэ быдапIэжь блыным хуэдэу и нэкIур зэрыщыту уIэгъэжь кIыжахэмкIэ зэхэфыщIауэ.

– Уащхъуэм къеха дахэкIей! – къыщIедзэ абы макъ гъум лъэщкIэ. – ИкъукIэ ди гуапэ хъуащ, дахагъэу ббгъэдэлъым ищIыIужкIэ, апхуэдэ зэхэщIыкIрэ псэ къабзэрэ узэриIэр! Зызумысыжынщи, сэ си гугъат уэ, гухэлъ гуащIэм уи щхьэр игъэуназэу, псори пщыгъупщэжауэ. Апхуэдэ дыдэу Iуэхур къыщIэкIатэми, уэ зы цIыхупсэм уигъэкъуэншэнутэкъым. Дэ псоми къыдгуроIуэ щIалэгъуэри лъагъуныгъэри зищIысыр. Ауэ апхуэдэ губзыгъагъэ къызэрыбгъэлъэгъуамрэ укъызэрыттегузэвыхьымрэ папщIэ уэ пщIэ лей къыболэжь. Ди пащтыхь щIалэ Тесей и гур къэптхьэкъуа къудейкъым, атIэ укъыщIэкIащ ди пащтыхьыгъуэм ухуэфащэу, икIи, сызэреплъымкIэ, уэ ухъуфынущ Аттикэм и гуащэ Iущ! Пэжщ, дэ фIыуэ долъагъу ди къалэхэри, абыхэм дэт ухуэныгъэ телъыджэхэу ди адэжьхэм къытхуагъэнахэри, езыхэм ди IэкIэ духуэжахэри. ДощIэж ди яужь къинэхэм ахэр яхуэтхъумэну къалэн ди пщэ зэрыдэлъыри. Ди лъэпкъым гъуэгуанэ кIыхь икIи гъуэгуанэ гугъу къызэринэкIащ, Аттикэмрэ ди Афинэ къалэмрэ яухуэн папщIэ. Зэхэкъутэныгъэ куэди я нэгу щIэкIащ абыхэм, бийхэм я Iэужьу. Зэкъым, тIэукъым ди цIыхухэр щысхьыншэу зэрызэтраукIар, ди къалэхэр зэрызэтрагъэсхьар. Ауэ, итIани, зэман дэкIырти, тхьэхэм я фIыщIэкIэ, ди цIыхухэм я гуащIэдэкIкIэ псори зэфIэувэжырт. Сыт хуэдиз гугъуехь ямыгъэвами, ди адэжьхэм яхузэфIэкIащ нэхъ мылъкушхуэ дыдэу диIэ лъэпкъ напэмрэ хабзэмрэ лIэщIыгъуэхэм къыпхрахыну. Аращ ди лъэпкъыр мыкIуэду къызэтезыгъэнар. А лъапIэныгъэхэм сыщIапIыкIауэ, ижьижьыж лъандэрэ зауэлIу къекIуэкI лъэпкъым сыкъыхэкIауэ, сэ нобэ сышынэу е сыдзыхэу пащтыхь гуащэу щытыну зыхуэфащэу тхьэхэм къыдапэсар сымыхъумэу хъун?! Абы и ужькIэ дауэ си унагъуэ сихьэжын, сыалыджу, алыджым сыкъилъхуауэ?! Уэ дэ удипащтыхь

гуащэщ! Къалащхьэм дэт нэхъ псэупIэ дахэм ущыпсэуни хуейщ, уи лIым ищI къэрал унафэхэр дэпIыгъыу!

ЗауэлI лIыжьым псэлъэн иухщ, чейм къехыжщ, Антеипхъу бгъэдыхьэри лъэгуажьэмыщхьэ зригъэуащ, икIи и пащхьэм ирилъхьащ куэдыIуэрэ зэралъам бгъузэ ищIа и жэз джатэжьыр. Адрей кхъухьхэм ис зауэлIхэми апхуэдэ дыдэу ящIащ: я джатэхэр я пащхьэм иралъхьэри, Антеипхъу зыхуагъэщхъащ.

Антеипхъу, елъэIуурэ, лIыжьыр къегъэтэджыжри, псоми зэхахын хуэдэу ину жеIэ:

– Тхьэхэрщ зыщIэр сэ гъащIэу сиIэр зыхуэдизыр, ауэ сыпсэуху-кIэ си гум изгъэлъынщ уи псалъэхэр. Си псэм себлэжынкъым къызэвгъэза дзыхьыр згъэпэжын, Аттикэм хуэфэщэн пащтыхь гуащэ сыхъун папщIэ!

*КъыкIэлъыкIуэнущ*

# Тхыдэ къэхъукъащIэхэр лъагъуныгъэм и бзэкIэ къыщыIуэтэжа роман

XIX лIэщIыгъуэм адыгэхэр зыхэта тхыдэ Iуэхугъуэшхуэхэрщ шэрджэс тхакIуэ Тыуаршы Аслъэн и «Псыкъелъэм и макъамэхэр» (2007) романым лъабжьэ хуэхъуар. Романым щыщ Iыхьэшхуэхэр 2002 гъэм «Черкес хэку» газетым тетыгъащ. Тхыдэ романхэм зэрыщыхабзэу, Тыуаршы А. и «Псыкъелъэм и макъамэхэр» тхыгъэми хэтщ XIX лIэщIыгъуэм Кавказ Ищхъэрэм щекIуэкIа зауэ гуащIэхэр къыщыгъэлъэгъуэжа теплъэгъуэхэри (псалъэм папщIэ, Беслъэнгъуэщ къалэр адыгэхэм зэрахъумар е ЛютIокъуэ деж щекIуэкIа зауэр, нэгъуэщIхэри), лIыгъэ зэхэгъэкIыпIэ къиихута адыгэ щIалэхэм (Зед, Тенджыз сымэ) я зэфIэкIым теухуа Iыхьэхэри, лъэпкъым и цIыхухэр зэраущтыжу яхэта хамэ щэхурылажьэхэри, кавказ щIыналъэр зэпэзыубыда къэралыгъуэжьхэм я политикэ мыхъумыщIэхэри, абыхэм я лIыкIуэхэм зэрахьа гъэпцIагъэхэри. Ауэ «Псыкъелъэм и макъамэхэр» нэхъыбэу зытещIыхьар гурыщIэрщ. Ар езы романым и фIэщыгъэми къыбжеIэ, абы щекIуэкI Iуэхугъуэ псори зэгъэщIылIэжари аращ.

«Псыкъелъэм и макъамэхэр» романыр иухын ипэкIэ Тыуаршыр Франджым кIуэри мазэкIэ Париж, Бордо, Тулузэ, Нант къалэхэм щыIащ. Ар къыхуэщхьэпащ пщым и пхъур а къэралым къыщыхутэу щыпсэуа илъэсхэр пэжагъ инкIэ гъэнщIауэ тхыжынымкIэ.

Урыс пащтыхьым и лIыкIуэу адыгэхэм я деж къигъэкIуэжа флигель-адъютант Тенджызрэ адыгэпщ Дал-Джэрий ипхъу Нэтрэ я лъагъуныгъэрщ романым и купщIэр. Ауэ «псыкъелъэ макъамэр дежьууэ Нэт уэрэд жиIэу» къежьа а гурыщIэ дахэр «псыкъелъэм гъыбзэ жиIэу» иухыжыным хуэзышар зауэ мыгъуэжьырщ, адыгэхэм «джаур зауэжь» зыфIащарщ. И пэм къыщыщIэдзауэ и кIэм нэс тхыгъэм и сюжетыр иIыгъщ абы, гукъэкIыжу щытми, хъыбару яIуэтэжми, персонажхэр хэпщIауэ къекIуэкIми. Ахэр пэжагъ ин хэлъу тхыжащ, тхыдэм зи цIэр (фIыкIи IейкIи) къыхэзына дзэзешэхэр, лъэпкъым, цIыхубэм я пашэхэр хэту. ИтIани, псэм, гум ехуэбылIэ теплъэгъуэхэм тхыгъэм увыпIэшхуэ щаубыд.

ТхакIуэм романым Iэзэу къыщегъэлъагъуэ адыгэ лъэпкъым и хабзэ хьэщыкъ узыщIыр, псалъэм папщIэ, хьэгъуэлIыгъуэр зэрекIуэкIыр, хьэщIэм, нэхъыжьым пщIэшхуэ зэрыхуащIыр, зэшхэм, зэныбжьэгъухэм яку дэлъ гуапагъыр, нэгъуэщI куэди. Тыуаршы Аслъэн и ехъулIэныгъэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщу къэплъытэ хъунущ и образ къэгъэщIыкIэр, абыхэм я псэкупсэ дунейр хьэлэмэту зэриухуэр. Романым тхыдэрщ лъабжьэ хуэхъуар, ауэ тхакIуэм хузэфIэкIащ а зэманыр IупщIу художественнэ IэмалхэмкIэ гъэщIэрэщIауэ, ди нэгу къыщIигъэхьэжын.

Тхыгъэр къыщIедзэ Урысейм и пащтыхьым пщэрылъ къыхуищIу джыназ, флигель-адъютант Увжыкъуэ Тенджыз Кавказым къигъэкIуауэ. «Iуэхуу пщэрылъ къыпхуащIар зэрыбгъэзэщIэфым елъытащ цIыху мин бжыгъэхэм я гъащIэр, джыназ, лъэпкъ псом и гъащIэр зэрыхъуну дыдэр елъытагъэнкIи хъунущ» (Псыкъелъэм и макъамэхэр. 7-нэ нап). Иджыри къэс Тенджыз къыхуихуатэкъым пщэрылъ къыхуащIа Iуэхур щимыгъэзэщIа. Балигъ мыхъупауэ

ар къыщыхутат пащтыхьым гъунэгъуу пыщIа дзэзешэшхуэхэм я дежи, хэт хуэмызами, фэ зытет щIалэ жаныр фIыуэ къалъагъуу, бын пэлъытэу яIащ. Джыназхэм яхэтурэ Тенджыз къыщIэтэджащ и псалъэм хуэщыпкъэным, Iэдэбагъэм, лIыгъэм. ГурыхуагъэкIэ къахэщу, урысыбзэм къыщымынэу, франджыбзэми хуэкъулейуэ Кадет корпусыр къиуха нэужь, къулыкъу ищIэу ар дзэм хыхьэжат. Зауэ IуэхукIэ дэнэ къэрал къыщыщIимыдзами, хахуагъэ къэзыгъэлъагъуэ, къалэну къыхуагъэувым псынщIэу Iэмал къыхуэзыгъуэт офицер ныбжьыщIэр дзэзешэшхуэхэм къуэдзэу яIэну зэпаубыдырт. Иужьрей зэманым ар егъэза хъуат пащтыхьым пщэрылъ къыхуищIам. Ар ауэ къызэрымыкIуэ къэрал Iуэху гугъут, икIи абы и зэфIэгъэкIыным езы адыгэпщ Увжыкъуэ Тенджызи дуней дахащэ къыхузэIуихырт.

Тенджыз зыщыщыр Кавказ Ищхъэрэрщ, ауэ, и адэ-анэр яукIа нэужь, абы и гъащIэм зэуэ зехъуэжри Урысейм щапI. Романым и пэм къыщыщIэдзауэ и кIэм нэс мамырыгъэм и телъхьэу, лъэпкъым и къэкIуэным щIэгупсысу, Кавказ зауэр зэригъэувыIэным хущIэкъуу дегъэлъагъу ар тхакIуэм. Тенджыз и щхьэ закъуэ насыпым хущIэкъуркъым, и псэм езыр хуитыжкъым, ар абы иритащ Хэкум, мамырыгъэм, ныбжьэгъугъэм, лъагъуныгъэм. Кавказым къэса нэужь, ар йоблагъэ Джатокъуэ къуажэм япщ Дал-Джэрий и унэм, ауэ ар зэрырагъэблагъэу пщыр и гукъэкIыж шынагъуэхэм зэщIаубыдэ.

«– Сэ си цIэр Тенджызщ, пщы Увжыкъуэ Болэт срикъуэщ, – жиIащ офицер щIалэм, – къысхуэвгъэгъу ар иджыри къэс зэрыжызмыIар, си гъусэхэми яIэщIэгъупщыкIыжащ… Урысей пащтыхьым и деж къулыкъу щызощIэ...

Дал-Джэрий, и пащхьэм топышэ къыщыуам хуэдэу, къаскIэри и щхьэм дэуеящ, Увжыкъуэ Болэт и цIэр щызэхихым. Гу лъатакIэ игу гъущ, къэгузэвэжри, тахътэм здытесым абы зигъэхъеящ, плъыжьыбзэ хъури, итIанэ, и нэкIум лъы щIэмытыж хуэдэ, фагъуэ хъужащ. И Iэпэхэр зэрыкIэзызыр зыхищIэу и кIэ жыпым бэлътоку кърихри, пщIэнтIэпс къызытрихуа и натIэми и напэми телъэщIыхьащ. «Зэрещхьыщэ! Увжыкъуэ Болэт къэтэджыжри лъыщIэж къысхуэкIуащ! – егупсыст ар, щилъэгъуар иджыпсту хуэдэ, офицер щIалэр къызэпиплъыхьу, – зэуэ щхьэ къэзмыцIыхуарэ мыр?!

Абы и нэгу щIэтт Болэт, щIагъщIэлъ нэхъ щымыгъыу, и щхьэгъусэ яукIар зыхэлъ пIэ лъы защIэм къиуварэ Дал-Джэрий япэ зэриту тебэна лIыхэм сэшхуэкIэ къайзауэу гъуэлъыпIэм щита дакъикъэхэр...» (Псыкъелъэм и макъамэхэр. 11-нэ нап).

Мы пычыгъуэр къыщIэтхьам и щхьэусыгъуэр епхащ тхыгъэ псом адэкIэ къыщыхъу Iуэхугъуэхэм, Дал-Джэрий Тенджыз и хущытыкIэм, сыт щыгъуи дзыхь хуимыщIу зэрыщытым. Мыбы дигу къегъэкIыж адыгэхэм ехьэлIауэ иджыри зы хабзэжь – лъыщIэжыр. Ауэ, дауэ мыхъуами, Тенджыз хуейкъым лъы игъэжэну (уеблэмэ романым и кIэхэм дежщ абы Iуэхур зытетыр къыщищIэр, ауэ и Iуэху еплъыкIэхэр ихъуэжкъым), лъэпкъ Iуэхур нэхъапэу къелъытэри. Абы къыгуроIуэ а Iуэхум (адэ-анэр зэраукIам) хэтахэр гъэпцIагъэкIэ зэрыхагъэхьар. Аращ зыми ялъ ищIэжыну щIыхуэмейр, ауэ Дал-Джэрий къэгъэшыгъуафIэкъым мы Iуэхум

теухуауэ. Пщым и дзыхь мыщIынымрэ жыжьэ зэрымыплъамрэ гузэвэгъуэ куэд къырокIуэ.

Мы романым тхакIуэм Iэзэу къыщегъэлъагъуэ а зэманым пщыхэм яку зэгурымыIуэныгъэ зэрыдэлъар, зы унафэ зэрамыщIыфыр. Ауэ Тенджыз и Iущыгъэм, и гу къабзагъэм къыхэкIыу хузэфIокI ахэр зэгуригъэIуэн, Iуэхур зытетыр дахэ защIэкIэ, псалъэ шэрыуэкIэ яхуиIуэтэн: «ТхьэмыщкIагъэу лъэпкъым къылъэIэсам къарукIэ ущыпэмылъэщкIэ, акъылыр Iэпэгъу щIауэ лъэпкъым шынагъуэр щхьэщыха зэрыхъуным егупсысын хуейщ. Уэр-уэру, уи щхьэ акъылкIэ уегупсысмэ къыбгурыIуэнкIи игъуэщ уи щIыналъэ зыпылъ къэралышхуэм уебийуэ зыпэщIумытIэу, узэгурыIуэу, цIыхугъэ уи яку дэлъу упсэун папщIэ Iэмалу щыIэр къэбгъэсэбэпын зэрыхуейр» (Псыкъелъэм и макъамэхэр. 115-нэ нап).

Нэт адыгэ хэкум щыцIэрыIуэ пщы Дал-Джэрий ипхъущ, Тенджыз фIыуэ илъагъу пщащэщ. Мыхэр япэу щызэрылъэгъуар Дал-Джэрий и хьэщIэщырщ, Iэнэр къиузэдыну абы щIыхьат Нэт: «Пщащэ цIыкIум и щхьэц ухуэнар и щIыбкIэ иридзэкIри и напэр мащIэу плъыжь къэхъуауэ, жьантIэмкIэ къежьащ. Дыжьын бгырыпх цIыкIур зэшэкIа ибг псыгъуэр мащIэу иришу ар къыздэкIуэм Тенджыз и нэхэр ерагъыу къыкIэричыжащ…» (Псыкъелъэм и макъамэхэр. 115-нэ нап).

Тенджыз гурыщIэ хьэлэмэт гуэр зыхищIэрт а пщащэр зэрилъагъуу, зыщIэс пэшышхуэр нэхъ нэху икIи нэхъ гуапэ хъуа къыщыхъурт, абы щIэрыщIэу къызэпиплъыхьт щакIуэ нэщэнэу блынхэм кIэрылъхэр.

Нэт къыхуэт щымыIэу тхьэIухудщ, хабзэ ткIийм щIапIыкIащ, еджэным и гур хуопабгъэ. Зэхуэфащэ дыдэу зэришэлIат мы тIур гъащIэм, зэман кIэщIкIэ езыхэри зогуакIуэ, ауэ гугъуехь куэд къызэранэкIын хуей мэхъу. А псоми хахуэу япэщIоувэ фIыуэ зэрылъагъуитIыр, я лъагъуныгъэ хеймрэ я насыпымрэ зэман бзаджэм щахъумэн я мураду.

Тыуаршым нэхъ къехъулIахэм ящыщщ Дал-Джэрий и образыр. АбыкIэ тхакIуэм дегъэлъагъу, цIыху закъуэтIакъуэ мыхъуу, адыгэ лъэпкъым зэрыщыту щIэныгъэм зратын зэрыхуейр. Абы къикIыркъым адыгэхэр хьэщхьэрыIуэу къигъэлъагъуэу, атIэ апхуэдэ щIыкIэкIэ къыдгуригъаIуэу аращ Дал-Джэрий ищIа щыуагъэхэр къыгурымыIуэныгъэм, Iуэхум и пэжыпIэр зытетыр зэримыщIам къызэрыхэкIыр. Пщыр, цIыхухэр езым хуэдэу хьэлэлрэ я гум илъыр жаIэу къыщыхъуа щхьэкIэ, къопцIэ. Ахэр къыгурыIуэжу, Iичрам къихьыжа нэужьи зыми къыхуегъэгъэзэжкъым. Романым укъыщеджэм и деж, псом япэ зыхыбощIэ пщым и гуауэр. Абы хуабжьу къытохьэлъэ ипэкIэ узэIэбэкIыжмэ къыIэщIэщIа щыуагъэр. Дал-Джэрий и гур къызэгуэчыным хуэдэщ, нэхъыбэжу къэзыгъэлыбыр и гухэлъхэр и Iыхьлыхэм зэражримыIэжыфырщ, ауэ дапхуэдиз бэлыхь псэкIэ имышэчами, губжьауэ унафэ щIын зэрыхуэмейр къыгуроIуэ, Iуэхур лъэпкъым деж щынэсам дежи и щхьэ закъуэкъым зэгупсысыр. Тенджыз и деж зэрыщыкъуаншэр къыгурыIуэжащи, апхуэдэ лейр Тенджыз имыгъэгъуну къыщохъу, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ езы Дал-Джэрий апхуэдэр зэи игъэгъунутэкъым. А и Iуэху еплъыкIэр зэрымытэмэмым къыхэкIыу пщым къыIэщIощIэ и етIуанэ щыуагъэри, ауэ ар

бгъэкъуаншэ хъунукъым, сыту жыпIэмэ Дал-Джэрий зыщIапIыкIа хабзэжьым тету аращ. ЩIэ ягъэIущ щхьэкIэ, жьы яущиижрэ?!

Мы романымкIэ Тыуаршы Аслъэн дигъэлъагъуну хуейщ къарукIэ узыпэмылъэщын Iуэхугъуэ куэд зэрыщыIэр, абыхэм IэмалкIэ уазэрытекIуэфынур, уи щхьэ закъуэ насыпкIэ упсэуныр зэрыикIагъэр, уи гум илъ лъагъуныгъэм хуэпэжын зэрыхуейр. Тенджыз и псэр пытыху хущIэкъуащ мамырыгъэр ихъумэным, и Хэкур химыгъэкIуэдэжыным, хуэпэжащ ар и лъагъуныгъэми. ИкIи жыпIэ хъунущ Хэкум теухуауэ ищIа мурад дахэхэр абы къехъулIауэ, ауэ дэнэ щыIэ и ныбжьэгъухэр? Дэнэ кIуа апхуэдизу сэбэп къыхуэхъуа и къуэшхэр?! Ятащ абыхэм я псэр я лъахэм, мамырыгъэм папщIэ.

«Псыкъелъэм и макъамэхэр» романым быдэу щызэпыщIащ зауэмрэ мамырыгъэмрэ, гъащIэмрэ ажалымрэ, гуауэмрэ гуфIэгъуэмрэ, лъагъуныгъэмрэ лъагъумыхъуныгъэмрэ. Тхыгъэм убгъуауэ къэгъэлъэгъуэжа щыхъуащ фIым щыгугъыурэ зи дунейр къызэтекъутэжа цIыхухэм, лIэнкъэнэну зэпэщIэува лъэныкъуитIым ящыщ лIыхъужьхэм я психологиер, персонажхэм я хьэл-щэн зэхуэмыдэхэр, я псэм щекIуэкI зэныкъуэкъур, фIыуэ зэрылъэгъуа ныбжьыщIэхэм я гурыщIэ дахэр. Романыр лиризм щабэкIи гъэнщIащ. Абы, тхыгъэр инми, еджэгъуафIэ ещI. Шэч къытумыхьэжу жыпIэ хъунущ Тыуаршым и романыр дызытепсэлъыхь лъэхъэнэм теухуауэ дунейм къытехьа тхыгъэ нэхъыфIхэм зэращыщыр, икIи ар лъэпкъ прозэм хэлъхьэныгъэфI зэрыхуэхъуар.

**ЩАУЭ Каринэ,**
*КъБКъУ-м и магистратурэм щеджэ*

ТЫУАРШЫ Аслъэн

# ПСЫКЪЕЛЪЭМ И МАКЪАМЭХЭР

*Романым щыщ пычыгъуэхэр*



... ЯмыщIэххэу Зед къэсыжащ. Джатокъуэхэ я унагъуэм исыр гуфIэхэу зэхэзежэт. Далил и гъусэу занщIэу щIыхьэри абы Тенджыз IэплIэ иришэкIащ:

– Дауэ, ухъуа, уезэшкъэ?

– Айе, дэнэ къикIауэ! – Хуидакъым абы Тенджыз. – Далил уи гъусэу уригъэзэшрэ!

Тенджыз гу лъитэт, сыт хуэдэу нэжэгужэ зимыщIами, япэм хуэдэкъабзэу Зед гуауэщхьэуэ гуэрым зэрыхэтым. Ауэ езы пщым зыри щыжимыIэм, химыгъэзыхьыну мурад ищIащ.

Линэ и псэр къыпыхьэжат! Пщыхьэщхьэм Далили Нэти и гъусэу ар Тенджыз и деж щIыхьащ. Ахэр зэрынэжэгужэхэр къапщIэу зыщIэс пэшым дыхьэшх макъ къыщIэIукIырт.

Зед абыкIэ мыкIуэу, Дал-Джэрий и деж щIыхьэри куэдрэ зэпсалъэу я закъуэ щысахэщ. Ар здэщыIам и офицер благъэр игъуэтакъым. Абы нэхъ и ныбжьэгъу дыдэхэм ящыщ зыи къыхуэмыгъуэту и нэIуасэ бзылъхугъэ гуэрым щыхуэзэм Зед щэхуу къыжриIащ зылъыхъуэ офицерыр Екатеринодар зэрыкIуар, къимыгъэзэжынкIи зэрыхъунур, сыту жыпIэмэ ар и унафэщI дзэзешэм езэгъакъым, зэпаубыдари уэ къащIэ. Дзэм къыхэмыкIыжу къэнэнкъым ар...

– Сигу ирихькъым сэ а офицерыр дзэм зэрыхэкIыжыр, – жиIащ Зед нэщхъей дыдэу, – сэ сощIэр абыхэм зэпаубыдар, абы игу техуэтэкъым пащтыхьыдзэхэм лыузыншэу адыгэ лъэпкъыр Iисраф зэращIыр...

Iуэхур дзэр къежьэным хуэкIуэрэ мыдрейм ар дзэпщым хуимыдамэ... Аращ армыхъумэ сыт уфIэщIрэ абыхэм зэпаубыдар? СызэреплъымкIэ, Iуэхур щIагъуэкъым. ДеужьэрэкIыу Тенджыз къыщIэкIуар псынщIэу пхыдмыгъэкIмэ нэгъуэщI хэкIыпIи слъагъуркъым.

– ХъумакIуэхэр куэд ящIауэ щIыналъэ зэпылъыпIэхэр сакъыу яхъумэ, – щIигъуащ Зед, – къэзыгъэкIуэтэжыни имыIэу къыздэнам езым и щхьэр ерагъкIэ къазэрыхихыжам и гугъуи къыхигъэщакъым.



«Абы Iэмалу иIэр зыщ, – щIэрыщIэу егупсысащ Дал-Джэрий, – Увжыкъуэхэ я щIалэр къыщIэкIуар зэфIэгъэкIауэ щэхуу адыгэ шуудзэр зэхуэшэсын хуейщ. Пщыхэм унафэ яхуэщIамэ махуипщIи темыкIыу зыкъаугъуеифынут. Пащтыхьыдзэ къежьахэр гъуэгу здытетым зэрымыщIэкIэ ятеуарэ зэбгрыхуамэ, итIанэ, пащтыхьым шэч къытримыхьэжу дахэкIэ узэгурыIуэмэ зэрынэхъыфIыр къыгурыIуэнт, зауэр щаригъэгъэтынти ди лIыкIуэхэм къаIущIэнт. Мис итIанэ, ди хэкур Урысейм хэгъэхьа зэрыхъуну щIыкIэхэмкIи,

пащтыхьым и нэIэ къыттригъэту, лъэпкъыр къыхэмыщтыкIыжу псэууэ гъэпсынымкIи нэхъ зэгурыIуэгъуафIэ хъунут.

Апхуэдэу хъумэ, Увжыкъуэ Болэт и къуэм и пхъэр къикIынущ... Ар игу къызэрыкIыу, Дал-Джэрий зэгупсысахэр Зед жримыIэу, нэхъапэм хуэдэу зиущэхужащ.

– Пщыхэр къызэхуэсрэ дызэгурыIуэмэ, Урысей пащтыхьыр къызэрысу ди лIыкIуэхэр Iудгъэщ Iэнщ. Дауэ тщIын, нэгъуэщI хэкIыпIэ щыщымыIэкIэ, – Дал-Джэрий хэгупсысыхьыпэу Зед жиIахэр къыдищтэри езым и гум щыхъэхэр иущэхуащ. Абы шэч лъэпкъ къытрихьэртэкъым Зед зыкIэлъыкIуа и ныбжьэгъу офицерыр дзэм къызэрыхэкIыжу пащтыхьыдзэхэр къызэрежьэнум. Ари иущэхуащ. Абы ирипсалъэу зэрыхуежьэу, Зед и акъылыр хуэмыкIуэнкIэ Iэмал иIэтэкъым пащтыхьыдзэхэм адыгэ шуудзэхэр пегъэжьэн зэрыхуейм.

Пщыхэр къыщызэхуэсыну махуэр къэблэгъат. Дал-Джэрий и жагъуэтэкъым, БеслъэнгъущI щыгъуэ лIыгъэ зезыхьа, къуэш хуэхъуа дзэзешэ хьэлэмэтхэр фэ тету кърикгъэблагъэмэ. ЦIыху куэд къыщызэхуэпшэскIэ узыхуэныкъуэнухэр ищIэрти бэлэрыгътэкъым. Пщыхэр къызэхуашэсыну унафэ зэращIу абы Iэнапэ игъакIуэри кърикгъэшауэ щытащ сабын, напэIэлъэщI, хьэкъущыкъу, нэгъуэщI зыхуэныкъуэнухэри. ПщIантIэри абы псэуалъэу дэтри унэIутхэм зэлъыIуахырт, ягъэкъабзэрт, зытхьэщIыпIэхэр ягъэувырт. Хадэм уихьэмэ, жьауэр здэщыIэ щIыпIэри, абы ухуэзышэ лъагъуэри фэ тету ягъэкъэбзат. Iэнэхэр тезыгъэувэну, бгъуэщIэсу щытыну щIалэхэри хьэзырт.

Бзылъхугъэхэм хьэлыуэ, ху мэжаджэ, махъсымэ, санэпс ящIт. Жэмхэр здаIыгъ Псынэ къуэшхуэ кърашти махуэ къэс шху фэндхэр, гъуэжь хъужауэ, къызэрыхакъузыкIа матэхэм я пIэ зытридза матэ кхъуей гъэгъуахэр, тхъуцIынэ, бэлагъхэм ирашэкIрэ ягъэгъужа шащхьэ техахэр къашэт. Мэкъуэщым итт хьэщIэхэм хуаукIыну кърагъэша мэлхэмрэ танэхэмрэ. УвыIэгъуэ ямыIэу шыудз къашэт.

– А къакIуэхэр уи унэм къыщебгъэблэгъэну уи мурад?! – игъэщIэгъуащ Зед, а псори Дал-Джэрий къыщыжриIэм. – А гугъэр умыщIыххэ! А унэжын, пщы къэс, нэхъ мащIэрамэ, шууитI-щы щIыгъунущ. Дэнэ пхьыну а къомыр?! – Дал-Джэрий къэгузэвауэ и малъхъэм йоплъ.

– Унэхэм тхущIэгъэхуэнкъым ахэр, дауи... – «Щхьэлажьэу сызыхэтым сызэщхьэщахуащ, зэуэ сигу щхьэ хуэмыкIуарэ абы?!» – егупсысащ ар, и щхьэм мыгъуагъэ хуихьыжу. – АтIэ сыт и Iэмал? Къуажэм хэгуэшамэ-щэ иныкъуэр?

Гъунэгъу мэз лъапэм деж пщыIэ зытхух егъэгъэув, шыудз куэду къегъашэ. Пщыхэм ящIыгъу шухэр къуажэм щIыхэбгуэшэни щыIэкъым, адыгэлIхэм зэрахабзэу, уанэр я пIэщхьагъыу, щIакIуэр я тепIэну пщыIэм щIэлъынхэщ, шыудзым хэлъу! – Зед дыхьэшхащ. – ВыщIитIи, мэл зыщыплI хуэдизи яхуегъэукI, абыхэм шху фэнд заул щIыгъуи, лэпс ефэнхэщ.

Жамбот и пщэ илъхьи, пщыIэхэм я гъунэгъуу ирырегъэхьэзыр мэл укIа, пхъэ кIэрахъуэм фIэлъу, здагъэжьэн, лэгъупкIэ лы здагъэвэн щIыпIэхэр. Пхъэ къута куэду къегъашэ.

Къуажэ фызхэм жрегъэIи, ху мэжаджэ евгъэгъажьэ, махъсы-

мэ куэду евгъэщI. Зи, яжефIэ закъуэмэ къагъэсынущ. Шху фэндхэр къефшалIэ, хьэлыуэ жыфIэ, лы гъэгъуа, сэ сщIэрэ...

«Гуауэщхьэуэу сызыхэтым си щхьэм ирахуащ, плъагъурэ...» – егупсысащ Дал-Джэрий аргуэру.

– Уэлэхьи, ар хъунукIэ, – еувэлIащ, – зэIущIэри мэз лъапэм деж щедгъэкIуэкIыну? – зыгуэр игу къызэрыкIыжар и фэм къиIуатэу, и малъхъэм къеплъащ ар. Зед къэгузэващ:

– Тенджыз абыкIэ дымышэмэ нэхъыфIщ, – жиIащ абы быдэу. – Пщыхэм я закъуэ къедгъэблагъэрэ зэIущIэр мыбдежым щедгъэкIуэкIмэ нэхъ сфIэтэмэмщ. ЖэщкIи ахэр мыбдежым щреIэ, иныкъуэр хьэщIэщым, абы щIэмыхуэр бом къыпыт гъущапIэм щIэлъынхэщ...

– Мис ар нэхъ тэрэзщ, – жиIащ Дал-Джэрий, Тенджыз мэзым ишэну къызэрыхигъэщам хущIегъуэжауэ. Абы унафэ ищIащ джэгути, пшынауэти, жоуэ хьэщIэхэм я нэ зыгъэплъэн лъэпкъ нобэ хуэдэ зэман бзаджэм ямыщIыну.

Тенджыз игъэщIагъуэт хьэщIэхэр тэмэму къригъэблэгъэн папщIэ Дал-Джэрий гу зылъимытэ къызэримыгъанэр. Езыри а Iуэхум хэт Зедрэ Далилрэ зэран зэрахуэмыхъуным пылът.

Нэт и насып къызэримыхьынур къыгурыIуауэ абы зэрыщIэмыгупсысыным иужь ит щхьэкIэ, щIэмыгупсысыну хэтми, пщащэр и гум ихуртэкъым. Апхуэдэ IуэхукIэ хъыджэбзым иужь уиту и адэм гурыщхъуэ ебгъэщIа нэужь алыхьым ущихъумэт абы къикIын жыхуэпIэм. Къуэш ищIа Далил и гъусэу къыщыщIыхьэкIэ, гурыщхъуэ лъэпкъ хуумыщIыну и шыпхъу цIыкIум хуэдэут ар пщащэм зэрыхущытыр.

А махуэм жыг щIагъым и жьауэм тIэкIурэ щIэса нэужь Тенджыз зыхищIащ псыкъелъэ макъым зэрызыIэпишэр. Къэтэджри ар мэзымкIэ ежьащ. Иджы Жамбот абы и дежкIэ шынагъуэжтэкъым.

Псыкъелъэм ухуэзышэ лъагъуэм тету здэкIуэм, зэрымыщIэкIэ абы къилъэгъуащ Нэт. Ибг псыгъуэм къэпталыр ешэкIарэ шырыкъу плъыжь лъапщэ кIыхьхэр лъыгъыу ар жыг щIагъ удзыпцIэм хэту кIуэрт, бэкъуэху лъэбакъуэ къэс дзапэ уэрэд тIэкIу щIигъэувэ къыпщыхъуну. Алыхьым ещIэт зэгупсысыр. Тенджыз фIэфIт Нэт и зекIуэкIэм еплъыну.

Тенджыз къэгузавэри зиплъыхьащ. Езы тIум нэмыщI нэгъуэщI мы лъэныкъуэмкIэ щыIэу плъагъуртэкъым. Абы и гур зэкIэлъыпIащIэу къеуэрт.

«ДыкъэзыгъэщIам иухат ди закъуэу мы жыгышхуэхэм я щIагъ удзыпцIэм дыкъыщыхутэну, мыувыIэу сызыщIэхъуэпсыр къызэхъулIащ!» – игу къэкIащ абы, и нэкIэ илъагъур иджыри и фIэщ мыхъуу.

Тенджыз лъэщIыхьэу и Iэр щиубыдым Нэт къэщтакъым, гуапэу къыщыгуфIыкIа фIэкIа. Я Iэпэхэр зэрыIыгъыу здэкIуэм пщащэм гу лъитащ Тенджыз гузавэу зэрызиплъыхьым.

– МыбыкIэ цIыхухъу къакIуэ хабзэкъым, – жиIащ абы.

Тенджыз къэувыIащ, Нэт и нэхэм хъуаскIэр къащIихыу, ар къыщIэувыIар къыгурымыIуэу абы къеплът. Тенджыз ищIэртэкъым икIи къыбжиIэфынутэкъым тегушхуэу абы зэрырикуфар, Iэбэу

щызришалIэм, Нэт зримылъэфыхьу, и Iэпкълъэпкъ зэкIуж дахэр щIалэм и IэплIэм къихутащ. Абы зыхищIащ Нэт и бгъэхэр къыщылъэIэсым, зыхэпщIэ къудейуэ, ар мащIэу къызэрыхэщтыкIар. Тенджыз и жьэгъумкIэ дыщэ пыIэ цIыкIум здытелъэщIыхьым, пщащэр къыхудэплъейри а тIум я Iупэхэр зэлъэIэсащ...

Тенджызи Нэти зыхащIащ езы тIум нэхъ насыпыфIэ дунейм зэрытемытыр. Тенджыз зэгуэрми игъэунэхуатэкъым апхуэдэ насып. Пщащэр здиIыгъым ар гуапэу телъэщIыхьт иджыри зыхэпщIэу кIэзыз абы и щIыбым, иутIыпщыжыни мурадтэкъым, езыми зыIэщIихыжыну пылътэкъым.

– ЦIыхухъухэр мыбыкIэ къакIуэ хабзэкъым, – жиIащ аргуэру Нэт, хуит зыкъищIыжауэ мэзым щIэкIыу Тенджыз и нэIуасэ хуей цIыкIум щихьэм, – ахэр мыбыкIэ къэмыкIуэну унафэ ищIащ Татэ.

«А хабзэм сэ себэкъуащ», – егупсысащ Тенджыз.

Псым и даущ макъыэшхуэр тхьэкIумэхэм къиуащ. Ахэр бжьэпэм щыщхьэщыхьэм Тенджыз, зэригъэщIэгъуэнур имыщIэу, и нэIуасэ псыхъуэм дэплъащ. Бзылъхугъэхэм загъэпскIыу щилъэгъуам хуэмыдэу иджы Тенджыз нэхъ тыншу еплът псыкъелъэми, ар къызэлъэ бгышхуэм адэIуэкIэ ежэх псышхуэми, адрыщI бгы лъагэ мэзылъэхэми...

– Мобдежым дэ зыщыдогъэпскI, дыщожьыщIэ, – жиIэт Нэт, псыкъелъэр зыхэхуэ архъуанэм къыхэжыжа, зи лъабжьэр мывэ лъэгу псым и IуфэмкIэ и Iэпэр ишийурэ. – Шыхэм якIэлъыплъ Мурат закъуэ зэзэмызэ бдзэжьеящэ къегъакIуэр Татэ, ари кIыфIыбзэу, бдзэжьейхэр къеубыдри нэху зэрыщу нытхуехь. НэгъуэщI псэ зыIут цIыхухъу мыбыкIэ къакIуэркъым. Пэжу, зы франдж щIалэ къакIуэу щытащ мыбыкIэ, сэри сыкъыздишэрт. Ар ди хьэщIэти, Татэ пэрымыуэу зыхуей псори иригъащIэрт.

– Франдж щIалэ жыпIа?! – Iущэщащ Тенджыз, Нэтрэ абырэ зэщIыгъуу мыбыкIэ къакIуэхэу зэрыщытар и гум зэрежэлIар игъэщIагъуэу.

– Айе. Сыт атIэ?

– Дэнэт мыбдежым франдж къыздикIар?!

– Ар илъэс куэдкIэ узэIэбэкIыжмэщ ди деж щыщыIар, сэ апщыгъуэм сыцIыкIунитIэт, – гуригъэIуащ абы Нэт, – хьэщIэу къытхуэкIуат...

– Сытым итынт франдж щIалэр и ныбжькIэ? – Iэпиудащ Тенджыз абы и псалъэхэр.

– Ар щIалэт, уэ пхуэдэнт. Абыи нэрыбгитI и гъусэт уэ пхуэдэу. Зыр тэрмэшт. Татэ зэрыжиIэмкIэ, ахэр Франджым къикIщ, Тыркум къакIуэри итIанэ Кърымым кIуахэщ. Абы зыкъомрэ щыIа нэужьщ ди деж къыщыкIуахэр.

ЩIалэфIт ар, езыр дахэу икIи хьэлэлу. МыбыкIэ сыкъишэти езымрэ сэрэ Iэджэрэ мо жыгым деж щыт шэнт кIыхьым дытест.

– Фэ тIум фи закъуэуи?!

– Ди закъуэу, атIэ дэнэ къикIынут нэгъуэщI, мыбыкIэ къыщамыгъакIуэкIэ?

Тенджыз пщащэр зи гугъу ищIым ирифыгъулIэт. Абы зэригъэщIэгъуэнур ищIэтэкъым франдж щIалэ мы щIыпIэм къызэ-

рыщыхутагъэххэр. Ар Нэт еупщIт щIалэр куэдрэ щыIарэ щымыIарэ, къыщIэкIуамкIэ, мыбы щищIамкIэ. Франджыр Джатокъуэхэ я деж тхьэмахуищкIэ щыIауэ къыщIэкIащ, Тенджыз хуэдэ къабзэу, абыи псори зригъэцIыхуну хуейт. Мы хэкум щыхъэхэм щIэупщIэт, шууэ ежьэхэти Iэджэри къакIухьырт, ауэ, къагъэзэжти, Джатокъуэхэ щыIэт.

– Уэр хуэдэ къабзэу абыи Iэджи итхт, – жиIащ Нэт.

«Шэч хэмылъу, тIасхъэщIэхт, – егупсысащ Тенджыз, – зэрыжаIэжымкIэ Франджыр Къырымми Кавказ Ищхъэрэми къыхуеплъэкIт!»

– Сытыт нэгъуэщI абы ищIэр? – щIэупщIащ Тенджыз. Нэт къэдыхьэшхащ:

– Абы Iэджи жиIэт, мо бгыжьхэмкIэ, псыкъелъэмкIэ и Iэр ишийуэрэ, я бзэр сщIэуэ жиIэхэр къызгурыIуэ хуэдэ. Сэ къызгурыIуар абы мисье ЖанкIэ зэреджэрат. ИтIани псалъэ зытIущ: «Сильвупле дольо, мадемуазель!» Нэт ину дыхьэшхащ.

– Псы къызэт, си хъыджэбз, – адыгэбзэкIэ зэридзэкIащ Тенджыз абы жиIахэр.

– Пэжу, апхуэдэу жиIэу щытащ абы псы ефэну щыхуейм деж, фалъэр къыщызитыжкIэ дыхьэшхыу къызжиIэт: «Мерси, мадемуазель», – жиIэурэ си щхьэм Iэ къыдилъэт. Iейуэ дызэсат абырэ сэрэ. Ар щежьэжым сахуэмыгъэувыIэжу Iэджэри сыгъащ, кIуэжыну сыхуейтэкъым. Уэ франджыбзэ пщIэуэ къыщIокI, дэнэ щызэбгъэщIар? – игъэщIэгъуащ Нэт.

– Сэ седжащ, итIанэ... а бзэмкIэ псалъэ цIыхухэм сахэту сыпсэуащ, – жэуап итащ Тенджыз хэгупсысыхьу.

– Мисье Жан щыIатэмэ уепсэлъэфынт абыхэм я бзэмкIэ?

– Куэду хуиту, сыкъызэфIэмынэу... Ауэ ар мыбдежым къыщыхутэну сыхуейкъым.

– Сыту? – игъэщIэгъуащ Нэт.

– Сыту жыпIэмэ ар щIалэ дахэщ, цIыхуфIщ, итIанэ фызэсауэ щытати... – Абы Нэт и блыпкъым зрикъузылIащ:

– Хьэуэ, ар а уэ къызэрыпщыхъум хуэдэкъым, – жиIащ абы дыхьэшхыу. Тенджыз зришалIэри абы Iуплъащ:

«Уи анэм и кIуэцIым дыгъэ къыщепсу къыщIэкIынт уэ укъыщрихьэкIым!» – игу къэкIащ абы, пщащэм и дахагъымрэ и гуакIуагъымрэ игъэщIагъуэу здеплъым, а дакъикъэм зыкъипхъуатэри аргуэру Нэт IэплIэ хуищIащ... Тенджыз зиплъыхьыжтэкъым, зыщимыгъэнщIу абы ба хуищIт Нэт и пщэ псыгъуэ дахэм, и Iупэхэм, и напэм... Ар хуейтэкъым пщащэм зыIэщIихыжыну.

Жэщыр хэкIуэтат. Тенджыз шхыIэныр и бгым нэс зытридзауэ, и жеини къэмыкIуэу щылът. Щхьэгъубжэ Iухам дэплъу жэщ мазэгъуэм здеплъым ар Нэт щIэгупсысырт. Абы зыхищIэрт пщащэр щигъусам насыпу игъэвар пкърымыкIыжауэ иджыри зэрыпкърытыр.

Иджы абы ищIэрт блыным фIэкIа яку дэмылъу пщащэр адрей пэшым зэрыщIэлъри, и нэгу къыщIигъэхьэну пылът: жейрэ, хьэмэрэ езым хуэдэу къыщIэгупсысу, жэщ мазэгъуэмкIэ плъэуэ щылъ? Иджы абы шэч къытрихьэжтэкъым Нэтрэ езымрэ я насып зэрызэхэлъым,

ар и гъусэу зэрыкIуэжынум, и адэ-анэхэр зэран къахуэмыхъу къудеймэ. Абыхэм яжеIа зэрыхъунур зэригъэзахуэт.

Тенджыз къэгуфIэри Iупэхэр зэтежащ, ахэр зэгъусэу Бытырбыху кIуэжа нэужь пащтыхьым и кIамэлъамэхэм, и пыхъуэпышэхэм Нэт и дахагъыр зэрагъэщIэгъуэнур и нэгу къыщыщIыхьэм.

Далил щакIуэ кIуауэ, мыщэмрэ езымрэ зызэрадзу IэпщэрыбанэкIэ зэрызэзэуам и гугъу ищIт.

УIэгъэ хъуа мыщэ бгъэгуху щэджащэм зыкъыщридзам, шэч хэмылъу, Далил и щхьэфэр, щхьэцхэри зэрытету, напIэзыпIэкIэ трилъэфыну щытащ. Насып иIэти, мыщэр абы и щхьэм щхьэпрыIэбыкIщ, и щIыбым епхъуэри напIэзыпIэкIэ джэдыгур къыщхьэрипхъуащ. Мыщэр гъуахъуэу, къарукIэ къиудыныщIэу здиIыгъым, Далил и бгырыпхым ищIа сэр кърипхъуэтри мыщэм и ныбэм хихуащ.

– Иджы а мыщэшхуэм и фэр ди адэм и пэшым деж блыным фIэлъщ... Ужейрэ? – къеупщIащ Далил и хьэщIэм зыри щыжимыIэм.

– Хьэуэ... Сыт щIыжыпIэр?

– Мыгувэу пщыхэр къызэхуэсынущ, си гугъэкъым япсэлъэгъуафIи, ягурыIуэгъуафIи хъуну.

Тенджыз къыгурыIуащ, гъэщIэгъуэну къехъулIахэм я гугъу къыхуищIыж щхьэкIэ, Зед хуэдэ къабзэу Далили пщыхэм я зэхуэсым кърикIуэнум зэрыщIэгупсысыр. ЛIыгъэ зыхэлъ а щIалэ хьэлэмэтым, и сэбэп цIыхухэм яригъэкIыным, фIы гуэр яхуищIэным зи нэ къыхуикIым, щIэныгъэм хущIэкъум, мы махуэхэм зэригъусар лъэужьыншэу кIуэдатэкъым.



Езы Тенджызи фIыуэ къыгурыIуэрт пщыхэм ягурыIуэгъуафIэ зэрымыхъунур.

– Тлъагъунщ зэрыхъу, – жэуап иритащ Тенджыз, абыи фIимыгъэкIыу Нэт щIэгупсысу щIидзэжащ. Зэ абы и нэгу къыщIигъэхьэжт Линэ и гъусэу зыщигъэпскIым, псыкъелъэр зи Iупхъуэ бгы бгъуэнщIагъым щIэту Нэт уэрэд щыжиIар, зэи и тхьэкIумэм къиIуэт жыг щIагъ жьауэм деж щIэсхэу жаIа уэрэдхэр...

Сытым емыгупсысами, сыт имыщIами, иджы Тенджыз и дунейр Нэт хуищIа лъагъуныгъэмкIэ гъэщIэрэщIат. Абы и нэгу къыщIигъэхьэну пылът Урысейм хыхьа нэужь адыгэ лъэпкъым псэукIэу иIэнур. Ар Урысейм щыщ губерние ирехъу, джыназ псори абыхэм я цIыхухэри Урысейм щыщ губерниехэм яхуэдэ зыти, хэкури лъэпкъри хъума хъунут. Пащтыхьым и нэIэ къатригъэтыным ахэр тришэнут зыужьыныгъэм и гъуэгум. ЦIыхухэм зратынут псэуалъэхэр щIыным, сатум. Езыхэм я бзэкIэ тхэф хъунути, ахэр дихьэхынут еджэным...

Абыхэм здегупсысым Тенджыз игу къэкIыжащ Кавказым къэкIуэн ипэкIэ графым и щхьэгъусэмрэ езымрэ зэжраIэгъар. Абыхэм я деж щыIэт Катенькэ – графиням и дэлъхум ипхъу дахэкIейр. Зыри зымыущэху пщащэм абы къыжриIащ и адэ шыпхъум Тенджыз зяужь итхэр зэфIэмыкIын Iуэхуу къызэрилъытэр.

«ЛIыгъэ зехьэным, мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхухэм зетыным хущIэкъу я хабзэщ Тенджыз и ныбжьым ит щIалэхэм, – жеIэр графиням, – ауэ емыкIукъэ полковник хъуа, щIэныгъэ зиIэ щIалэм Iуэху зэфIэмыкIынухэр и пщэ иплъхьэу абыхэм яужь ибгъэхьэныр. Зыри

хуэIуатэкъым джыназ Увжыкъуэ Тенджыз полкхэр зыгъэIурыщIэ дзэзешэ хъункIэ. Езыр, «адыгэ лъэпкъыр тхэфу езгъэсэнущ», – жеIэри абы иужь итщ...

Тенджыз мурад ищIащ Кавказым кIуэн емыжьэ щIыкIэ, Катенькэ зыхуигъазэу, Iэмал гуэр зэригъуэту, графиням епсэлъэну.

– Уи фIэщ щIы, графиня, адыгэхэр езыхэм я бзэкIэ тхэфу икIи еджэфу бгъэпсын папщIэ Iэмал псори щыIэкIэ, – кърigъэжьащ абы Катенькэ кIэлъыкIуауэ графым и унэм щIэсу, – ар зэфIэкIамэ, итIанэ адыгэхэм еджэным зратынут.

Графиням и нэхэр гуфIэу къеплъти, Тенджыз къыщыхъут ар къыщIэнакIэу.

– Дауэ, джыназ, алыфбей къудей зимыIэ цIыхухэр тхэфу зэребгъэсэнур? – игъэщIэгъуащ графиням. – Урыс диным къыпхуигъэхьащэрэт, аркъудейр куэд и уасэт, ауэ уэ дин Iуэхухэм ухыхьэну удинлэжьакIуэкъым, уэ узауэлIщ.

Шэч хэмылъу, графиням къыщыхъут лъэпкъыр тхэным, еджэным хуегъэсэным къыщымынэу, Тенджыз зяужь ихьа Iуэхухэм пыкIмэ нэхъыфIу.

– Абы куэдрэ сегупсысащ, графиня, – гузавэт Тенджыз, – адыгэ алыфбейм лъапсэ хуэхъунут урыс хьэрфхэр, тIэкIу елэжьыжамэ. Абыхэм я нэхъыбэр зэрыIур адыгэбзэм тохуэри, зэрыщытам хуэдэ къабзэу къонэж. Псалъэм папщIэ, урысыбзэкIэ «медведь»-р адыгэбзэкIэ мыщэщ. А псалъэхэм хэт хьэрфхэм захъуэжми, я мыхьэнэр зэрыщыту къонэж.

Катенькэ хуейт иджыри адыгэбзэкIэ псалъэ гуэрхэр зэхихыну.

– Иджыри зыгуэр жыIэт, джыназ, псалъэм папщIэ, дауэ зэрыжыпIэнур адыгэбзэкIэ «бал» псалъэр? – къеупщIащ ар.

Графиняр аргуэру щIэдыхьэшхыкIащ:

– Сыт къыпщыщIар, сыт бал, Катенькэ, дэнэ къикIа бал икIи сыт зэращIынур дунейм зыри хэзымыщIыкI, мэзхэм, бгы къуейщIейхэмису, ауэ сытми зэтеуфа псэуалъэхэм щыпсэу цIыхухэм ар? Шууэ зэрыгъэугъуейрэ зыгуэрым теуэмэщ абыхэм я балыр.

– Айе, щIыхь зыхуэтщI графиня, – хуидакъым абы Тенджыз, – ар жыIэкIэ хъурэ? Абыхэм пшыхь хьэлэмэтхэр ирагъэкIуэкI, куэду дахэу къофэхэр, екIуу хуэпахэу, ахэр куэду гъэсауэ нэмыс зыхэлъ цIыхухэщ.

– Сыт абыхэм пшыхьхэри къафэхэри зыхуащIыр? – игъэщIэгъуащ графиням.

– Псалъэм папщIэ, нысэишыж джэгу щащIкIэ, е хьэщIэ къахуэкIуэрэ пшыхь зэхэс хуащIмэ, е щIапщэ щащIкIэ – апхуэдэ пшыхь щащIыр зыгуэрым и лъакъуэ е и Iэ къутэрэ хуапха нэужьщ, сымаджэр трагъэун папщIэ. Апхуэдэ пшыхьхэм дыхьэшхэн Iэджи щыжаIэр, джэгукIэ Iэджи къагъэлъагъуэ, уэрэд жаIэ, къофэхэр. Ахэр зи щхьэ пщIэ хуэзыщIыж цIыху Iущхэщ. Ауэ Iуэхушхуэр аращи, еджауэ, щIэныгъэ зиIэу яхэтыр зырыз дыдэщ.

– Ари сыт джэгу, джыназ, цIыху сымаджэм деж джэгу щащI хабзэ? Абы зигъэпсэхун хуейщ, зэран хуэмыхъуIауэ, езыхэм джэгу ящIыр...

Катенькэ зигъэпIиящ. Графиняр Тенджыз пеуэжакъым икIи абы и пщэм иралъхьа Iуэхухэр зэрызэфIигъэкIынум шэч къытрихьэжакъым.

Езы графинями фIэгъэщIэгъуэн дыдэу Тенджыз жриIэжащ езыр зыхэта адыгэ нысэишыжыр зэрырагъэкIуэкIар. Бытырбыху дэсхэм адыгэхэр фIыуэ яцIыхукъым, дзэзешэхэм зэрыжаIэм хуэдэу тепсэлъыхьу аращ... А гукъэкIыжхэм здыхэтым, Тенджыз Iурихри жеящ.

Зед иригузавэу щIэгупсыст пщы Увжыкъуэ Болэт и къуэ Тенджыз, Урысей пащтыхьым и деж къулыкъу щызыщIэ полковникым, IуагъэщIэн папщIэ къызэрызэхуашэсар жраIэмэ, пщыхэм ар ямыдэнкIэ зэрыхъунум.

– Зыгуэр къэгупсысын хуейщ, – жриIащ абы Дал-Джэрий, щIэгузавэр гуригъэIуа нэужь.

Модрейр гупсысэу, икIи зыри жимыIэу абы зыкъомрэ къеплъащ.

– Сыт къэбгупсысынур? Къазэрыщыхъум хуэдэу къащыхъунщ, армыхъумэ дауэ зэрыпщIынур? – жиIащ абы, Зед нэхъри зэгуигъэпыну.

– ЗанщIэу ягъазэрэ зэбгрыкIыжу хуежьэмэ-щэ? Е абы нэхърэ нэхъыкIэжу нэгъуэщI гуэр къагупсысмэ-щэ?

Дал-Джэрий хэщэтыкIащ.

ИкIэм-икIэжым ахэр зэгурыIуащ пщыхэр къыщрагъэблагъэкIи щагъэхьэщIэкIи Тенджыз и гугъу хуамыщIыну.

Зэхуэсыр зэхэтIысхьа нэужь, Тенджыз Зед и гъусэу къыщIыхьэнути, мис итIанэт Дал-Джэрий абыхэм щажриIэнур а щIалэр зыхуэдэри, къыщIэкIуари, абы IуагъэщIэн папщIэ пщыхэр зэрызэхуашэсари. АпщIондэху Тенджыз къыщIэмыкIыу Далил и пэшым зыщигъэпщкIун хуейт.

Дунейр уэфIт. Пщэдджыжьым хьэщIэхэр зырыз-тIурытIу къызэхуэсу хуежьащ. Абыхэм я нэхъыбэр шууэ къэкIуат, нэрыбгитI-щы я гъусэхэу. ФитонкIэ къэкIуа гуэрхэри яхэтт. ХьэщIэхэр Дал-Джэрийрэ Зедрэ кърагъэблагъэрт. Абыхэм якIэлъыплъыну къэкIуа къуажэ щIалэхэм пщыхэр зытес шыхэр фIэдзапIэмкIэ яшэрт, абыхэм я гъусэ шухэр пщыIэхэр здагъэува мэз лъапэмкIэ занщIэу ягъакIуэрт.

ХьэщIэхэм зрагъэтхьэщIа нэужь, ахэр здрагъэблэгъа хьэщIэщым дежи къуажэ щIалэ гуп щызэблэкIт, цеищIэхэр ящыгъыу, я Iэщхьэхэр дэхьэяуэ абыхэм Iэнэхэм шхын трагъэувэрт.

Нэтрэ Линэрэ хьэщIэщым къыщIыхьэри Iэнэхэм шхын зэрыхутрагъэувэм еплъахэщ, арщхьэкIэ я нэр къикIыу, зэрагъэщIэгъуэнур ямыщIэу Нэт къеплъу щыхуежьэм, щIишыжри афIэкIа къыщIыхьэжахэкъым.

Шухахуэ Мос къызэрысу Зед абы зыхуигъазэри жриIащ Тенджыз зэкIэ къуагъ зэращIар, ар пщыхэр зэхэтIысхьа нэужь къыщIашэну мурад зэращIар, апщIондэху абы и гугъу зыми хуимыщIмэ зэрынэхъыфIыр.

Мос зэрызэгурыIуар къыуигъащIэу дыхьэшхри «куэду тэрэзщ», – жыхуиIэу и щхьэр ищIащ.

Зырыз-тIурытIу зыIуагъащIэурэ пщыхэр Дал-Джэрий елъэIут гузэвгъуэкIэ къыщIраджар яжриIэну, арщхьэкIэ мыдрейм жэуап тэрэз яриттэкъым: «ФыкъыщIедджар адыгэ лъэпкъым и Iуэхущ,

фымыпIащIэ, куэд мыщIэу псори вжетIэнущ», – жиIэ мыхъумэ, абы къыфIигъэкIыртэкъым.

Пщыхьэщхьэм шхэну зэхэтIысхьа нэужь абыхэм аргуэру Дал-Джэрий хагъэзыхьащ къыщIриджахэр яжриIэну. НэгъуэщI Iэмал щимыгъуэтым, Дал-Джэрий къэтэджри, лъэIуащ:

– Тхьэм щхьэкIэ сыхэвмыгъэзыхь. ФыкъыщIедджар лъэпкъым и гъащIэр зэлъыта, зэбгъэтIылъэкI мыхъун Iуэхущ. Пщэдей псори къызэхуэсу дызэхэтIысхьа нэужь вжетIэнущ, – жиIэри.

Абы нэхъри къызэщIигъэстащ пщыхэр, ауэ Джатокъуэр афIэкIа хагъэзыхьыжакъым.

ЕтIуанэ махуэм хьэщIэхэр шха нэужь, Дал-Джэрий и пэшыш-хуэм щызэхуэсащ. Мыр зэхуэсым тегъэпсыхьауэ зэлъыIухат.

Псори щытIысынум пэплъэхэу Зедрэ Тенджызрэ Далил и пэш-хэм ящыщ зым щIэст. Тенджыз къыгурыIуэт пщыхэм хуиту япсэ-лъэн папщIэ езыри зэрыпщ къудеймкIэ зэрызэфIэмыкIынур, яжепIэм захуагъэу хэлъымкIэ, адыгэхэр зэрыхуа щытыкIэ хьэлъэм къипшрэ лъэпкъыр псэууэ къызэтенэн щхьэкIэ Iэмалу щыIэхэм ущыгъуазэу, ахэр нэрылъагъу пщIыурэ къыдэпхьэхын зэрыхуейр.

Бжэр Iуихри Далил къыщIыхьащ:

– Псори къызэхуэсахэщ! – жиIащ абы гузавэу. – Иджыпсту фыкIуэмэ хъунущ.

Зед япэ иту къыщIэкIхэри Тенджызрэ абырэ Дал-Джэрий и пэ-шышхуэм кIуахэщ. Ахэр зэрыщIыхьэу Линэ Нэт и пэшым щIэлъэдащ:

– Пщыхэр къызэхуэсащ, – жиIащ абы, – Тенджыз щхьэкIэ Iей дыдэу согузавэр, накIуэ, къуагъ зытщIынщи, жаIэм дедэIуэнщ!

Нэт къыщылъэтщ, тIури жэри, бжэIупхъуэм зыкъуагъэпщкIуащ. Пщыхэм я щIыб къэгъэзауэ щысти ахэр къалъагъутэкъым, ауэ езы тIум псори тыншу ялъагъут, хэт сыт жаIэми зэхахт.

Зед къэувыIэу Тенджыз япэ ирагъэща щхьэкIэ, жыжьэ мыкIуэу къэувыIэри зиплъыхьу хуежьащ здэтIысын шэнт нэщI къилъыхъуэу.

– КъакIуэ-къакIуэ, мыдэкIэ къыдыхьэ, – ириджащ ар Джато-къуэм, езыр зыдэс жьантIэмкIэ.

– Мыбы сэ нэхърэ нэхъыжь щIэсщ, – идакъым Тенджыз жьантIэмкIэ дыхьэн.

– Ар пэжщ, я ныбжькIэ мыбдежым щIэсхэр нэхъыжьщ, абы къыщымынэу, псори хьэщIэ защIэщ. ИтIани, уэ ди хьэщIэхэм урахьэщIэжщ, апхуэдэу щыхъуакIэ, уэ нэхърэ нэхъыжь мыбы щIэскъым. КхъыIэ, къыдыхьэ мыбыкIэ, Зеди уэри фытIыс, – къайлъэIуащ абыхэм Дал-Джэрий, езыр зытес тахътэм ибгъу зырызымкIэ къыщыт шэнтиуэхэр и IэмкIэ къаригъэлъагъуурэ.

– А унэжын, мыр дэнэ къикIа?!

– «УмылIэмэ джэду хьэжы плъагъунщ» жыхуаIэракъэ! – къахэIукIащ пщыхэм я зэрыгъэдаущым, зыри пэмыплъауэ, дамэ-телъхэри телъу пащтыхьыдзэм и офицер, икIи адыгэу мыбдежым къызэрыщыхутар къагурымыIуэу, ягъэщIагъуэу.

Тенджызи Зеди тIыса нэужь адэкIэ къэхъунум пэплъэхэу псори щым зэрыгъэхъуащ.

– ЩIыхь зыхуэтщI хьэщIэхэ! Пщыуэ Адыгэ хэкум ис псори фыкъыщIедджар пащтыхьыдзэм и полковник, Урысей пащты-



7 Заказ №246

хьым и деж къулыкъу щызыщIэ джыназ Увжыкъуэ Тенджыз, Болэт тхьэмыщкIэ мыгъуэм и къуэм, фыIудгъэщIэну аращ, – къригъэжьащ Дал-Джэрий.

Асыхьэтым Джатокъуэм жиIахэр гъэщIэгъуэн зыщыхъуа пщыхэр мыину зэрыгъэдаущащ, итIанэ зэрыгъэгубжьхэри зэрыгъэгуоуэ хуежьащ:

«Мо щIалэжь цIыкIум дыIущIэн щхьэкIи?!», «А унэжын, къыддэджэгурэ Дал-Джэрий?!» – къахэIукIт абыхэм.

– Ар сыт къегъэжьэкIэ?! Апхуэдэу жаIэрэ атIэ?! – Зед зэгуэпауэ Дал-Джэрий хуеплъэкIащ, – нэхъапэ щIыкIэ Iуэхур зытетыр яжепIэн хуейкъэ?!

«Ари сыт емыкIушхуэ, унэжын, делэ ухъужа, Дал-Джэрий, уи жьыщхьэ! – жаIэрт зэрыгъэгубжьахэм, – дыIубгъэщIэн дэнэ къэна, укIын хуейщ а зи гугъу пщIыр!»

– Уэлэхьи, сыкъэбукIамэ, Дал-Джэрий, – къахэгуоукIащ зыгуэр, – сэ Джатокъуэр къыщыдэджэкIэ Iуэхушхуэ гуэр къэхъуащ, жызоIэри тхъурымбэр ятрищIэжауэ шыхэр къызохуу. Мобы нэхъ мыхьэнэ зимыIэм щхьэкIэ дэ къомыр дыкъызэхуэпшэсауэ ара?!

Тенджыз, зыри къэмыхъуам хуэдэу, псори щIызэрыгъэгуом езым и Iуэху лъэпкъ хэмылъ къыпщыхъуну, жимыIэIауэ пщыхэм яхэплъэрт. И жыпым кърихa тхылъымпIэ цIыкIум зэзэмызэ зыгуэр иритхэт.

Iуэхур апхуэдизу къэубэлэцати, пщыхэм ящыщ гуэрхэр къэтэджу щIэкIыжыным нэсат.

Линэ апхуэдизкIэ гузавэти, Нэт и блыпкъыр здиIыгъым икъузауэ гъэжам хуэдэу щытт.

Зед и хьэл зэтеубыдам хуумыгъэфэщэну, шэнтиуэм здисым, гузавэу зэ зы лъэныкъуэмкIэ, зэ адреймкIэ зигъазэт.

«ПсынщIэу Iэмал гуэр земыхьауэ хъунукъым, – егупсыст ар, зэ Дал-Джэрий, зэ бгъэпсэлъэну иджыри пасэIуэ офицер щIалэм еплъу.

Тенджыз и нэщхъхэр мащIэу зэлъыIухри Зед еплъащ:

«Сыт узэжьэр? Щхьэ ущыс?!» – арат абы и плъэкIэм къикIыр. Зед къыгурыIуащ. Асыхьэтым абы и Iэр къиIэтри къызэхуэсахэр зыхуэмыгъэбэяуж Дал-Джэрий зыхуигъэзащ. Ар къызэрытэджар щалъагъум пщыхэр зэтесабырэжащ.

– Аращ, зыхуэдэри къыщIэкIуари фымыщIэу фи жьэм къыжьэдыхьэр зэфпэс мы щIалэ хьэлэмэтым, зэтеубыдам дыIущIэнуращ дыкъыщIызэхуэсар, – къригъэжьащ абы мыину, ауэ кIуэ пэтми и макъым зригъэIэту. – Апхуэдизыр зытефтхъуэ щIалэм, тхьэмахуитIкIэ узэIэбэкIыжмэ, Дал-Джэрийрэ сэрэ нэхъыкIэжыр етпэсу дытебэнарэ пэт и пIэм къимыкIыу зыдигъэцIыхужауэ щытащ. Абы къыдгуригъэIуэфащ адыгэпщхэр щхьэзыфIэфIу, ди нэр къыщхьэрипхъуэу дыдэпсэлъейуэ зэрыщытым и зэран къызэрыдэкIыр. ЩхьэхуещагъэмкъыхэкIкIэ иныкъуэр ипщэкIэ, иныкъуэри ищхъэрэкIэ деIэурэ ди лъэпкъыр хэутэн идогъэщI, ар хэкIуэдэжыпэным нэдгъэсащ.

Къэралыгъуэу, хабзэм дытету хэкумрэ лъэпкъымрэ фIэкIа нэгъуэщI Iуэху имыIэу, абы хухэхауэ къулыкъу зыщIэ дзэ димыIэу допсэу! Пщы Увжыкъуэ БолэткъымБеслъэнгъущI зытекIуэдауэ щы-

тар, атIэ ди щхьэкIэ дэращ, къалэм къытеуа дзэхэр зэтедукIа нэужь Iуэхур зэфIэкIауэ къэтлъытэри дызэбгрыкIыжащ, ар зыхъумэн къэдмыгъанэу! Къалэри абы цIыхуу дэсари къару лъэщ къэзыугъуеижа бийм Iэрылъхьэу къыхуэдгъэнащ!

БеслъэнгъущI зыхъумэн имыIэу къызэрынар зыгуэрым бийм Iуридзащ, жыдоIэри дызэхэсщ дэ. СлIо, бийм и дзэзешэхэр емыгупсыса фи гугъэу ара текIуэныгъэр къэтхьа нэужь дызэрызэбгрыкIыжынкIэ хъунум?! Дэрат бийм ищIэнур зи пщIыхьэпIэ къыхэмыхуар. Ауэ бийр дэ дыщызэбгрыкIыжыну махуэм пэплъэу къыщIэкIащ. Сыту делагъэу тщIа атIэ дэ ар! Ар зигу къэкIын сыту къытхэмыкIарэ?! Дэ зэтедукIар а къэралышхуэм и дзэхэм ящыщ тIэкIут!

Зы къэралыгъуэу дызэрымыубыдауэ, хэкур хъумэным хухэхауэ дзэ димыIэу дызэхэтщи, ди щIыналъэ гъунэхэр зэIухауэ, ди къуажэхэр япэ къыттеуэм и хьэпу, къыдогъанэр!

Ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэр ипщэкIи кърымымкIи къикIхэм Iисраф ящIурэ къогъуэгурыкIуэ, иджы ди лъэпкъыр зэрыщыту Iисраф ящIыным нэсащ. КъыдгурыIуэххэну щытмэ, лъэпкъыр кIуэдыпIэ ихуащ!

Лажьи хьэкъи имыIэу пщы Увжыкъуэ Болэт укIыкIейуэ, напэншагъэ хэлъу яукIащ. Иджы сэ шэч лъэпкъ къытесхьэркъым абы. – Зед а и иужьрей  псалъэхэр щыжиIэм, Дал-Джэрий и щIыфэр къэтхытхащ.

Ди лъэпкъыр зы къэралу зэрыдгъэубыдын тхузэфIэкIыну? Сыт хуэдэ IэбапIэ диIэ лъэпкъыр псэууэ къызэтедгъэнэн, абы пэрыуэгъу имыIэу зиужьын папщIэ? Дэтхэнэ лъэныкъуэмкIэ зедгъэзмэ нэхъыфI, дыпсэууэ дикъызэтенэу лъэпкъыр хъума хъун щхьэкIэ?

Мис а IуэхугъуэхэмкIэ дызэчэнджэщын, щIэныгъэшхуэ зиIэ, Iуэхушхуэ пщэрылъ зыхуащIа щIалэм депсэлъэн хуейщ...

– Уэ, ди псэм хуэдэ Зед, пащтыхьыдзэхэм ди къуажэхэм ирагъэхъылIэхэм щхьэкIэ зыми демыпсалъэу, зэтедукIэн хуейщ ахэр! – Iэпиудащ зыгуэрым Зед и псалъэр, – сыт дэ абыхэм зи гугъу яхуэтщIынур? Сыт абы нэхъыбэж дэ къыдгурыIуэн щIыхуейри?!

– Мыбдежым зы пэшым дыщIэсрэ пэт дэ, пщыхэр, тэмэму дызэпсэлъэфкъым, зыр адрейм пэрымыуэу. ДызэчэнджэщынтхузэфIэкIкъым, атIэми зы къэралу дызэрыубыдыжыфкъым жыдоIэри догъэщIагъуэр, – и пIэм иригъэтIысхьэжащ Зед къызэхуэсахэм къахэгуоукIар.

КъыдгурыIуэххэну щытмэ, адыгэ лъэпкъым тхьэмыщкIагъэр къылъэIэсащ, сыт и щхьэусыгъуэми, ар зэбийуэ зыхь къэралышхуитIым я кум докIуадэр!

Сэ фIыуэ сощIэр аргуэру къыттеуэн я мураду пащтыхьыдзэхэм зэрызагъэхьэзырыр. ТхьэмахуитIкIэ узэIэбэкIыжмэ, сыгузавэри Дал-Джэрий и деж сыкъэкIуащ, пIалъэ имыIэу лъэпкъым шууэ иIэр къыдигъэугъуеину, бийр къызэтедгъэувыIэн къудейм къыщымынэу, ар ди хэкум итхужын щхьэкIэ. Сэ шэч къытесхьэркъым ар тхузэфIэкIыну зэрыщытам. Иджыри шэч къытесхьэркъым апхуэдэу тщIыгъамэ, БеслъэнгъущI щыгъуэ къытщыщIам хуэмыдэжу, лъэпкъым тхьэмыщкIагъэ нэхъ иныж къыхуэтхьыну зэрыщытам.

Нобэ ди пащхьэ къиувэ Iуэхур дэ IэщэкIэкъым, атIэ акъылкIэщ

зэрыдубзыхун хуейр! Апхуэдэу щыхъуакIэ, девгъэдэIу пащтыхьым и цIыхуу, Iуэхушхуэ и пщэ дэлъу къытхуагъэкIуа щIалэм жиIэм, дыщыхуэныкъуэ дыдэм алыхьым къытхуигъэкIуам!

– Адыгэхэм цIыху ямыгъэпсалъэу яукI хабзэкъым, – пищащ ДалДжэрий Зед жиIам, икIи зэуэ хущIегъуэжащ къэпсэлъэну къызэрытэджам, сыту жыпIэмэ, ар егупсыст пщыхэм яхуэзэну къэкIуа щIалэр, игъэзэжа нэужь, гъуэгу здытетым, яригъэукIа зэрыхъуну щIыкIэм.

Тенджыз къэтэджащ. Абы гузавафэ теттэкъым. И щхьэм пщIэ зэрыхуищIыжыр къыигъэлъагъуэу Iэдэбу, зэпIэзэрыту зиIыгът.

Линэ гузавэу Нэт зрикъузылIащ.

– ПщIэ зыхуэсщI пщыхэ! – кърigъэжьащ Тенджыз лIыгъэ зыхэлъ макъ зэтеубыда гъэтIысакIэ, – псом япэ сынывэлъэIуну сыхуейт ди зэIущIэр, зэманыр сэ си гугъу щIыным тевмыгъэкIуэдэну, – ар мащIэу дыхьэшхри къызэхуэсауэ пэшым щIэсхэр къызэпиплъыхьащ, – зыгуэрым зыхуэмышыIэжу сэ сиукIыну хуейми иремыгузавэ, иджыри блэкIа щыIэкъым. Мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэху дыкъыщIызэхуэсам дытевгъэпсэлъыхь.

Адыгэпщхэр, зэчэнджэщын папщIэ, къызэхуэсын зэрахузэфIэкIа къудейр куэд и уасэщ. Хуабжьу щыуагъэ хьэлъэ хъунт дяпэкIэ лъэпкъым и Iуэху зэрыхъуным дытемыпсэлъыхьу, дызэмычэнджэщу, дызэгурымыIуэу дызэбгрыкIыжатэмэ. Ар удын хьэлъэ хуэхъунт дзыхь къыфхуищIу, къыфщыгугъыу къыфпэплъэ адыгэ лъэпкъым.

Пщыхэм заущэхужауэ, пэшыр щым хъуауэ офицер щIалэм жиIэхэм едаIуэрт. Нэт илъагъут абыхэм ящыщ гуэрхэр жамыIэIауэ зым адрейр зэреплъыр. Плъагъурт абыхэм щIалэр ягу ирихь зэрыхъуар. Езы Нэт игъэщIагъуэрт пщыхэм апхуэдиз къытратхъуарэ пэт, Тенджыз зэпIэзэрыту, къызэфIэмыщIэу, и Iуэху зытетыр ищIэжу, лIыгъэ хэлъу зэрыпсалъэр.

– Урысей императорыр ирогузавэ Кавказ зауэр кIыхьлIыхь зэрыхъуам, – жиIащ Тенджыз, – абы мурад ищIащ Iэмал зэриIэкIэ нэхъ щIэхыу зауэм кIэ иритыну.

Пащтыхьым къегъэза псоми къалъытэ а Iуэхугъуэр зэфIэгъэкIыным и зэманыр къэсауэ.

Зауэ IуэхухэмкIэ къулыкъу зыщIэ дзэпщышхуэхэм къалъытэ Адыгэ хэкур Урысейм хэбгъэхьэн папщIэ, зауэр мыхъумэ, нэгъуэщI Iэмал щымыIэу икIи пащтыхьыр акъылэгъу къащIын папщIэ жраIэ адыгэхэм яныкъуэр зэтеукIауэ, адрей къэнахэм я щIыналъэр ирагъэбгынэн хуейуэ. А дзэпщхэм пащтыхьыр къагъэгугъащ адыгэ лъэпкъыр, кIыхьлIыхь ямыщIу, я хэкум ирахуу, ар Урысей императорым тыгъэ хуащIыну.

Пэшым пщыуэ щIэсыр къызэщIэващ. Тенджыз псори бэяужа нэужь псэлъэн щIидзэжащ.

– Ауэ, пащтыхьым деж къулыкъу щызыщIэхэм яхэтщ Кавказым лъыгъажэр щыщыгъэтыжауэ дахэкIэ зэгурыIуэмэ лъэныкъуитIми я фейдэ хэлъу къэзылъытэхэр. Ахэр пащтыхьым и дзыхь яригъэзу IэнатIэшхуэ пэрытщ. Абыхэм къагъэувыр пIалъэ имыIэу зауэр къэгъэувыIауэ пащтыхьыр адыгэпщхэм яIущIэн хуейуэ. Адыгэ лъахэр Урысейм къыхэгъэхьатэмэ, пащтыхьым и нэIэ тету, абыхэм нэхъ заузэщIынт.

– Сыт и лъэныкъуэкIи Iуэхум егупсысахэщ, плъагъурэ! – къахэгуоукIащ пщыхэм ящыщ гуэр.

– Мыдэ, а фи пащтыхьым имыщIэу пIэрэ адыгэ лъэпкъыр илъэсипщI бжыгъэ хъуауэ и щхьэр ихъумэжу фи дзэхэм зэрапэщIэтыр? – къахэгуоукIащ нэгъуэщI гуэри, – имыщIэу пIэрэ абы иджыри адыгэхэм я щхьэр зэрахъумэжыфынур?!

– Сыт къивгъэкIыр «пащтыхьым и нэIэ тету» жыхуэфIэм? – къыхэкIиикIащ нэгъуэщIи.

Тенджыз псори бэяужыху зиIэжьэри жэуап тэмэм ярниту хуежьэжащ:

– Абы къикIыр адыгэхэр лъыгъажэ хэмытыжу, зыужьыныгъэм и гъуэгум тешэнырщ. ПсэупIэ зэпэщхэр ухуэным, сату щIыным зегъэубгъуным, щIэныгъэм зратын яужь ихьэмэ нэхъ къахуэщхьэпэнущ, кIуэдыр къызэрыкIыну лъыгъажэм нэхърэ. Ар Урысейми адыгэхэми я сэбэп зыхэлъ Iуэхугъуэщ. Апхуэдэу Iуэхум еплъ пащтыхьым и цIыхухэм сэ сыкъагъэкIуащ, сыфIущIэу, къыздэфщтэмэ, фи лIыкIуэхэр къыхэфхыу, мыгувэу Кавказым къэкIуэну зи мурад пащтыхьым IувгъащIэу абыхэм нэхъ яфIэкъабыл зи гугъу сщIа лъэIумкIэ зыхуэвгъэзэныр къызэдгъэпэщын папщIэ.

– КIэщIу жыпIэнумэ, адыгэпщхэр джаур дыфщI жытIэу фи пащтыхьым девгъэлъэIуну фи мурадщ, – пэшым щIэсхэм къахэгуоукIащ зыгуэр, – лъэпкъыр Урысейм кхъуахъуэ яхуэфщIын фи гугъэщ!

Линэрэ Нэтрэ гу лъатащ: ахэр жызыIэр къады Уэсмэнт.

– Сыт ди гугъу къамыщIу ди унагъуэ дыщIрамыгъэсыр? – къэгуоуащ нэгъуэщI гуэри, – дэ зыми дыщыхьэкъым, дылажьэу, дышхэжу ди щIыналъэм драгъэсыжмэ нэгъуэщI дыхуейкъым!

– Ахэр Iуэху цIыкIуфэкIукъым, – жэуап итащ Тенджыз, – сэ вжэсIэнщ Iуэхур зытет дыдэр, ар фэ фщIэн хуейщ, щыуагъэ хэмылъу нобэ унафэ тэрэз къэфщтэн папщIэ.

Нэт нэхъапэми зэхихат абыхэм теухуауэ Тенджыз жиIэхэр. Ауэ иджыпсту абы здедаIуэм зыкъыщыхъужт лъагапIэ гуэрым дэкIауэ дуней дызытетым къыхэплъэу.

Абы къыгурыIуащ Тыркур, Къырымымрэ Кавказ Ищхъэрэмрэ иубыду, тенджыз ФIыцIэми и тет зищIын папщIэ, мызэ-мытIэу, Урысейм къызэрезэуар, Куржымрэ Ермэлымрэ Тыркухэм зыщахъумэн папщIэ Урысейм хыхьауэ тыншу зэрыпсэур.

Тенджыз пщыхэм къажриIащ, ижькIэ узэIэбэкIыжмэ адыгэхэми апхуэдэу ящIауэ зэрыщытар. Абы и фIыгъэкIэ лъэпкъыр къырым хъанымрэ тыркухэмрэ ящыхъума зэрыхъуар. Ауэ, Урысейр ищхъэрэ зауэхэм хэтыху Тыркум Кавказ Ищхъэрэм тепщэныгъэр щиубыдащ. Диныр къагъэсэбэпурэ лъэпкъыр Урысейм пагъэуващ.

Урысейм идэну, абы къебий къэралым Кавказ Ищхъэрэр иштэрэ езыр тенджыз ФIыцIэм техьэн хузэфIэмыкIыжу къагъэнэну? Куржыр Урысейм щыщу, мыдэкIэ Кавказ Ищхъэрэр езым къебий зэпыт Тыркум иубыдрэ хьэкъыпIэкIэ Урысейм и къэрал кIуэцIым щытепщэ хъууэ хэт къыпхуэзыдэнур, хэт абы пхуеувэлIэнур?

– Абы жиIэхэр къыбгурыIуэрэ? – Нэт щэхуу еупщIащ Линэ.

– Хьэлэмэту къызгуроIуэ.

– Сыт абы къыбгурымыIуэну хэлъыр? – щIигъуащ Линэ, – ди

хэкум псори къонэцIыр, Тыркури, Инджылызри, Франджри, Урысейри. Мыбдежым зэхэс лIы дэгъуэхэм я мурадыращ сымыщIэр армыхъумэ.

Тенджыз жиIэт, Урысейм къарукIэ упэщIэувэныр лъэпкъ цIыкIум и дежкIэ мыхьэнэ зимыIэ, зэи зэфIэмыкIын Iуэхугъуэу зэрыщытыр, абы къуагъ ищIтэкъым дахэкIэ узэгурыIуэнми Iэджи зэрыпэщIэтыр. Диныр щхьэхуещагъэкIэ къэзыгъэсэбэпхэр жыпIэн, мыдэкIэ хэкур зауэкIэ къэщтэныр къыхэзых дзэзешэхэр жыпIэн.

«Диным и гугъу къыхэбгъэщын хуеякъым, – къэщташ Нэт, – къады Уэсмэн къызэщIигъэстхэмэ уашхыну хуежьэнщ мыбыхэм...»

Тенджыз ищIэт диныр ущхьэгъу ящIу кърагъэжьа зауэр бгъэувыIэн зэрыпхузэфIэмыкIынур, абы къыхэкIкIэ, зауэ Iуэхухэм диныр хэзышытIэхэм щIэпхъаджагъэу ямыщIэ зэрыщымыIэр. Ар яжриIа нэужь абы щIигъуащ:

– ЦIыхур дыкъэзыгъэщIам къыхухиха диным, и псэр зыхуэкъабылым итщ. Мэзкууи Бытырбыху дыди мэжджыт дэтхэщ, муслъымэнхэр кIуэуэ, абыхэм зыри зэран яхуэхъукъым...

– Мыр уфIэмыкIыжыну джаур зэфэзэщщ, укIын хуейщ умыгъэпсалъэу, – къэIуащ макъ нэIуасэр, ар къадырат, – уэ Тыркум, а муслъымэн къэралым дыфIэбгъэкIуэдыну упылъщ!

Шэч хэмылъу, абы Тенджыз игъэшынэн и мурадт. Линэ зыхищIэт Тенджыз щхьэкIэ шынагъуэ гуэр жаIэху Нэт къызэрыскIэр.

– А къыхэгуоукIхэм щыщамыгъэтыжыххэкIэ, жэуап тэрэз ямытауэ хъунукъым, – къэIуащ Тенджыз и макъ зэтеубыдар, – фэ фщIэну сыхуейт сэ сызэрызауэлIыр. Ар IэщIагъэ щысхуэхъуакIэ, сэ фIыуэ къызгуроIуэ, сыт щыгъуи, дэнэ сыщымыIэми сыхэкIуэдэнкIэ зэрыхъунур, икIи абы сыхуэхьэзырщ. Ауэ, сэ къыхэсхащ си псэр пытыху ди лъэпкъым сыхуэлэжьэныр, схузэфIэкI къэзмыгъанэу ар къыхэмыщтыкIыжу, тыншу псэун, ди цIыхухэр пщэдей къэкIуэнум щымыщтэжу лажьэ-шхэжу зыужьыныгъэм и гъуэгум тету гъэпсыным щIэбэныныр. Абы щхьэкIэ сыкъэзыгъэхэшэн щыIэкъым.

Сэ сиукIыну жызыIэм, ар зи мурадым сигъэшынэн игугъэмэ щоуэ. Ауэ сывукIыгъамэ, сэ иджыпсту и щхьэр течауэ вжесIэнур, фигу ирихьми иримыхьми, фэ фыпсэуху зыми къывжиIэнукъым. Зыгуэрым нахуэу фигъэщIэн хуейкъэ Iуэхур зытет дыдэр!

– Зэран фыхуэмыхъуу вгъэпсалъэ мыр! – зэдащтэу зэщIэгуоуахэщ пщыхэр. Нэт и псэр къыхыхьэжри ину хэщэтыкIащ.

– Зыгуэрым сэ жысIэр мытэрэзу къилъытэмэ, кърetэджи жрыреIэ шэч къызытрихьэр, езым нэхъ пэжу къилъытэри нэрылъагъу кърещI.

Диныр щхьэхуещагъэкIэ къэгъэсэбэпыным хущIэкъухэм адыгэхэм фIы лъэпкъ къыхуахьакъым. Дунейм лъэпкъыу къытехъуахэм ящыщ зыми къыхуихуакъым я сабийхэр ящэжу, здашэр муслъымэн къэралщ жаIэу хамэ къэралым ирагъашэу, адыгэ лъэпкъым къылъэIэса тхьэмыщкIагъэм хуэдэ. Дауэ къыфщыхъурэ адыгэхэм я сабийхэр зэращэр? Кърым хъаныр дзэ угъуеякIэ Адыгэ хэкум къибанэурэ сабийхэр щэ бжыгъэкIэ иришу, ахэр Тыркум ирищэжу щыщыта зэманым дежщ а тхьэмыщкIагъэр къыздежьар.

Iуэхур абы нэсати, Кърымым къикIа дзэзешэхэм адыгэ къуажэ

къэс къытралъхьэт езыхэм къытрагъэзэжу къыщыкIуэнум ехъулIэу иратыну ягъэхьэзырын хуей сабий бжыгъэр, икIи ягъэхьэзырти иратт...

Фегупсысыну сыхуейт адыгэхэм я дежкIэ абы тхьэмыщкIагъэу, лъэпкъым и дежкIэ щхьэпудыныгъэу хэлъыр зыхуэдизым! Ар лъэпкъыр апхуэдизкIэ зэса тхьэмыщкIагъэщи, сабийхэр зэрагъащтэ IэщIагъэу къахуэнащ. «СабийIыхым уестынущ, жысIэм уемыдаIуэмэ!» – аращ анэм и сабийр зэригъащтэр. Пэж ар, хьэмэрэ пцIы?!

НэуфIыцIщхьэрыуэу къэрал жыжьэм деIэрэ, зи гъунэгъу, зи бжьыхьэ кIапэ зыпыт къэралышхуэм пэщIэувэным Iэмал имыIэу зыхуишэм иджы гъунэгъу хуэхъуащ лъэпкъыр. Пащтыхьым и дзэзешэхэр пылъщ хэкур нэщI ящIу Урысейм ар хагъэхьэжыну. Адыгэ лъэпкъым зэрыхузэфIэкIкIэ и напэмрэ и щIыхьымрэ ехъумэж, итIани кIуэ пэтми къэралышхуэм и дзэхэр нэхъри къэкIуатэурэ хэкур яубыд, шынагъуэр я деж къыщыскIэ, пщыхэм къахокIыр я цIыхухэр я гъусэу хэкур ябгынэу Тыркум Iэпхъуэжхэр, къызыщалъхуа я лъахэми я лъэпкъми епцIыжхэр.

А псори щалэжькIэ абыхэм тегъэщIапIэ ящIыр зыщ: «ДыздэкIуэр муслъымэн къэралщ» жыхуиIэрщ.

Мис апхуэдэу адыгэ лъэпкъыр къэралышхуитI зэбийхэм я кум гуузу докIуадэ. Хэт абы къыщхьэщыжынур?

– Сэ Къанокъуэ Зед япэ ищIа и мурадар сигу ирихьащ! – къахэIукIащ пэшым щIэсхэм, – адыгэ лъэпкъым шууэ иIэр зэхуэшэсарэ бийм пэгъэувамэ, дэ тхузэфIэкIынут пащтыхьыдзэхэм ди хэкур едгъэбгынэн!

– Ар пэжкъым! Урысейм хуэдэ къэралышхуэм къарукIэ упэувыныр щхьэгъэпцIэжщ, – хуидакъым абы Тенджыз, – тхьэмыщкIагъэ мыхъумэ, фIы лъэпкъ къыпхуихьынукъым. Урысейм Кавказым щиIыгъ корпусыр зэрыщыту хэкIуэдэпами пщэдей нэхъыбэж къигъэкIуэнущ. Адыгэхэм шууэ зэхуашэсар хэкIуадэмэ, зэрылъэпкъыу хэкIуэдащ.

Зэ еплъыгъуэкIэ къыпщыхъунущ Тыркури, Инджылызри, Франджри адыгэхэм къащхьэщыжыну хьэзырхэу. Зэзэмызэ абыхэм Iэщэ тIэкIу, шэгынри щIыгъуу, къытхуашэ защI. ХьэкъыпIэкIэ ахэр зэзэмызэ къыкъуокIри мэкIуэдыж, адыгэ лъэпкъыр и щIыналъэхэр зыпылъ Урысейм къыбгъэдонэж, зэблагъэукъым – зэбийуэ.

ТхьэмыщкIагъэу лъэпкъым къылъэIэсам къарукIэ ущыпэмылъэщкIэ, акъылыр Iэпэгъу щIауэ абы шынагъуэр щхьэщыха зэрыхъуным егупсысын хуейуэ къыщIэкIынщ.

Дэ мыбдежым дызодауэри дызэхэсщ, модэкIэ пащтыхьым и дзэхэм ныжэбэ кIуам ящIар тщIэкъым, нобэ зи ужь итым дыщыгъуазэкъым. Лъэпкъыр хуэныкъуэщ фи Iущагъым, жыжьэ фызыгъаплъэ фи акъылым, ар къыфщогугъ лъэхълъэпцIу щымыту, псэууэ къызэтезыгъэнэн унафэ тэрэз къэфщтэну. Абы Iэмалу иIэр зыщ – фэ фызэгурыIуэрэ зэдэарэзыуэ хэкур Урысейм хигъэхьэну, лъэпкъым къыщхьэщыжу, и нэIэ къытригъэту игъэпсэуну пащтыхьым зэгурыIуэныгъэ ефщIылIэнырщ. Пащтыхь дзэзешэхэм япэ зивгъэщрэ ар зэфIэвгъэкIатэмэ, мис итIанэ зауэм кIэ ефтат, ахэр

щIэзэуэни зыгъэзэуэни щыIэжтэкъым.

Зэхуэсым кърихьэлIахэм ящыщ гуэр къыхэгуоукIри Тенджыз къеупщIащ:

– Уэ езыр умытIасхъэщIэхыу пIэрэ? Сэ сощIэ, илъэситI-щыкIэ узэIэбэкIыжмэ, къэбджэдыхьу ди къуажэхэм узэрыдэтар. Куэдым ущIэупщIэу, куэд птхыуэ щытауэ жаIэж. Иджы лъэпкъым и лъапсэм псы ибгъэжыхьыжын мурад уиIэу укъэкIуамэ-щэ, уи зиусхьэнхэм апхуэдэ пщэрылъ къыпхуащIу?!

Пщыхэм ящыщ гуэрхэр абы жиIам пэплъэ хуэдэт, ахэр зэрыгъэкIийуэ хуежьащ:

– А унэжын, ар урыс хъуащ, абы адыгагъэ лъэпкъ хэлъыжкъым, и зиусхьэнхэм жаIэр ищIэу аращ!

– Адыгафэ зытригъэуэну пылъ щхьэкIэ, адыгэбзэ къудейр хуэгъэтэрэзыжкъым, ефыщIыр!

– Нэсри къэсыжауэ тIасхъэщIэхщ, псэууэ бутIыпщ хъунукъым!

– Мыбыхэм зы бэлыхь иращIэнущ Тенджыз! – къэIущэщащ Нэт, и псэр дзапэкIэ иIыгъыу здэщытым.

– Зедрэ Далилрэ щыIэу умыгузавэ уэ, – и гур фIы хуищIу жриIащ абы Линэ, – зыгуэрым Iэпэ трырелъхьи иреплъыт, алыхь, псори лъэныкъуэ пхурамыгъэзмэ, тIасэ!

Дал-Джэрий къэтэджащ.

Сыт хуэдизкIэ зэIущIэм кърикIуэнкIэ хъунум щхьэкIэ мыгузэвами, сытым хуэдэу пщыхэм захъунщIэу, ягъэшынэну хэмытами, Тенджыз гурыфIыгъуэ гуэр зыхищIэрт, хузэфIэмыкIын щымыIэ къыщыхъуу къару къыхилъхьэу. А гурыфIыгъуэр Нэтт. Ар Тенджыз и псэм щынэхут, щылыдырт. Абы игъэщIагъуэт – дауэрэ псэуа иджырэ къэс Нэт имыIэу?! ДыкъэзыгъэщIам фIыщIэшхуэ хуищIт а пщащэм зэрыIуигъэщIам щхьэкIэ, псэкIэ яхуэарэзыт мыбы къэзыгъэкIуахэм.

– МытIэкIуу ивогъэлей, Увжыкъуэ Тенджыз сызэрихьэщIэр ауи къивдзэ сигугъэкъым фэ слъагъухэм! – къэIуащ Дал-Джэрий и макъыр зэтеубыдауэ. Пщыхэр зэрыгъэгуоужтэкъым, ауэ абыхэм заущэхуащ жыпIэу убэлэрыгъи хъунутэкъым.

Зед къэтэджащ:

– Тенджыз Джатокъуэ Дал-Джэрий и хьэщIэмэ, сэ си къуэшщ. Абы шэч лъэпкъ къытевмыхьэ. Ар фэзгъэщIэну сыхуейт. Абы жиIа псоми соувалIэ икIи къыдызощтэ. Фегупсысыт, сыт хэбдзыну хэлъ абы нобэ къыджиIахэм? – Зед къыппкърригъэхьэу псалъэрт. – Абы жиIэр мытэмэму къэплъытэмэ, къэтэджи жыIэ, зиунагъуэрэ. Армыхъуамэ, щIалэжь цIыкIухэм нэхъей, удалъэу абы утехъущIыхьыныр зыми щыщкъым, емыкIущ икIи хьэдэгъуэдахэщ.

Дэ лъэпкъым и къэкIуэнур зэлъыта Iуэхушхуэм унафэ тетщIыхьыну дыкъызэхуэсащ, апхуэдэу зызыхъунщIэхэр зэран мыхъумэ, зыпарэкIи сэбэп къытхуэхъукъым. Апхуэдэу-тIэ лъэпкъым и унафэ зэращIыр, къэрал Iуэху зэрызэрахуэр?! Пащтыхьым и дзэзешэхэр яхуэмыгъуэту зыхуей дыдэщ фэ жыфIэр! ДызэгурымыIуэфу дызэбгрыкIыжмэщ ахэр щыгуфIэнур!

Псоми къывгурыIуэну сыхуейт унафэ тэрэз дымыщIу, лъэпкъыр къызэтегъэнэным, ар хъумэным теухуа унафэ къэдмыщтауэ дызэбгрыкIыжыну дызэрыхуимытыр. Лъэпкъым и Iуэхущ зетхуэр,

ар къызыгурымыIуэ къытхэт си гугъэкъым.

Нобэ дызэгурыIуэн хуейщ лъэпкъыр зытетшэну гъуэгумкIэ. Сэ ар кIуэдыпIэм хуэзышэ гъуэгу сытехьэну сыхуейкъым. Гъуэгу тэмэм дытригъэхьэн папщIэ, дыщыхуэныкъуэ дыдэм алыхьым къытхуигъэкIуа щIалэм зыхуэбгъэдалъэу лъэпкъым пщыуэ исым я пащхьэ укъиувэныр щыуагъэщ. Пащтыхьым дыпежьэу делъэIун хуейщ ди хэкур Урысейм хигъэхьэу лъэпкъыр дыкъихъумэну. Дэ жытIэм шэч къытримыхьэжын щхьэкIэ, хуэныкъуэ хъумэ, сэ си щхьэкIэ анэмэту абы изот си къуэ закъуэр, ирырешэ Бытырбыху! Лъэпкъыр хуэныкъуэ хъумэ, ар къызэтезгъэнэн щхьэкIэ, сэ сыщысхьынукъым си щхьэ дыдэм, щхьэузыхь хуэсщIынущ!

Урысеймрэ дэрэ ди зэхущытыкIэр, щIыхь зэрызэхуэтщIыр псом я дежкIи нэрылъагъуу щытын хуейщ. Дяку зыри къыдэдгъэхьэ хъунукъым. А псори итын хуейщ пащтыхьым зэрызыхуэдгъэзэну тхылъым.

Пэшым щIэс пщыхэм я сатырхэм зэхэпх къудейуэ зэрыгъэдаущ макъ ирижащ. КъыбгурыIуэнутэкъым абыхэм Зед жиIахэр даIыгърэ дамыIыгърэ.

– Тхьэр фызогъэлъэIу зы псалъэ жызвгъэIэну! – бжэм и гъунэгъуу къыщыIуащ Далил и макъыр.

ПэмыплъагъэххэIауэ, щIалэм и макъ къыщыIум, пщыхэр къызэплъэкIащ.

– ЩIыхь зыхуэтщI пщыхэ, ди хьэщIэ лъапIэхэ, фящыщ гуэрхэм псалъэ фейцей Iэджи ирапэсащ, щхьэжэ умыщIыну Iэмал зимыIэ Iэджи жраIащ джыназ Увжыкъуэ Тенджыз, уеблэмэ ар яукIыным къыхуезыджаи къахэкIащ. Фэ фыкъыщIызэхуэсамкIэ унафэу къэфщтэнум фыхуитыжщ, ауэ фэзгъэщIэну сыхуейт Тенджыз сэ къуэш зэрысхуэхъуар, абы псалъэ гуауэ ефпэсмэ, зэфпэсыр сэращ, абы къыщымынэу, фящыщ гуэр IэщэкIэ абы пэувыну хуежьэмэ, япэщIыкIэ сэ къыспэувын хуей хъунущ! Сыхуейт ар фэзгъэщIэну, абы шэч къытевмыхьэну сыволъэIу.

Пэшым щIэс псоми заущэхуат. И къуэм жиIахэр и щхьэм дэуеяуэ, Дал-Джэрий фагъуабзэ хъуауэ щытт, жиIэнур имыщIэу.

– Мыбдежым псалъэ гуэрхэр щыIуащ, жэуапыншэу къэбгъанэ мыхъуну, – пищэжащ и псалъэмакъым Тенджыз, – ахэр ауэ къызэрыкIуэ псалъэкъым. Хьэуэ, сэ сытIасхъэщIэхкъым! – жиIащ иужьрей псалъэм трикъузэу. – Пащтыхьым и гъунэгъухэми, Урысейм щыпсэухэми адыгэхэр фIыуэ къацIыхукъым. Зауэр езыхэм къызэрырагъэжьар ящыгъупщэжауэ, лIыгъэ хэлъу зи щхьэ зыхъумэж адыгэ лъэпкъым фэжагъуэ къраплъу къогъуэгурыкIуэ. Ахэр щхьэпыупщIу, лъэпкъ лыузыншэу къалъытэ. Сэ хэкум сыкъакIуэщ, псори зэхэзгъэкIри императорым зэхэщIыкIауэ, пцIы лъэпкъ хэмылъу тхылъ хузэзгъэпэщащ адыгэхэм ятеухуауэ. Абы нэрылъагъу щысщIащ адыгэхэр, нэмыс яIэу, хьэл-щэныфIххэр яхэлъу зэрыпсэур, къадигъэщIауэ зэрыцIыху Iущхэр, зэрыцIыху хьэлэлхэр, зэрылъэпкъ дахэр. Благъагъэр я щIасэу фIы зыщIам нэхъыбэж хуащIэным зэрыхущIэкъухэр, хьэщIэхэр егъэлеяуэ зэрагъэлъапIэр. Хуэстхахэм къеджа нэужь пащтыхьым мыбы сыкъигъэкIуащ.

Си бзэм и IуэхукIэ вжэсIэнур мыращ: пэжщ, сэ зи бзэр къутахэм

сащыщщ, ар сэ си лажьэкъым, згъэтэрэзыжыни схузэфIэкIынущ. Адыгэхэм тIэкIурэ сахэтмэ зэфIэкIащ. Ауэ гу лъывэзгъэтэжыну сыхуейт бзэр тэмэму зымыгъэIурыщIэфыр сызэримызакъуэм, апхуэдэ Iэджи къызэрыфхэтым, – уэлэхьи, тэрмэш уимыIэмэ жиIэр къыбгурымыIуэну Iэджи къыфхэткIэ!

Пщыхэр ину зэрыгъэдыхьэшхащ. Зэрыгъэгубжьыныр ящхьэщыуа хуэдэт.

– Сэ вжесIащ, къехьэкI-нехьэкI хэмылъу Iуэхур зытет дыдэр, – Тенджыз жиIэнур иух хуэдэт, иджы ар, зыри зэран къыхуэмыхъуу, псалъэрт, – нэхъыфIу къэфлъытэр къыхэзыхынури, унафэ къэзыщтэнури фэращ, нэхъ IэмалыфI щыIэу зигугъэр къретэджи кърепсалъэ. Апхуэдэу узэчэнджэщмэщ унафэ тэмэм щыпщIыфынур. Ауэ сытми удалъэкIэ Iуэхур зэфIэкIынукъым.

Иджы пщыхэм я дежкIэ нэрылъагъу хъуат, Тенджыз ауэ къызэрыкIуэ щIалэжь цIыкIуу, полковник фащэ зыщитIэгъауэ зэрыщымытыр. Абы и ныбжьым зыри пылъыжтэкъым, акъыл зиIэ щIалэ зэтеубыда зэпIэзэрытым, щIэныгъэ зиIэм Iуэхугъуэу къиIэтахэм, щIыкIэ дахэу къызыкъуихам, Iущыгъэу хэлъым пщыхэр зыпэмыплъа лъагапIэм тригъэуват. Абы хуэфащэу щыгът полковник фащэри, мыхьэнэшхуэ яIэ хъуат и дамэтелъхэми.

– Алыхьым насыпыфIэшхуэ уищIи, Тенджыз, – Iущэщащ Линэ, – еплъыт абы зэрызиIыгъым.

МытIыращхьэ ЛутI, БеслъэнгъущI щыгъуэ лIыгъэшхуэ зезыхьа дзэзешэхэм ящыщ зым, псоми щIыхьышхуэ хуащIт, пщы къудейуэ щымыту, акъылышхуэ зэриIэр псоми ящIэт. Цей щIэрыпсым и бгъэм хьэзырхэр къыхэнэхукIыу, и къами, и сэшхуи, и кIэрахъуи гуэщIауэ, ибг псыгъуэр зэрыщIэкъуза дыжьын бгырыпхыр зэщIэцIуууэжу, хъурыфэ пыIэр екIуу, зэщIэупщIэжауэ къыщытэджым псори фIы гуэркIэ щыгугъыу еплъащ. КIэщIу щIэща и жьакIэм Iэ дилъэри, пэшым щIэс пщыхэм къахэплъащ хъуэпсэгъуэ къызыщIих и нэшхуэхэмкIэ.



– Увжыкъуэ Тенджыз, джыназ щIалэр, Урысей пащтыхьым Iуэхушхуэ пщэрылъ къыхуищIри къытхуигъэкIуащ, – къригъэжьащ абы, – фэ флъэгъуагъэхэщ ар зыхуэдэ щIалэр, уэлэхьи, ар ауэ къызэрыкIуэ щIалэтэмэ, къэрал Iуэху и пщэ крилъхьэу нобэ хуэдэ зэманым пащтыхьым лIыкIуэ къытхуимыщIынт, абы шэч къытевмыхьэ. Егъэлея хэмылъу афэрым жетIэн хуейщ абы лIыгъэрэ нэмысрэ хэлъу, и пIэм къимыкIыу, сыт хуэдэ Iуэхугъуэ пэдмыгъэтIылъами Iэдэбу, нэмыс хэлъу жэуап тэрэз къыдитрэ чэнджэщэгъу къытхуэхъуу, зэпIэзэрыту ди пащхьэ зэрит къудейм папщIэ. Едмыпэс щымыIэу дытебэнарэ пэт и пIэм къытхуишакъым а щIалэр. Зыгуэрхэм яукIыну жаIэри щхьэичауэ абы зыхуагъэдалъэ. Хьэдэгъуэдахэщ ди зэхэтыкIэр, пащтыхьым и лIыкIуэу щымытами, ди напэм къедгъэкIун хуеякъым щIалэ хьэщIэм апхуэдиз етпэсыну.

КIэщIу жыпIэнурамэ, абы къыджиIам еувэлIауэ, дыпежьэу пащтыхьым дыIущIэн хуейщ. Сыт хуэдизрэ дызэхэмысами, абы нэхъ унафэ тэмэм къытхуэгупсысынукъым.

Сэ сыкъапщтэмэ, зыри хэзмыдзу пщы Къанокъуэ Зед жиIахэми соувалIэ. Абы зэрищIым хуэдэ къабзэущ сэри зэрысщIынур. А щIалэр БеслъэнгъущI дыщыщыIам хуабжьу сигу ирихьат. Нобэ абы акъылрэ

лIыгъэу къызыкъуихамкIэ сихьэхупащ, тхьэм гъащIэ къыуит, Зед! – Пэшым щIэс псори щым зэрыгъэхъуауэ едэIуэу ЛутI жиIэнур иухри тIысыжащ.

Абы иужькIэ пщыхэм зыри жамыIэу зэхэсу зы лIышхуэ зэIэщIэлъ къэтэджащ, пащIэ-жьакIэ фIыцIэрэ угъурлыфэ тету. Ар пщы Къартулт. И быныр щIыгъуу хьэщIапIэ кIуауэ къэту, БеслъэнгъущI щагъэсым къызэтенауэ щытащ.

– Дзэзешэхэм япэ зигъэщауэ пащтыхьым IущIэн хуейщ, – диIыгъащ абы ЛутI жиIахэр, – армыхъумэ, абыхэм тхьэмыщкIагъэ куэд къыхуахьынущ лъэпкъым. Дэ тщыщ дэтхэнэ зыми хузэфIэкI къигъэнэн хуейкъым зэхэдубла Iуэхур Iэмал зэриIэкIэ псынщIэу икIэм нэдгъэсын папщIэ.

– Мыдэ, уэ джыназ щIалэр, щхьэ укъытхэмыхьэжрэ езыр, «къэзыгъэзэжыр алыхьым къещтэ», жи, псори пхуэдгъэгъунт, зэрыслъагъумкIэ, уэ щIэныгъэшхуэ уиIэщ, лъэпкъым сэбэп къыхуэпхьынут, – къахэгуоукIащ аргуэру къадыр.

– Сэ лажьэ лъэпкъ скIэрылъкъым, къысхуагъэгъун хуейуэ, – зэтеубыдауэ, ауэ къыппкърыгъэхьэу жэуап къитащ Тенджыз, – сыт сэ лъэпкъым сыкъыхыхьэжын щIыхуейр, сэ абы сыхэкIауэ къэслъытэркъым. Сэ Урысейм ажалым сыщихъумэри сипIащ, щIэныгъэ сигъэгъуэтащ, сигъэсащ. Сыкъэзылъхуахэр щаукIым, а къэралышхуэр адэ-анэ схуэхъуащ. Урысейм къулыкъу хуэсщIэми, ди лъэпкъыр къызэрызэтебгъэнэфын Iэмалхэр щыIэу солъагъури, слъэкI къэзгъэнэнукъым ахэр къэзгъэсэбэпу ар зыужьыныгъэм и гъуэгум тетшэн папщIэ. Аращ ипэжыпIэкIэ Iуэхур зытетыр, сэ фэ зыри фщызбзыщIыркъым. 

Пщыхэр, жьы зыщIрагъэхуну, къыщIэкIащ.

«ДыкъэзыгъэщIам и цIэкIэ соIуэ Джатокъуэмрэ и малъхъэмрэ мы офицер щIалэм гурыIуахэу лъэпкъри хэкури зыIэщIалъхьэн я мурадкIэ, фи нэ фIыкIэ илъагъу», «Лъэпкъыр Урысейм хагъэхьэу, мыбыхэм Адыгэ хэкум деж тетыгъуэр щаубыдын я гугъэщ», «Плъагъуркъэ ахэр зэрызэрыIыгъхэр, зыр адрейм дежьууэ», – жаIэрт гуп зэрыгъэхъуа языныкъуэ пщыхэм.

– Ар жыIэкIэ хъурэ! ЖыпIэм уегупсысын хуейкъэ упсэлъэн ипэкIэ! – яхуидакъым абыхэм ЛутI, – цIыхум темылъ телъхьэным гуэныхь пылъщ икIи, абы къыщымынэу, а жыфIэр Iуэху зэIыщIэщ!

– Уэлэхьи, пэжым ухуеймэ, а сэ слъагъу щIалэр захуэкIэ, жиIахэм зыри хэбдзын хэмылъ, – къэIуащ нэгъуэщI гуэрым и макъи.

– Пащтыхьыр пэплъэу къыщIэкIынущ зи пхъэ къикIынум, е дзэзешэхэм япэ зрагъэщын, е езым и деж къулыкъу щызыщIэ цIыху Iущхэм жаIэр пхыкIын, адыгэ лъэпкъыр Урысейм хыхьэным евалIэу?

– Мы щIалэм жиIахэр къатщтэу пащтыхьым дыпемыжьэмэ, дзэзешэхэм я пхъэ къикIынущ, зи абы шэч къытевмыхьэ. Ахэр хуэныкъуэкъым адыгэхэм Урысейм зрагъэзэгъыну, зыхуейр нэгъуэщIщ...

Нэтрэ Линэрэ пщыхэм жаIэм зыкъомрэ едэIуа нэужь Мэрян и деж щIэлъэдэжащ.

– Си фIэщ хъукъым а сэ слъагъу пщыхэр Тенджыз жиIэм

евувэлIэну, – жиIащ Линэ гузавэу, – плъэгъуащэрэт абыхэм зэрызащIыр.

Нэт бжэIупхъуэм къуэувэжауэ пщыхэм щырыщ-плIырыплI защIауэ, я Iэхэр ягъэдалъэу зэрыпсалъэм йоплъ. Зедрэ Далилрэ Тенджыз бгъэдэтхэт.

Абыхэм къабгъэдыхьащ МытIыращхьэ ЛутI. Тенджыз щыгуфIыкIыу абы и Iэр иубыдащ. Зырыз-тIурытIурэ абыхэм къабгъэдыхьэу хуежьащ адрей пщыхэри...

Темэзрэ къадымрэ лъэныкъуэкIэ IукIахэу, абыхэм я дежкIэ плъэурэ зыгуэрхэр жаIэрт.

АдэкIэ къэхъуар Нэтрэ Линэрэ зыпэмыплъагъэххэщ. Пщыхэр зэрыщIыхьэжу, Дал-Джэрий къэтэджри псоми къахуигъэуващ Увжыкъуэ Тенджыз жиIэхэм евувэлIэну.

Пэшыр щым хъуауэ, пщыхэм зыри жамыIэу зэхэст.

– Нэхъапэ щIыкIэ пащтыхьым дыIувгъащIи жиIэр зэхэтхынщ, итIанэ зэрыхъу тлъагъунщ, – къигъэуващ Темэз.

– А уэ жыпIэм тебубыдэнри зы унафэ къыумыщтэнри зэхуэдэщ, – жэуап иритащ абы Тенджыз.

МытIыращхьэ ЛутI къэтэджащ:

– Пащтыхьыр дэ лъэIуакIуэ къытхуэкIуэкъым, ар зыщывмыгъэгъупщэ, абы дзэ угъуеяр къриутIыпщхьауэ хэкур иреулъэсыкI. Тенджыз къэзыгъэкIуахэм яжриIэн хуейщ пащтыхьым дыIущIэу, лъыгъажэр къигъэувыIэну, ди хэкур Урысейм хигъэхьэну дызэрыхуейр.

Дал-Джэрий зэрыжиIам хуэдэу, пащтыхьым лIыкIуэ хуэтщIынухэр хэдвгъэх.

Линэрэ Нэтрэ пщыхэр а Iуэхум зэреувэлIар зэрагъэщIэгъуэнур ящIэртэкъым. Пащтыхьым и деж лIыкIуэу ягъэкIуэнухэм хагъэхьащ Дал-Джэрий, МытIыращхьэ ЛутI, Къартул, Зед сыми.

Пщыхэм жаIащ зыгуэркIэ апхуэдэу ямыщI хъужыкъуэмэ, я бынхэм щыщ гупышхуэ пащтыхьым анэмэт хуащIу Урысейм зэрагъэкIуэнур.

Псори хьэлэмэту зэфIэкIа хуэдэт, ауэ Темэз аргуэру пщыхэм къахэпсэлъащ:

– Хэт пащтыхьым ди хэкум и Iэтащхьэу игъэувынур, уэмырауэ пIэрэ, щIалэфI? – зыхуигъэзащ абы Тенджыз.

ЛутI апхуэдизу зэгуэпати, афIэкIа хуэшэчыжакъым. Абы пщыхэм ягу къигъэкIыжащ БеслъэнгъущI щыгъуэ, пщыхэр псори дзэзешэ хъуну хуейуэ зэдауэхэу куэдрэ зэрызэхэсыгъар. Зыри хуейтэкъым нэгъуэщI гуэрым и унафэм щIэувэну. – Алыхьым акъыл къыдитри, абы щыгъуэ дызэгурыIуауэ щытащ. Иджыри дэ тщыщ дэтхэнэ зыри ди хэкум и Iэтащхьэ хъуну хущIэкъумэ, зыри къыдэхъулIэнукъым. Iэтащхьэ хъунур езы пащтыхьым игъэувращ, абы дэ зыкIи ди Iуэху хэлъыжынукъым, зэвгъащIэ ар быдэу, – жиIащ ЛутI.

Дал-Джэрий Тенджыз къыхуеплъэкIри жиIащ:

– Пащтыхьыр къыщыкIуэкIэ хъыбар зэбгъэщIэнур белджылы щIын хуейщ.

– ЩIыхь зыхуэтщI пщыхэм къыддащтэмэ, а Iуэхур пщэрылъ яхуэщIамэ хъунт Джатокъуэ Дал-Джэрий, Къанокъуэ Зед,

МытIыращхьэ ЛутI сымэ, – жэуап къитащ Тенджыз.

Дал-Джэрий игъэщIэгъуащ: «И адэ-анэр зыIэщIэкIуэдар ищIауэ щытамэ, си цIэр абы къриIуэм си Iуэхут», – егупсысащ ар. Абы мурад ищIащ Тенджыз зэраукIыу, пщыхэм я лIыкIуэхэу пащтыхьым и деж ягъакIуэхэм я пашэу езыр увыну, Тенджыз и пIэкIэ езыр пащтыхьым IущIэну. Иджы ар щIэгузавэр зыт: Шухахуэ Мос щIыгъуу емыжьэжащэрэт Тенджыз. Дауэрэ къыкIэрыгъэхуа хъуну ар абы? Мос и гъусэу ежьэжмэ, Увжыкъуэхэ я щIалэр псэууэ къэнауэ убж хъунущ.

ЗэIущIэр екIуэкIыху, Дал-Джэрий игъэщIагъуэу, хуабжьу зэпIэзэрыт, зэтеубыда пщы Шухахуэ Мос зы псалъэ къахимылъхьэу, жаIэм едаIуэу щысащ. Абы зыри жиIакъым пщыхэм ящыщ гуэрхэр къызэрызэщIэгъаплъэу, Тенджыз яукIыну щыжаIами. МащIэу щIэдыхьэшхыкIа фIэкIа.

Абы цей къащхъуэ зэгъэпэща щыгът, къыщынэхукIыу, и сэшхуи, и кIэрахъуи кIэрыщIауэ, и хъурыфэ пыIэ къащхъуэ лъагэм нэхъри нэхъ уардэж ищIырт. Ибг псыгъуэр нэхъ екIу, ес ищIу щIэпха бгырыпхым и сэшхуэмрэ кIэрахъуэмрэ кIэрылът сыт хуэдэ гъэунэхупIэ ихуэми къызэримыкIуэтынур наIуэ ищIрэ гушхуэныгъэ къыпхалъхьэу. Къэтэджри пщыхэм яхэту щIэкIыжыну ежьащ. Тхъугъэ зыхидза и щхьэцымрэ и жьакIэмрэ Iэ дилъэу мыпIащIэу кIуэ лIы хъыжьэм щыIуплъэм, Дал-Джэрий Iэнкун къэхъуащ, и гупсысэр зытриубыдэнур къыхуэмыщIэу.

Нэти зыгуэрым егупсысу, кърикIукI-никIукIыу жыхафэгум итт. Абы игу къэкIыртэкъым Тенджыз и ежьэжыгъуэр къызэрысар, ауэ и щхьэфэцыр игъэтэджу гужьеигъуэ гуэрым зэщIиубыдат.



КъызэрыхъуаIэм Линэ гу щылъитар, зэрымыщIэкIэ бжэр къыIуипхъуэту, Нэт щыщIэжаращ.

И Iэгухэр и напэм IуипIауэ Нэт щытт, Линэ абы и пэшым щыщIэлъэдам.

– Сыт къыпщыщIар, си хъыджэбз цIыкIу? Уи фэр сыту Iейуэ пыкIа? – къэгузэващ Линэ.

– Тенджыз... Тенджыз... нобэ... ежьэжыну? – занщIэу къеупщIащ ар и адэ шыпхъум.

Линэ абы и нэшхуэхэм къателъэда нэпсхэм щыIуплъэм псори къыгурыIуащ.

– Сэ иджыпсту Зеди Далили яжесIэнщ Тенджыз иджыри махуэ зытIущкIэ щыхьэщIэну къагъэнэну, – жиIэри Линэ къыщIэжащ.

Тенджыз а махуэм Джатокъуэхэ къыщыхъуар зэригъэзахуэрт. Иджыри къэс гузавэу зыщIэгупсыса зэIущIэр зэхэтат, ар къыщIэкIуа Iуэхум адыгэпщхэр еувэлIат. Ар щыгуфIыкIт пащтыхьымрэ графымрэ къыхуащIа пщэрылъыр зэригъэзэщIам.

Адыгэпщхэм я лIыкIуэхэр пащтыхьым IущIэрэ абыхэм я лъэIу тхылъыр иратмэ, адыгэ лъэпкъыр Урысейм щыщ хъунурэ зауэм и нэщIэбжьэм хэкIыжынут! Иджы ежьэжын хуейт. Псом нэхърэ нэхъыфIыр Шухахуэ Мос и гъусэу ежьэжатэмэт. Абы адэкIэ къыпэщытт пащтыхьым IущIэу псори жриIэну. Ар гур зыгъафIэ Iуэхугъуэт, ауэ Нэт къигъанэу дауэ ежьэжыну?! Дауэ псэуну ар имыIэу?

А меданым Линэ алыхь-билыхькIэ Зед елъэIут Далилрэ езымрэ Дал-Джэрий и деж щIыхьэу, Тенджыз иджыри махуэ зытIущкIэ

щыхьэщIэну къэнэну ирагъэлъэIуну.

Арат Дал-Джэрий хуэмыгъуэтыр. Тенджыз къыщраджам, абы и деж щIэсхэт Зедрэ Далилрэ.

Пщым жыжьэ къыщригъэжьащ. Ар Тенджыз щытхъуащ шыIэныгъэ хэлъу, щIэныгъэу иIэр къигъэсэбэпурэ адыгэхэм я гъащIэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэшхуэ, Iуэху щхьэпэ зэрызэфIигъэкIам щхьэкIэ. ИужькIэ ар щIалэм елъэIуащ иджыри махуэ зытIущкIэ къанэу щыхьэщIэну. МащIэу дыхьэшхри абы щIигъуащ, езым имызакъуэу, зэрыбыну Тенджыз зэрелъэIур.

– Фи унагъуэм апхуэдэу щафIэфIкIэ, куэду си гуапэу, – жэуап итащ Тенджыз, – ауэ Шухахуэ Мос жеIэн хуейщ, дызэгъусэу дыкIуэжыну дызэпсэлъауэ ар къыспоплъэ.

ЩIалэм мурад ищIащ Нэт зэрыIущIэу къыдэкIуэну елъэIуну. «Хьэуэ», – жимыIэмэ Зед емыжьэж щIыкIэ елъэIуауэ ар абы и адэм жрегъэIэн хуейщ…

– Сэ Дал-Джэрийрэ Зедрэ къызжаIащ иджыри укъанэу тIэкIу ущыIэну мурад зэрыпщIар, – жиIащ Мос, Тенджыз гуапэу къеплъри. – ФIыуэ уегупсыса? – щIэупщIащ ар.

Тенджыз мащIэу пыгуфIыкIащ:

– Иджыри махуитI-щыкIэ сыкъэмынэу хъунукъым, итIанэ бжэсIэжынщ.

– АтIэ дэгъуэщ, къанэ апхуэдэу фIэкIа щымыхъукIэ, ауэ сакъ. Сигу ирихькъым сэ мобыхэм зэрызащIыр, – Мос зэмыплъэкIыу Тенджыз къыгуригъэIуащ зэпсалъэхэу лъэныкъуэкIэ щыт Темэзрэ къадымрэ гурыщхъуэ зэрахуищIар.

Тенджыз ящIыгъуу Дал-Джэрий, Зед, Далил сымэ хьэщIэхэр ягъэкIуэтэжт. Щхьэгъубжэм деж здыIутым Нэт илъагъут пщыхэр куэбжэм дэкIыжын ипэкIэ зрыз-тIурытIу Тенджыз къыбгъэдыхьэурэ къыщыгуфIыкIхэу, зыгуэр жаIэу и Iэр къызэраубыдыжыр.

Псом яужь дыдэ пщIантIэм дэкIыжар къадымрэ Темэзрэщ. Нэт жейтэкъым, блынымкIэ зигъэзауэ, щхьэнтэр и бгъэм нэхъри быдэу щIикъузэу здэщылъым ар егупсыст Тенджыз зэрежьэжынум. «МахуитIи щыи трырекI, итIанэ ежьэжынущ», – и щхьэм икIтэкъым абы, ар ежьэжа нэужь и дунейр нэщI зэрыхъунур ищIэти. Арыншэу зэрыпсэунур хузэгъэзахуэртэкъым. Абы и нэгу къыщIигъэхьэжт Тенджыз къызэрыкIуэрэ зэрызэгъуса зэманыр зы дакъикъэ димыгъэхуу. «Адрей пщыхэр зэрежьэжам хуэдэ къабзэу ежьэжынущ ари, – егупсыст ар Тенджыз зэрежьэжынур и нэгум щIэту, – фитонымису пщIантIэм зэрыдэкIыжу куэбжэр хуащIыжынурэ…»

Нэт афIэкIа щымылъыжыфу къэтэджри щхьэгъубжэм бгъэдыхьащ, сакъыурэ рамэр Iуихри гъунэгъу пэшымкIэ еплъэкIащ. И дэлъхумрэ Тенджызрэ здыщIэлъ пэшми зы щхьэгъубжэ Iухат. Нэт куэдрэ щытащ а лъэныкъуэмкIэ плъэуэ, «хэт ищIэрэ Тенджызи къыдэплъ хъужыкъуэмэ», – жиIэу гугъэу. АрщхьэкIэ езым хуэдэу Тенджыз и щхьэр къыкъуигъэжтэкъым. «Сыту угулъытэншэ, Тенджыз махуэ, – егупсысащ ар, – зэзакъуэ нэхъ мыхъуми щхьэгъубжэм укъыдэплъыну уигу щхьэ къэмыкIрэ! Далил гу къылъитэнущи къыдэплъыфкъым!» – хущIегъуэжащ ар щIалэр зэригъэкъуэншам.

Зыкъомрэ апхуэдэу щыта нэужь Нэт пIэмкIэ егъэзэж, щхьэн-

тэр аргуэру и бгъэм щIекъузэжри мэгъуэлъыж щэху дыдэу, макъ иримыгъэщIу магъ. Апхуэдэу, гъым щигъэтыжурэ, жэщ псом и напIэхэр къемыхыу нэху къытещхьащ.

Дыгъэр къыкъуэкIащ. Зэрахабзэу, бзухэр жыг тхьэмпэ Iувхэм щыбзэрабзэт. Далил дихьэхауэ, зыгуэрым и гугъу ищIыжу пIэм хэлът. Тенджыз щхьэгъубжэм деж Iуувауэ здэщытым темыгушхуащэу зэзэмызэ Нэт и пэшымкIэ еплъэкIт, къыкъуэплъыжыкъуэмэ «жыг щIагъымкIэ накIуэ» жиIэу и щхьэр хуищIын и мураду.

ЗэрымыщIэкIэ жыг щIагъ лъагъуэмкIэ къыщыхъуэпскIащ зы пщащэ. Ар Нэтт! Лъэбакъуэ ичыху, къэптал къащхъуэр зэшэкIа ибг псыгъуэр мащIэу зэрыкIантIэм гу лъыптэу ар жыг щIагъым щIэбзэхэжащ. Тенджыз къилъагъужыфар ар щабэу зэрыбакъуэ шырыкъу плъыжь лъапщэ кIыхьхэращ. Ахэри жыг къуагъхэм къуэбзэхэжащ. Тенджыз и гур зэкIэлъыпIащIэу къеуэу хуежьащ... «Дауэ укIуэну Далил укъилъагъуу?!» – гузавэт ар. ИтIанэ, зыхуэмыубыдыжу, къэптал пцIанэу икIи щхьэмцIэу, зыри жимыIэу, къыщIэкIащ.

Далил къригъэжьар жиIэн имыухыу щIалэр щыщIэкIым къэмытэджу пIэм зэрыхэлъу къэнащ.

«УкIэрыщIауэ хьэщIэм иужь уит зэпыту къэпкIухьын хуей атIэ, жьы Iурыхьэгъуэ иумыгъэгъуэту, – егупсысащ ар, – щIрекI щIэкIамэ, тIэкIу къикIухьынщи, къыщIыхьэжынщ».

Нэт псыкъелъэм ухуэзышэ лъагъуэм тету кIуэт. ЗэрымыщIэкIэ ар къызэплъэкIри къэувыIащ. Тенджыз кIуэуэ къыщилъагъум пщащэр къыщIэпхъуащ. Тенджызи щIэпхъуэщ, кIуэрыкIуэм тету зызэрадзри абыхэм зызэрашэкIащ...

Дал-Джэрий гуауэщхьэуэ зыхэтым егупсысу жыг щIагъым къыщикIухьт. Ар зыщIэгупсысын щыIэт, Увжыкъуэхэ я щIалэр нобэпщэдей ежьэжын хуейт. Ар и къуэ закъуэм къуэш ищIат, я унагъуэм ис псоми я нэу, икIи я псэу фIыуэ ялъэгъуат. АпхуэдизкIэ дихьэхат ахэр Тенджызи, Линэ къыжриIащ ипхъу закъуэр иритмэ, нэгъуэщI малъхъэ хуэмейуэ ехъуапсэу. Езы Дал-Джэрий щIалэр зыукIыну зызыгъэхьэзырхэм яхэтщ...

Далил имыщIэххэу пщыхэм я зэхуэсым и адэр бий кIэуфIыцI ищIащ, Тенджыз зыукIыну хуейр япэщIыкIэ езым пэувын хуейуэ къигъэуври.

Тенджыз яукIыну жаIэу зэIущIэм зыщызыхъунщIахэр зэрызащIам теукIытыхьыжауэ ежьэжахэщ. Дал-Джэрий илъэгъуащ, куэбжэм дэкIыжын ипэкIэ, Увжыкъуэхэ я щIалэм къыбгъэдыхьэурэ и Iэр зэраубыдыжар, «къытхуэгъэгъу, нэхъапэху дыкъуэншами» жаIэу абыхэм я къуаншагъэр къызэращтэжар.

Ауэ Дал-Джэрий, Темэз, къады Уэсмэн сымэ зэгурыIуэри унафэ быдэ ящIащ Тенджыз псэууэ намыгъэсыжыну. Иджы а унафэр гъэзэщIэн хуейщ, гъазэ имыIэу. Ауэ дауэ къыкIэрыча хъуну абы ар къуэш зыщIа Далил? Сыт жепIэнур, шу гуп къиугъуейрэ щIалэ хьэщIэр игъэкIуэтэжыну хуежьэмэ? Далил апхуэдэу зэрищIынум шэч лъэпкъ къытумыхьэххэ...

Зыгуэр и нэм къыфIэнэри Дал-Джэрий жыгым дэплъеящ. «Шэдыгъуэр плъыжьыбзэ зэрыхъуа! – игъэщIэгъуащ абы, – ситу щIэхыщэ кIуэрэ зэманыр! Куэд щIа жыгхэр къызэрыгъагъэрэ,

мес иджы, пхъэщхьэмыщхьэхэр хъууэ хуежьащи, жыг къудамэхэр къращIэх! Сыту гухэхъуэ! – егупсысащ ар жыгхэр къыздиплъыхьым, – гуауэщхьэуэм дыхэмыкIыу дохьри, ди нэм щIы илъагъужкъым, дунейм и дахагъым гу лъыдмытэжурэ зэманыр макIуэ...»

Дал-Джэрий Увжыкъуэхэ я щIалэм щхьэкIэ зыхэт гуауэщхьэуэр къыпкърыхьэжри, ар зэрыхъунум егупсысу жыг щIагъыр къызэринэкIри мэзым хыхьащ. Жыгышхуэхэм къуацэ цIыкIухэр Iуву здыщIэт лъэныкъуэмкIэ кIуати, пщым мурад ищIащ абыхэм япхыкIыу бжьэпэмкIэ кIуэуэ псыхъуэм дэплъэну.

ЗэрымыщIэкIэ ар аргуэру макъ гуэрым къигъэувыIэри зэщIэдэIукIыу хуежьащ. Абы IупщIу зэхихт мыину псалъэмакъ. Хуэмурэ жыг къудамэр щызэлъыIуигъэкIуэтым, Дал-Джэрий къилъэгъуар и гум ежалIэри, сыным хуэдэу жащ. Лъэбакъуэ зыбжанэ нэхърэ нэхъ пэмыжьэу Нэтрэ Тенджызрэ зэрыубыдауэ я нэкIухэр зэхуэгъэзауэ, зым и нэгу адрейр иплъэу, псалъэу щытхэт!

Дал-Джэрий къыбгъэдэт жыгышхуэм зыкъуидзэри абыхэм жаIэм щIэдэIуу уващ.

Абы и хъыджэбз цIыкIум и нитIыр зэуэ лыдырти! Сытым хуэдиз насып ящIэтт абыхэм! Зэи Дал-Джэрий илъэгъуатэкъым и пхъум и нэхэм апхуэдизу нурыр къащIихыу лыду!

– Сэ сежьэжын хуейщ, ауэ укъызэрызгъэнэн къару сиIэкъым, – жиIэт Тенджыз, – ар схузэфIэкIынукъым, Шухахуэ Мос и гъусэу сыщIемыжьэжар сынопсэлъэнути аращ.

– Дэ тIум дякум узэбакъуэ мыхъун дэлъщ, – жиIэт Нэт, – дэ дызэрышэ хъунукъым, уэ жор ппщIэхэлъщ, сэ муслъымэным срипхъущ, – Нэт нэщхъей къэхъуауэ и дзэлыфэр итIащ, – пщы Джатокъуэ Дал-Джэрий ипхъу джаурым пхуритуи! ИгъащIэкIэ зыпхуемыувэлIэн Iуэхущ ар!

«Абы сэ си гугъу зэрищI, хамэ гуэр хуэдэ! – и жагъуэ хъуащ Дал-Джэрий. – Уогъуащэр, си хъыджэбз цIыкIу, абы удэкIуэ щIэмыхъунур а уэ зи гугъу пщIыракъым! Мы дунейм сыщIыфпэрыуэни, фяку сыдыхьэу фи насып зэрызэпызудыни теттэкъым, а щIалэм и адэ-анэм ялъ скIэрымылъатэмэ. Аращ уебакъуэ мыхъуну фэ тIум фяку дэлъыр...»

– Дунеишхуэ, сыту жыIэгъуафIэу къыбжьэдэкIрэ а жыпIэхэр! – игъэщIэгъуащ Тенджыз, – уигу къемыуэу пIэрэ ахэр?!

– Сэ мы дунейм сыкъызэтезыгъэувыIэн теткъым уэ насыпыфIэ усщIын щхьэкIэ, си гъащIэ, си дуней! – жиIэт Тенджыз, – тIэкIунитIэ уи гур къысхуэкъабзэу, фIыуэ сыкъэплъагъуу сщIэтэмэ!

Уи адэм деж сыщIыхьэнущи жесIэнущ, ухуеймэ лъэгуажьэмыщхьэу и пащхьэм сиувэнщи селъэIунщ, къытпэрымыуэу укъызитыну, уэ укъыздэкIуэну ухуей закъуэмэ. ЖыIэ, Нэт, укъыздэкIуэнт уи адэанэм укъызатыну еувалIэмэ?

– ЖыпIэр сыт, Тенджыз! Ди пщIантIэм укъыдыхьауэ щыслъэгъуа дакъикъэхэм щегъэжьауэ уэр фIэкIа дунеи гупсысапIи симыIэжу сопсэу, – жиIащ Нэт, тхьэ елъэIу хуэдэ и щхьэр мащIэу игъэхъейуэ, и нэ лыдыжхэр кIэричын шынэ хуэдэ занщIэу абы и нэгум иплъэу, – ди адэр къыспэрымыуатэмэ, уэр фIэкIа нэгъуэщI насып сыхуейтэкъым...

Нэт жиIэнур нимыгъэс щIыкIэ Тенджыз пхъуэри абыхэм зызэрашэкIащ.

И нэкIэ илъагъур и фIэщ мыхъуу Дал-Джэрий абыхэм еплът, ищIэм емыгупсысу абы и Iэр пхъуэри къамэ Iэпщэр иубыдащ, ауэ къримыхыпэ щIыкIэ занщIэу и нэгум къыщIыхьэжащ БеслъэнгъущI и деж щилъэгъуа пщащэ цIыкIум и хьэдэр! Абы и щхьэфэцым зиIэтащ, иджыпсту ипхъу закъуэм апхуэдэ и натIэ хъуауэ къызыфIигъэщIри. Дал-Джэрий къамэ ныкъуэкъихыр, макъ иригъэщIу, сампIэм иригъэлъэдэжри, жыгышхуэм зрикъузылIащ.

«Алыхьышхуэ, сыт щыгъуэ мыхэр апхуэдизу фIыуэ щызэрылъэгъуар? – егупсыст ар. – Мы джаурым си хъыджэбз цIыкIур дунейм тетми темытми и зэхуэдэу, къыфIэмыIуэхуу къысщыхъуати!»– Ауэ илъэгъуам абы и гур къызэригъэдзэкIат.

Дал-Джэрий, гу къылъатэнкIэ шынэу, зимыгъэхъейуэ жыгышхуэм зригъэщIылIауэ щытт. Сытым хуэдэу гуфIэнут Темэз дыди! – егупсыст ар, – имылъэгъуар иIуатэу и гъащIэр ихьынут. Хьэтал-щэ? Абы и къуэм зэрыримытар щхьэжэ ищIащи, дунейм псалъэ фейцейуэ тетыр къахужиIэну хэтынущ.

– Уи тIасхъэ лъэпкъ дунейм къытебгъэхьэ хъунукъым! – Дал-Джэрий сыт щыгъуи сакът и быным и тIасхъэ дунейм къытримыгъэхьэн щхьэкIэ.

Псоми кIэ игъуэтащ Увжыкъуэ Болэт и къуэр ежьэжауэ гъуэгу здытетым пежьэхэрэ..!

Псалъэмакъ щыIэжтэкъым. Дал-Джэрий сакъыпэу жыгым къыкъуэплъащ. Тенджызи Нэти щымытагъэххэм хуэдэу бзэхахэт.

УафэхъуэпскIым хуэдэу Дал-Джэрий и гум къридзащ Далил щIалэ хьэщIэм къыкIэрыча зэрыхъун Iэмал. ПIалъэ имыIэу ар Iэнапэ гъэкIуэн хуейщ тырку сатуущIым и деж, хьэщIэр щежьэжкIэ иратын гуэр къищэхун папщIэ! Фэ тету сэшхуэ къищэхуну пщэрылъ хуэщIамэ, гурыщхъуэ лъэпкъ имыщIу, гуфIэжу кIуэнущ! Ар къэкIуэжыху мыдэкIэ...

Къамэр сампIэм щригъэлъэдэжым, апхуэдизу макъ иригъэщIати, Тенджызрэ Нэтрэ ар щызэхахым, псынщIэу хадэм къикIыжахэщ.

Унэм къызэрыщIыхьэжу Дал-Джэрий и къуэр къриджэри унафэ хуищIащ шууитI зыщIигъуу пIалъэ имыIэу Iэнапэ кIуэуэ тырку сатуущIым и деж хьэщIэм иратын папщIэ фэ зытет сэшхуэ къыщищэхуну.

– Дэ диIэхэм сахэплъати, апхуэдэ яхэткъым, – щIигъуащ абы.

Далил гуфIэри асыхьэтым гъуэгу техьэну зигъэхьэзыру хуежьащ. Абы Тенджыз жриIэфакъым щежьэжкIэ иратын гуэр къищэхуну зэрыкIуэр.

– Зедрэ Линэрэ кIуэжыну загъэхьэзыр, – жиIэри абы, имыщIэххэу, Тенджыз гузэвэгъуэм хидзащ. Зед закъуэщ абы Дал-Джэрий иригъэпсэлъэну, къыдэIэпыкъуфыну иIэр!

– Дэнэ уежьа? – еупщIащ ар Далил, и фащэр зыщитIэгъауэ, и Iэщэхэри гуэщIауэ, пащIэгъуэкIэ зыщIыпIэ кIуэну зэрызигъэхьэзырар щилъагъум.

– Зумыгъэзэш, пщэдей пщыхьэщхьэм сыкъэсыжынущ, мынэхъ пасэмэ, – жэуап кърита щ абы. Далил, гукъыдэж зэриIэр



8 Заказ №246

къапщIэу, дзапэ уэрэд тIэкIу жиIэт. – Ди адэм Iуэху гуэр пщэрылъ къысхуищIащи, сымыгъэзащIэу хъунукъым.

Далил занщIэу шэщIауэ Тенджыз и пащхьэм иувэщ, и лъэдакъэхэр зэригъэуалIэри, Егоррэ Гаврилэрэ зэращIым хуэдэу, и IэпхъуамбитIыр и нэзкIапэм деж Iуилъхьащ:

– Честь имею! Нэхъ пасэу сыкъэсыжынкIи мэхъу, шэджагъуэ нэужьым, – жиIэри дыхьэшхщ, Тенджызи игъэдыхьэшхри къыщIэкIащ.

Бжэм зыгуэр къытеуIуащ. Ар Зедрэ Линэрэт.

– Уи Iэр дубыдыжыну дыкъыщIыхьащ! – Линэ нэщхъей къэхъуауэ щыс Тенджыз гуапэу къеплъащ.

– Иджы псори зэлъытар фи лъэныкъуэращ, – къригъэжьащ Зед, тахътэм тетIысхьэри, – дзэзешэхэм, нэхъ тэрэзу жыпIэнумэ, фи пащтыхьым зэрищIщ.

Тенджыз зэуэ жэуап къитакъым. Абы фIыуэ ищIэрт Iуэхур, адыгэхэм я Iуэхур, иджы езы пщыхэм акъылу къызыкъуахымрэ жаIам темыкIыу ирагъэжьа Iуэхур зэрынагъэсымрэ зэрелъытар.

Дзэзешэхэм Iэджи ягъэхъэнкIэ шынагъуэт. Абыхэм ягъахъэр адыгэпщхэр зыпэмыплъэ Iуэхуу щытынутэкъым, атIэ еужьэрэкIыу ахэр пащтыхьым зэрыIущIэным пылъын хуейт.

Ар жьэкIэ жиIа щхьэкIэ Тенджыз зэгупсысыр нэгъуэщIт. Зедрэ Линэрэ ежьэжыну загъэхьэзырат. Абыхэм Iэмал гуэр зэрамыхьэмэ, нэгъуэщI IэбапIэ щыIэтэкъым.

– Зед, – къригъэжьащ Тенджыз, – тхьэм щхьэкIэ емыкIу къысхуумыщI, дызыхэт Iуэхум нэмыщI нэгъуэщI зыгуэр бжэсIэнущи. Фэ къуагъ фщысщIыну сыхуейкъым ар.

Зеди Лини абы къеплъащ.

– Сыт къэхъуар? – жиIащ Зед.

– Нэт сыдихьэхащ! – занщIэу жэуап къитащ Тенджыз. – Сэ фIыуэ къызгуроIуэ, зауэ жыпIэми, дин жыпIэми, узэбакъуэ мыхъу нэгъуэщI куэд дяку зэрыдэлъыр, ауэ фIыуэ солъагъур сэ Нэт. Ар симыIэу сызэрымыпсэужыфынур къызгурыIуащи, сщIэнур сымыщIэу сыкъэнащ, си нэхэм щIы ялъагъужыркъым, уемыжьэж щIыкIэ, Зед, Нэт и адэм тхуепсалъэ. Сэ схузэфIэкI къэзгъэнэнкъым Нэт насыпыфIэ сщIын щхьэкIэ. Си щхьэм нэхърэ нэхъ сыхуэсакъынщ. СхужеIэ, Зед, Дал-Джэрий къытпэрымыуэну, ди насыпыр зэпимыудыну.

– Уэлэхьи, а жыпIэм гъащIэм къыщымыхъу хэмылъ, – къригъэжьащ Зед, пэмыплъагъэхххэу щIалэм къыжриIар тIэкIуи игъэщIагъуэу, – гъащIэр гъащIэщ, сыт хуэдэ Iуэхушхуэ хэмытами, цIыхур псэун хуейщ. ФIыуэ фызэрылъэгъуамэ ар дэгъуэкъэ! Ди зэIущIэныгъэм унагъуэщIэ къыхрекI, аракъэ насып жыхуаIэр! – Зед мащIэу дыхьэшхри, – сэ сощIэр пщыхэм ящыщ гуэрхэр ежьэжын ипэкIэ, алыхьи-билыхьи къамыгъанэу, гъуэрыгъуэу Дал-Джэрий къызэрелъэIуар, благъэ зызэхуащIыну. АрщхьэкIэ мыдрейм ауи зыхигъэзэгъакъым абыхэм ящыщ зыри. Уеблэмэ а Iуэхум тепсэлъыхьын имыдэу, пщыхэр чэзууэ къыщIигъэкIыжащ, ар иджыри сабийщ, утепсэлъыхьыну Iуэхур абы нэсакъым, – жиIэри. Апхуэдэу щыт пэтми, сэ сепсэлъэнщ Дал-Джэрий. Си гугъэщ бзылъхугъэхэр уэ уи дейкIэ къеIэну, – ар Линэ хуеплъэкIри, тIури дыхьэшхащ.

Къанокъуэ зэщхьэгъусэхэр щIэкIащ. Тенджыз и псэр дзапэкIэ

иIыгъыу, Зед пэплъэт. Арщхьэкlэ абы къигъэзэжыртэкъыми, Iэджэми иригъэгупсыст.

ЗэрымыщIэкIэ бжэр Iуипхъуэтри, Нэт и щхьэр къыкъуигъэжащ. ЗанщIэуи хуищIыжащ. Тенджыз къыщылъэтри бжэм къуэплъащ. КIэлындорыр нэщIт. ТIэкIу дэкIа нэужь бжэм зыгуэр къытеуIуащ. Пэшым къыщIыхьахэщ Зедрэ Линэрэ. Зед имыхабзэххэу нэщхъейт.

– Къытхуэгъэгъу апхуэдизрэ дыкъызэрытам щхьэкIэ, – жиIащ Линэ.

– Аркъудеи дызыхигъэзагъэкъым, а Iуэхум тепсэлъыхьын идэкъым! – жиIащ Зед, гукъыдэж лъэпкъ имыIэу щIэгуфIыкIри. – Блэ къеуам хуэдэщ, къызгурыIуэн слъэкIкъым сэ абы къыщыщIар! А Iуэхур къызэрезгъэжьэу къызэщIэчащ, зэгуэрми слъэгъуакъым ар апхуэдэу губжьауэ. Сабийщ, жеIэри узригъэпсалъэкъым. «ФызэрыгъэIущам хуэдэу, делэ фызэтехъухьа?!» – жеIэри зефыщIыж, уи фIэщ хъун, мэгуоури зыри зэхихыну хуейкъым.

Тенджыз и щхьэр къыфIэхуащ.

– Нэхъапэми сэ жесIат абы Нэт зэрыпхуэзгъэфащэр, – къригъэжьащ Линэ, – уи фIэщ хъурэ, къызэнапэфауэ пэтащ. Ар щIыбжесIэр дызэрыуителъхьэр уэзгъэщIэну arащ, джыназ, Далили уи телъхьэщ.

– Ар щхьэжэ умыщI, икIи уигу къыумыгъауэ, Тенджыз, – щIалэм и гур игъэфIыну хуежьащ Зед, – тхьэмахуэ текIмэ, си шынэхъыжьым и къуэм къишэнущ. Нэтрэ Далилрэ нысэишыжым нэкIуэнущ. Уэ къэбгъэзэжыху ахэр къэдмыгъэкIуэжу ди деж щыдгъэIэнщ. Къэбгъэзэжмэ, Нэт къоттынщи дежьэжынщ. Пащтыхьым дыIущIа нэужь тIури фызэгъусэу фыкIуэжынщ! Дал-Джэрий зыкъомрэ зихъунщIэнщи, езэшмэ, щигъэтыжынщ, дэнэ кIуэн.

«АтIэ нэгъуэщI Iэмал гуэри щымыIэххэу пIэрэ?!» – егупсыст Тенджыз.

– Далил дэнэ здэкIуар? – зыхуигъэзащ абы Зед.

– Дал-Джэрий зыщIыпIэ игъэкIуащ, – Зед игу щIэгъуу Тенджыз еплът, – уи Iуэхухэр зэрызэфIэкIыу, е укъызэрыдэхуэу шэч лъэпкъ къытумыхьэу къытедзи ди деж къакIуэ, джыназ! – жиIащ абы, – тхьэмахуэ текIмэ ахэр ди деж щыIэнущ, сэ укъызогъэгугъэ а Iуэхур зэфIэзгъэкIыну, – щIигъуащ абы.

АбыкIэ я псалъэмакъыр яухри хьэщIэхэр ежьэжащ. Тенджыз жейтэкъым, и жеини къакIуэтэкъым. Ар сакъыу щхьэгъубжэм къыдэплъащ. Нэт и пэш щхьэгъубжэм нэху къыдидзтэкъым. Щхьэгъубжэ IупIэхэр гъэбыдат...

ЗыбгъэгувэжкIэ мыхьэнэ иIэтэкъым. Пщэдджыжьым Тенджыз пщым жриIащ ежьэжыну мурад зэрищIар. Модрейми «хьэуэ» жиIэу абы пэувакъым.

Шыхэр щIащIэжауэ фитоныр Тенджыз къыпэплъэт. Езым зыфIимыгъэщIу зиплъыхь щхьэкIэ, Нэт къыкъуэкIтэкъым. Далили къэтт.

– Далил Iуэху иIэу ежьащ, щIэх къэкIуэжыну къыщIэкIынкъым, – жэуап къритащ Дал-Джэрий, «Далил и Iэр субыдыжамэ си жагъуэтэкъым, дэнэ щыIэ?» – жиIэу Тенджыз щеупщIым.

Шэч хэлъыжтэкъым пщым Тенджыз ежьэжмэ зэрынэхъыфIыр къызэрыриIуэкIым.

– Хъыджэбз цIыкIур гъейшейщ, къэмытэджауэ хэлъщ, – къыщIигъуащ пщым. Тенджыз фитонымкIэ игъэзащ.

– Адыгэ лъэпкъым и Iуэхуу зяужь дитыр псом нэхърэ нэхъыщхьэщ, Дал-Джэрий, – зыкъыхуигъэзащ абы пщым зэтеубыдауэ, зи щхьэ пщIэ хуэзыщIыж и щIыкIэу къеплъри, – си гугъэщ иджыри къэс узэрыпылъам хуэдэу, къыумыгъэтIасхъэу, лъэпкъым и лIыкIуэхэр пащтыхьым IущIэным икIэм нэсыху упылъыну.

– Абы шэч къытумыхьэххэ, – жэуап къитащ Джатокъуэм, и нэгум губжьа сурэт щIэт пэтми, мащIэу и дзэлыфэр итIри.

Тенджыз зэрагъэхьэщIам щхьэкIэ фIыщIэ гуапэ къыхуищIри, пщым и Iэр иубыдыжащ:

– Сыпщогугъыр, пщы, Бытырбыху унакIуэмэ, сэри апхуэдэу сыппыкъуэкIыжын папщIэ, си деж унеблэгъэну.

ФIэкIа зы псалъэ жимыIэу Тенджыз фитоным итIысхьэри къежьэжащ, къэзыгъэкIуэтэжын шу гупи щIымыгъуу... Ар пщы Джатокъуэ Дал-Джэрий и дежкIэ цIыхум зэхимыха щIэпхъаджагъэт.

«Сыту цIыху лыузыншэ, Нэт и Iэр дигъэубыдыжакъым!» – егупсыст Тенджыз и гум щIыхьауэ, фитоным ису къыздэкIуэжым и щхьэр къыхуэмыIэту. Ар щIэхъуэпст Нэт щхьэгъусэ хуэхъуу, Бытырбыху, пащтыхьым и гъунэгъу цIыхухэм яхыхьэну. Сытым хуэдэу ягъэщIэгъуэнут, зэрыгуакIуэм и щIыIуж, абы и щIыкIэ, и гъэпсыкIэ дахэр. Бытырбыху дэс пщащэхэм хуэдэу хуэпауэ ар яхэпшэмэ, балым и тхьэIухуд хъунт. Ара нэхъыщхьэр?! Нэт щыплъагъукIэ абы хэлъщ пхуэмыIуатэу насыпыфIэ узыщI гуэр, уи гум имыхужу плъагъуну ущIэзыгъэхъуэпс. Плъэгъуа нэужьи ппкърыкIыжыркъым абы и гуакIуагъэр, и IэфIагъыр, зыхэпщIэ зэпытщ. ЩыIэу пIэрэ къыдигъэщIауэ апхуэдиз IэфIагъ зыхэлъ нэгъуэщI хъыджэбз?

«Нэт... Нэт... Иджы гугъапIэу диIэжыр Зедрэ Линэрэщ. Сыту пIэрэ иджыпсту абы ищIэр? Гъыуэ гъуэлъыпIэм илъ?..»

Шыхэр ущу къакIуэурэ сыхьэтитI гъуэгу къызэпача нэужь, шууэ, фитоным иужь кIэщIу иту къакIуэ Гаврилэ бжэмкIэ къыбгъэдэлъадэри Тенджыз къеплъащ:

– Зи щIыхьыр лъагэ, зы шу къарууэ иIэмкIэ къыткIэлъожэ! – жиIащ абы. «Далилщ! – къэгуфIащ Тенджыз, гугъапIэ гуэр къызэрынэхуар зыхищIэу, – ар Далилщ!»

Абы и щхьэр къригъэжри зэплъэкIащ: шур псынщIэ дыдэу къажэт, икIи гъунэгъу къэхъут, ауэ ар Далилтэкъым. Тенджыз фитоныр къригъэгъэувыIэри къикIащ. Абы зэригъэщIэгъуэнур имыщIэу, шыр дахэу зыгъэIурыщIэ щIалэ ахъырзэман цIыкIум еплъащ. Абы и напэм бащлъыкъ хужь Iупхат. Къызэрысу щIалэ цIыкIур шым къелъэщ, фитоным зридзэри бащлъыкъым кIэлъыкIуэу и пыIэр зыщхьэрипхъуэтащ.

Ар Нэтт! Абы зэуэ фитоным кIэлъитIысхьэжа Тенджыз зыкъыпщIэхидзащ.

– Си дуней, си гъащIэ, – къыжьэдэкIащ Тенджыз, Нэт и напэм и пщэм ба здыхуищIым.

– Зэ увыIэ, Тенджыз, сэ хъыбар шынагъуэ бжэсIэн хуейщ! – Нэт хуит зыкъищIыжри щIалэм Iуплъащ. Шыхэр лъэбакъуэкIэ къакIуэт. – Ди адэмрэ нэгъуэщI лIитIрэ, ахэр къады Уэсмэнрэ пщы Темэзрэщ,

абыхэм уэ фIэкIыпIэ имыIэу лъы пщIэжыну жаIащ, щыри уи адэ-анэр зыукIахэм зэрахэтам щхьэкIэ. Абыхэм япэ зрагъэщу уэ уаукIын я мурадщ. Шэщым зызгъэпщкIуауэ сыздыщIэсым сыкъамылъагъуу жаIа псори зэхэсхащ. Тенджыз, си псэм хуэдэ, лъы пщIэжын хуейуэ щытмэ, сэ сыукI, тIум щыгъуи уэрыншэу сыпсэужыфынукъым! – Нэт и щхьэр ирихьэхри щэхуу гъащ, – уэ сыбукIыу сылIэмэ нэхъыфIщ.

Тенджыз къэуIэбжьащ:

– ЖыпIэр сыт, си дуней?! – ар Iэбэри Нэт зришэлIэжащ, и бгъэм щрикъузылIэжым Нэт и щхьэр абы и пщэм щIэхуащ. – Сыт уэ уи лажьэр? Си адэ-анэр къэралышхуитI зэбийхэм яку дэкIуэдащ. Уи адэмрэ абы и Iэпэгъухэмрэ ахэр зыукIам яхэтамэ, я насыпыншагъэкIэ а къэралитIым язым Iэмэпсымэ яхуэхъури, Iуэхугъуэ шынагъуэр ялэжьащ. Шэч лъэпкъ хэлъкъым къызэрагъэпцIар къагурыIуауэ, икIи щIегъуэжауэ ахэр я псэм зэреIэм, ящIэнур ямыщIэу, я щхьэр я лажьэу къызэрынам. Сэ си адэ-анэр зыукIахэм сылъыхъуэкъым, лъыщIэжи къэскIухькъым, лъы щIэсщIэжыни щыIэкъым, сыту жыпIэмэ, ар къэрал Iуэхущ. Ауэ Iей дыдэу си жагъуэ мэхъур уи адэр абыхэм зэрахэтар... Абы дзыхь къысхуимыщIмэ, ди Iуэхур къызэIищIэнкIэ шынагъуэщ... Абы щхьэкIэ умыгужьей, Нэт, – и гур къызэригъэгъуэтыжащ Тенджыз, – уэрэ сэрэ дызэрыгъуэтыжащи, аращ нэхъыщхьэр. Иджы адрей псоми зыгуэр етщIэнщ.

– Сэ бжэсIэнур сухакъым, Тенджыз, – и щхьэр къиIэтащ Нэт, – фэ абыхэм шу гуп къыфкIэлърагъэжьащ, гъуэгу фыздытетым фрагъэукIын я мураду. Темэз зэрыжиIамкIэ, ахэр шуих мэхъу, пщIэ иратри къывавутIыпщащ. Фи япэкIэ къыфпакIухьу къыфIущIэну я мурадщ.

Тенджыз мащIэу къэдыхьэшхащ:

– Зи умышынэ, сэ абыхэм уаIэщIэзгъэхьэнкъым, Нэт, умыгузавэ уэ, зыгуэрурэ дапэлъэщынщ...

– Уигъусэу сынэкIуэн мыгъуэт, Тенджыз, ауэ апхуэдэу пщIэну Iэмал иIэкъым, – аргуэру Нэт и нэпсхэр къыщIэжащ, – уэ адыгэ лъэпкъым и гъащIэр зэлъыта Iуэху уи пщэ илъщ, арыншэуи пщыхэм ерагъкIэ уагурыIуащ, уигъусэу сынэкIуа нэужь абыхэм уаIущIэ хъужынукъым... Уэ уи щхьэ Iуэху зепхуэу ахэр къэбгъэпцIауэ жаIэу дзыхь къыпхуащIыжынукъым... Адрейхэми къагурыIуэнукъым, – Нэт и нэпсхэр къыщIэжу Тенджыз къеплъыт, – тIэкIунитIэ Iуэхур къызэIыхьэу зэрыхуежьэу, укъыщIагъэкIуар уимыIуэхуауэ, нэгъуэщI Iуэху зепхуауэ жаIэжынущ... Пщыхэр пащтыхьым IущIа нэужь дызэрыгъуэтыжмэ нэхъыфIщ, Зедрэ Линэрэ зэрыжаIам хуэдэу. – Тенджыз хъыджэбзым гу зылъитэхэр, зэгупсысхэр игъэщIагъуэу еплъыт. Абы игу къэкIыжащ Зед къыжриIахэри. Арат абыи «пащтыхьым дыIущIа нэужь фызэгъусэу фыкIуэжынщ», – щIыжиIар.

– Сэ згъэзэжын хуейщ, – къэгузэващ Нэт, – пэшым сыщIаубыдати, щхьэгъубжэм сыкъыдэлъри сыкъыпкIэлъежьат, уи Iэр субыдыжын щхьэкIэ. Шэщым деж си щыгъынхэр зэсхъуэкIа нэужь, сыкъежьэн си мураду, зи гугъу сщIа лIыхэр къыкъуэкIащ, Тати ящIыгъуу. Асыхьэтым зызгъэпщкIуащ. Ахэр унэмкIэ щыкIуэм, сыкъыщIэжри, сыкъыпкIэлъежьащ. Ди адэм пэшым сыщIэмысу къищIэмэ, дунейр зэригъэдзэкIыну хуежьэнущ. Гъуэгу махуэ, Тенджыз! – Нэт и

гуфIакIэм дыщэ медальон дахэ цIыкIу дыщэ лэрыпс ищIауэ къыдихри Тенджыз пщIэхилъхьащ, – мыр зехьэ, мыбы си щхьэц налъэ дэлъщ, сыт щыгъуи срыуигъусэну сыхуейщ... Гузэвэгъуэ ущихуэм деж мыбы укърехъумэ, къару къурырет уи жагъуэгъухэм уатекIуэн папщIэ.

– Далил-щэ? Дэнэ щыIэ Далил? – къэгузэващ Тенджыз.

– Ар Татэ зыщIыпIэ игъэкIуа си гугъэщ, уэ пкIэричын, мохэр къыщыптеуэкIэ жыжьэ щыIэн папщIэ...

– Далил схужеIэж, адыгэ лъэпкъым дызэмыбийуэ, атIэ дызэкъуэшхэу дариIэн зэрыхуейр. Сэ сыт щыгъуи абы срикъуэшу сыкъэнэнущ. ДыкъэзыгъэщIам дыщихъумэ ди адэ-анэхэм къащыщIа насыпыншагъэм.

Нэтрэ абырэ зызэрашэкIащ. Тенджыз куэдрэ иIыгъащ Нэт, иутIыпщыжын и гум имыдэу...

– Зедхэ фынэкIуэну? – къеупщIащ ар.

– Псори Зедрэ Линэрэ зэрыжаIам хуэдэу тщIынущ! Апхуэдэу нэхъыфIщ. Абыхэм я деж сыщыножьэнущ. – Нэт дыхьэшхащ, ауэ и нэпсхэр къыщIэжт. – Фысакъ, Тенджыз, зауэ фыхэмыхьэу фаIэщIэкIмэ нэхъыфIщ!

Нэт и пыIэр зыщхьэритIэгъэжщ, бащлъыкъымкIэ и напэр Iуипхэжри, фитоным къилъыжыну зыкъишэщIа щхьэкIэ Тенджыз иубыдыжащ. ИтIанэ жиIащ:

– Нэт, тхьэм щхьэкIэ умыгъэзэж, си гъусэу накIуэ!

– Апхуэдэу щхьэ жыпIэрэ, Тенджыз, зэи дызэрымылъагъужын хуэдэ! – къэгузэващ Нэт. – Зедхэ я деж къакIуэ, итIанэ зыми дызэкIэричын хузэфIэкIыжынукъым, си дуней нэху! – Нэт и нэпсхэр къыщIэжу абы зыпщIэхидзэжри быдэу зришэкIащ. Ауэ псынщIэу зыкъыкIэричыжри ар фитоным къилъыжащ.

Тенджыз игъэщIагъуэу Нэт псынщIэ дыдэу зипхъуатэри уанэгум къихутащ, шым зрисэщ, игъазэри утIыпщауэ, и къару къызэрихькIэ щIэпхъуэжащ.

– Сыту щIалэ ахъырзэман а цIыкIур, зи щIыхьыр ин! – жиIащ Гаврилэ, и пащIэкIэхэр ирилъэщIэкIыу мащIэу щIэдыхьэшхыкIри, – еплъыт ар зэрыжэм! Шым шэса нэужь емынэ гуэрщ, пэжкъэ!

«Зэры-Нэтыр къицIыхуауэ пIэрэ?» – игу къэкIащ Тенджыз, ауэ Гаврилэ еупщIакъым.

Щыз тхылъым сакъыпэу зэкIуэцIылъхьауэ тхылъымпIэ цIыкIу къыдэкIащ. Абы Нэт и щхьэц налъэ шыхьауэ кIуэцIылът. ТхылъымпIэм итт: «Си гум IэфIу пхуилъым укъихъумэ. Сыножьэнущ!» – жиIэу. Тенджыз щхьэц налъэм ба хуищIри, сакъыурэ, щыз тхылъым дилъхьэжащ.

ДУМЭН Мурадин

# МАЗЭГЪУЭ ЖЭЩ

*Хъыбар*



Мазэгъуэ жэщт. Жыжьэу тафэ лъэныкъуэмкIэ къыщылъ къуажэ кIыхьым и уэрам бгъузэхэм тридзэ мазэ нурым къуажэр апхуэдизкIэ къигъэнэхурти, псори уи Iэгум илъым хуэдэу плъагъурт.

Жэщ даущыншэм зыр адрейм пэджэжу къыхэIукI хьэ банэ макъхэр кIыфIыгъэм хэшыпсыхьыжырти, пкIауэхэм ягъэIу макъамэ дахэр дунейм и тепщэ хъужырт.

– Ди жэщкъым ныжэбэ, – жиIащ мэз лъапэм щызэхэкIэжа чыцэм къыхэплъ шу гупым щыщ гуэрым.

– Пэжщ... – къыпидзыжащ нэгъуэщI зым.

Псалъэмакъыр щагъэтыжауэ, псори плъэрт адрейхэм къахэщу къуажэкум ит къэнжалыщхьэ унэшхуэмкIэ, – Къуршыкъуэхэ я унэмкIэ.

Гупым нэхъ къахэкIуэтауэ, и пIэм имызагъэ и шы къарэр къыжьэдикъуэурэ, жэщ дахэм пхыплъырт Жамбот. Кърихьэжьа Iуэхум мазэгъуэ жэщыр зэран къыхуэхъункIэ зэрыхъунум иригузавэрт ар...

Зэгуэрым Жамбот и адэ къуэш нэхъыжьым IэщIэукIауэ щытыгъат ныбжьэгъугъэм епцIыжа Къуршыкъуэ Джылахъстэн. ЛIыгъэншагъэр зи бий къамэ Iэпщэр насыпыншагъэм и тепщэ хъури, лъэпкъитIыр хуишэгъат хьэдагъэ кIэншэм – лъэныкъуитIми я лIыфI куэд зэдытеуващ щIакIуэкIапэ. Ауэ гъащIэр гужьгъэжьрэ нэпсу зэрызэхэмылъым и щыхьэту, Жамбот фIыуэ илъэгъуащ Къуршыкъуэхэ япхъу Динэ. Я закъуэу зэи зэIумыщIами, дэлэл пэжым яхузэблих гухэлъхэм ныбжьыщIитIым я пкъым зригуэшати, дунейр езыхэм я насыпым къыхуигъэщIауэ къащыхъурт.

Адыгэм зэрыжиIащи, зы жьэм жьэдэкIыр жьищэм жьэдохьэ. НыбжьыщIитIым я щэхур Динэ и дэлъхуиблым я деж IуэрыIуэтэжу нэсри, ахэр къызэщIигъэплъащ, икIи я шыпхъум кIэлъыплъу щIадзащ. Куэд дэмыкIыу, я адэри акъылэгъу къадэхъури, унафэ ящIащ Жантемырей къуажэм щыщ щIалэфI гуэрым Динэ иратыну.

Зэшиблым я гугъэр Жамбот къыщищIэм, мурад ещI Динэ къигъэкIуэсэну. Ныжэбэрей жэщым къыхуихьыну насыпым пэплъэу, и нэр къытримыгъэкIыу ар кIэлъыплъырт къэнжалыщхьэ унэ лъагэм. Пщащэр ныщхьэбэ ирихьэжьэну щIытриухуам нэгъуэщI щхьэусыгъуи иIэт: Динэ и адэри и дэлъхухэри зэгъусэу дыгъуэпшыхь пщIантIэм дэшэсыкIати, ахэр къэмысыж щIыкIэ Iуэхур зэфIэгъэкIын хуейт.

Нэхущым нэсауэ, Жамботи яхэту щIалищым зрачащ пщащэм и унэмкIэ. Зы сыхьэти дэкIагъэнтэкъым, мазэм и нурым жэщым къыхипхъуэта ныбжьищым ныбжь еплIанэр къащыбгъэдэхутам. Ар Динэт.

Пщащэр Жамбот и шыплIэм дагъэтIысхьэри, шухэр зэкIэлъхьэужьу Чэтмэс мэзыжьым хыхьэжащ.

Гупыр мэзым хэту нэху щыху кIуащ, иужькIэ, махуэщIэ къалъхуам и тепщэ хъужыну жэщым пэплъэу, пэу гуэрым деж щитIысыкIащ, шыхэр ялъахъэри. Дэтхэнэ зыми ищIэрт Къуршыкъуэхэ япхъу бзэхам и ужьым пхъэрыр икIэщIыпIэкIэ къызэриувэнури, я шыпхъур къагъуэтыжыху зэкъуэшиблым я щхьэр пIэщхьагъ зэрыхуамыхьынури.

Жамбот и ныбжьэгъухэр тегушхуэртэкъым мафIэ ящIыну, гу къытлъатэм жыхуаIэу. Къырахьэжьа гъуэгу гъуэмылэ гъущэхэмкIэ зэIурыухэри, удзыпцIэ щабэм лъэныкъуэ зырызкIэ щадза щIакIуэхэм зытрагъэукIуриежащ, загъэпсэхуну.

Мэзыкум деж щызэфIагъэува пщыIэм щIэубгъуа щIакIуэм тесу, пщащэр и нэ дахитIымкIэ едэхащIэрт бжэIупэм Iут пхъэхуей дахэм. Жамбот и хъуржыныр къищтэри хуэмурэ иунэтIащ пщащэр здэщыIэмкIэ. Гупсысэхэм зэщIаубыда пщащэм къыбгъэдыхьар щилъагъум, псынщIэу зыкъиIэтыну хуежьат, ауэ щIалэм къыщыхуимыдэм, зригъэлъэхъшэхыжащ.

– Щыс, щыс, – жиIэурэ щIалэм и хъуржыныщхьэр итIатэри абы илъ шхыныр кърихащ.

– Едзакъэ, гъуэгуанэ кIыхь къытпэщылъщ... – жиIащ гуапэу Жамбот.

Динэ и щхьэр ехьэхауэ щыст. Къырахьэжьа Iуэхур къайхъулIэмэ, и пIэщхьагъыр зыдигуэшыну щIалэм и гъунэгъуагъым Iэнкун ищIа пщащэм и нэкIущхьитIыр къызэщIэплъат, сэхупсэплъкIэ ираIа фIэкIа умыщIэну.



– Динэ, щхьэ унэщхъей? – щIэупщIащ абы и щытыкIэм гу лъызыта щIалэр.

– Сешащ, – щэхуу жиIащ пщащэм.

Лъагъуныгъэ зыхуищIа хъыджэбзым бгъэдэст Жамбот, и гур мафIэу къызэщIэнауэ. Сыт хуэдиз гуапагъэрэ хуабагъэрэ хилъагъуэрэт абы Динэ жиIа псалъэ закъуэм! МафIэ зэщIэгъэстам зыхуиший щIыкIэу, щIалэр Iэбэри темыгушхуащэурэ пщащэм и нэкIум Iэ дилъащ.

– Динэ... – гу къабзэ плъэкIэм къигъэщIа мы псалъэ закъуэм къыкIэлъыкIуа адрей псалъэхэм макъыншэу зрашэкIащ хъыджэбз Iэпкълъэпкъым.

Динэ и щхьэр хуэм дыдэурэ къиIэтри гуапэу иплъащ щIалэм и нэгу. ЗытэлайкIэ щыму щысащ ахэр, ауэ я плъэкIэм къиIуатэрт я гурыщIэм и кууагъри, зэжраIэну зыхуейри, зэжрамыIэфу къанэхэри...

– ТIэкIу едзакъи, зыгъэпсэху. Зы щхьэкIи умыгузавэ... – пщащэм и псэм телъ гузэвэгъуэр щхьэщихын мурадкIэ а псалъэхэр жиIэри, гуапэу къеплъэкIыурэ, гупым дежкIэ иунэтIыжащ Жамбот.

ЩIакIуэ кIапэм иригъэба удзыпэ кIыхьым тес тхьэгъэлэдж цIыкIур къыщилъагъум, и гупсысэ хьэлъэхэр IэщIэхужа щIыкIэу, Динэ мащIэу къыпыгуфIыкIащ. Тхьэгъэлэджыр удзыпэ щхъуантIэм дэпщейрт, лъэтэжын мурад иIэти, и дамитIымкIэ хьэуам хэуэу. Ауэ, шынагъэ лъэпкъ зэрыщымыIэр къыщищIэм, и дамэхэр зэщIикъуэжри пщащэм и Iэпэ псыгъуэ къыпэщIигъэувам къытетIысхьащ. Хъыджэбзыр кIуэ пэтми джэгуным дихьэхырт.

*Тхьэгъэлэдж дахэ,*
*Бэвыгъэр зи жьэгу,*

*Гу пцIанэ махэ,*
*Дызэдэгъэджэгу.*

Динэ и Iэпэ псыгъуэхэр зэблихрэ мащIэу игъэкIэрахъуэурэ и нэкIум хуихьырт, къыIуихыжырт. Тхьэгъэлэдж цIыкIум е зигъэгусат, е иужэгъуат хъыджэбзыр къызэрыдэджэгур, сытми Iэпэ зэхуакухэмкIэ дэпщри лъэтэжащ.

«Къэгъэзэж» жыхуиIэ щIыкIэу, пщащэ дахэр псэущхьэ цIыкIум кIэлъыплъырт. Зэштегъэу къыхуэхъуа тхьэгъэлэджыр зэрылъэтэжар и жагъуэ хъуауэ, пщащэр етIысэхыжри щIакIуэ кIапэм телъ шхынымкIэ еплъэкIащ. Хьэлу Iыхьэ къищтэри хуэмей-хуэмейуэрэ зэпищIыкIащ, асыхьэтуи къыIууащ абы къыкIэрих жьэгумэр. А мэ IэфIым Динэ игу къигъэкIыжащ и сабиигъуэр, жьэгу мафIэм къыбгъэдэкIыжа анэм шхынымэкIэ гъэнщIа и кIэпхыным зыкIэрикъузэу щыщыта зэманыр.

– Си анэ... – хьэлу Iыхьэр зэпиплъыхьурэ, ерагъкIэ къыдришеящ пщащэм, икIи ар, анэм и IэдакъэщIэкI хуэдэ, гуапэу и бгъэм кIэрикъузащ.

ПщыхьэщхьэхуегъэзэкIт. Ищхъэрэжь къепщэм щысхьыншэу зэрихьэрт мэзым щIэт жыгхэм я щхьэкIэр. МыпIащIэурэ гупыр яшхэм шэсыжри, зыр адрейм и ужь иту я гъуэгу теувэжащ. Жэщ ныкъуэм ирихьэлIэу мэзыр къызэранэкIри, щIыпIэр нэхъ тафэ щыхъум деж щежэх псы цIыкIум хэту зыкъомрэ кIуащ, шы лъакъуапIэхэр ягъэпщкIун щхьэкIэ. ИужькIэ, ныджэм щыкIа хъун бэвым лъэхъулъэущурэ хыхьэжри ЧэтмэскIэ яунэтIащ.

Жамботрэ абы и ныбжьэгъу Залымрэ нэхъ иужь къинат. Залым щIэх-щIэхыурэ къызэплъэкIырт. Жыжьэу уафэмрэ щIылъэмрэ щызэхыхьэжым деж къыщылъагъуэ къуршыщхьэхэм къапих щIыIагъэм щихъумэу, абы и нэкIум кърищэкIащ бащлъыкъыр.

– Залым, зыгуэр бжесIэнут, – жэщ кIыфIым къыхэIукIащ Жамбот и макъыр.

– СынодаIуэ.

– Залым, пхъэрыр зыгуэркIэ ди лъэужь къытехьэ хъумэ, пщащэр уи анэмэтщ. Чэтмэсыщхьэ деж Дохъушыкъуэ и пщыIэм епхьэлIэнщи, абы фыкъыщыспэплъэнщ.

– Умыгузавэ, къуэш, хэт уи гугъэрэ мыпхуэдэ жэщ кIыфIым ди лъэужь къэзыхуфынур? – фIэмыIуэху-фIэмыIуэхуу къыпидзыжащ Залым.

– Уэ пцIыхуркъым иджыри Къуршыкъуэ зэкъуэшхэр, ахэр зекIуэлIхэщ.

– Дэри IулIэIуданэкIэ дадакъым.

– Дауэ мыхъуми, си лъэIур уигу игъэлъ.

– Хъунщ, Жамбот.

Яшхэм елъэдэкъауэри, зэныбжьэгъуитIыр япэ итхэм яхыхьэжащ.

Къуажэ щIалэгъуалэм Залым нэхърэ нэхъ лъэрызехьи, нэхъ мышыни яхэттэкъым. Уанэгум имыкIыу зэман куэд игъэкIуэфынут, щIакIуэкIапэ удытеувэми, къимыкIуэтынт. Абы пасэу зекIуэ кIуэуэ щIидзат. Хьэблэм дэкIуэдыкIырти, тхьэмахуэ зытIущкIэ къэтт, Iуэху мыхъумыщIэ гуэрхэр зэрихуэу языныкъуэхэм щыхуагъэфащэ щыIэт, зыри щыхьэт темыхъуами. Жамботрэ Залымрэ зэи пэщIэщIэгъу зэхуэхъуатэкъым, зекIуэлIхэр зэзыпх гуэри зэдалэжьатэкъым. Ауэ Жамбот и мурадыр ныбжьэгъухэм щахуиIуатэм, языныкъуэхэм трагъэчыны-

хьат Залым гъусэ ищIмэ нэхъыфу. Мыпхуэдэ Iуэхухэм деж щIалэ хахуэ бдэщIыгъуныр зэрыщхьэпэр къыгурыIуэрти, арат Жамботи акъылэгъу щIэхъуар.

Нэхулъэ къыщищIым, гупыр ешаелIауэ къуажэ гуэрым нэсащ. Ауэ, абы дэмыхьэмэ нэхъ къащтэу, шы IумпIэхэр ираIуэнтIэкIри, къуажэр сэмэгурабгъумкIэ къыщынэу, блэкIащ.

Зытехьа гъуэгум дыгъуэпшыхь мы жылэм къишауэ, пхъэру къежьа зэкъуэшиблыр къуажэбгъу дыдэм деж щыт унэ пхашэ цIыкIум щIэст, нэху щыным пэплъэу. Нэхущым ирихьэлIэу, Жамбот и гупыр къуажэм пэIэщIэ хъуауэ, пхъэрым бысымыр ибгынэри абыхэм здагъэзамкIэ иунэтIащ. Куэд дэмыкIыу гу лъатащ нэхутхьэхум щIылъэм къыхигъэща шы лъэужьхэм. Яшхэм елъэдэкъауэри, я дохъутейхэр тралъэфурэ, ипэкIэ зрачащ.

Къэхъунум щымэхъашэ хуэдэ, къэунэху махуэщIэм хуэм дыдэурэ кIыфIыгъэр къызэпхитхъырт.

Жамбот и гупыр дапхуэдизу псынщIэу мыжэми, пхъэрыр хэпщIыкIыу гъунэгъу къахуэхъурт. Жэщым фIыуэ зызыгъэпсэхуа шыхэм къехьэлъэкIыртэкъым гъуэгуанэр. Къэпхъэрахэм шхуэIухэр яутIыпщарэ адыгэ фоч кIыхьым и лъащIэр IэгулъэкIэ щIакъузыкIыу, Iэщэр ягъэпсырт, ауэ игъуэ зэрымыхъуам гу лъатэжауэ фоч тIыгумкIэ яшхэм жьэхэуэрт. Жамбот сымэ, къахуэнэжрати, тхьэм и гущIэгъум щыгугъыу, я пкъыр уанэгум тракъузэрт.

Пхъэрыр кIуэ пэтми гъунэгъу къэхъурт. Яшхэм ялъэкIынумкIэ зэпеуэ хуэдэ, Жамбот и гупыр шыщхьэрыутIыпщу губгъуэ хуитым кIуэцIрыжырт. Шыбгъэ лъэщхэм зэгуапхъ пщэдджыжь акъужьым и щIыIагъыр зыхамыщIэжу, щIалэ къэплъахэр зэралъэкIкIэ яшхэм елъэдэкъауэрт.

Жэрыжэм здытетым, языныкъуэхэм я фочхэр дохъутейхэм кърапхъуэтырт, мыдрейхэри, сэшхуэ Iэпщэм епхъуэн хьэзыру, гъунэгъу къахуэхъу пхъэрым кIэщI-кIэщIу къахуеплъэкIырт.

Жамбот Залым къыбгъэдэхутащ.

– Динэ уи анэмэтщ, Залым. Дохъушыкъуэ и пщыIэм фыкъыщытпэплъэнщ, – жиIэурэ Жамбот шы IумпIэр къриIуэнтIэкIыжри, и шым къыжьэдикъуащ. Адрейхэри IумпIэхэм епхъуащ, яшхэр зэтраубыдэу. КъалъэщIыхьэ бийм шыщхьэхэр хуэгъэза зэрыхъуу, псынщIэу елъэдэкъауэри зэрыгъэкIий макъым хуэкIуэу ежьахэщ.

Гупым яхэжауэ шууитI ипэкIэ кIуэрт, къызэтемыувыIэу.

Пщащэр зытес шым и IумпIэр Iэ лъэныкъуэкIэ иIыгъыу, Залым и къару къызэрихькIэ и шым елъэдэкъауэрт, адэ жыжьэу Чэтмэс лъэныкъуэмкIэ нэм IупщIу къищтэ мэз кIапэм хуиунэтIауэ. Динэ, жыбгъэм зыщигъэпщкIуу, и щхьэр ирихьэхарэ уанэ къуапэр быдэу IитIкIэ иIыгъыу, Жамботрэ абы и гъусэ щIалэхэмрэ яхуеплъэкIырт. Абы и нэгу къыхущIэгъэхьэртэкъым зы анэ куэщI зэдрапIыкIа и дэлъхухэмрэ езым фIыуэ илъагъу щIалэмрэ я зэхуаку лъыгъажэ къыдэхъуэну. И дэлъхухэм я пагагъымрэ я гуащIагъымрэ щыгъуазэ пщащэр тхьэм елъэIурт гупитIыр мамыру зэгурыIуэну, и пIэщхьагъ кIапи лъыпскIэ кърамыIэну.

Абы хэту фоч уэ макъ къэIуащ. Динэ ар и тхьэкIумэм къиIуа щхьэкIэ,

мыхьэнэшхуэ иритакъым, япэщIыкIэ фоч уэ макъыуи къыфIэщIакъым. ПсынщIэу зэхуэкIуэ гупитIым я зым Iугъуэ мащIэ щхьэщытт. Пщащэм и гур абы къыдыхэскIыкIащ. Асыхьэтуи, нартыху пIэнкIым хуэбгъэдэну, фоч уэ макъхэр зэщIэжьуащ, икIи зэпэгъунэгъу дыдэ хъуа гупитIым Iугъуэ гуэрэныр къащхьэщыуващ.

Динэ зэщыджэу гъыуэ хуежьащ. Зыщыгугъа и тхьэлъэIур тхьэм деж нэсатэкъым. Пщащэм и нэр къатрихыфыртэкъым гупитI зэхэлъэдам. А дакъикъэм, псори хъарпшэр ищIу, абы и нэ дахитIым нэпс гуащIэ къыщIэлъэдащ...

УдзыпцIэ Iувым хэубгъуауэ хэлъ Жамбот зыкъищIэжри къыдэплъеящ.

– Сыпсэу хуэдэщ, – хэщэтыкIащ щIалэр, уафэ джабэм хэкIутауэ хэс вагъуэхэм еплъурэ. – Е сыпсэууэ къысфIэщIу ара?..

И щхьэр ерагъыу къиIэтри, и Iэпкълъэпкъыр къиIэбэрэбыхьащ. И щхьэр кIэрахъуэ пэтми, къарууэ иIэр зэхилъхьэри къызэфIэуващ. АрщхьэкIэ хэщэIукIри лъэгуажьэмыщхьэу етIысэхыжащ. Жамбот къыгурыIуащ зэрыуIэгъэр. ЩIалэм и Iэр и ныбэ лъабжьэм хуихьащ. Абы и бынжэ щIагъым щыщIэдзауэ и дзажэм хуэкIуэу хэупщIат. Жамбот и Iэгу лъы защIэр удзыпцIэ IэмыщIэкIэ илъэщIыжри, бащлъыкъыр зэупцIэкIауэ щыта и плIэр къиIэбэрэбыхьащ, уIэгъэр зэрипхэн къилъыхъуэу... ЗэщIэдэIукIыурэ, щIалэм ихъуреягъкIэ зыкъиплъыхьащ. Асыхьэтуи псори и нэгу къыщIэувэжащ...

ГупитIыр зэхэлъэдэжауэ зэзауэрт. Жамбот къыхуэкIуэ шур и кIэрахъуэмкIэ псынщIэу хигъэщIащ, къеуэну хунэмыс щIыкIэ.

– Жамбот, уи псэрщ дызыхуейр! – дэнэкIи къыщыIурт пхъэрхэм я макъыр.

– Си псэм къеджэм и псэм седжэну сыхьэзырщ, – жиIэри щIалэр и сэшхуэм епхъуащ.

КIуэ пэтми гупитIми хэщIыныгъэ ягъуэтырт. Хэти, сэшхуэдзэр зэрылъэIэсар къапщIэу, хэкIиикIырти, уанэгум къиукIуриикIырт, хэти кIэрахъуэшэм уанэгум къридзырт, хэти къарур зыбгынэ и IэхэмкIэ шы сокум зыкIэрищIэурэ щIылъэм къытеукIуриежырт.

Жамбот гу лъитащ къебгъэрыкIуэ зэшитIым фIэкIа гупитIым щыщу зыри къызэрымынэжам. СэшхуитIым запыIуидзу зауэрт ар. Абы къыгурыIуэрт а тIур химыгъащIэмэ, езыр и гъащIэм пыкIынкIэ зэрыхъунур. Абы хэту, Къуршыкъуэ зэкъуэшхэм я зым зыкъишэщIри сэшхуэкIэ Жамбот къеуащ. ЩIалэм и шыр лъэныкъуэкIэ иригъэлъат, ауэ сэшхуэдзэр къылъэIэсакIэт. Жамбот занщIэу и ныбэм епхъуэжащ.

– Уэ ди тхьэ, мыр сыт? – абы и Iэр жьэхэуащ дыгъуэпшыхь Залым кърита кIэрахъуэм. Абы сэшхуэдзэр къимыгъэувыIатэмэ, а удыным ар къелынуи къыщIэкIынтэкъым.

Жамбот, узри зыхимыщIэжу, и сэшхуэр игъабзэрт. Куэд дэмыкIыу абы хигъэщIащ Къуршыкъуэ зэшитIыр. И сэшхуэр ирихьэхыжу зытэлайкIэ щыта нэужь, хуэм дыдэурэ и шым къепсыхри, ихъуреягъкIэ зыкъиплъыхьащ. Губгъуэ нэщIым хьэдэхэр щикъухьат.

Жамбот и щхьэр кIэрахъуэри, зыхуэмыIыгъыжу нэкIукIэ удзым хэхуащ... ЗытэлайкIэ апхуэдэу щылъауэ, зыкъищIэжри зиплъыхьу щIидзащ, къилъыхъуэр езы дыдэми имыщIэжу. И щхьэр кърыгъэзэкIри

къилъэгъуащ къыщхьэщыт и НатIэхур. Iэ сэмэгумкIэ шым и пщэм зришэкIщ, хуэмурэ къызэфIэувэри ерагъмыгъуейкIэ шэсыжащ...

Нэхущвагъуэр белджылыуэ уэгум иплъагъуэрт, Жамбот и лъэр Дохъушыкъуэ и пщыIэм къыщихусам. Ар куэдрэ щыхьэщIат мыбы. Игу къигъэкIыжыни и куэдт... ИхъуреягъкIэ щымт. Япэхэм щыгъуэ къыпежьэу щыта париижьхэм я макъ зэрызэхимыхым Iэнкун ищIауэ, бжэIупэм щыхэтIа шы фIэдзапIэм и шыр бгъэдихуэри къепсыхащ.

– Дохъушыкъуэ! – джащ щIалэр, ауэ зыми жэуап кърITыжакъым.

ЩIалэм и гур къигузэвыкIащ, икIи псынщIэ дыдэу бжэм къыбгъэдэхуташ.

– ЩIэсIа мыбы?

Абы хэту, щэIу макъ къэIуащ.

Жамбот щIыхьэпIэм къепхъуха упщIэ кIыхьыр лъэныкъуэкIэ иридзэкIри пщыIэм щIэбэкъуащ. Абы ерагъыу кIыфIым къыхелъагъукI щIакIуэм зыкIуэцIиудыгъуарэ пщыIэ блыным егъэщIауэ щыс Динэ. Ар гужьеяуэ къэплъащ Жамбот дежкIэ.

– Динэ, умышынэ, сэращ ар, – жиIэурэ Жамбот пщащэм бгъэдэкIуэтащ.

Хъыджэбзыр къыхэкIиикIри блыным зыкIэрикъузащ.

– Ар сэращ, Жамботщ. Умышынэ. Дэнэ щыIэ Залым? – щIэупщIащ щIалэр. – Мы пщыIэм тесахэри дэнэ кIуа?

Жэуап къыщримытыжым, ар хъыджэбзым нэхъри бгъэдэкIуэташ.

– Динэ...

– Укъызбгъэдэмыхьэ! Укъызбгъэдэмыхьэ, Жамбот! – пщащэр къыщылъэташ. – Укъызбгъэдэмыхьэ жысIакъэ! Сэ... сэ... сэ... – и Iэпкълъэпкъыр зэридзэу гъын щIэзыдза хъыджэбзым теубгъуа щIакIуэр ехуэхри жыхафэгум техуащ... Пщащэ Iэпкълъэпкъым нэкIэирижащ Жамбот.



– Хэт? – IэлфIыцIэу къызэкIуэкIащ ар.

– Залым...

Динэ и щхьэц Iув бапхъэмрэ и щыгъын зэфIэтхъахэм къищ ипкъ пцIанэмрэ гу лъимытэжу, блыным зыкIэрикъузауэ магъ, и щIыбагъыр щIалэм къыхуэгъэзауэ.

Жамбот заулкIэ щытащ ищIэнур къыхуэмыщIэу. ИужькIэ, пщыIэм щIэт псори зэтрикъутэу къыщIэжщ, шым зридзри вагъуэижым хуэдэу зричащ...

ЩIы зытеувэм имыIыгъынкIэ шынэ хуэдэ, и лъакъуэхэр хуэму зэблихыурэ Динэ пщыIэм къыщIэкIри бжьэпэмкIэ иунэтIащ. Пщэдджыжьыпэ акъужьым хъыджэбз Iэпкълъэпкъ лантIэм зришэкIри, ар зэрыщыту зэщIигъэдиящ.

Зи насып псыпэр ягъэутхъуа хъыджэбзым Къалэжь бгыжьым и щыхупIэ задэр къыпэплъэрт...



*УсэщIэхэр*

## УЭРЭЗЕЙ Афлик



### ЩIЭИН

Сызоплъэкlыжыр – семыIэбэкIыж.
Къысхуолъагъужыр – къысхуэмыубыдыж.
Илъэс блэлъэтхэм я толъкъуным
Зыдрихьэхри, щIилъэфащ зэманым.

ГъащIэ сIэщIэкIым и щIэину
Си гукъэкIыжхэрщ къысхуигъанэр,
Къызимытами гъащIэм ямылей,
Си гукъэкIыжхэмкIэ сищIащ къулей,

СыпсэухукIи уэмрэ щIымрэ я зэхуакум
Аращ къыдэсхыфар былыми мылъкуи,
Мураду сиIэгъахэм я инагъыр
Къыдэнэжащ гугъапIэм и щIыбагъым.

КъызамыгъащIэу схуэмыгъуэтыр,
КъэгъуэтыпIи срамыгъахуэу,
Гъуэбжэгъуэщу махуэхэр блолъэтыр,
Схуэмыпшыныж щIыхуэхэр къыстехуэу.

УщIегъуэжкIи, иIэкъым къэгъазэ –
КъытебгъэкIыфынукъым и хабзэм:
ГукъэкIыжхэм къищынэмыщIа,
Уахътыншэ хъужыфын къимыгъэщIа!

УзытеукIытыхьыж гукъэкIыжыр
Къыпхуонэжыр уIэгъэ мыкIыжу,

Уемыгупсысыжмэ дыгъуасэм,
Укъидэжынукъым пщэдейми гъусэу.

УлъэмыIэсыжми, уIэбакIэ,
Дыхьэжкъым гукъэкIыжыр хьэрэкъуакIэ.
Зэм къыдэгуауэу, зэми къытхуэгуапэу,
Ди псэукIар къытхуепщытэж есэпу.

Сыт хуэдиз гукъэкIыжхэм я бжыгъэр,
Сыт хуэдиз абыхэм я инагъыр?
Ухуеймэ, сыт хуэдизри щIэупщIэ,
Жэуап езытыфынур уэ къэбгъащIэрщ.

ЛЪАГАПIЭ

Сыдэплъеймэ, пыIэр къысщхьэрохур,
Сыкъеплъыхмэ, лъащIэм нэскъым нэхур.
Сыдэт защIэу я зэхуакум лъащIэм, щыгум
КъыщыскIухьу къысщохъужыр щIыгум.

МэкIэрахъуэри щIылъэм и гъусэу,
Зигъэпсэхунуи хущIэмыхьэ си псэм.
Къыщыпэплъэ и гугъэжу зыгуэр щыгум,
«Дэплъей, дэкIуей», – сыхегъэзыхьыр си гум.

«Къырыщхьэ гъуэгур схуэбгъэнэхуфыну,
Дэнэ нэскIи сыдэкIуеифыну?» –
СеупщIмэ, жэуапыншэу сыкъегъанэ,
Зрелъэфыхь, зрегъанэ лъэданэ.

«Щыгум сыт щыпщIэнур, къеплъыхыж, –
Гум ест упщIэм къыподжэжыр си псэр, –
НэхъыфIщ, умыхъуу хэплъэ-хэкIыж,
Хуиту укIэрахъуэм щIым и гъусэу».

Зегъэгусэ, ар имыдэу, си гум:
«Урикъуакъэ, утетынкIэ лъэсу щIылъэм,
Ухуэпабгъэу къуршыбгъэхэм я гъуэгум,
Щыгум хуеIэу, зэщIэгъаплъэ уи лъыр».

Сыпсэуным папщIэ гъащIэр щызу,
СызэдэIуэнур къысхуэмыщIэу, щхьэр мэуназэ:
«Имыдэу исыжыну тыншу и пIэм,
Сыту пIэрэ щIыщIэхъуэпсыр гур лъагапIэм?

Сыт, хуэмейуэ дэкIуеину уафэм,
Зрызигъэплъу зэми щхьэхынафэ,

Нэхъыфlыж зыгуэрхэм сапигъаплъэу,
Псэм щlимыдэр къигъэнэну щlылъэр?»

«Дыкъыхэкlащи щlым, дыхыхьэжынщ абы», –
И жэуапыр хьэзырыххэщ псэм, –
Мы дунейм щыхъункъым зыри ибэ,
Щалъхуа щlылъэм пыщlамэ и къуэпсыр».

Уи лъахэм щежэх псырщ узыгъэкъабзэр,
Утригъэту напэ хужьу мы дунейм,
Уигъэбауэу хуиту, уи гум щызу,
Уигъэджэрэзу щlыгъуу щlы хъурейм.

Зи адэжь жьэгум пэрыкlам,
Уэгуми и кlэн къыщимыкlа –
Дыщыпсэуну къыдитащи Щlыр,
Зэрытлъэкlкlэ хуейщ дгъэщlэрэщlэн.

Нэхъри дахэж ищlыну и псэр,
Цlыхур куэдрэ lэджэми щlохъуэпсыр,
Зримыпэсыжмэ и жьэгур,
Гуныкъуэгъуэхэм щымыщlэ и гур.

И лъахэ закъуэм и уафэ лъащlэр
И тепlэну щlым зыщригъэщlым,
Пщlыхьэпlэ lэфlкlэ къыхуокlуэри жей,
Псэри гъащlэм имыгъэгужьей.

Лъэбакъуэ къэскlэ сыщыгуфlыкlыжу,
Зэзэмызи сыдэплъейуэ щыгум,
Зэм дыгъэр къухьэу, зэми къыкъуэкlыжу,
Сыщlокъу лъэ быдэу сытетыну щlыгум.

Щlылъэм и lэфlагъыр къызигъащlэу,
Хьэрэмыгъэншэу псэр щыпыгуфlыкlкlэ,
Сытемытами лъагапlэм игъащlэм,
Щыгум нэсахэм сахуоупсэр фlыкlэ.

Ухуеймэ, минрэ сыти жыlэ,
Абы нэхъ лъапlэ сщlэркъым щыlэу:
Цlыхум уахуэупсэфу фlыкlэ
Дунейм утетыну пхуэзэфlэкlым.

Узыгъэупсэфыр уи лъахэм и щlыгурщ –
Щlым утемыту уплъэфынкъым щыгум.
Зэнзэныпсу къожэх лъахэм и псыр,
Лъимыгъэlэсыну фlейхэр уи псэм.

Гумрэ псэмрэ зэгурызгъэIуэн сыхэту,
Щыгум сыдоплъейри, щIым сытету:
ТIури псэуфынщ зэмыныкъуэкъуу –
Языхэзыр сфIэмыжакъуэ закъуэм.

ИЛЪЭСЫЖЬЫМ СЭЛАМ ИЗОХЫЖ

Илъэсыщ1эм сыIущIэным ипэ,
Илъэсыжьым узохыжыр сэлам гуапэ.
ДызэщIыгъуащи зэхуэпэжу илъэс псом,
Узогъэжьэжыр, укъыщIитхъыу псэм.

Солъагъур тIэкIуи уззрынэщхъейр:
ТхуэщIакъыми зэтес мы дунейр,
Дагъэпсэуащи нэхулъэфI дыкъекIыу,
Iэджи, къеуэу дигу, къызыдонэкIыр.

ДынэщхъыфIащ, ныбжьэгъухэм драгъусэу, –
Дыщыджэгуащ ныбжьыщIэ хьэгъуэлIыгъуэм,
Едгъэжьэжу тхэкIыжахэр пасэу,
Нэпси щIэдгъэкIахэщ, дахуэщыгъуэу.

Арыншауи къыщыхъуркъым дунейм,
Зыр къытхохьэ, тхокIыжыр адрейр.
КъытхуигъэуващиI ар ЩIым хабзэу,
Дызэрыпсэуфри ещхьыркъабзэущ…

Iейри фIыри щыдгъэбыдэу ди гум,
КъэткIуфащи, тхуиубзыхуа ди гъуэгур,
Гупмахуэбжьэм щIыгъуу шэсыжыбжьэр
ПхуаIэтынущ нэхъыщIэми нэхъыжьми…

Къытхуэнэжыр задэтщIын къудейщ –
Хэдмылъагъуэу зыри ямылей,
Дыхъуэхъуэнщ ныбжьэгъухэм драгъусэу –
Ныбжьэгъу уи гъусэнри сыт и уасэ!

Илъэсыжьу ныбжьэгъу пэжу си гъуса,
Уи ежьэжыгъуэр уэри, мис, къэсащ,
И Iэпэр дубыдынщи, ИлъэсыщIэм
КъыпедгъэщэнщI и дэкIуеипIэм гъащIэм…

«НЫБЖЬЭГЪУ» ГУЭРЫМ ДЕЖ

КхъыIэ, жумыIэ псэкIэ дызэкъуэшу,
Дызэпэжыжьэщ уэрэ сэрэ икъукIэ –
Зи хущхьэ хъуам и псалъэм зыдэзгъэшу,
Дэздзэжыфынукъым цIыхугъэр хьэрэкъуакIэ.

# Усыгъэ

Сыхущ1егъуэжу уззрысц1ыхуам,
Зэкъым, т1эукъым къызэрысхуихуар.
Зызылъытэжым псом нэхърэ нэхъ губзыгъэу
Сыщыгугъкъым дэслъагъуну л1ыгъэ.

Пхуэзэф1эк1ынущ 1эджэм ялъэмык1ыр,
Уи щхьэ хуэф1ынхэр къыщепхуэк1ым деж,
Псэ къабзэхэм я к1эныр къыщимык1ырщ
Щыбгъуэтыр ехьэжьауэ гукъыдэж.

Гуапагъи щыслъэгъуащ сэ мы дунейм,
Гуауи сыщыщ1акъым нобэ къэс,
Къысщыбгъэхуэну ныбжьэгъухэм я ней,
Умыгъэпуд щытхъупск1э си нэмыс.

Сыхуейкъым фэрыщ1ыгъэу схуа1эт щытхъум –
Щытхъури а къыпщытхъурщ зэлъытар.
Псалъэ дыгъэлхэм акъылыр сф1агъэутхъуэу
Зы махуэ закъуи щ1ым сытемыта.

Сщ1энур сымыщ1эу, шэми шхуми сес,
Узубыну напэм къысхуимыгъэт1эс.
Уи гугъэжми щымы1эу къыппэхъун,
Къысхуэгъуэтыркъым сыщ1ыпщытхъун.

Акъылым къыхуэмыщтэм зыбопщытри,
Уогъэ1ур адрей псори акъыл мащ1эу.
Къыщ1игъэщ1ари дунейр зэрыщыту
Уи закъуэу къыщ1ыпф1эщ1ыр къысхуэмыщ1э.

Уошынэ сомым щ1ыгъуу псэр хахынуи,
Къохьэлъэк1 уи жып зы сом къипхыну,
Псоми уэ зыгуэрхэр къыпхуащ1эныр
Къыболъытэр я адэжь щ1эину...

Жэщ къэсыхун абы уепщ1ыхьми,
Къэблэжьу слъагъуркъым а щ1ыхьыр,
Зи лъым хэпщахэр ижэр, фыгъуэр
Къысхуэлъытэнукъым ныбжьэгъуу.

Зыф1эбжьыф1эжу теу1уэжым и бгъэм
И деж къыщыслъыхъуэнукъым ц1ыхугъэ.
Нобэк1э къызэбгъэжэх щытхъупсыр
Сф1эдзыхьщыгъуэджэу гум и лъащ1эм щызолъэсыр.

Кхъы1э, жумы1э псэк1э дызэкъуэшу,
Дызэпэжыжьэщ уэрэ сэрэ икъук1э,



9 Заказ №246

Зи хущхьэ хъуам и псалъэм зыдэзгъэшу,
Дэздзэжыфынукъым цIыхугъэр хьэрэкъуакIэ.

ГУРЫФIЫГЪУЭ

ЩIалэ цIыкIу сымыцIыху гуэр
Къызбгъэдэлъадэу щыпыгуфIыкIам,
Дэрэжэгъуэм зэщIиIэтэу, гум
IэплIэ хуищIынут дуней псом, лъэкIам.

Си гупсысэхэр жыIэщIэу щызгъэжабзэу,
СыщIэплъэрт щIалэ цIыкIум и нэ къабзэм,
Псэ хьэлэл дахэр къиту си пащхьэм,
Гупсысэ Iейхэр илъыфынкъым си щхьэм.

Пщэдджыжьщи, дыгъэр хуэмурэ къыщIокIыр,
Уафэр егъэтхьэхур нэхущ пшэплъым,
ЩIалэ цIыкIур погуфIыкIри, погуфIыкIыр –
Схуэмахуэну къыщIэкIынущ гъуэгу спэщылъыр.

Зэми къысщохъур тIэкIу зыкъысхуигъафIэу,
ЗэкIэ фIэщIэщыгъуэу мы дунейр…
КъызегъэщIэжри сиIэгъахэр гугъэ IэфIу,
КъегъэщIэрэщIэжыр си пщэдейр.

Iуэху къыспэщылъхэм тIэкIу сахуэщхьэхынэу,
СыкъыщIэкIауэ нышэдибэ унэм,
Гукъыдэжыншэу сыщыдэкIым пщIантIэм,
СщIэртэкъым схуэхъунур нобэ натIэ.

Дыгъуасэ сиIэгъати Iуэху мыщIагъуэ,
Мы пщэдджыжьыр зэрыщыту пшагъуэт.
КIагъэпшагъэу икIынуи къыщIэкIынт,
ЩIалэ цIыкIур пымыгуфIыкIам.

Зы мащIэ дыдэщ узыхуейр насыпу –
Псэ хьэлэлагъкIэ къуигъэлэжьу псапэ,
Сабийр, и нэ къабзитIыр къигуфIыкIыу,
Къыппежьэнырщ пщIантIэм ущыдэкIым.

*2016*



# ЗИ ДЖЭГУКІЭ ЗИІЭЖ



Адыгэ театрым щагъэлъагъуэрт Италием щыщ драматург Альдэ Николаи и пьесэм къытращІыкІа «Гулъытэншэу къэнахэр» спектаклыр. Іуэхур щекІуэкІыр жьы хъуахэр щапІыж унэрт. Абы хэт лІыхъужьым и роль нэхъыщхьэр зыгъэзащІэр Къэжэр Борист. Сценэм щекІуэкІ Іуэхугъуэм театреплъхэр апхуэдизкІэ зыІэпишати, кІуэаракъэ, бадзэ лъэтамэ зэхэпхыну залыр щымт. Псом хуэмыдэу цІыхухэр хьэщыкъ ищІат Къэжэр Борисрэ ЖьакІэмыхъу КІунэрэ я джэгукІэ телъыджэм — а тІум ягъэзащІэ ролхэм — Нинелрэ Нинирэ я гум къыщыуша лъагъуныгъэ кІасэм кърикІуэнур зрагъэщІэну псори хуэпІащІэрт…

Борис къызэрыхъукІар лажьэ-шхэжу къэгъуэгурыкІуэ адыгэ унагъуэ къызэрыгуэкІщ. Абы и адэр мэкъумэшыщІэт: трактористуи бригадируи куэдрэ лэжьат. Ар фІыуэ зыцІыхухэм жаІэрт: «Залым имывауэ шэджэмыщІым зы ІэгупІэ иІэу къыщІэкІынкъым». Сабиихым я нэхъыжьыр Бористи, къалэн нэхъыби къылъысырт унагъуэм щигъэзэщІэн хуейуэ. Къыдалъхуахэм и нэІэ зэратетым къыдэкІуэу, ар сыт щыгъуи хущІэкъурт а цІыкІу-

хэм я дежкIэ щапхъэу зэрыщытыным. Абы и шынэхъыщIэ Николай зыхэс классым зэгуэрым ирагъэтхат сочиненэ «Хэт ещхь ухъуну ухуей?» — жиIэу. ШколакIуэхэм хэти Гагарин, хэти нэгъуэщI лIыхъужь цIэрыIуэхэм хуэдэу щытыну я нэ къызэрикIым я тхыгъэр траухуащ. Борис и къуэш цIыкIум «Си шынэхъыжь Борис ещхь сыхъуну сыщIохъуэпс» жиIэри итхыгъат…

Сыт хуэдиз зэман дэкIа, сыт хуэдизыпс ирихьэха Шэджэмыжь абы лъандэрэ, ауэ Къэжэр Борис и сабиигъуэр щигъэкIуа хьэблэр, псыхъуэр, а зэманым цIыхум яку дэлъа гуапагъэр, IэфIагъэр, адыгагъэр, зэхущытыкIэ дахэр нобэми и нэгум щIэтщ. Я унагъуэшхуэм сабиих ис пэтрэ, абы и анэм къиша гъэшым щыщ химытыкIыу, я гъунэгъу ипщэмрэ ищхъэрэмрэ яIуимыгъахуэу зэи къанэртэкъым. Псом хуэмыдэу Борис и нэгу къыщIоувэж адыгэ театрыр я жылэм щыкIуэу щыта зэманыр. Абы щыгъуэ куэдым къахуихуэртэкъым я нэ къызыхуикI спектаклым еплъыну, клубым щIэхуэртэкъым цIыхур. Ауэ щIалэ цIыкIум и насыпти, артистхэм яхэтт и Iыхьлы гъунэгъу дыдэ — Токъуий Хъусен. Абы ар щIишэрти сценэ къуагъым къуэсу иригъэплъырт спектаклхэм. Дауи, а зэманырауэ къыщIэкIынущ Къэжэрым театрым гу щыхуищIар. А псом щытепсэлъыхьыжкIэ Борис и нэгур гуфIэгъуэмрэ дэрэжэгъуэмрэ зэщIещтэ, и Iупэхэр фIызэтож — а лъэхъэнэм къыщохутэжри…

… Къуажэ еджапIэр къиуха нэужь, Къэжэрыр армэм даш. КъызыхэкIа лъэпкъым, здикIа щIыналъэм я пщIэр иIэту дзэ къулыкъур Германием щрихьэкIащ адыгэ щIалэм. Абы щыIэу частым и библиотекэм щIыхьауэ къыпэщIохуэ Теунэ Хьэчим и «Шэджэмокъуэ лъэпкъыр» романыр, урысыбзэкIэ зэдзэкIауэ.

— Абы щыгъуэ сэ къэзгуфIам щIэи гъуни иIэтэкъым, — игу къегъэкIыж Борис. — Тхылъым апхуэдизкIэ хьэщыкъ сищIати, щIэх сухынкIэ сышынэу, сыщысхьыпэурэ седжэрт. Романыр щIэзджыкIа нэужь, тхакIуэм къыхузотх письмо, «тхылъыр хуабжьу сигу ирихьащ, гунэс сщыхъуащ, абы хэт лIыхъужьыр, Зрамыку, къуэш пэлъытэ схуэхъуащ» жысIэу иту. ГъэщIэгъуэныракъэ, Хьэчим и тхылъу хъуар зэщIикъуэри нысхуиутIыпщат Германием, арщхьэкIэ гъунапкъэм нрамыгъэшу ирагъэгъэзэжащ…

ИужькIэ, еджапIэ сыщыIэу, Шэджэм нашэри абы творче-

скэ пшыхь хуащӀат. Ар къысщӀэупщӀати, Мэзкуу Щукиным сызэрыщӀэсыр жраӀащ. ИтӀанэ и тхылъхэр зыкъэмынэу нысхуигъэхьауэ щытащ сыщеджэ училищэм. Еджэныр сухыу къэзгъэзэжа нэужь, мызэ-мытӀэу щыслъэгъуащ паркым, арщхьэкӀэ мо цӀыхушхуэм, лъэпкъым и набдзэ лӀы телъыджэм сыбгъэдыхьэн сытегушхуакъым. Ауэ абы и тхылъхэм дерсышхуэ къызатауэ къызолъытэ. Си лъэпкъым, си бзэм хуэсщӀа лъагъуныгъэм Хьэчим и фӀыщӀэшхуэ хэлъу собж си щхьэкӀэ.

Дзэ къулыкъур къиухыу къигъэзэжа нэужь, махуэл щӀагъуэ димыхыу, уващ СКЭП заводым. ЗэрыцӀыкӀурэ нэхъыжьхэм я жыӀэм фӀэмыкӀыу, фӀы зыдилъагъухэм ядэплъейуэ къэгъуэгурыкӀуэ щӀалэр щӀэх дыдэ хэсыхьащ зыхэхуа гупым. Куэд мыщӀэуи ижь хуохъу рабочэ ӀэщӀагъэм. Апхуэдэу здекӀуэкӀым зы махуэ гуэрым щӀалэм зэхех Мэзкуу еджакӀуэ ягъэкӀуэну гуп зэхуашэсу. Борис щхьэрыхьу къокӀуэ Налшык, и джэгукӀэр зыхуэдэм комиссэр йоплъри яхохуэ зи насып къикӀахэм. Дамэ тетамэ лъэтэну, дуней фӀыгъуэр къылъысауэ фӀэкӀ къыщымыхъуу, пӀащӀэу къокӀуэж я уни и адэ-анэм яжреӀэ ди къэралым и щыхьэрышхуэм щрагъэджэнухэм зэрыхагъэхьар…

Мэзкуу зэрыщыӀа, зэрыщеджа илъэсиплӀрэ ныкъуэр коммунизмэм щыхэпсэухьа зэману къелъытэ Къэжэрым. КъыщӀилъытэр къэралым и щыхьэрыр ерыскъы, щыгъын и лъэныкъуэкӀэ зэрыхуэщӀаратэкъым, атӀэ и студент билетымкӀэ музейхэм, театрхэм кӀуэну, къэрал псом щыцӀэрыӀуэ цӀыхухэм я джэгукӀэр зригъэлъагъуну Ӏэмал зэригъуэтырт. Щукиным и цӀэр зезыхьэ училищэм щӀэхуа адыгэ гупым егъэджакӀуэфӀхэр яӀэт. Псом хуэмыдэу Борис игу къинэжащ сценэм и щэху куэдым щыгъуазэ хуэзыщӀа я художественнэ унафэщӀ Калиновский Леонид. Гупыр игъэгушхуэу, къалъысыпхъэ пщӀэр къахуищӀу, адрей курсхэм щапхъэу къахуихьу иригъэджащ. Ди республикэм икӀа щӀалэгъуалэ гупри, ахэр 23-рэ хъурт — къызэдэгъуэгурыкӀуащ зэрыӀыгъыу, зым адрейм зыщӀигъакъуэу, зым сом иӀэмэ димыдзыхыу, щӀакхъуэ Ӏыхьэр зэдагуэшу.

Театр училищэм щыщӀэс зэманым, сыт хуэдизу еджэным зыӀэпишауэ, хущӀыхьэгъуэ имыӀэу екӀуэкӀми, Борис и гур щыӀэт и адэжь лъапсэм икӀи Ӏэмал зэригъуэту, махуэшхуэхэм, гъэма-

хуэ зыгъэпсэхугъуэхэм лъагъунлъагъу къэкIуэжырт и адэ-анэм, къыдалъхуахэм, и ныбжэгъухэм я деж. Уеблэмэ кърат стипендиер ирикъурт кхъухьлъатэкIэ къэлъэтэжынуи игъэзэжынуи. Ещанэ курсыр къызэранэкIа нэужь, адыгэ гупыр ди республикэм къэкIуэжауэ щытащ «ДызэрывгъэцIыху» зыфIаща концерт программэ ягъэхьэзырри. Ар ди адыгэ жылэ зыкъомым щагъэлъэгъуащ икIи цIыхухэм хуабжьу ягу ирихьауэ щытащ. Абы щыгъуэ Къэжэрми, адрей къыдеджэхэми хьэкъыу япхыкIат цIыхухэр къазэрыхуэныкъуэр, къазэрыпэплъэр, къазэрыхуейр. Апхуэдэ Iуэхугъуэм я лъэр нэхъри жан ищIауэ ягъэзэжри я еджэным пащэжауэ щытащ.

Ди къэралым и щыхьэрым щрихьэкIа илъэсхэр, зэрыкIуар имыщIэу, напIэзыпIэм хуэдэу блэлъэтауэ къыщохъу Борис. КъыщIыщыхъур и зэманыр гъэнщIауэ зэрыщытарщ. Махуэм еджэрт, жэщкIэрэ лажьэрт, IэнатIэ хэплъыхь имыщIу. Ар щытащ пщIантIэпхъэнкIыуи, хъумакIуэуи, заводми Iутащ. ИужькIэ ВТО-м — театрым и лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэм — слесару уври абыи щыIащ зы зэманкIэ. Абы щыгъуэ адыгэ студент щIалэм дэрэжэгъуэу игъуэтар пхуэмыIуэтэщIыным хуэдизщ. ВТО-м и унэм щIэх-щIэхыурэ щрагъэкIуэкIырт Совет Союз псом щыцIэрыIуэ артистхэм я творческэ пшыхьхэр. Апхуэдэ зы ямылейуэ игу къинэжауэ нобэр къыздэсым еIуэтэж Борис:

— Левитан Юрий дуней псом къыщацIыху диктор телъыджэу щытащ. Абы и макъым малъхъэдисым хуэдэу узыщIишэрт, Хэку зауэшхуэм и зэманым радиомкIэ цIыхум яхилъхьэ фIэщхъуныгъэм и инагъыр псалъэкIэ къыпхуэмыIуэтэным хуэдизт. Левитан и ныбжьыр илъэс 60, зэрылажьэрэ илъэс 40 зэрырикъуар ягъэлъэпIауэ цIыхухэр щызэбгрыкIыжым, сэ бжэм деж сыщытти, комментатор цIэрыIуэ Озеров Николай щIыгъуу къызбгъэдохьэ Левитан, тIэкIуи къэжэнауэ пIэрэ жыпIэу.

— Уэ устуденту къыщIэкIынщ, — зыкъысхуегъазэ абы.

— Сыстудентщ, — изотыж жэуап.

— Дэнэ ущеджэр?

— Щукинэм.

Си Iэр къеубыдри къызохъуэхъу. Сылъэтэным хуэдэу сыкъокIуэжри си гъусэхэм захузогъэщIагъуэ: «Мы си Iэр Леви-

тан къикъузащи, махуищкӀэ стхьэщӀынукъым», — жысӀэу.

Еджэн къаухри 1975 гъэм ди щӀалэгъуалэ гупым къагъэзэж Къэбэрдей-Балъкъэрым. Адыгэ театрым лэжьэн щыщӀадзэ. Шэч хэмылъу, абыхэм яӀэт зыдэплъеин, щапхъэ зытрахын артист щэджащэ гуп.

— Къыщыдгъэзэжам щыгъуэ дэ дакъыхэхуат нэхъыжь гуп дыгъэл, — игу къегъэкӀыж Къэжэрым — Сонэ Мухьэрбий, ТӀыхъужь Алий, Къаздэхъу СулътӀан, Болэ Мурат, Токъуий Хьусен сымэ — псоми я цӀэр къизмыӀуэми, дэтхэнэри зэчиишхуэ зыбгъэдэлъ цӀыхут. А дыщеджам къыщӀэтхам хуэдизыбзэ къыдатащ а ди джэгуакӀуэ нэхъыжьхэм. Мыдэ-щэ зэмылӀэужьыгъуэу зэхэлъ удз гъэгъа Ӏэрамэ дахэшхуэ щыӀэкъэ, зы удз закъуэ къыхэпхмэ ныкъуэ хъуну, зыгуэр зэрыхуэчэмыр къэпщӀэну. Апхуэдэ защӀэт ди артист нэхъыжьхэр — зэщхьу тӀу хэмыту, зым и Ӏэзагъэм адрейм щӀигъуэжу. Ауэ псом хуэмыдэу сыдэзыхьэхыр Шэрий Азрумт, ар зыхэт спектакль зэ закъуэ фӀэкӀ сымылъэгъуами. СыщӀыдихьэхыр и къэухьыр зэрыинырт: абы фӀыуэ хищӀыкӀырт гъащӀэм и лъэныкъуэ куэдым — ӀуэхущӀапӀэ зэхуэмыдэхэм щылажьэхэм епсэлъэфынут я ӀэнатӀэхэм щекӀуэкӀым теухуауэ, «ярэби, мыпхуэдиз дэнэ мыбы щищӀэр» жыпӀэу бгъэщӀагъуэу. 



Къэжэр Борисрэ ЖьакӀэмыхъу КӀунэрэ «Гулъытэншэу къэнахэр» спектаклым щоджэгу.

Ди щIыпIэм къихьэжа нэужь  Къэжэрыр япэ дыдэу зыхэтар диплом лэжьыгъэу ягъэува, Еврипид и пьесэм къытращIыкIа «Ипполит» спектаклырщ. Абы къыкIэлъыкIуащ Шекспир Уильям и «12-нэ жэщыр», Нэш Томас и «Уэшх зыщэр», Толстой Алексей и «Пащтыхьымрэ пащтыхь гуащэмрэ», Лохвицкий Михаил и «Уафэгъуагъуэ макъыр», Альдэ Николаи и «Гулъытэншэу къэнахэр»,  IутIыж Борис и «Хьэцацэ дахащэр». «Тыргъэтауэ» спектаклым ар 15-рэ щыджэгуащ Щатир и ролыр игъэзащIэу. ИщхьэкIэ зи гугъу тщIа Альдэ и пьесэм ипкъ иткIэ ягъэува спектаклым къыщылъыса ролыр зы гъэ къалъытауэ щытащ ди къэралым а илъэсым щагъэзэщIа цIыхухъу роль нэхъыфI дыдэу, абы къыпэкIуэуи саугъэт къыхуагъэфэщащ.

... Илъэс 41-нэр йокIуэкI Къэжэр Борис адыгэ театрым зэрыIутрэ. Ар щыджэгуащ спектаклу 100-м щIигъум. ФIэщхъугъуейщ цIыхум гунэс ящымыхъуа гуэри абыхэм яхэтауэ. Сыту жыпIэмэ къылъыса ролым егугъупэу зыхуимыгъэхьэзырауэ, и гум пхимыгъэкIауэ, и псэр химылъхьауэ, театреплъхэр къызэрыдихьэхынум хущIэмыкъуу ар зэи утыку къихьакъым. А джэгуакIуэм ЩоджэнцIыкIум и цIэр зезыхьэ Адыгэ театрым пщIэшхуэ зэрыщиIэм тепсэлъыхьыфынущ абы щылажьэ дэтхэнэ зыри.

— Сэ илъэс 40 хъуауэ Борис соцIыхури, зы махуи сигу ебгъакъым и цIыхугъэкIи, и адыгагъкIи, и лэжьыгъэм зэрыбгъэдыхьэкIи, и дуней тетыкIэкIи, — жеIэ РСФСР-м щIыхь зиIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артисткэ ЖьакIэмыхъу КIунэ. — Зыгуэрым гуфIэгъуэ е гузэвэгъуэ иIэмэ, сыт щыгъуи псом япэ ищынурэ зыщIигъэкъуэнущ, дахэ жриIэнущ. Дяпэ ита артист нэхъыжьхэм ар зыкIэ гуапэу, екIуу ятопсэлъыхьри, мыпхуэдиз псалъэ дахэ дэнэ къырихрэ жыпIэу  угъэщIагъуэ. ИтIанэ, мыпхуэдэ зы Iуэхугъуи къыхэзгъэщыну сыхуейт. Адыгэбзэр зэхэщIыкIыгъуэу, къабзэу, тэмэму джэгуакIуэ псоми сценэм ирахьэфыркъым. Абы и лъэныкъукIэ Борис и псэлъэкIэр гугъэзагъэщ. Театр щыхъукIэ псалъэмакъ гуэрхэр къыщокIуэкI, зыр адрейм тепсэлъыхьу. Ар  творческэ гупхэм я хьэлщ. Апхуэдэхэм Борис хэпсэлъыхьыркъым. Зыгуэрым мыхъумыщIэ хужиIауи сщIэжыркъым. Ауэ езыр щысу псалъэмакъ мышыу къырахьэжьа-

мэ, жаIэнур жарегъэIэ, къотэджри, зацIыхужын хуэдэу, Iущагъ, акъыл зыхэлъ псалъэкIэ псори зэтреуIэфIэж. Мыпхуэдэ зыи сигу къокIыж. Зэгуэрым, спектаклыр иухри сценэм сыкъикIыжат. Си джэгукIэр зыгуэркIэ игу дыхьауэ арат, Борис къызэплъыщ-къызэплъри усэ цIыкIу схузэхилъхьауэ щытащ. Си щхьэкIэ сыхуейщ дигъэгушхуэу, дигъэгуфIэу Борис иджыри куэдрэ тщIыгъуну, и узыншагъэращ иджыпсту нэхъ гукъеуэу иIэри, ари тэмэм хъужу илъэс IэджэкIэ лъэпкъым хуэлэжьэну.

Театрым къыдэкIуэу, Къэбэрдей-Балъкъэр радиоми лэжьыгъэшхуэ щрихьэкIащ джэгуакIуэм. Къаздэхъу СулътIан щIыгъуу абы илъэс IэджэкIэ иригъэкIуэкIащ цIыхубэм фIыуэ ялъэгъуа «Аркъэн» ауанышI журналыр. Апхуэдэу радиом и хъумапIэм щIэлъщ Борис зыхэта радиоспектаклхэр, ар къызэджа усэ Iэрамэхэр, поэмэхэр, рассказ куэд. Къэжэрым и дуней тетыкIэм, и цIыху хэтыкIэм, и джэгукIэм, зэрыжаIэу, и гъурми и цIынэми фIыуэ щыгъуазэхэм ящыщщ абы и лэжьэгъу, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артист Хъыдзэдж Борис: «Мэзкуу дыщыщыIэм щыгъуэ Борис адыгэ гупым ди нэхъыжьу, старостэу хахри къэдухыхункIэ къытхуэсакъыу, адыгагъэр зэрызетхьэным, емыкIу къызэрыдимыгъэхьыным иужь итащ сыт щыгъуи. МыдэкIэ къэдгъэзэжа нэужь, зэщIыгъуу дыхэтащ спектакль зыкъомым: IутIыжым и «Тыргъэтауэм», «Эдипым», Эдуардо де Филлиппо и «Купелло и унагъуэм», М. Лохвицкэм и «Уафэгъуагъуэ макъым», А. Дударевым и «Сэлэтхэм». Нэхъ дыщыхущIыхьэ зэманхэм, хабзэ тхуэхъуауэ, театрым дыщызэпеуэрт шахматымкIэ. Абы щыгъуэ Къэжэрым ищIэртэкъым джэгукIэ. Тэтэр Толэ мыгъуэм сэрэ дызэрызэныкъуэкъум къеплъырт. ЗыгуэркIэ къыдэупщIым «мыпхуэдэуэщ зэрыпщIынур» жетIэурэ, хуэм-хуэмурэ зригъэщIащ джэгукIэ. ЗригъащIэри… тIуми къыттекIуэжащ. ИтIанэ зы щэху дызощIэ си ныбжьэгъум. Абы етх усэ. Зы Iэрамэшхуэ хъун усэ хъарзынэу иIэщ, ауэ хэт ищIэн утыку къыщIримылъхьэр. ГушыIэ дахэ зыхэлъ си ныбжьэгъум теухуауэ фIы куэд пхужыIэнущ. Ауэ згъэщIагъуэу, сехъуапсэу зы Iуэхугъуэ къыхэзгъэщыну сыхуейт. Зи гугъу сщIынур Борис и Iущагъырщ. Ар, уэлэхьи, къыпхумыщэхуну, зыми къыпхутемыхыну, хьэхууи къыпхуемыIыхыну. Сэ хужызмыIэфар щэрэ

минрэкIэ гъэбэгъуауэ Алыхьым къыбгъэдилъхьэ, и унагъуэм и хъер Тхьэм иригъэлъагъу».



Къэжэр Борисрэ Шыбзыхъуэ Басиррэ «Пащтыхьымрэ пащтыхь гуащэмрэ» спектаклым щоджэгу.



Зи гъащIэр надэу зыгъакIуэ цIыхухэм Къэжэрыр зэрацымыщым щыхьэт тохъуэ и зэманыр гъэнщIауэ къызэрыгъуэгурыкIуэр. Театрым зэрыщылажьэм къыдэкIуэу, ар щIэгъэкъуэн яхуохъу зэчий зыбгъэдэлъ ныбжьыщIэхэм: илъэс тIощIырыпщIым нэблэгъауэ егъасэ ХьэтIохъущыкъуей къыщызэрагъэпэща кружокым, иужькIэ езым и фIыгъэкIэ «цIыхубэ театр» зыфIащам хэт щIэблэр. Уеблэмэ, а жылэм дэсхэр апхуэдизкIэ къесати, нэхъапэхэм щыгъуэ автобус итIысхьэу ХьэтIохъущыкъуей щыкIуэкIэ «унэкIуэжрэ?» жаIэу къыщеупщI щыIэт. Къэжэрыр Iуэхум псэ хьэлэлкIэ зэрыбгъэдэтым и щыхьэтщ Мейкъуапэ зы гъэ щекIуэкIа, Кавказ Ищхъэрэм и фестивалым абы и гъэсэн ныбжьыщIэхэр зэрыхэтар, Дудар Хьэутий и пьесэм ипкъ иткIэ ягъэува «ЗэгъунэгъуитI» спектаклым япэ увыпIэр къызэрыхуагъэфэщар. НыбжьыщIэхэр сценэм зэритын хуейм и щэхухэм хуигъасэ къудейкъым Борис – адыгагъэм, ди хабзэм яхутопсэлъыхь.

Илъэс зыбгъупщI ипэкIэ IутIыж Бориси ХъэIупэ ДжэбрэIили ишэри школакIуэхэм яIуигъэщIауэ щыташ. Дауи, а тIум я гъунэжт щIэблэр зыщIагъэдэIун.

— ГъащIэ щыхъукIэ, гуфIэгъуи гур хигъэщIу ухэзыгъаплъэ гуауи плъагъунущ, — жеIэ джэгуакIуэм, — нобэ цIыхур, диным икIауэ, гужьеяуэ къызэражыхьыр сфIэкъабылкъым. Хуабжьу си нэ къокI ди адыгэ жылэхэм, хьэблэхэм япэм щызэрахьэу щыта хабзэфIыр, цIыхухэм яку дэлъа зэхущытыкIэ дахэр къыдэхъуэжыну, ди бзэм хуэфащэ увыпIэ иубыдыжыну. Ди адыгэбзэр гуащIэмащIэ зэрыхъум, ар куэдым уэим зэращIым утемыгузэвыхьынкIэ Iэмал иIэкъым. Абы и зы щапхъэщ Налшык и унэ зэхуэмыдэхэм, сату, IуэхутхьэбзэщIапIэхэм хамэбзэ фIэкI зэрытемытыр. Ди театрым щылажьэхэм хуащI гулъытэр нэхъыбэ хъуами зы ягъэ кIынутэкъым. Бэзэрым темытыфыну е ахъшэ нэхъыбэIуэ къыщахьын гуэр зымыгъуэтыну абыхэм зыри яхэткъым. Ауэ, я улахуэр мащIэми, ди адыгэ лъэпкъыр фIыщэу зэралъагъум щхьэкIэ я IэнатIэр IэщIыб яхуэщIыркъым.

Едгъэлейуэ къащремыхъу, илъэс 40-м нэсауэ и шыфэлIыфэм сызэрыщыгъуазэм, щIэх-щIэхыурэ дызэрызэIущIэм хуитыныгъэ къызиту си гугъэщ Къэжэрым щхьэкIэ мыпхуэдэу жысIэну: а лIым деж щызэхуэхьэсащ адыгэлIым дэплъагъун хуей хьэлыфIхэм я нэхъыбэр: ар адыгагъэр япэ изыгъэщ, зи псалъэм тебгъуэтэж, зи гупсысэр узыншэ, фыгъуэижэм хуэхей, нэгъуэщIым, псом хуэмыдэу и лъэпкъэгъум и ехъулIэныгъэр Iыхьэлейуэ гуапэ зыщыхъу цIыхущ, гукIи, псэкIи, мылъкукIи жумартщ. Утыку зэи укъринэнукъым. А псом зэрыджэгуакIуэ Iэзэр хэлъхьэжи — узэхъуапсэ хъун адыгэлIщ. Зи гъащIэр лъэпкъым, театрым щхьэузыхь яхуэзыщI джэгуакIуэм илъэс зыбжанэ ипэкIэ къыфIащащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артист» цIэ лъапIэр.

— Сэ хуабжьу си жагъуэщ лъэкIыныгъэ зиIэ цIыху зэчиифIэм — ар ирекомпозитор, иреартист, ирехудожник — и нэр зыгуэрым къыщипхъуэу и гъащIэр зы Iуэхугъуэ закъуэм триухуэу, адрей лъэныкъуэхэр IэщIыб щищIым деж, — жеIэ абы, — Iэмал зэриIэкIэ, цIыхум зэдихьын хуейщ псори: адыгагъэри, ныбжьэгъугъэри, Iыхьлы-Iэулэдыр, гъунэгъур лъагъунри. Армырамэ, иужькIэ укъызэплъэкIыжмэ, уи IэфракIэм уедзэкъэжынущ. Си

щхьэкIэ цIыху тэмэмыр сфIэфIщ, си гупсысэм къытехуэ, зи Iуэху бгъэдыххьэкIэр къабыл сщIы цIыху си мащIэкъым, ныбжьэгъугъэм зыхэзгъапскIэу сыкъогъуэгурыкIуэ жысIэми, пцIы супсыну си гугъэкъым.

ЩыхущIыхьэ зэманхэм Борис фIэфIщ шахмат джэгуну. Ауэ псом хуэмыдэу абы гухэхъуэгъуэ ин къезытыр дыкъэзыухъуреихь дунейм и дахагъырщ: и псэм и щIасэщ мэзыр — ар зэрыIэуэлъауэншэм, абы щилъагъу псоми я дахагъэм хьэщыкъ ещI, хьэуа IэфIым зыщимыгъэнщIу, игу пымыкIыу куэдрэ щIэтыфынущ. Пэжщ, иужь лъэхъэнэм апхуэдэ зэман абы къыщыхуихуэжыр закъуэтIэкъуэххэщ…

ДжэгуакIуэ Iэзэр екIурэ-ещхьу тетщ зэгуэр къыхиха гъуэгуанэм — фIы щIэныр, лъэпкъым хуэлэжьэныр и гуращэу, цIыху хуэдэ цIыхуу и гъащIэр ирихьэкIыу. Абы и гъуэгур удз гъэгъакIэ къэгъэтIылъыхьауэ щытакъым — мызэ-мытIэу игъэунэхуащ гъащIэр зэрыдыджыр. Ауэ зэи къапикIуэтакъым лъэпощхьэпохэм. Ноби къапикIуэтыркъым, ижь зэманхэм лъэпкъым и къекIуэкIыкIар, дыкъэзылъхуахэм я дуней тетыкIар и гъуазэу мэпсэури.



**МЫЗ Ахьмэд**

*Нарт Уэзырмэдж и хъыбархэм щыщщ*

## ЛIЫГЪЭР ЗЭРИГЪЭУНЭХУАР

Уэзырмэдж мэзым щIэтурэ здэкIуэм плъэри гъэхъунэм (хуейм) зыш ирилъэгъуащ. Шыр лъэхъащ, шыр зейр къыIэщIэлъэгъуакъым. «Мыр зейр жыжьэ IукIакъым, и лIыгъэр згъэунэхунщ», – жери Уэзырмэдж мэзым къыхэкIащ, гъэхъунэм ихьэри шыр шхуэмылакIэкIэ кърищэжьащ, лъахъэр ирихри. Шыр зейр мэзым щакIуэ хыхьауэ джабэм кIэрытти, къаплъэри Уэзырмэдж къилъэгъуащ.

– Уэзырмэдж, мы къызэпщIэр хъункъым, шыр иумышажьэ, – къегуоуащ шыр зейр.

«Мыбы дэнэ сыкъыщицIыхурэ?» – жери игъэщIэгъуащ Уэзырмэдж, арщхьэкIэ шыр иутIыпщыжакъым, гъэхъунэм къикIыжри и гъуэгу техьэжащ.

Шыр зей щIалэм, мэзым къыхэкIыжри, Уэзырмэдж и лъэужьыр ирихужьащ, пщIэгъуалэм и кIэбдзым телъ дамыгъэм гу лъитати.

Уэзырмэдж и унэ ихьэжри и пщIэгъуалэри мэзым къыщIиша шыри шэщым щIигъэзэгъащ, и лъэужьыр шыр зей щIалэм къызэрихунум шэч къытрихьэртэкъыми, кIуэри хьэщIэщым щIэтIысхьащ. Пшапэр зэхэуауэ, шыр зей щIалэр къэсащ. Уэзырмэдж щIалэм пежьащ:

– Еблагъэ, – жери.

– Себлэгъэнукъым, – еблэгъэн идакъым щIалэм. – Уи пщIэгъуалэр къысхудэш. ЦIыхум дыкъыумыгъащIэ. ПщIэгъуалэр къысхудумышмэ, бэлыхь ухэздзэнщ.

Уэзырмэдж и пщIэгъуалэр шэщым къыщIишри щIалэм иритащ.

– Уэзырмэдж лIы бланэщ жаIэ. Убланэмэ, фызым дамащхьэкIэ пхъэ къахуэхь, уэ шыкIэ пщIэжын щыIэкъым, – жери щIалэр Уэзырмэдж и пщIэгъуалэм шэсри ежьэжащ.

«И лIыгъэ згъэунэхуащ, си лIыгъи игъэунэхун мурад ищIащи, ищIэм сеплъынщ», – жери Уэзырмэдж хьэщIэщым ихьэжащ. ЩIалэм къытригъэзэнкIэ гугъами, къытригъэзакъым. Зы гъи гъитIи дэкIащ – щIалэм къытригъазэркъым. И гугъэ пщIэгъуалэм хихыжри, Уэзырмэдж тIысыжащ. И дамыгъэр зытелъ пщIэгъуалэр щыфIэкIуэдым, Уэзырмэдж нэгъуэщIыш шэсыжакъым, зекIуэми яхэмыхьэж хъури, и унэ къинэжащ.

И унэ къинэжауэ исурэ, зы гъэри гъитIри кIуауэ, Уэзырмэдж и куэбжэм зы шу къыIухьащ. Шум Уэзырмэдж и пщIэгъуалэр и Iэдэжт.

– Еблагъэ, – жери шум пежьащ Уэзырмэдж.

– Себлэгъэнукъым,– жиIащ шум. – Ирикъункъэ фызым дамащхьэкIэ пхъэ къазэрыхуэпхьар? Уи пщIэгъуалэр къыпхуэсшэжащ. Си лъэужьыр нэпхун си гугъа щхьэкIэ, нэпхуакъым. ЗекIуэм уахыхьэжынумэ, пщIэгъуалэр щхьэусыгъуэ умыщI, – жери щIалэр ежьэжащ, пщIэгъуалэр Уэзырмэдж къритыжри.

ЛIым и лIыгъэ згъэунэхунщ жиIэжакъым Уэзырмэдж абы и ужькIэ.

# УЭЗЫРМЭДЖРЭ ЩIАЛЭМРЭ

Уэзырмэдж шэсри зекIуэ ежьащ. Псы Iуфэ Iухьауэ псым зэпрыплъри зы шу къыIэщIэлъэгъуащ. Шум мэз бжэн къуихуурэ, шури бжэнри псым къэсащ. Бжэныр псым къыщыхэпкIэм, шури къыкIэлъыхэпкIащ. Къесурэ, шум и шыр псым щIихащ, итIани къыкIэлъеIэурэ къыкIэлъысри бжэныр, нэпкъым къэсауэ, кIэбдзкIэ иубыдащ, псым къыхидзри ипхащ, иукIри и фэр трихауэ, Уэзырмэдж бгъэдыхьащ.

– Бжэным щхьэкIэ уи шыр псым ебгъэхьащ, – жиIащ Уэзырмэдж. – Уи шым и уасэ мы бжэныр?

– Бжэным хъыбар иIэщ, Уэзырмэдж, – къыжриIащ щIалэм. – Бжэныр мэзым къыхокIри, ди тхьэмадэм и санэр ефыщI, зыубыдыфи къытхэкIыркъым. «Бжэныр зыубыдым си пхъур естынщ», – жери тхьэмадэм щигъэIум, Iэджэ пылъащ, яхуэубыдакъым. «Си къуэм фIэкI бжэныр зыубыдыфын щыIэкъым», – жери ди адэм тхьэмадэм зэхригъэхати, къриухылIащ: «Уи къуэм бжэныр хуэмыубыдмэ, уезгъэукIынщ», – жери. Ди адэр тхьэмадэм и унэм исщ, нобэр и пIалъэщи, бжэныр нэзмыгъэсмэ, иригъэукIынущ.

– ПIалъэ кIэщIщ, бжэныр плIэкIэ пхуэхьынкъым, си шыр узот, – жиIащ Уэзырмэдж.

И шыр щIалэм иритри, Уэзырмэдж къежьэжащ.

– ЗекIуэ ежьати, и шыр зытрыригъэхри къигъэзэжащ Уэзырмэдж, – къыщIэнэкIащ нартхэр. – Шууэ дэкIрэ лъэсу къыдыхьэжам пщIэ иIэжкъым, лIа пэлъытэщ. И хьэдэр къригъэхьыжамэ, лIым арат хуэфащэр.

Нартхэ пщIэ къыхуамыщIыж хъури, Уэзырмэдж унэм къинащ: ныбжьэгъуи жэрэгъуи къыхуепсыжыхыркъым, зекIуи здашэжыркъым, лIыгъэншэщ, ущыгугъ хъунукъым жари...

Уэзырмэдж и шыр зрита щIалэм мэз бжэныр тхьэмадэм хуихьащ. Тхьэмадэм и фIэщ хъуакъым:

– Бжэныр уи закъуэ бубыдакъым, – жери.

– Щыхьэт сиIэщ, – жиIащ щIалэм.

– Хэт уи щыхьэтыр?

– Уэзырмэдж си щыхьэтщ.

Уэзырмэджрэ тхьэмадэмрэ лъыкIэ зэбийт, зэлъихьэртэкъым. Зэлъихьэ дэнэ къэна, зэIущIамэ, зэрымыукIауэ зэбгъэдэкIынутэкъым. ЩIалэр абы щыгъуазэтэкъыми:

– Уи щыхьэтыр си унэ къипшэфмэ, си фIэщ хъунщ, – жиIащ тхьэмадэм.

– Къисшэнщ, – жери щIалэр шэсащ, Уэзырмэдж ишри Iэдэж ищIри.

ЩIэупщIэурэ Уэзырмэдж деж нэсащ. Гъуэгущхьэм мэлыхъуэ щрихьэлIати, мэлыхъуэм еупщIащ:

– Уэзырмэдж и унэр сыбгъэлъагъун? – жери.

– Уэзырмэдж и унэ сыт ипщIыхьыжын: цIыхуи ихьэркъым, цIыхуи икIыркъым, – къыжриIащ мэлыхъуэм.

Сытми, мэлыхъуэм игъэгъуазэри, щIалэр Уэзырмэдж и унэм екIуэлIащ, епсыхри джащ. Унэм къиплъри, Уэзырмэдж щIалэр къи-

лъэгъуащ, бжэр къыІуихри бжэщхьэІум къытеуващ:

– Сэ унэм сыникІыну сыхуиткъым, – жиІащ Уэзырмэдж. – Сынихьэнщ жыпІэмэ, уэ къихьэ.

Унэм ихьэри, щІалэм и Іуэху зытетыр Уэзырмэдж жриІащ.

– Сэ щыхьэт сыхъужын? – жиІащ Уэзырмэдж. – ПщІэ сиІэжкъым. КІуэ, нартхэ яжепІэрэ сыныбдрагъажьэмэ, схузэфІэкІ пхуэсщІэнщ.

Нартхэ щІалэм къыжраІащ:

– Уэзырмэдж лІа пэлъытэщ, и пщэ дэтлъхьэж щыІэкъым. Уи дзыхь ебгъэзмэ, здэшэ. Дэ ди дзыхь едгъэзыжыркъым.

Уэзырмэдж, и шым шэсыжри, щІалэм дежьащ.

Тхьэмадэм деж ихьэри, Уэзырмэдж жиІащ:

– УэсщІамрэ къызэпщІамрэ сощІэж, дилъ зэтелъщ, итІани мы щІалэм и хьэтыркІэ уи унэ сыкъихьащ. ЩІалэм и закъуэ бжэныр зэриубыдар си нэкІэ слъэгъуащ, си шыр къестри бжэныр къихьащ.

– ЛІыгъэ уимыІамэ, си унэ укъихьэнтэкъым. ЖыпІэр си фІэщ мэхъу, – жери тхьэмадэр Уэзырмэдж къекІужащ, бжэныр зыубыда щІалэри малъхъэ ищІащ.

*Таурыхъхэр*

ДАУР Зое

# АМЫДЭ

ХьэкIытIэ и фызыжьыр дунейм ехыжат илъэс зыбжанэ ипэкIэ. Къуищ иIати, щыри, мэкъушэ кIуауэ, шы емылыджхэм бгым щагъэхури, гуузу иукIат. ДунеягъэкIэ гурыфIыгъуэу иIэжыр нэ фыгъуэ зытрамыгъаплъэм хуэдэ ипхъу тхьэIухуд закъуэрат. Абы и цIэр Амыдэт.

ХьэкIытIэ ипхъу закъуэм апхуэдизкIэ хуэнэхъуеиншэти, щIэкIамэ къыщIэмыхьэжын къыщыхъуурт, Iейуи игъафIэрт.

Мазэгъуэ жэщт, мастэ пIэпыхуам къыпхуэщтэжыну. Дунейр, зэщIэдэIукI хуэдэ, мамырт.

ХьэкIытIэ жэщ пыIэ къуапиплIыр щхьэрыгъыу щащыху хужь зытепхъуа пIэкум ист, къурIэн еджэу. Амыди дэнлъэч зэфIищIэу абы къыбгъэдэст. Щхьэгъубжащхьэм тет уэздыгъэм къыпиху Iугъуэр ХьэкIытIэ и Iум ирихьэрти, къыхигъэпсчыкIырт.

ХьэкIытIэхэ я джэдум, гузэвгъуэм кърихуэкIыу, къежыхь, зэми лIыжьым бгъэдолъадэри и кIэ щабэмкIэ зрешэкI, и лъакъуэхэм зыщехъуэ, зэми Амыдэ и куэщIым долъейри йотIысхьэ. Хъыджэбзыр зэгуопри, ар и куэщIым кърёдзыж, арщхьэкIэ джэдум игу илъкъым абы бгъэдэкIыну, уеблэмэ и дамэм долъейри и напэм ба хуещI, и Iэхэми йобзей. Амыдэ, дэнлъэчыр лъэныкъуэкIэ ирегъэтIылъэкIри, абы зыгуэр къызэрыжриIэм гу лъитауэ, и тхыцIэм Iэ делъэ. Джэдур, и гур зэгъа хуэдэ, зытэлайкIэ щым мэхъу, арщхьэкIэ нэщхъей дыдэу Амыдэ худоплъей.

— Дадэ, мы джэдум сэ зыгуэр къызжеIэ, ауэ гугъущ зи бзэр мыпсалъэм и гум илъыр къэпщIэну, — жеIэри Амыдэ и адэм зыхуегъазэ.

Абы и псалъэр никъуэжыIэу, адэми жиIэнIауэ хунэмысауэ, пщIантIэмкIэ зы макъ шынагъуэ гуэр къыщоIу.

ХьэкIытIэ щIыбым щIэкIмэ, щIопщыр ину игъаджэу, алъп шыщIэр зыбгъурыт шы дэгъуэм тесу, зы асмыж къелъагъу. ХьэкIытIэ къэуIэбжьауэ зыхуегъазэ лIы мыцIыхум:

— Къеблагъэ, къепсых. Сытым укъытхуихьа?

— Хуит сыкъэщI зыкъозгъэцIыхуну. Сэ си цIэр Iэдэмэкъуэщ, Хьэкъвыкъхэ сарейщ, уи пхъур си къуэм щхьэгъусэу хуэсшэну сыкъэкIуащ. Си благъагъэр къыумыщтэмэ, уIуспIэнущ, — жиIэщ, къеIэбыхри ХьэкIытIэ и пщэпкъыр къиубыдащ лIы мыцIыхум.

Зыхуэнэхъуеиншэ ипхъу закъуэм и гугъу зэрызэхихыу, ХьэкIытIэ и гур къикIэзызыкIащ. Ауэ Iэмал иIэжтэкъым, лIыкIуэр кърйгъэблэгъэн хуейти, пэшымкIэ щIишащ. Куэд дэмыкIыу аргуэру джэ макъ къэIуащ. ХьэкIытIэ щIэкIмэ, былътырыкум тесу къыдыхьа абрагъуэжьыр, зэрыадэмыущий-анэмыущийр занщIэу къапщIэу, къехъурджэуащ:

— Абгъуэрынэ джэдыжь хуэдэ, куэдрэ умыхъумэу, мы уи пхъур щхьэгъусэу си къуэ ахъырзэманым къет. Сэ сыкъэкIуащ ар абы хуэсшэну. Елбэздыкъуэхэ сарейщ, си цIэр КIэдыкъуакъуэщ.

Акъылцыджым пидзыжыну жэуапыр къыхуэмыщIэу, ХьэкIытIэ зыгуэрхэр жиIэу къыщIидзат, арщхьэкIэ сэшхуэр къыхуигъэдэлъащ и пхъум и щIэупщIакIуэм.

«Еууей мыгъуэ, адыгагъэ зезмыхьэу хъунукъым» жыхуиIэу ХьэкIытIэ здэщытым, и хьэжьыр къэсри хьэщIэр гуэщымкIэ щIишащ.

ХьэкIытIэ жиIэнумрэ ищIэнумрэ егупсысу пщIантIэкум здитым, «бов апщий» жиIэри, и нэщхъпэщхъыр зэхэлъу, къыдырым тесу зы нэжьгъущIыдзэ къыдыхьащ, нэкIуэпакIуэу. Аргуэрым кIийуэ щIидзащ.

— Дыгъэмыхъуэ жьындуужь хуэдэ, уипхъу закъуэр пхъумэу жьэгум удэмысу, сэ ар нысэ сыгъэщI. Ар си къуэм и щхьэгъусэу къызумытмэ, думпыр къыпхуэзгъэкIуэнущ. Сэ Куэншыбыжьхэ сарейщ, къызэрызэджэр Хьэбэсабэщ, — жиIэри и фоч закъуэрыуэр дригъэуеящ.

Апхуэдизу нэмысыншэу къепсэлъа щIалэжьым игъэгужьеярэ ищIэнур имыщIэу ХьэкIытIэ здэщытым, и шыдыжьыр къэсри хьэщIэр джэдэщымкIэ щIишащ.

ХьэкIытIэ гузэвэгъуэр къыкIэщIэзэрыхьарэ етIысэхауэ пщIантIэкум деж здэщысым, и джэдур щабэрыкIуэу къыбгъэдыхьащ:

— Сыт гуIэ нэпс щIыщIэбгъэкIыр?

— Сытхэр си Iэмал, сыт сщIэфынур? Сэ сиIэр зыпхъу закъуэщ, абы къылыхъухэр щы мэхъу, псоми саукIыну я Iэщэр къысхурахащ, — ерагъкIэ къыдришеиф къудейуэ, жэуап ет ХьэкIытIэ.



Джэду Iущым, куэдрэ мыгупсысэу, чэнджэщ кърет:

— ЖумыIэн жумыIэ. Япэ къыдыхьам Амыдэ ет, етIуанэу къэкIуам уи хьэм къилъхуар ет, ещанэу къэсам уи шыдыжьыр ебгъэшэнщ. Ауэ уи шыдымрэ уи хьэмрэ ебгъэшэн и пэкIэ, уи адэм и къамыл щIопщ пкIэунэм телъыр къехьэхи, абыкIэ тIури фIыуэ убэрэжь, итIанэ къэпщIэнщ унэщхъеин хуейрэ хуэмейрэ.

ХьэкIытIэ, джэдум зэрыжиIам хуэдэу, хьэри шыдри фIыуэ кIуэцIикъухьащ. Арати, тIури хъыджэбз дахэ дыдэ хъуащ, ипхъура фIэкIа умыщIэну. А щыр зэбгъэдэту



10 Заказ №246

щилъэгъуам, ипхъу дыдэр дэтхэнэрами адэм къыхуэщIэжакъым.

ХьэкIытIэ къэбэдзэуэжри, и пащIэкIэ щIэгуфIыкIыу пэшым щIыхьэжащ. Шым тесу къыдыхьам Амыдэ иритри иутIыпщыжащ. Былътырыкум тесу къыдыхьам и хьэм къилъхуар иритри, ари дигъэкIыжащ. И шыдым «къыхищIыкIа» хъыджэбзыр иритащ къыдырым тесу къыдыхьам.

И «пхъуищыр» здашар къуршым ущхьэдэхмэ къыщыс сонэ къуажэ цIыкIу ЕгъэзыгъуейкIэ зэджэрт.

ХьэкIытIэ и лъэ банэ хэхужат, и псэр тыншыжат. Амыдэ яшэу и закъуэ унэ нэщIым къыщIэнами, езым и щхьэр къызэрелам щхьэкIэ жылэ псор зэхуишэсри тхьэлъэIу ищIыжащ.

Ар зэми гуфIэрт, и малъхъищыр и къуищым я пIэкIэ алыхьым къритауэ къыщыхъуу, зэми гупсысэ шынагъуэм зэщIиубыдэрт: «бзаджэнаджэми сщIэркъым си малъхъищыр» жиIэу егупсысырт. Апхуэдэхэм деж и джэдум псэ тыншыгъуэ къритырт, и малъхъэхэмкIэ ехъулIауэ къыжриIэрти.

Егъэзыгъуей къуажэм къаша нысащIищым псори плъакIуэ къыхуэкIуэрт, а щым я дахагъэмрэ я теплъэкIэ зэрызэщхьымрэ яфIэгъэщIэгъуэнт.

Егъэзыгъуейм хабзэу яIэт, сыт хуэдэ хьэщIэ къыдэмыхьами, иужь дыдэу къуажэм къыдаша нысащIэр хуагъэпщафIэу.

Зы махуэ гуэрым зекIуэ щыIауэ къэкIуэж шу гуп къахуеблэгъащ. Абыхэм ХьэкIытIэ и пхъуищыр хуагъэпщэфIэну къуажэпщым унафэ ещI. Хэт нэхъ IэфIу джэдыр игъажьэми, арат Iэнэм трагъэувэнур. Арати, джэд зырыз нысащIищым хуфIагъэж.

ХьэкIытIэ и шыдым «къыхэщIыкIам» джэдыр махуэ псокIэ игъэхьэзырыфа къудейщ. IэфI дыдэу ищIат, ауэ нэгэгъур игъэкъэбзэн щхьэхри, зэрыхъурейуэ игъэжьат.

ХьэкIытIэ и хьэжьым «къытехъукIа» нысащIэм джэдыр псынщIэ дыдэу игъэжьащ. Ауэ, гужьеищэри, нэгэгъур цIыкIу-цIыкIуу иупщIэтати, абыи шухэр игъэхьэщIэну дзыхь хуащIакъым.

Амыдэ джэдыр IэфIу игъажьэщ, нэгэгъури зыхуей хуигъазэри, и чэзум пщэфIэныр зэфIигъэкIащ.

Арати, Амыдэ ятекIуащ. ХьэщIэхэр абы зэригъэхьэщIам и гугъу дэнэкIи щыжаIэрт.

ХьэкIытIэ и гур мамыртэкъым, и «пхъуищыр» щIыпIэ мыщIыхум щыпсэухэрт, тхьэмадэ яхуэхъуахэри шынагъуэт. Мурад ещI кIуэуэ и «бынхэм» я Iуэху зыIутыр къищIэну. И шы фэкъужьым тотIысхьэ, джэдур зыбгъурегъэувэри, Егъэзыгъуей къуажэмкIэ еунэтI. Къуршым щхьэдохри, зыхуей жылэри къегъуэт.

ХьэкIытIэ, и шыжьыр щIэкIуэрыкIыу, дыхьащ япэ зыхуэза и благъэм я деж. ПщIантIэр къабзэт, унагъуэр зэрыхуэкъулейр къапщIэрт. Ауэ ХьэкIытIэ кIыхьлIыхьущ зэрырагъэблэгъар, унэм щIаша и ужькIи щIэх ягъэшхакъым. Ар тэмэму щIрамыгъэблэгъам и щхьэусыгъуэр къищIэну щыщIэупщIэм, унэгуащэм жэуап кърет:

— Уи пхъур дахэщ, зэкIэлъыкIуэщ, теплъхьэр и хьэлъэщ, фIы дыдэу Iуэху ещIэ, игъащIэкIэ Iэ емыIусэжми хъуну, ауэ и зыгъазэр зы мазэщи, гущхьэ лъы уэтэпс ухъунщ абы Iуэху ищIэу щыплъагъукIэ. Шыдым къилъхуа фIэкIа пщIэнкъым...

ХьэкIытIэ а псалъэмакъыр щызэхихым, зиущэхури, и «пхъум» емышхыдэу къыдэкIыжащ пщIантIэм.

Адрей и благъэм я деж щынэсым, псынщIэ дыдэу ирагъэблэгъащ, ауэ, и пхъур зыгуэрым Iейуэ щыхьати, унагъуэм исыр хьэлэбэлыкъ хэтт.

ХьэкIытIэ зыкъомрэ гужьеяуэ щытащ, ауэ зыкъызэрищIэжу щIэупщIащ:

— Сыт мы пщIантIэм къыщыхъуар? Сыт апхуэдизу фыщIызэрызехьэр?

И пхъум и тхьэмадэм жэуап къитащ:

— Уи пхъур цIыху хъарзынэщ, къабзэлъабзэщ, Iуэхуи фIы дыдэу ещIэ, ауэ жьым тесу псым йопыдж, икIи ищIар егъэкIуэдыж, и бзэм хуиткъым, нэхъыжьми нэхъыщIэми, зэхэгъэж имыIэу, ящохьэ. «Сабыр и щIагъ дыщэ щIэлъщ» жыхуаIэр абы къыгурыIуэркъым. Хьэм къилъхуа фIэкIа умыщIэу мэбанэ.

ХьэкIытIэ ину хуэIуэтакъым, цIыкIууи хужыIакъым и «пхъур» зищIысыр. И джэдуужьымрэ езымрэ заущэхури, псынщIэу къызэрыдэкIыжыным яужь итащ. Iуэхур зыIутыр къаримыгъэщIэн щхьэкIэ, хьэм къилъхуами ешхыдэ хъунутэкъым.

Ипхъу дыдэр здаша унагъуэр алыхьым узэрелъэIунт: пщIантIэр дахэт, къабзэт, псори мамырт, занщIэуи къыпежьащ, тэмэмуи ягъэхьэщIащ. Зэрыхьэблэу къызэхуэсри, псори къехъуэхъуащ:

— ГъащIэ алыхьым къыуит, икъукIэ пхъуфI бгъэсащ, цIыхум къызэрилъхуар игъэгъуэщакъым. Алыхьым пхуигъэпсэу, зэрыжылэу дропагэ, дрогушхуэ. Амыдэ хуэдэ цIыхубз ди жылэм къыдашакъым.

ХьэкIытIэ и гур зэгъэжауэ къежьэжри и унэм къэкIуэжащ. ИкIи къуажэдэсхэр зэхуишэсри илъэгъуа гъэщIэгъуэныр яжриIэжащ. Iэщыр зейм емыщхьмэ хьэрэмщ. Шыдым шы къилъхуркъым, хьэм къилъхур хьэщ, цIыхум къилъхуар цIыхущ.



# ЛЫБЭ И КЪУИБГЪУР

ЩыIащ-псэуащ зы фызыжь губзыгъэ цIыкIу. Абы къуибгъурэ зы хъыджэбзрэ иIэт. Фызыжьым и къуэхэр зекIуэ кIуауэ къэту, ипхъу закъуэр пщIантIэм дэкIуэдыкIащ. И кIуапIи и жапIи зыми илъэгъуакъым. И дэлъхухэр къекIуэлIэжащ. Къэхъуар анэм щахуиIуатэм, я шыпхъур жэщибл-махуиблкIэ къалъыхъуащ, арщхьэкIэ хъыджэбзыр щIыр зэгуэхуу я кум дэхуами ярейт. Лыбэ (арат фызыжьым и цIэр) жэщым пщIыхьэпIэу елъагъу и пхъур здэщыIэр зыгуэрым къыжриIэу.

Пщэдджыжьым фызыжьыр къыщIокI, джэдхэм хугу ярет. Хугу хьэдзэ кIэрыхуахэр ящыпу бзухэр къетIысэхащ. Ар зылъэгъуа Лыбэ гуфIащ. ЩIихри хугу яритащ, «си пхъум ишха хуэдэу фшхы» жиIэри. Лыбэ иувыкIри абыхэм куэдрэ якIэлъыплъащ. Бзухэр хугум щхьэкIэ зэрыукIыурэ, зыр адрейм уIэгъэ ищIащ. Зы цIыкIу мылъэтэжыфу къэнащ. Фызыжьыр бзум бгъэдыхьэри епсалъэурэ къищтащ: «Си хъыджэбз цIыкIури уэ пхуэдэу зыщIыпIэ деж щылъу къыщIэкIынщ, къэмытэджыжыфу. Абы ишха хуэдэу сэ уэ узгъэшхэнщ икIи узгъэхъужынщи узгъэлъэтэжынщ».

Бзур Лыбэ егъэхъуж, ауэ абы лъэтэжын идэркъым: «Фи пхъур

къэвмыгъуэтыжауэ, сэ лъэтэж сиIэкъым, ар здэщыIэр сэ вжесIэн хуейщ», — жеIэри. Лыбэ гуфIэгъуэм зэщIиубыдащ, къыщиудри гъащ:

— Сэ сыпсэухукIэ уэ узгъэшхэнщ, си пхъур здэщыIэр къызжепIэ закъуэмэ.

— Фи пхъур здэщыIэм укIуэн щхьэкIэ къуажибл, бгибл, псибл, мэзибл, гъуэгуибл, гуэлибл къызэбнэкIын, щIы къатиблкIэ уехын, тенджыз уикIын хуейщ. Ар гъуаплъэ гуэным иригъэтIысхьауэ благъуэм ехъумэри бгъэдэсщ. Тен джэдыгу егъэдын хуейщ, — жиIащ бзум.

ЩIалэхэр ешауэ къыдыхьэжащ. Лыби, дунейр хуримыкъуу, и къуэхэм япежьэри хъыбар гуфIэгъуэр яхуиIуэтэжащ.

Джэдыгур ящIын щаухым, нэхъыжьыр щIэупщIащ ар зратынумкIэ. Анэм жиIащ джэдыгур нэхъ лIыгъэ зиIэм щитIэгъэн зэрыхуейр. ЩIалэхэр игъэтIысри щхьэж и лIыгъэр кърагъэIуэтащ.

— ЩIы къатиблкIэ соIэбыхри, ебланэ дыдэр IэпхъуамбэжьакIэ цIыкIумкIэ къытызоч, — жиIащ нэхъыжь дыдэм.

— Дунейр щыкIыфIым деж, уэздыгъэ нур сохъури, псори нэху къызощI, — жиIащ къыкIэлъыкIуэм.

Ещанэр къэпсалъэри: «Шу гупым я гъуэмылэр яухамэ, шхын сохъури, ахэр согъашхэ», — жиIащ.

— ЩIы къатиблым сох, ебланэ къатым сокIуэри, сызыхуейр къызохьыф, — жиIащ еплIанэм.

— АтIэ сэ си лIыгъэри фхуэсIуэтэнщ, — жиIащ етхуанэм. — Шынагъуэр къыткIэщIэзэрыхьмэ, гъуаплъэ гуэну зызгъэжынурэ си къуэшхэр абы щызгъэпщкIунущ. Си гуэным зыри къыпэлъэщынукъым. СыткIэ къемыуами, гъуаплъэр яхупхыудынукъым.

— Уэ сыту ущэху? — жаIэри зыхуагъэзащ еханэм.

— Сэ уафэм IэфракIэ миниблкIэ сыдолъэтейри, уэгум итыр къызоубыд, къэзубыдари зыми сIэщIихыфыркъым.

— Сэ сыфочауэ Iэзэщ, щIылъэм сытету сыдоуейри, пшэм хыхьар къызоудых, — жиIащ ебланэм.

Еянэр къэпсалъэри жиIащ: «Тен джэдыгу зэрыщыстIагъэу, кхъуафэжьейуэ зыкъызэIузохри, тенджызым шу гуп зэпрызош. Аращ тен джэдыгур къыслъысын щIыхуейр.

— «НэхъыщIэм гухъу лъащIэр щIеуд», дэ псоми диIэм хуэдиз лIыгъэ уэ уи закъуэ уиIэн хуейщ, — ехъурджэуахэщ нэхъыщIэ дыдэм.

— Сэ мы дунейм псэущхьэу тетым я бзэр сощIэ, — жэуап къитащ нэхъыщIэми.

Арати, тен джэдыгур къащтэ, я шыпхъу закъуэр кърамышэлIэжу къемыкIуэлIэжыну мурад ящIри, зэшибгъур гъуэгуанэ тоувэ. Куэдрэ кIуа, мащIэрэ кIуа, сытми, зэшибгъум къуажиблыр къызэранэкI, бгиблым щхьэдох, къуиблыр зэпач, псиблым зэпросыкI, мэзиблым пхрокI, гуэлиблым зэпрокI.

А гъуэгуанэ иныр къызэранэкIа нэужь, зэшхэр щIы къатиблым ехын хуей мэхъу. Нэхъыжь дыдэм щIы къатиблыр IэпхъуамбэжьакIэкIэ къытречри, зэшибгъур щIы щIагъым къыщохутэ. Иджы ахэр тенджыз ФIыцIэм икIын хуейт. Я къуэш еянэм тен джэдыгур зыщетIагъэ, кхъуафэжьей мэхъури, и къуэшхэр зэпреш. ЗэпрыкIмэ, я шыпхъу дахэм жыыху иIыгъыу благъуэр игъэжейуэ ирохьэлIэ.

Пщащэм гъыбзэ къреш. И щхьэцыр, дыщэм хуэдэу, дыгъэм полыд, и нитIыр, фIамыщI хуэдэу, къолыдыкI, и бгыр псыгъуэщ, и бгъэр лъагэщ, нэкIущхьэплъщ, и нэгум нурыр кърех — дахащэщи, узригъэплъыркъым.

ЩIалэхэм я шыпхъур къапхъуатэ, шым къытрагъэтIысхьэри къожьэж. Хъыджэбзым гъынуми гуфIэнуми имыщIэу, илъагъур и фIэщ мыхъужу, и дэлъхухэр зэпеплъыхь. ЩIалэхэр ешаелIауэ, я гъуэмылэри къаIэщIэмэщIауэ, яшхэм елъэдэкъауэурэ хэму къокIуэ. Ахэр зэрымэжалIэм гу лъетэри, къуэш ещанэм шхын зещI, икIи и къуэшхэр игъэшхэну кърегъэтIысэкI.

Арыххэу, благъуэм ерыскъым и мэр къыщIехьэ, къызэщоури къыщолъэт. Дунейр зэуэ къызэщIэуфIыцIащ. Жьыр къопщэ, уафэр мэгъуагъуэ, мэхъуэпскI, щIылъэр мэгыз. Зэкъуэшхэр, кIуапIи-жапIи ямыIэжу, къызэтоувыIэ. Я къуэш етIуанэм дунейр нэху къищIмэ, ялъагъу: ину бауэу, и пэм къриху гъуэзым гъуэгу напщIэр илыгъуэу, зэщIэскъыскъэу къэсащ благъуэ абрагъуэжь нэ закъуэр. «Хэт сэ си Хэкум къихьар, хэт зи ажалыр къэзгъэсынур? Сэ жэщибл-махуиблкIэ сыжеящ икIи сымэжэлIащ. Хэт япэ зыжьэдэздзэнур? Фу! ЦIыхумэ! — тоуэ, топкIэ, зеукIыж благъуэм. — Апхуэдизрэ схъума хъыджэбзри щхьэ къефшэжьа? Сэ ар пхъу сщIащ, мы дунейм абы фIэкIа гурыфIыгъуэ щызиIэкъым. Бадзэ къытезгъэтIысхьэркъым, форэ тхъукIэ согъашхэ. Фхуэзгъэгъунукъым! Сэ мы дунейм цIыхуу тетыр сукIыфынущ а зым щхьэкIэ».

Хъыджэбзыр, гужьеящи, мэгъуэг. ЩIалэхэм шынагъуэ иныр къащылъэIэсым, я къуэш етхуанэм гъуаплъэ гуэну зигъэжри, и къуэшийри и шыпхъу закъуэри иригъэпщкIуащ. Благъуэм гуэныр къеуфэрэзыхь, мэкIий, мэфий, арщхьэкIэ бгъэдыхьэпIи бгъэдэкIыпIи къыхуэгъуэтыркъым.

Благъуэр, зыри щыхузэфIэмыкIым, лъэIуащ: «Ягъэ кIынкъым, сэри бын сщIащ фи шыпхъур, зэ закъуэ сыIувгъэплъэж, зы мастэнэбдз хуэдизкIэ нэхъ мыхъуми къэзвгъэлъагъу ар». ЩIалэхэм, благъуэр я щхьэ иралъытри, мастэнэбдз хуэдиз дэплъыпIэ гъуаплъэ гуэным хуащIащ. Благъуэр арат зыхуеиххэри, хъыджэбзыр яIэщIихри щIы къатиблкIэ ирихьэхыжащ.

Аргуэру зэшхэр къэнэщхъеящ: «Апхуэдиз зэманкIэ къэткIухьауэ, сыт напэр диIэу жылэм дыдыхьэжыну, ди шыпхъу закъуэр дымышэжу?» Я къуэш еплIанэр къыщылъэтри щIы къатиблкIэ ехащ, и шыпхъур благъуэм къыфIидыгъужри щIылъэм къытехьэжащ.

Зытэлай нэхъ дэмыкIауэ, я шыпхъум и Iуэху зыIутыр къажезыIа бзу цIыкIур уфэразэу къащхьэщыхьащ: «Фэ мы благъуэм фыдоджэгу, ар псэууэ дунейм тетыхукIэ фигъэтыншынукъым. Фи шыпхъум и закъуэкъым абы игъэгуIар. Игу къихьэху хэкужым макIуэ, зы хъыджэбз къедыгъури къехь. Фэ фхуэдэу лIыгъэ зиIэу къыпэувыфын нобэр къыздэсым ар ирихьэлIакъым».

ЩIалэхэм я къуэш нэхъыщIэ дыдэм бзуубзэ ищIэрти, еупщIащ: «Мы ди шыпхъум нэмыщI, абы и деж хъыджэбз иджыри щыIэ?»

Бзум щIалэм жэуап къримыту, и псалъэм пищэжащ: «Мыр фэ фымыукIмэ, езым псори фыIэщIэкIуэдэнущ, фи шыпхъури зыIэригъэхьэжынурэ пщылIыпIэм иригъэувэнущ, къэвгъэгубжьащи».

Бзум жиIэнур имыухауэ, благъуэр къакIэлъысащ. Хъыджэбзыр яIэщIихщ, и дамэм тригъэтIысхьэри уэгум ихьэжащ, куэд мыщIэуи пшэм хэкIуэдэжащ. Къуэш еханэр уафэм дэлъэтейри благъуэм и дамэ лъэныкъуэм тетIысхьащ, адэкIэ имыгъакIуэу. Къуэш ебланэр уэри, лъыпсыр къыпыжу кърихудыхащ благъуэр. Абы и нэпсыр уэшхым хуэдэу къыщIэжащ, дунейр иуфэбгъуу. Бзу цIыкIур къэтIысщ, псыр ирифри, дунейр игъэгъущыжащ.

Благъуэм и псэр здыхэкIым, щIалэхэм закъыхуигъазэри къелъэIуащ: «Мы щIыпIэ бзаджэм хъыджэбзибгъу щыIэщ фи Хэкум къыщыздыгъуауэ. Ягъэ кIынкъым, ахэри къэвмыгъанэу здэфшэж. Гуэныхьыр си пщэм дэлъу сывмыгъалIэ! Сэ срамыIэжмэ, а хъыджэбзхэр мы щIыпIэм илIыхьынущ. ИгъащIэм бзаджэ сщIэуэ дунейм сытетати, алыхьым къысхуигъэгъуакъым», — жиIэри, благъуэм и псэр хэкIащ.

Хъыджэбзхэр тхьэIухуд защIэт. ЩIалэхэр зэралъагъуу, дзэхупс Iурагъэлъэда фIэкIа умыщIэну, ахэр щым мэхъу, я пIэм йожыхь.

Я шыпхъу закъуэми дэлъхухэм захуегъазэри жеIэ: «Мы хъыджэбзхэр нысэу сиIэну дуней мылъку нэхърэ нэхъ къэсщтэнт. Езы хъыджэбзхэми селъэIунщ фэ фыкъамыгъэщIэхъуну».

Псалъэмакъыр ягу ирихьауэ, хъыджэбзхэм я напIэ цIыкIухэр ирадзых. ЩIалэхэр зыхуеиххэр арати, ахэр я зырызу щхьэгъусэу къыздашэри къокIуэж. Хэкум ису зи лъэ вакъэ изылъхьэр къапежьащ, санэхуафэ ин зэхаублащ. Зэкъуэшхэм я лIыгъэр дуней псом щыIуащ. Зыри къапэмылъэщу, нобэр къыздэсым ахэр щопсэу Псыжь аузым дэс къуажэ цIыкIум.



Абы лъандэрэ благъуи дунейм тетыжкъым, цIыхухэри тыншыжащ, хъыджэбзи ядыгъужыркъым.

# БУБЭЧЫРРЭ ДАХЭНУРРЭ

Бубэчыр шыпхъуибгъу иIэт. Абыхэм я адэ-анэр пасэу дунейм ехыжат. ЛIыжь-фызыжьыр щылIэм я къуэ закъуэм унафэ къыхуащIат: «Уэ шыпхъу куэд уиIэщ, абыхэм яхуэсакъ, ахэр тэмэму унагъуэ игъэхьэ, къыхэжэпхъыкIыр япэу къыщIэупщIэм ет», — жари.

Адэ-анэр малIэ, ягъеиж. И шыпхъухэр унагъуэ иригъэхьэмэ, езым и закъуэ дыдэу къызэрынэнур Бубэчыр къехьэлъэкIырт. Ауэ сыт ищIэнт, хъыджэбзыр хамэ нэрыбгэщ. И адэ-анэр дунейм ехыжа нэужь, илъэсибгъу зэкIэлъыкIуэм и шыпхъухэр унагъуэ ихьащ, кърагъэкIыжаи къахэкIакъым. Къэбэрдей псом щыIуат я цIэр. Абыхэм хуэдэу гъэсарэ, нэмыс зыхэлърэ, губзыгъэрэ щымыIэу жаIэурэ щытхъупс кърагъэжэхырт.

Бубэчыр и шыпхъухэм я Iуэхухэр игъэтэмэмри, езым и щхьэ Iуэху зэрихуэн щIидзащ. Щхьэгъусэ къишэну мурад ищIри, гъуэгу теуващ.

Куэдрэ кIуа, мащIэрэ кIуа, сытми, зы губгъуэшхуэ гуэрым деж нэсауэ, лъэрыщIыкI ящIауэ шуудзэ щылъу къелъагъу. Зиплъыхьащ, кIиящ, гуоуащ, арщхьэкIэ а илъагъум теухуауэ жэуап къезытыфын игъуэтакъым. Щымыхъужым, и гъуэгу тоувэж. Япэ зыхуэза къуа-

жэм дохьэри, щыщIоупщIэ, мыпхуэдэуи къыжраIэ: «Ди къуажэпщым зыпхъу закъуэ иIэт, ар фызышэу зэрашэнум и хъыбар Къэбэрдей псом щыIуат. Фызышэр пщIантIэм къыдыхьауэ, къыздикIари къыздихуари ямыщIэу, зы пелуан шым тесу къыдэлъадэри: «Фи пхъур сэ къызэвмыту нэгъуэщIым евгъашэмэ, лъапсэрыхыр къыфхуэзгъэкIуэнщ, дахэкIэ дызэгурывгъаIуэ» жиIэурэ, хьэ джэгур ищIу пщым и пщIантIэкум къиуващ. Пщыр къэгузавэри, и шуудзэр къиишащ икIи пелуаным пигъэуващ. АрщхьэкIэ зылI къахэкIакъым абы пэлъэщыну. Хъыджэбзыр кIийуэ яIэщIихри ежьэжащ. Зы шу кIэлъысыфакъым, и шыр апхуэдизкIэ жэрти».

Хъыджэбзми къуажэми я гузэвэгъуэр Бубэчыр къыгуроIуэри, ар къигъуэтыжу къишэжын мурад иIэу гъуэгуанэ тоувэ.

ЗыкъомыфI икIуауэ, мэзышхуэ гуэрым ирихьэлIащ, икIи къилъэгъуащ зы щIалэ гуэрым и витIыр джэларэ гум кърилъхьа пхъэгъэсыныр къыхуэмышэу гузавэу зэрыщытыр. Бубэчыр щIалэм бгъэдыхьэщ, витIым я пIэкIэ бжьым щIэувэри унэм хуишэжащ. ЩIалэмрэ Бубэчыррэ зэрыцIыхуащ икIи зэраухылIащ псэухукIэ къуэшым хуэдэу зэрылъагъунхэу. Я дыжьын Iэлъынхэр зэрахъуэжащ. ТIум я зым и Iуэху зэIыхьэ хъумэ, Iэлъыныр фIыцIэ хъунут, икIи езыхэри Iэлъыным зэхуишэнут.

Къуэш къызэригъуэтам щыгуфIыкIыу, дзапэ уэрэд тIэкIуи жиIэу адэкIэ макIуэ Бубэчыр, и гъуэгу хигъэщIу. Бгы задэ гуэрым ирохьэлIэ, кIэрымыхьэ щIыкIи къелъагъу щIалэ гуэрым и гум шэрхъхэр къыщIэжарэ ар и закъуэ хущIэмылъхьэжу бэлыхь зэрыхэтыр.

Бубэчыр щIалэм доIэпыкъу. ЩIалитIыр къуэш зэрощI, я дыжьын лэрыпсхэр зэIэпахри, зэбгъэдокIыж. ЗэгуроIуэ, дыжьыныр фIыцIэ хъумэ, я Iуэхур мытэмэму аращи, зэрыгъуэтынхэу.

Бубэчыри и шы фэкъужьым тотIысхьэжри кIуэм-лъэурэ пелуаным и лъахэм нос. Абы и щIыналъэр дыхьэпIи дэкIыпIи имыIэу къегъэбыдэкIат. Зыгуэр къызэрыкIуар и псэм къищIа хуэдэ, пщым ипхъу ядыгъуам куэбжэр къызэIуихащ. Бубэчыр гугъуехь лъэпкъ хэмыту пщIантIэм дыхьащ. Хъыджэбзым (Дахэнур — арат абы зэреджэр) жьыхур къиищтэжри, бадзэ еуэу бгъэдэтIысхьэжащ пелуаным. Ауэ зытэлай дэкIри, щIалэр езым щхьэкIэ къызэрыкIуар къыгурыIуа нэужь, гъуэгыу щIидзащ: «Сэ си дунейр хьэзабщ, мы щIыпIэ бзаджэм сыщыкIуэдыжынуи къыщIэкIынщ. Мыбы сэ зыми сришыжыфынукъым. Къуажэм щIалэу дэсыр Iэпщэрыбанэ хуекIуати, мыр ятекIуащ, си адэм шуудзэ къыпигъэувати, зэтриукIащ».

Дахэнур и дахагъэм щIалэр апхуэдизкIэ дихьэхати, зытэлайкIэ щыташ жэуап иримытыжыфу, иужькIэ зыкъищIэжри жиIащ: «Уэрэ сэрэ дызэакъылэгъумэ, дытекIуэнщи, уи адэ-анэми уахуэсшэжынщ».

— Сэ мыбы сыщылIэну къыщIэкIынщ, уэр гуэрым зумыгъэукI мы бзаджащIэм. И жеин ирикъурэ къэушыжмэ, кIэ къуитынущи, псынщIэу дэкIыж мы пщIантIэм, — жиIащ Дахэнур.

Бубэчыр хъыджэбзым жиIэр хуимыдэу, ар шым къытригъэтIысхьэри къежьэжащ.

Пелуанри, и жеин ирикъури, къэтэджащ, къэхъуар къыгурыIуэри, къакIэлъыщIэпхъуащ. Дахэнур щIалэм IэщIип-

хъуэтыкIри игъэззэжащ, «ЕтIуанэу мыпхуэдэу къызэпщIэмэ, пхуэзгъэгъункъым» жиIэри.

Бубэчыр зыри хуещIакъым пелуаным, кIэлъыплъу иригъэхыжащ хъыджэбзыр.

Ауэ, гъуэгур къицIыхуати, етIуанэу кIуэщ, пелуаным и шхэгъуэм зыхуигъазэри, Дахэнур кърихьэжьэжащ. И шы лъэгум щIы фIыцIэр къриуду, пелуаныр къыкIэлъысащ. Бубэчыр шым кърилъэфэхщ, фIыуэ кIуэцIикъухьри Дахэнур ипхъуатэри щIэпхъуэжащ. «Абы фIэкIа мыбы и гугъу къэпщIу щытмэ, уи ажалыр къэзгъэсынщ, езыми фIы щIезгъэхынкъым», — къыжриIащ.

«Ирауд бэнэнкIэ зигъэнщIыркъым», — жаIэ. Зи гур мафIэ лыгъэм кърисыкI Бубэчыр, губжьауэ, ещанэу кIэлъыкIуащ Дахэнур. Пелуаныр зекIуэ щыIэт.

Хъыджэбзыр къэгузэващ: «Мис иджы уIэщIэкIуэдэпэнущ, абы фIэкIа ар къоплъынукъым, тIэу къыпхуигъэгъуащ».

«Сэ згъэзэжкIэ сыт и мыхьэнэр? Уэрыншауэ сыпсэужыфынукъым», — жиIащ щIалэм.



Бубэчыр и шыплIэм Дахэнур дэсу гъуэгум и зэхуэдитIыр къакIуауэ, пелуаныр къэсыжащ икIи къакIэлъыщIэпхъуащ. И къакIэлъыси и уэгъуи зы ищIри, Бубэчыр шым къриудыхащ, Дахэнур ирихьэжьэжри ежьэжащ. Къигъэзэжщ, Бубэчыр и хьэдэр чейм иридзэри и щхьэр трипIэжащ. ГъущI Iунэ хиукIэжщ, гъущI кIапсэ къришэкIыжри, бгым дишри иригъэжэхащ. Дахэнур гъыщ-бжэри увыIэжащ. Бубэчыр щымыпсэужкIэ, и гугъэр хихыжыпащ и Хэкум кIуэжыным.

МыдэкIэ Бубэчыр къуэш къыхуэхъуа щIалитIым ярита Iэлъынри лэрыпсри фIыцIэ хъуащ. Iуэхур зэрымыщIагъуэр къагурыIуати, тIури зы щIыпIэм деж щызэхуэзащ.

Арати, выгур къуэм дыхьэри, чейр къыдишыжащ. Адрей гур Iуащхьэмахуэ дэкIри уэс кърихьэхащ. Чейр якъутэри, Бубэчыр и хьэдэр кърахыжащ. УэсымкIэ зэпалъэщIыхьри, Бубэчыр къэхъужащ. «Сыту куэдрэ сыжея? Фэри сытым фыкъысхуихьа?» — жиIэри къэтэджыжащ, къыщыщIахэри и къуэшхэм яжриIэжащ.

ЩIалитIыр зыщIигъури, Бубэчыр Дахэнур деж кIуащ икIи еупщIащ:

— Пелуаныр къыткIэлъымысу, унэм дауэ утшэжа хъуну? Абы дыпэувмэ, дызэрытекIуэну сыт хуэдэ Iэщэ щыIэр?

— Мыбы и шым тежын къэгъуэтын хуейщ. Апхуэдэш, псым узэпрыкIмэ, уд фызыжь цIыкIум иIэщ, ауэ абы псым узэрикIыр къещIэри, мафIэ лыгъейуэ къызэщIегъанэ. А мафIэр зыгъэункIыфIыфыр мы пелуаным и щIакIуэращи, ар къыздэфщтэу, езыр зекIуэ щыIэхукIэ, псым фызэпрыкIын хуейщ. ЩIакIуэншэу пелуаныр псым никIыфынукъым. Псым фикIыу удым и лъахэм фынэса и ужькIи фысакъын хуейщ — шы къывитын дэнэ къэна, фи щхьэр фIихынкIэ хъунущ. ЦIыху куэд IэщIэкIуэдащ а угъурсызым. ЩIакIуэр къафщти, фэ фежьэж, сэ пелуаным дахэ зыхуэсщIурэ згъэбэлэрыгъынщ, фыздынэсынум фынэсыхукIэ. КъэкIуэжмэ, къамэр къыфIэздыгъунщи фхуэзгъэпщкIунщ, — жеIэ Дахэнур.

Бубэчыр щIакIуэр къиштэри удым и лъахэм кIуэну ежьащ, щIалэхэри я унэ игъэкIуэжащ.

Зыкъомрэ кIуауэ, бжэндэхъу абгъуэ ирохьэлIэ, шырхэр шхын щхьэкIэ лIэуэ, я жьэ цIыкIухэр ущIауэ ису. Жыг зэхуакум диубыда я анэжьыр хуит къызэрищIыжу, ар IуолъэтыкI, и бынхэм шхын къахуихьыну.

Бубэчыр адэкIэ и гъуэгу хегъэщI. Бжьэ матэ щытщ, мыщэжьми фор кърибзеикIыу бгъэдэтщи, бжьэхэр мэлъаIуэ: «Фо тIэкIур мыщэм ебзеиж, тфIумыгъэшхыж, дэри сэбэп дыпхуэхъужынщ».

Бубэчыр мыщэр Iуехужри, адэкIэ макIуэ.

Куэд имыкIуауэ, бажэ шыр цIыкIухэм ярохьэлIэ, я анэр ямыгъуэтыжу. «Дэ шхын щхьэкIэ долIэ. ТIэкIу дыбгъашхэмэ, ди анэр къэкIуэжмэ жетIэжынщ, укъытхуеин хъумэ, сэбэп дыпхуэхъужынщ», — жаIэ.

Бубэчыр бажэ цIыкIухэм я гузэвэгъуэ дегъэкI, къыщыIукIыж дыдэм бажэ анэжьыр, дыгъужьым къыIэщIэкIауэ, бауэ-бапщэу къыIуолъэдэжри фIыщIэ ин къыхуещI.

Арати, псым нэсащ. Абы мафIэ лыгъейр щхьэщытщи, убгъэдыхьи убгъэдэкIи хъуркъым. Бубэчыр пелуаным къыфIидыгъуа щIакIуэр едзри, псыр мэупщIыIу, лъэмыж дахэшхуи къытохутэ. Лъэмыжым йокI, куэд имыкIууи удым и щIыналъэм нос. Плъэмэ, удым и унэр щытщ. И щхьэцыр къетхъухыжарэ и дзапэфIаниплIыр къыIупсу, и кIэнтIыIур Iушэрэ къыпхэуэным хуэдэу папцIэу, уд фызыжьыр Бубэчыр къыбгъэдохьэ.

— Къеблагъэ, щIалэфI. Сытым укъысхуихьа? IуэхукIэ укъысхуэкIуа хьэмэрэ лъэIу къысхууиIэ?

— Уи шыбзым щыщу зы шы дэгъуэ къэслIыщIэну сыкъыпхуэкIуащ, — жэуап ет Бубэчыр.

— АтIэ, щIалэфI, си шы гуартэр махуищкIэ бгъэхъурэ, хэщI имыIэу къепхулIэжмэ, уи кIэныр къикIащи, я нэхъ шы дахэр ууейщ, ауэ хэщIыныгъэ уиIэмэ, уи щхьэр сысейщи, мо пщIантIэм дэлъ къомым уэри уакъыхэжыжынкъым, — къыжреIэ фызыжьым.

Бубэчыр удым тIэкIуи къегъэхьэщIэ, зрегъэгъэпсэхури шы гуартэм и ужь иту дегъэкI.

ХъупIэм нэсаи нэмысаи жыпIэну, шыхэр зэбгрожри губгъуэм йолъэдэж.

Апхуэдиз гъуэгуанэ зэпызыча щIалэр, и гур ехуэхауэ, етIысэхащ. ИкIи, ешати, занщIэу Iурихащ.

ПшэкIэплъ дахэр къыщищIым, бжэндэхъу анэжьыр уфэразэу къыщхьэщыхьэри къигъэушащ: «Тэдж, Бубэчыр, шыхэр уд фызыжьым и пщIантIэм дыхьэжащ, уэри уакIэлъыкIуэжын хуейщ».

Удым и пщIантIэм щыдыхьэж дыдэм, Бубэчыр зэхех: «Си напэр тефхащ шыжьхэм, фэ къомым щIалэ закъуэр къыфтекIуащ. Пщэдей апхуэдэу къызэфщIэмэ, фхуэзгъэгъункъым».

«Бжэндэхъуу дунейм тетыр къэлъатэри нэи, пэи, Iупи, тхьэкIуми къытхуамыгъанэу дызэхауIухьати, дыкъэкIуэжащ», — жаIащ шыхэм.

ЕтIуанэ махуэми деху Бубэчыр шы гуартэр. Аргуэру ахэр фIызэбгрожри, хьэ джэгур ящIу мэзым щIолъэдэж. Бубэчыр жиIэнури здэжэнури имыщIэжу йотIысэх. Куэд мыщIэуи Iурех. Бажэр къыбгъэдохьэри къегъэуш: «Уэ уи шы гуартэр удым и пщIантIэм дэтщ, уэ мыбдеж уожейри ущысщ».

Бубэчыр пщIантIэм къыдыхьэжмэ, удыр губжьащи мэкIий: «Емынэм фыкъихужа? Пщэдей фщIэн хуейр фымыщIэмэ, фэсщIэм феплъ».

Арати, ещанэ махуэми Бубэчыр шыхэр пщIантIэм къыдихуащ.

ХъупIэм нэмыс щIыкIэ, шы гуартэр хым хохьэри я щхьэ тIэкIур къыхэпIиикIыу зыщIагъэмбрыуэ. Илъагъур и щхьэм дэуеижауэ, Бубэчыр зеплъыхьри щытщ. Бжьэр и пэм къытотIысхьэ: «ПсынщIэу кIуэж, уи шы гуартэр хэщI щымыIэу удым и пщIантIэм дыхьэжащ. Уэ ущыдыхьэжкIэ, фызыжьым зикъыумыгъэлъагъу. Хъушэм щымыщу, зы шыщIэ цIыкIу къэплъагъунущи, ар дыгъуи кIуэж».

Бубэчыр шыщIэм тесу ежьэжащ, псым къыIухьэжащи, мафIэлыгъейр абы щхьэщытщ. ЩIакIуэр идзри, псыр упщIыIуащ, лъэмыжи къытехуташ. Бубэчыр, лъэтам хуэдэу, лъэмыжым къикIыжащ. Уд фызыжьыр, къэхъуар къыщыгурыIуэм, къыкIэлъыщIэпхъуащ, ауэ лъэмыжым и кум къыщыс дыдэм ар къутащ, удри псым хэхуэри итхьэлащ. Апхуэдиз цIыхум я псэр зэригъэнар къыхуэгъуакъым.

Арати, Бубэчыр Дахэнур деж кIуэщ, пелуаным и жеигъуэм зыхуигъазэри, хъыджэбзыр къидыгъужащ.

— Пелуаныр къэушмэ, ди лъапсэм псы иригъэжыхьыжынщ, — къэгузэващ Дахэнур.

— Дэ ар къыткIэлъысынукъым. ДыщыкIуэжкIэ, абы и къамэр си къуэшитIым еттынщ, — жиIащ Бубэчыр.

И къуэшхэр къапэплъэу щытти, зэрыжиIам хуэдэу, пелуаным и къамэр абыхэм яритащ.

Пелуаныр жэщибл-махуиблкIэ жеяуэ къэушыжри къыгурыIуащ Дахэнур зэрадыгъужар. Уэшхыр уридэкIуеину къешхырти, лъыхъуэри и щIакIуэр игъуэтыжакъым. Игъуэтыжакъым и къамэри. А тIур имыIыгъмэ, зыри зэрыхузэфIэмыкIынур ищIэ пэтми, зэгуэпыщэри, шым зридзри пщIантIэм къыдэжащ. Гъуэгум и зэхуэдитIым фIэкI къимыкIуауэ, Бубэчыр и къуэшитIыр къыпэуври, езым и къамэмкIэ яукIыжащ пелуаныр.

МодэкIэ Бубэчыр, тхьэIухуду и Дахэнурыр дэщIыгъуу, и шыпхъухэр зэрыс унагъуэхэм дыхьэурэ хъыбар яригъэщIащ щхьэгъусэ къызэришэмкIэ. Хъыджэбзыр и адэ-анэм яхуишэжащ икIи елъэIуащ щхьэгъусэу къратыну.

Дахэнур псэууэ я гугъакъым адэ-анэм. ГуфIэгъуэм зэщIиIэтауэ, Iыхьлыи, благъи, гъунэгъуи, жэрэгъуи къызэхуашэсащ. Бубэчыр и шыпхъуибгъури и малъхъибгъури хьэгъуэлIыгъуэм къекIуэлIащ, гуфIэгъуэр яIэтащ. Нобэр къыздэсым насыпыфIэу зэдопсэу апхуэдизым къела ныбжьыщIитIыр.

# ТХЫЛЪЕДЖЭР ЩЫГУФIЫКIЫНЩ

Лъэпкъым и щыIэкIэ-псэукIэм, щэнхабзэр, литературэр ипэкIэ зэрыкIуатэм, бзэм зэрызиужьым и щыхьэтщ абы ирилажьэ, иритхэ, абыкIэ еджэ цIыху зэрыщыIэр, анэдэлъхубзэкIэ тха тхылъыщIэхэр щIэх-щIэхыурэ дунейм къызэрытехьэр. БлэкIа 2015 гъэр – ди къэралым Литературэм и илъэсу щекIуэкIар – къыдэкIыгъуэ гъэщIэгъуэнхэмкIэ къулейуэ щытащ. А илъэсым дунейм къытехьащ лъэпкъ литературэм, щэнхабзэм, гъуазджэм хэлъхьэныгъэфI хуэхъуа тхылъ зыбжанэ.

2015 гъэм «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ усакIуэ, тхакIуэ, щIэныгъэлI цIэрыIуэ **Нало Заур** и тхыгъэхэр щызэхуэхьэсыжа **«Усэхэр. Поэмэхэр. Повестхэр» тхылъыр.** Ар тхакIуэм и **«Тхыгъэ къыхэхахэр томищым щызэхуэхьэсауэ»** къыдэкIыгъуэм и етIуанэ тхылъщ, япэрейр 2014 гъэм дунейм къытехьащ. ЕтIуанэ томым хыхьащ Налом и усэ нэхъыфIхэр, «Тхыдэм сызэрекIужар», «Тхьэмрэ хьэщыкъымрэ», «Удымрэ вакIуэмрэ» поэмищыр, «ПхъащIэр Iэзэмэ, мэзри благъэщ», «Бэлэ и дыху сабыныр», «Напэ зиIэ ягъуэту напэншэ ягъэтIысрэ?», «Быфанэ анэшхуэ» повестхэр. Гулъытэ лей хуэщIыпхъэщ «Удымрэ вакIуэмрэ» поэмэм. А тхыгъэр Нало Заур къэбэрдей усыгъэм и классик ЩоджэнцIыкIу Алий фэеплъ хуищIа «ЦIыху напэ» балладэрщ, усакIуэр хэлэжьыхьыжауэ, поэмэ жыпхъэм иригъэувэжауэ, и цIэри ихъуэжауэ. Тхыгъэм зэхъуэкIыныгъэ куэд дыдэ зэригъуэтам и мызакъуэу, абы и къыщIэдзапIэри едзыгъуэщIэкIэ усакIуэм зэхиублащ. «ЦIыху напэ» балладэр

*Къум пшахъуэхур, джабэжь мафIэу,*
*Къигъэплъами дыгъэм,*
*Гъуэгурык Iуэм нэсыжыным*
*Химыхыж и гугъэр.*

едзыгъуэмкIэ къыщIидзэу щытамэ, «Удымрэ вакIуэмрэ» поэмэр мыпхуэдэу кърегъажьэ:

*Сэ мы псысэр, уафэ бзыгъэу,*
*Къыхэсхащ мо дыгъэм,*
*Ирырегъажэ нэмэз щыгъэу*
*ЗыгъэлъапIэм лIыгъэр.*

АдэкIэ тхыгъитIми я сюжетыр зэтохуэ, я къэIуэтэкIэхэр зыкъомкIэ зэщхьэщыкIыу щытми. Поэмэм и кIэм дежи Налом зы едзыгъуэ щIигъуащ, «ЦIыху напэ» балладэм хэмытауэ:

*Илъэс минхэр, ещхьу ткIуэпсым,*
*Зэман быдзым поткIур.*
*Дыгъэм йокIур дыгъэ нэпсыр,*
*ЛIым лIы напэр йокIур.*

Нало Заур и тхыгъэхэр щызэхуэхьэсыжа тхылъхэр дунейм

къызэрытехьэр щIэджыкIакIуэхэр зыщыгуфIыкIын Iуэхугъуэщ, абы къыдэкIуэуи ахэр яхуэщхьэпэнущ литературэр зыдж щIэныгъэлIхэм, егъэджакIуэхэм, еджакIуэхэм.

«Эльбрус» тхылъ тедзапIэм лэжьыгъэшхуэ щызэфIагъэкI адыгэ усакIуэ, тхакIуэ нэхъыфIхэм я тхыгъэ къыхэхахэр зэхуэхьэсыжынымкIэ, щIэрыщIэу зэгъэуIуауэ щIэджыкIакIуэхэм я пащхьэ илъхьэжынымкIэ. Апхуэдэу, 2015 гъэм дунейм къытехьащ тхакIуэ **Мэзыхьэ Борис и «Тхыгъэ къыхэхахэр: Новеллэхэр. Повестхэр» тхылъыр.** Япэрауэ, Мэзыхьэм лъэпкъ литературэм хуищIа хэлъхьэныгъэм и щыхьэт наIуэщ тхылъым и инагъыр – ар напэкIуэцI мин някъуэм щIегъу. ЕтIуанэрауэ, абы ихуа новеллэ щэщIрэ блымрэ повеститхумрэ къыщыIэта Iуэхугъуэкlэ купщIафIэщ, бзэ и лъэныкъуэкIэ шэрыуэщ, я ухуэкIэкIи гъэщIэгъуэнщ. Къапщтэмэ, Мэзыхьэ Борис лъэпкъ новеллистикэм нэхъыбэ дыдэ щызылэжьахэм, а жанрыр ди литературэм щызэфIэзыгъэувахэм, зыщезыгъэужьахэм ящыщщ. Абы и лъэныкъуэкIэ зи гугъу тщIы тхылъым и мыхьэнэр инщ, и пщIэри лъагэщ.

2015 гъэм и къыдэкIыгъуэ нэхъыфIхэм ящыщщ тхакIуэ **Iэщыж Борис и «Жьыпэу» тхылъри.** Абы щызэхуэхьэса рассказхэр «Гугъэмрэ гъащIэмрэ», «Щхьэмыжищ», «Лъагъуныгъэм и шхэпс» псалъащхьэхэм щIэту зэщхьэщыхащ. Рассказхэм, бзэ шэрыуэкIэ зэрытхам и мызакъуэу, философие куу ящIэлъщ, тхакIуэм и гупсысэр художественнэ Iэзагъ хэлъу, щIэщыгъуэу абыхэм къыщыIуэтащ. ЖытIам и щыхьэту къэбгъэлъагъуэ хъунущ «Жьыпэу» тхылъым ит дэтхэнэ рассказри – «Къэзыгъэзэжа гъатхэ», «ФIы пщIамэ – ухуозэж», «Лъакъуэ зыщIэмыт гуфIэгъуэ», «Данэху», «Дыщэнэ», «Мазэнэху», нэгъуэщIхэри.

БлэкIа илъэсым адыгэ усыгъэм зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэм ящыщщ **Къуныжь ХьэIишэт и «Удзыпэ тхьэлъэIу» усэ тхылъыр.** Къуныжьыр ди литературэм жыджэру хэлэжьыхь усакIуэщ, и усэхэр адыгэбзэкIи урысыбзэкIи къыдокI. Ар хуабжьу дехьэх сабийхэм яхуэусэнми. Абы и щыхьэтщ ХьэIишэт и усэхэр щIэх-щIэхыурэ «Нур» сабий журналым къызэрытехуэр. 1975 гъэм къыщыщIэдзауэ Къуныжьым и усэ тхылъиих адыгэбзэкIэ дунейм къытехьащ («Япэ уэс», 1975; «Къру гъуэгу», 1984; «ГъащIэм и сурэт», 1991; «Хьэрхьуп», 1996; «Псэм и губгъуэ», 1998; «Зэман гъуэща», 2003). «Дыгъэ Iэбжьыб» («Горсть солнца», 1993) тхылъыр урысыбзэкIэ къыдэкIащ. 2015 гъэм дунейм къытехьа «Удзыпэ тхьэлъэIу» тхылъым усэхэмрэ «Шылэ удзхэр», «ГъащIэ уагъэ», «Си Алий» поэмэхэмрэ итщ. Абыхэм языхэзри гъащIэм и плъыфэ зэхуэмыдэхэр къатещу, я купщIэмрэ я фащэмрэ зэдекIуу гъэпса хъуащ. УсакIуэм бзэр Iэзэу зэригъэшэрыуэм и щыхьэтщ «Жыг лъабжьэм жесIэ уэрэдитI» циклым и япэ усэм хэт мыпхуэдэ пэщIэдзэ сатырхэр:

*МафIэр маблэ, мафIэр малэ,*
*МафIэм, хуэдэу блэм, зешыхь.*
*МафIэм ис къудамэр малIэ,*
*Илъагъужкъым гъащIэ пщIыхь.*

Мыбдежым усакIуэм бзэр псалъэрыджэгукIэ IэкIуэлъакIуэу зэригъабзэм къыдэкIуэуи, мафIэм, мафIэ бзийм и зышыхьыкIэмрэ блэм и Iэпкълъэпкъ лантIэмрэ зэригъапщэкIэрэ, адыгэ усыгъэм щыщIэщыгъуэ образ къегъэщI. Тхылъым щымащIэкъым къэтхьа щапхъэм хуэдэхэр.

Адыгэ сабий литературэм и хэлъхьэныгъэфIщ блэкIа илъэсым дунейм къытехьа **«Ажэжьым и жьакIэр» тхылъыр.** Ар зи Iэдакъэщlэкlыр сабийхэм папщIэ усэ тхылъ зыбжанэ («Сэ еджэкIэ зызогъащIэ», 1991; «Си шыпхъу цIыкIуу Дахэуэс», 2007, нэгъуэщIхэри) къыдэзыгъэкIа усакIуэ **Джэрыджэ Арсенщ.** Тхылъым итщ щIэджыкIакIуэ нэхъ цIыкIу дыдэхэм яхуэгъэза усэ кIэщIхэр. Усэ къэскIэ сурэт зырыз яхуищIыжащ Хъалилэ Миланэ. Iуэхур къезыхьэжьари зэфIэзыхари Урыс Аминэщ, зи мылъку хэзылъхьар КIурашын Муратщ. Тхылъым и лъэтеувэр дызэрыт илъэсым и щIышылэ мазэм Сэралъп Мадинэ и Арт-центрым щекIуэкIащ. Пшыхьым кърихьэлIа ныбжьыщIэ цIыкIухэр актрисэ цIэрыIуэ ЖьакIэмыхъу КIунэ я гъусэу тхылъым ит усэхэм къеджащ, ахэр гукъинэж зэращыхъуари жаIащ.

Сабийхэр дунейм хэгъэгъуэзэнымкIэ, пасэу анэдэлъхубзэм гу хуегъэщIынымкIэ Джэрыджэм и усэхэм я мыхьэнэр инщ. Усэхэм щызэщIэлъщ гъэсэныгъэ-ущииныгъэ щIагъыбзэмрэ дунейм и къэхъукъащIэ зэхуэмыдэхэр къызыхэщ гупсысэ гъэщIэгъуэнхэмрэ.

*Ди жыгыщхьэм махуэ къэскIэ*
*Щобзэрабзэ зы бзу цIыкIу,*
*И уэрэдыр сигу ирихьми,*
*КъызгурыIуэркъым зыцIыкIу.*



«Ажэжьым и жьакIэ» тхылъым ихуа усэхэм сатыр къэскIэ яхэухуэнащ адыгэбзэм и дахагъыр, шэрыуагъыр:

*Мыщэ-мыщэ, си Хьэмыщэ,*
*УемыщакIуэ мы ди КIущэ.*
*Къэбгъэгубжьмэ, уигъэлъэнщ,*
*ЦIыкIуу плъагъуми, ар къаплъэнщ.*

БлэкIа илъэсым адыгэ литературэм и хэлъхьэныгъэу дунейм къытехьащ 1937 гъэм лажьэншэу ягъэкIуэда къэбэрдей тхакIуэ Махъсидэ Залымхъан и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ теухуа **«Зи лъэужьыр мыужьыха» тхылъыр.** Ар зэхэзыгъэувар, тхыгъэхэр зэхуэзыхьэсыжар, къыдэкIыным хуэзыгъэхьэзырар Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и лэжьакIуэ **Гуанэ (Махъсидэ) Аидэщ.** Тхыгъэхэм къеджэжар, ахэр зэзыгъэпэщыжар Махъсидэ (Сыкъун) Лидэщ.

Тхылъыр къызэIуех Махъсидэ Маринэ и IэдакъэщIэкI «Залымхъан и фэеплъу» усэмкIэ. Абы къыкIэлъокIуэ филологие щIэныгъэхэм я кандидат, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжь Къэжэр Иннэ хэзыгъэгъуазэ Iыхьэу тхылъым хуитхар (адыгэбзэкIи урысыбзэкIи).

«Хьисэ и махуэ блэкIахэр», «Ар зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым»,

«Хабзэжь удын» рассказхэм нэмыщI, тхылъым къыщыбгъуэтынущ тхакIуэм теухуа тхыгъэхэмрэ сурэтхэмрэ, и кIэм деж къыщыхьащ Махъсидэхэ я лъэпкъым щыщу лажьэншэу ягъэкIуэдахэм я цIэ-унэцIэхэр.

Тхылъыр хуэгъэпсащ Махъсидэ Залымхъан къызэралъхурэ илъэси 105-рэ зэрырикъум. Ар къыщыдэкIа 2015 гъэр Литературэм и илъэсу зэрыхахари Iуэхум къыхэплъытэмэ, къыхэгъэщыпхъэщ тхылъым и мыхьэнэр тIуащIэу зэрыиныр.

2015 гъэр гуащIафIэу къыщIэкIащ бзэм, литературэ щIэныгъэм, критикэм заужьынымкIи. Къэбэрдей-шэрджэс литературэр джыным зы къуэпсыщIэу хэухуэна хъуащ тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор **Алъхъэс Светланэ** и Iэдакъэ къыщIэкIа **«Иджырей къэбэрдей-шэрджэс литературэр»** («Современная кабардино-черкесская литература. Фактологические, событийные материалы») монографиер. Алъхъэсым и къэхутэныгъэ лэжьыгъэм щыубзыхуащ къэбэрдей-шэрджэс литературэм совет нэужь лъэхъэнэм (блэкIа лIэщIыгъуэм и 90 гъэхэм) къыщегъэжьауэ нобэ къэсыху игъуэта зыужьыныгъэр. Къапщтэмэ, Светланэ и монографием гулъытэ хэха щыхуещI литературэм и зыужьыныгъэр куэдкIэ зэлъыта печатымкIэ органхэм я лэжьэкIэми, усакIуэ, тхакIуэ ныбжьыщIэхэм я зэхуэсхэми, прозэм, романым, драматургием, зэдзэкIыныгъэм, хэхэс литературэм къакIуа гъуэгуанэхэми.

2015 гъэм лэжьыгъэ щхьэпэкIэ бзэщIэныгъэм хэуващ филологие щIэныгъэхэм я кандидат, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIэныгъэкъэхутакIуэ институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ **Хэжь Залинэ.** Абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ **«Къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и наклонение категорием и семантико-грамматическэ щхьэхуэныгъэхэр»** («Семантико-грамматическая характеристика категории наклонения в кабардино-черкесском языке») монографиер. Тхылъым нэсу къыщыхута хъуащ къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и наклонение категориер джа зэрыхъуам и тхыдэр, абы и зыужьыныгъэр, наклонениемрэ зэман категориемрэ я зэпыщIэныгъэр, нэгъуэщI Iуэхугъуэ гъэщIэгъуэнхэри. Монографием Iупщlу къыщыгъэлъэгъуащ къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и наклонение системэр. Хэжьым и лэжьыгъэм щригъэкIуэкIа къэхутэныгъэ къэскIэ щапхъэ наIуэхэмкIэ щIэгъэбыдэжащ.

Зэрынэрылъагъуущи, ди усакIуэ, тхакIуэ, щIэныгъэлI, критикхэр блэкIа илъэсым хуэмыхуакъым, абы и щыхьэтщ ищхьэкIэ зи гугъу тщIа дэтхэнэ зы тхылъри. Дыщыгугъынщ дызэрыт илъэсри гуащIафIэу къытхущIэкIыну, тхылъыщIэ, къэхутэныгъэщIэ куэд дунейм къытехьэну.

**ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ**

**IУАЩХЬЭМАХУЭ**
(Эльбрус)

Литературно-художественный
и общественно-политический журнал

На кабардинском языке

**Учредители:**
Государственный комитет Кабардино-Балкарской Республики по печати и массовым коммуникациям (360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5), общественная организация «Союз писателей КБР» (360051, КБР, г. Нальчик, ул. Адмирала Головко, 6).

Главный редактор **А. Х. Мукожев**

**Редакционная коллегия:**

Руслан Ацканов, Хангери Баков, Адам Гутов,
Хамид Кажаров, Хамид Кармоков, Хачим Кауфов,
Афлик Оразаев, Хамиша Тимижев, Людмила Хавжокова,
Муаед Хаупшев (ответственный секретарь)

Корректор – Марина Жекамухова
Компьютерный набор и верстка – Зарета Князева

Свидетельство о регистрации
Управление Роскомнадзора по КБР
ПИ № ТУ07-00100 от 24.12.2014 г.
Подписной индекс: 73296

Подписано к печати 20.04.16. Формат 70x108 1/16.
Бумага офсетная №1. Печать офсетная. Усл. п. л. 14,0.
Уч-изд. л. 11,7. Тираж 3517 экз. Заказ №246
Цена свободная.

Адрес редакции, издателя: 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5

Отпечатано ООО «Печатный двор»
360000, КБР, г. Нальчик, ул. Калюжного, 1

Обложка художника **Юрия Алиева**

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленных диапозитивов